Индекс 73247

ISSN-02-06-41-62

МЕХ ПУТ

6
00

НАША ЭПОХА

Журнал выходит с мая 1934 года

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ СОЮЗА ПИСАТЕЛЕЙ
РЕСПУБЛИКИ СЕВЕРНАЯ ОСЕТИЯ - АЛАНИЯ

Главный редактор Ахсар Кодзати

Редколлегия: Гастан Агнаев
Руслан Бзаров
Борис Гусалов (отв. секр.)
Анатолий Дзантиев
Елизавета Кочиева
Анатолий Кусраев
Давид Темиряев
Камал Ходов
Сергей Хугаев

Техн. редактор Раиса Кудзиева
Корректор Заира Карацева

Владикавказ, 2000

ЛИХ ДУГ

6
'00

Журнал цæуын райдыдта 1934 азы майы

ЦÆГАТ ИРЫСТОН - АЛАНЫ РЕСПУБЛИКÆЙЫ ФЫСДЖЫТЫ
Ц/ЕДИСЫ ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Сæйраг редактор – Хъодзаты Æхсар

Редколлеги: Агьнаты Гæстæн
Бзарты Руслан
Гусалты Барис (бæрн. секр.)
Дзантиаты Анатоли
Косты Лизæ
Къусраты Анатоли
Темыраты Давид
Ходы Камал
Хуыгаты Сергей

Техн. редактор Куыдзиаты Раисæ
Корректор Хъæрæцаты Зæирæ

Дзæуджыхъæу, 2000

НОМЫРЫ ИС:

АЙЛАРТЫ Измаил. **Фарны дзырд.** Æмдзæвгæтæ . . . 5
ЦОМАРТАТЫ Изæтбег. **Хурмæзилæг.** Радзырд . . . 10

ХУЫТЪИНАТЫ ЦЫППУ: 90 АЗЫ

ХУЫТЪИНАТЫ Цыппу. Æмдзæвгæтæ, фельетон . . . 49

ГИБИЗТИ ОСКАР: 40 АЗЫ

ГИБИЗТИ Оскар. **Салд зæрбатут.** Æмдзæвгитæ . . . 54

ХЪАЙТЫХЪТЫ Азæмæт. **Черчесты уæйыг.** Таурæгъ . . . 64

ТÆЛМАЦТÆ

У. ШЕКСПИР, Е. БАРАТЫНСКИЙ, И. БУНИН, В. НАБОКОВ, Ф. Г. ЛОРКА Æмдзæвгæтæ . . . 73

АИВАД, КУЛЬТУРÆ

Дурæн кувын æз . . . 81
ЕДЗИТЫ Руслан. **Мæ фыды тыххæй цыбырæй** . . . 81
БИАЗЫРТЫ Кромвел, БИАЗЫРТЫ Людмилæ. **Дуры-иу бауагьта уд.** . . . 89
Сослæнбеджы тыххæй æмдзæвгæтæ . . . 115
СЛАНТЫ Алан. **Алайнаг цирхъытæ** . . . 121
ÆЛДАТТАТЫ Виктор. **Ирон хæринæгтæ** . . . 124

МЫСИНÆГТÆ

СЕЧЪЫНАТЫ Нинæ. **Царды сжъуыддзæгтæ** . . . 138

ТÆФÆРФÆС

ДЗУЦЦАТЫ Хадзы-Мурат. **Поэты тыххæй дзурынц Хъодзаты Æ-, Бзарты Р., Биазырты** К. . . . 162

Журнал зарегистрирован в региональном Управлении ГК РФ по печати в РСО-А.Регистрационный номер Ш-0132

Подписано к печати 12.07.00. Формат издания 60x84 1/16. Бум. тип. №1. Гарнитура шрифта Муг1. Печать офсетная. Усл. п. л. 10,75. Учетно-изд, 8,52. л. Заказ № 181

© Мах дуг № 6, 2000

ФАРНЫ ДЗЫРД

ЦАРДЫ ХЪÆР

1

Мазстыджын лæг у дзураг,
Ыстонг лаэг – хæраг.
Æдзæстуарзон– худаг,
Фыд-зæрдæ – хæлæг.
Æмæ уын æз аргъау
Нæ кæнын мыййаг.
Куыдфæнды мыл саргъау,–
Мæ ном нæу уæййаг.
Куыдфæнды мыл бахуд,–
Ирон дæн, ирон!..
Нæ хæссын æз гамхуд
Мæнг агъуды 'фсон.
Ирон у мæ хъæстæ,
Ирон у мæ туг.
Мæ бартæ, мæ хæстæ –
Мæ сагъæс, мæ дуг.
Нæ дæн æз алайнаг,
Нæ дæн æз сæрмæт,–
Мæн скодта туаллаг
Нæ Иры хъысмæт.
Нæ дæн æз скиф дæр –
Бынхорæй бындар,–
Мæнæн уыд сыджытсæр
Биноныг хæдзар.
Мæнæн у Ирыстон
Мæ фыды уæзæг–
Бæркæдты цытыстон,
Нымд кадæггæнæг.

2

Ир хохæй быдырмæ
Йæ хидгуыстæй цард.
Гыццылæй ыстырмæ
Æфсæрмæй уыд мард.
Сæрд дзоныгъ арæзта,
Зымæг та – уæрдон.
Зæхх, фосы фæрæзтæй
Уыд йе скаст, йæ бон.

3

Кæцонфæнды ма у,–
Цæцæйнаг, кæсгон,–
Зæгъы дын æгас цу
Хъæрмфысым ирон.
Дæтты дын æнæвгъау
Цæхх æмæ кæрдзын.
Дæ хъару 'мæ де 'гъдау,–
Рæвдыд дæ, хæрдджын!
Дæ бацыды сæрæн
Йæ рацыды кад
Фæндаджы хуыздæрæн
Æрцæудзæн нымад.
Мæгуыр уай, хъæздыг уай,–
Цæмæй дæ рæстаг?
Цæмæй дæ зæрдырай,
Цæмæй дæ хъæстаг?
Цæмæй дæ фæзминаг,
Ныфсæвæрд, сæрхызт,–
Æууæнчы рæбинаг,
Цæрдхъомы æнтыст?
Бæззыс, уæд – æфсымæр,
Æмыстæг, æмтуг,–
Æмзæрдæ, æфсымæр,
Æмвæнд æмæ 'мтуг.
Нæ бæззыс, уæд– сайраг,
Мæнгардæй фæлдыст,
Хъазайраг цагъайраг,
Хуыцауæй æлгъыст!..

4

Æдылы 'мæ зондджын
Кæд уыдысты иу?!
Мæгуыр æмæ бонджын
Быцæуæй – æмриу.
Сæ бакуыст, сæ бахæрд
Уыд кард æмæ фыд.
Сæ рæвдыд, сæ бафхæрд
Бæрц исбонæй гуырд.
Æфсæст æмæ стонгæй
Нæй барты 'муæз аргъ.
Зæронд æмæ ногæн
Сæ кар у сæ уаргъ.
Фыдудæн ратт бартæ,
Уæд сонтæй – æлдар!
Йæ дæлбар цагъартæн–
Уынгæг æмæ сар.
Фыдгæнджытæм бартæ
Рæстæнхъæлæй ратт,
Уæд кусæг дæлбартæ –
Æнустæм фæлхатт!..

5

Хæрззондæн æрхъуыды –
Нæ ирон дзыхæй:
Нартхоры хъуыдыды
Цæхæры фыхæй,
Сыгхоры æфсиртæ
Æууæрдынафон,
Сыхбæсты æфсинтæн
Сæ райгæ цæсгом,
Нæ хæстæ, нæ бартæн
Æууæнчы сæрбос,
Хуымгæнæны галтæн
Цъæх хуссайраг хос,
Æхсызгон куыстæгтыл
Хъуыддаджы ныхас,
Бæстæттæ – бæстæттæн
Хæдзардзин фæлхас...

Хæдзарæн сывæллон
Йæ уд у, йæ цæст,–
Хъæуы йын æрвылбон
Æхсыры ыссæст.
Зæхх, фосы бæркæдтæй
У адæмы цард.
Сыгъдæгдæр лæггæдтæй–
Нæ сомы, нæ ард.
Нæ бонты куыстæгтæ–
Нæ бахсæвты 'нцой,
Нæ фарны бæркæдтæ–
Нæ удты фæллой.

СÆФТЫ ХОС У ХÆСТ

Иу аз, иу æнус, мыййаг,
Туг нæ калд...
Лæг цагъарæй уыд уæййаг,
Амонд – кайд.

Фесты цард æмæ мæлæт
Карз быцæу,
Сихты хæйрæг æмæ зæд–
Сæфты цау.

Кусагæн йæ куыст– æнцой,
Амонд – уарзт,
Магусайæн та – сæргой,–
Сагъæс, мæт.

Сты фыдæх æмæ хæлæг
Зыд, фыддзæст.
Сау фыдбон æмæ фыдлæг
Сидынц хæст.

Æмæ туджы зæйтыл ды
Ма кæн дис!–
Ræзтæн – тых æмæ хъуыды,
Сæфтæн – рис.

Удхор æрдонгты разæй
Уад фыдæх,
Æмæ тугзæйты уæзæй
Басыгъд зæхх.

Хоны марæг дæр йæхи
Царды раст,
Фæлæ баруагъды тыхми
У хæстмаст.

Æздæн,– чи зæгъдзæн,– хæйрæг,
Тугдзых сырд?!
Кодта уаргъхæссæн хæрæг
Бæхты 'мцыд.

Цардæн иунæг тæраз ис–
СтырRæстад.
Уый – нæ цин æмæ нæ рис,
Уый – нæ ад.

Уый нæ карз сомыгæнæн
Фарны дзырд,
Уый уæлон царды лæгæн–
Кады цырт!..

1999

ЦОМАРТАТЫ Изæтбег

ХУРМÆЗИЛÆГ

Радзырд

Алмасхан гыццылæй тынг рæсугъд лæппу уыди. Фыццаг хатт-иу æй чи федта, уæлдайдæр сылгоймæгтæй, уый-иу йæ иувæрсты ацæуын нал бафæрæзта. Йæ бурбын къæбæлдзыг сæрыхъуынтæм ын-иу рæвдауæгау æнæ бавналгæ нæ фæци. Фырбуцæй йын-иу йæ урс фæлмæн цæсгом йæ армытъæпæнты 'хсæн акодта æмæ-иу цинхуызæй сдзырдта:

– Искуы дзы ахæм зæрдæисгæ сывæллон уыдзæни. Уды къæртт у, уды къæртт! Хуыцауæй уарзынæн сфæлдыста.

Иæ ныййарджытæ йыл æрхъæцмæ дæр нæ хъæцыдысты. Сæ комыкомдзæгтæй йæ хастой, æмæ Алмасхан йæ уды дзæбæхæн рæзыди, сæрибарæй хъомыл кодта æмæ, хурмæзилæг райдзаст бон дардмæ куыд ферттивы, афтæ æрттывта. Уæлдай фидауцджындæр æй кодтой йе стыр цъæх цæстытæ æмæ йæ тарбын даргъ цæстыхаутæ, йæ гыццыл æмраст фындз æмæ йæ айв былтæ. Бынтон диссаг та уыди йæ зæрдæскъæфæн мидбылхудт.

– Ай лæппу у, æви чызг? Стæ-ма, фенæм æй, – арæх хъуыста Алмасхан йæ мады хæлæрттæй хъазæн ныхæстæ, æмæ-иу фырæфсæрмæй йæхицæн бынат нал ардта. Адæм æй бирæ кæй уарзтой, уый йын æхсызгон куыд нæ уыдаид, фæлæ йæ зæрдæ тынгдæр ради, рæсугъд æй кæй хуыдтой, уый тыххæй. Уыцы дзырд ын кæлæнгондауæнахуыр тыхæй æвнæлдта йæ зæрдæйы уидæгтæм, сæрыстырдзинад ын æвзæрын кодта йæ туджы, йе уæнгты йын уагъта ног хъарутæ, æмæ лæппу амонджынæй згъордта хъæуы уынгты, хъазыди, худти, цин кодта цардыл. Исты ныхас дзы-иу куы схаудта, уæд-иу хистæртæй исчи афтæ бакодта:

– Æмæ цы 'мбаргæ сывæллон у, уый та!

Йæ ныййарджытæ йын æппæтæй тынгдæр тарстысты цæстдзыдæй. Куыддæр-иу æрæнкъард и, афтæ-иу æй дæсныфæрсæгмæ аскъæфтой, æмæ-иу бирæ туты фæстæ ногæй рангæс и. Афтæмæй йыл рæстæг ивгъуыдта. Алмасханæн йæ афон куы 'рцыди, уæд æй радтой скъоламæ. Ахуырмæ тынг зæрдæргъæвд нæ разынд, фæлæ уыйхыгъд иттæг хорз арæхсти дзурынмæ. Чиныджы-иу цы бакасти, ахуыргæнджытæй-иу цы фехъуыста, уыдон-иу æмдзæвгæйау фæстаг къæдзыджы онг йæ зæрдыл бадардта æмæ-иу сæ ахæм хуызы радзырдта, цыма йæхи хъуыдытæ уыдысты. Уымæ гæсгæ йыл зондджыны ном сбадти.

Алмасхан рахъомыл и хиуарзонæй. Алкæуыл не 'рвæссыди æмæ йæ зæрдæйы уаг æмбæхсгæ дæр нæ кодта. Уый æдде ма бамбæрста иу хъуыддаг. Цард тыхджынты фарс у, æмæ лæмæгътæм хæстæг цæуын нæ хъæуы.

– Кæд дæ цардæй исты ратонын фæнды, уæд мæгуыртæй дардмæ лидз. Цас дарддæр уай, уыйас хуыздæр. Сыстытæ кæмæ ис, уыдоныл дæхи куы сбæдтай, уæд ды дæр ссыст уыдзынæ. Мæгуырдзинад хæцгæ низæй уæлдай нæу,йæ хыз дыл куыд æрбатухдзæн, уыйæмбаргæ дæр нæ бакæндзынæ. Сыстбæрзæйтæ сæхи хуызæттимæ хъазæнт, ды та колхозы сæрдары фыртимæ ирхæфс дæхи, кæнæ хъæуыхицауы лæппумæ дæ цæст фæдар... Кæнæ та скъолайы директоры байзæддаджы зæрдæ истæмæй балхæн,– сусæгвæндгæнæгау ын иудадзыг дзырдта йæ фыд, æмæ йæм лæппу бæстон æрыхъуыста. Фыды цæстæнгас ссис йæ царды фæтк, æмæ йæ фæндагыл ныфсджынæй араст и.

– Кæм цы гæбæррагъ и, уыдоны къæбылатæй дæ разæй макæй ауадз. Хъуамæ дын се'ппæт дæр дæ къæбутмæ кæсой æмæ сæ куыдзы бынат зоной. Дæуæн дæ фыдæлтæ хъæздыг æмæ уæздан уыдысты, фæлæ змæстыты рæстæг сæ фыдгулты фæндиаг фесты, сæ исбон ныххæлæттаг. Фæлæ кæд Хуыцауы фæнда, уæд та нæ цард йæ гаччы сбаддзæни, æмæ чи цы бынаты аккаг у, уый æрцахсдзæни. Ды хъуамæ дæхи стыр бынатмæ цæттæ кæнай, мæ хъæбул.

Уыцы ныстуан дæр йæ фыдæй райста æмæ йæхицæн фидарæй загъта: «Æз кæддæриддæр цæудзынæн разæй!» Гъе фæлæ зæгъын куыд æнцон у, хъуыддаг саразын афтæ æнцон нæу.

Скъолайы йæхицæй хуыздæр чи ахуыр кодта, ахæмтæ чысыл нæ уыди, æмæ Алмасхан йæхимидæг тыхсти, утæхсæн кодта. Бонизæрмæ йæ хыНцинæгтыл бадти, физикæйы закъонтæ ахуыр кодта, фæлæ дзы йæ сæрмæ ницы цыди. Азæй-азмæ йæ уды быцъынæг тыдта фыццаг бынат æрцахсынмæ, фæлæ раззаг ахуырдзауты баййафынæн ницы амал ардта. Йæ фыд æй

уыдта æмæ йын зæрдæтæ æвæрдта, цæмæй йæ ныфс ма сæтта, уый тыххæй:

– Æнæ математикæ æмæ физикæйæ дæр фæцæрæн ис, мæ хъæбул. Фæлтау бавдæл æмæ дæ ных историмæ сараз. Уым стыр курдиат нæ хъæуы. Ды алцыдæр дæ зæрдыл хорз дарыс æмæ сæйраг цаутæ бахъуыды кæндзынæ. Хатдзæгтæ та рæстæгмæ гæсгæ ивынц. Царды уаг куыд ива, уымæ æдзынæг кæс æмæ ды дæр дæ цæстæнгас афтæ ив, дæ зондахаст та дæхицæн уадз. Æдзухдæр дæ уæлæ кæнгæ цæсгом дар æмæ иу къæпхæнæй иннæ къæпхæнмæ хиз.

Уæдæй фæстæмæ Алмасханæн йæ уарзондæр предмет ссис истори. Уроктæм йæхи цæттæ кæнын райдыдта уæлдай разæнгарддæрæй, æмæ йыл ахуыргæнджытæ сæ цæст æрæвæрдтой. Цас дзы фылдæр æппæлыдысты, уыйас тынгдæр архайдта Алмасхан, æмæ хъæуыл йæ хорзы кой айхъуысти. Иæ курдиат ноджы ирддæрæй разынди фæскомцæдисы.

– Мах, нæ цытджын фæтæджы номхæссæг фæскомцæдисы уæнгтæ, стæм æмæ кæддæриддæр уыдзыстæм нæ уарзон коммунистон партийы æххуысгæнджытæ, æмæ хъуамæ нæхи афтæ дарæм, цæмæй нæм хæлæг кæной æппæт бæстæты фæсивæд дæр, цæмæй нæ фæзмой æмæ æгъатырæй тох кæной мæгуыр адæмы бартæ бахъахъхъæныныл! Мах, намысы тырыса хæсджытæ, кæддæриддæр цæттæ стæм партийы ныстуантæ æххæст кæнынмæ, куы бахъæуа, уæд та – нæ цард раттынмæ!

Ахæм æхсидгæ раныхæсты фæстæ ахуыргæнджытæ æмæ хистæр кълæсты ахуырдзаутæй дызæрдыг ничиуал кодта, скъолайы фæскомцæдисон организацийы сæргъы слæууыны аккаг æрмæстдæр Алмасхан кæй у, ууыл. Уыцы бынатмæ бирæ тырнджытæ дæр нæ уыди, æмæ æмхъæлæсæй равзæрстой Алмасханы.

– Уый дæ фыццаг къахдзæф у, мæ хъæбул, дæ царды стыр фæндагыл æмæ дзы спайда кæнын базон, æцæг иу хъуыддаг дæ зæрдыл бадар – адæммæ дæхи æгæр æргомæй ма 'вдис. Æргом лæг хуымæтæг у, хуымæтæг лæгмæ та уадиссагæй ницы ис, æмæ дыл иуафон сæ къух ауигъдзысты. Дзыллæты 'мбæхст зæрдæйы сусæгдзинад æлвасы йæхимæ. Дæ ныхас дын цас къаддæр æмбарой, уыйас дын зонджындæр æнхъæл уыдзысты æмæ дæ сæхицæй уæлдæр æвæрдзысты,– амыдта фыд йæ фыртæн, фырт йæ уæлæнгай хъуыдытæ арф æмбæхсын райдыдта вазыгджын хъуыдыйæдты, алыхуызон терминты, фæсарæйнаг зынæмбарæн дзырдты 'хсæн, æмæ йæ хъул сах абадти. Æмбырды-иу куы раныхас кодта, уæд æм-иу адæм цымыдисæй æрыхъуыстой, кæрæдзимæ-иу фæрсæгау бакастысты æмæ-иу сæ сæртæ хъуыдыдзастæй банкъуыстой.

– Ацы лæппу тынг мæлгъæвзаг куы уа, уымæй тæрсын.

Ахæм ныхæстæ макæмæй схаудтаид, уымæн уæвæн нæ уыди. Ноджы ма-иу дзурæг йæ ныхасмæ сæрыстырæй бафтыдта:

– Кæд Хуыцауы бафæнда, уæд не 'мхъæуккаг тынг дард ацæудзæни. Нæ бæстæ дзæнгæдацæгъдджыты бæстæ кæй у, уый хорз бамбæрста.

Азæй-азмæ Хуыцаумæ зæрдæбынæй чи куывта, уый Алмасханæн, зæрин хур уæларвæй худти Алмасханмæ, цард йæ размæ тындзыдта Алсамханæн.

– Ирон адæммæ иу æнахуыр миниуæг ис, мæ хъæбул, æмæ йæ дæ зæрдыл бадар. Ирон адæм сæхи нæ уарзынц, кæрæдзийæн аргъ нæ кæнынц. Се 'хсæнæй дзырддзæугæ лæг равзарын сæ цæст никуы бауарздзæни. Фæлтау æцæгælон расыггæнаг хæлиудзыхы дардæй æрбаласдзысты, хорз хæдзар ын сараздзысты, сæ сæрыл æй сæвæрдзысты æмæ йæм Хуыцаумæ кувæгау кувдзысты. Сæ мадæлон æвзагыл сыгъдæг дзурыны бæсты искæй æвзагыл къуыхцытæгæнгæ æрдæгцъæрræмыхстытæй гуым-гуым кæндзысты. Иронау цыфæнды зонджын ныхас куы зæгъай, уæддæр дын æм йæ хъус ничи æрдардзæни. Уырыссагау искæй ныхæстæ рафæзм, æмæ дыл куырыхоны ном сбаддзæни. Мах Хуыцауы 'лгъыст адæм стæм, æмæ нæ фыдæлтæ дæр уымæн фесæфтысты. Кæд мæм хъусыс, уæд уырыссагæвзаг уырыссæгтæн сæхицæй хуыздæр сахуыр кæн, дунейы мидæг дзурынмæ дæсны чи уыди, уыдоны чингуытæ лæмбынæг бакæс, сæ аивады сусæгдзинæдтæ сын бæстон раиртас, æмæ дын тыхгæнæг тых не ссардзæни. Дзырдæн ацы мæнгард дунейы зондæй фылдæр аргъ и...

Уыцы ныхæстæ дæр йæ фыдæй фехъуыста Алмасхан æмæ ирон æвзагыл йæ къух ауыгъта. Æцæгælон ын ссис йæ мадæлон æвзаг.Иронау дзургæ дæр нал кодта æмæ фысгæ дæр. Цыма йын исчи йæ тугдадзинтæй йæ ирон туг рауагъта, уыйау къæссафæлдæхт фæци. Ирон лæппутимæ хъазын йæ зæрдæ нал куымдта. Афтæ кæсын æм райдыдта, цыма ирон фысджытæ ницытæ æмæ мацытæ фыссынц, цыма ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæ иннæ ахуыргæнджытæй æдылыдæр. сты, цыма ирон культурæ иннæ адæмты культурæтæй мæгуырдæр у, цыма ирон адæм иннæ адæмтæй цауддæр æмæ æгуыдзæгдæр сты. Уыйадыл Алмасхан йæ ныййарджытæм бынтон æндæр цæстæй акаст. Дунемæ йæ уыдон кæй рауагътой, уымæй æфсæрмы кæнын райдыдта. Æргомæй никуы ницы загъта, фæлæ йын мад кæцыдæр

ænкъарæнæй йæ зæрдæйы уаг бамбæрста æмæ йæ цардæмбалæн афтæ бакодта:

Нæ лæг, мæнмæ гæсгæ нæ нæ лæппу йæ сæрмæ нал хæссы.

– Нæлгоймагыл сылгоймаджы рог митæ нæ фидауынц. Нæлгоймаг цас карздæр уа, уыйас дарддæр ацæудзæн.Уадз æй, ма йæ хъыгдар,– загъта лæг, æмæ ус ницыуал сдзырдта.

Алмасхан æцæгдæр йæ размæ сæвæрдта дард ацæуыны хæс. Йæ къухы куыд æгъдауæй бафтдзæни, уый бæлвырд нæма зыдта, фæлæ æхсæнадон цæхгæр асины бырынцъаг къæпхæнтыл æнæ фæкæлгæйæ бæрзонд кæй схиздзæни, ууыл дызæрдыг нæ кодта æмæ йæ нысанмæ цыди уæндонæй. Хистæрты æдзухдæр дисы æфтыдта йæ фидар ныхасæй, йе стыр ныфсæй, йæ хъарутæ æмæ йæ авналæнтыл дызæрдыг кæй нæ кодта, стæй адæмы 'хсæн йæхи æвæрынмæ кæй арæхсти, уымæй. Рæстæмбисрæзт, фидæрттæарæзт хæрзконд, хæрзуынд лæппу. Йæ фадыварц – айв. Ие сныхас – сæрæн. Йæ февнæлд – цæрдæг. Дзургæ-дзурын йæ рæсугъд хъæлæс ахæм зæлланг кодта, æмæ йæм чифæнды дæр æрыхъуыстаид. Цыбыр дзырдæй, æрдз йæ зæрдæхудты ницæмæй бацыди, фæлæ йæ уæддæр йе 'мбæлттæ нæ уарзтой. Чи йæм хæлæг кодта, чи йын йæ афтид ныхæстæй тыхсти, кæмæн та йæ козбау митæ нæ цыдысты йæ зæрдæмæ. Хицауадæй исчи æмбырды ахуыры тыххæй исты загъта, зæгъгæ, уæд хъуамæ Алмасхан йæ бынатæй фестадаид, фидар къахдзæфтæй размæ рацыдаид æмæ барджын хъæлæсæй дзурын райдыдтаид:

– Мах, скъолайы фæскомцæдисон организацийы уæнгтæ, æнæиухъуагæй разы стæм нæ хъомылгæнджытимæ. Уыдон нæ фидæны амонджын цардмæ цы рæсугъд фæндагыл кæнынц, ууыл нæ бон ацæуын бауыдзæни æрмæстдæр арф зонындзинæдтимæ. Арф зонындзинæдтæ райсыны тыххæй та нæ иудадзыгдæр хъæуы ахуыр кæнын. «Ахуыр, ахуыр æмæ ахуыр»,– афтæ нын фæдзæхста нæ генион фæтæг, æмæ йын хъуамæ мах сæххæст кæнæм йæ рухс бæллиц! Уый нæ домы цард, уый нæ домы рæстæг!

Æвæдза, ныхас куысты тыххæй рацыди, зæгъгæ, уæд дæр Алмасханы бирæ хъуыды кæнын нæ хъуыди. Ам дæр цæттæ уыдысты йæ джиппыуагъд ныхæстæ.

– Адæймаг фæллойы фæрцы сси адæймаг. Куыст цардæн – фæрæз,– зæгъы ирон æмбисонд. Уырыссаг адæммæ дæр бирæ ис фæллоимæ баст æмбисæндтæ. Цæуыл дзурæг у уый? Уый дзурæг у ууыл, æмæ алы адæмтæ дæр незамантæй фæстæмæ стыр аргъ кодтой æнæзæрдæхудт фæллойæн. Уымæ гæсгæ, мах, фæскомцæдисонтæ, фидар дзырд дæттæм нæ уарзон ахуыргæнджытæн. Цалынмæ не 'хсидгæ зæрдæтæ нæ риуты тæлфой, цалынмæ нæ къухтæм кусæнгæрзтæ райсынхъом уæм, уæдмæ нæ хъарутыл нæ бацауæрддзыстæм. Коммунизмы бæрзæндтæм схизæн ис æрмæстдæр хъазуат фæллойы фæрцы, æмæ мах, коммунистон партийы æххуысгæнджытæ ард хæрæм, нæ цард кæй снывонд кæндзыстæм...

Ахæм уагыл лæуд уыд Алмасхан æмæ уыйадыл раззаг ахуырдзауты байййæфта: ахуыргæнджытæм айв нал касти фæсивæды раздзæуæгæн иудадзыг йæ ных къуырын æмæ йын кæрæдзимæ гæсгæ æвæрын райдыдтой хорз бæрæггæнæнтæ. Скъола каст фæци иттæг æнтыстджынæй.

* * *

Алмасханы педагогон институтмæ бахауыны тыххæй дæр бирæ тухæнтæ кæнын нæ бахъуыди. Раст зæгъгæйæ, историйæ фæлварæн раттынмæ йæ ныфс хаста. Уæдæ стæмтæй фæстæмæ сæ сочиненитæ рагацау кæй бацæттæ кæнынц æмæ сæ фæлварæны рæстæг ахуыргæнджыты сусæгæй кæй сфыссынц, уый дæр зыдта æмæ йæ зæрдæ йæхиуыл дардта, фæлæ уæддæр йæ фыд, дзæгъæл гæрахæй тæрсгæйæ, хъуыддаг йæхимæ райста. Æхсæз азы йæ армæй хæринаг кæмæн фæдардта, уыцы мæкъуылы йас гал ын уæйгæнгæ æрцыди. Йæ фырты хъысмæт кæмæй аразгæ уыди, уыдоны былтæ сойæ байсæрста, æмæ Алмасханы ном пединституты историон факультеты фыццæгæм курсы студентты номхыгъды фæзынд.

– Уый дæ дыккаг къахдзæф у, мæ хъæбул, царды стыр фæндагыл, æмæ дзы, куыд æмбæлы, афтæ спайда кæн. Иу минут дæр дзæгъæлы ма саф. Историктæ сæ уацтæ хицæутты цæстæнгасмæ кæсгæйæ фыссынц, æмæ дзы иуыл дæр æууæндæн нæй, фæлæ сын уæддæр сæ чингуытæ кæсын хъæуы. Рæстæджы домæнтæ хынц, науæд дæ æгъатыр зæй йæ быны ныесæнддзæни. Ахуыргæнджытæн, ды куыд æнхъæл дæ, ахæм зонджын не сты. Фынгыл сæм куы бакастаис расыгæй...– былысчъилæй загъта Алмасханы фыд æмæ дæлиауæй ныуулæфыди. – Арф зонындзиндтæ сæм нæй æмæ дæуæн дæр ницы ратдзысты, фæлæ сын уæддæр сæ тутт зæрдæтæ балхæн, сæ цæсты дæхи æвæрын ба¬зой, уымæн æмæ, сæ уæле чи бады, уыдонимæ кæрæдзи хорз æмбарынц, æмæ дæм ахуыры уæлдæр схизынмæ фæкæсдзысты. Иугæр се 'хсæн куы 'рфидар уай, уæд та дæхицæн мауал тæрс. Халон халоны цæст нæ къахы.

– Баба, нырма никуы бæхы хуыррытт, никуы ехсы къæрцц...

– Ацы мæнгард дунейы дардмæ кæсын хъæуы, læппу. Политикой кусæджы бынатмæ йæхи чи цæттæ кæны, уый хъуамæ курдиатджын шахматистæй дæлдæр ма læууа. Фондз азы тагъд атæхдзысты, æмæ ды дæр хъуамæ дæ мæгуыр фыды хуызæн цæргæбонты хъæууон скъолайы удхар кæнай? Нæ, нæ! Мæ удæгасæй æз уыцы хъуыддаг нæ бауадздзынæн! Ды хъуамæ стыр læг суай. Æмæ суыдзынæ, куы дæ бафæнда, уæд. Адæмæн сæ сагъæстæ сæ сæртæй уæлдæр сты. Се стырдæр мæт – мамæлайы къæбæр самал кæнын. Хуыцауæй дæ бауырнæд, мæ хъæбул, сæ размæ бæлвырд бæрæг нысан кæмæн нæй,тар хъæды цæуæгау, куырмæджы чи хилы, уыцы гæвзыкк адæмы сæргъы слæууынæн бирæ зонд нæ хъæуы, Дæумæ ахæм хъару кæй разындзæн, ууылæз дызæрдыг нæ кæнын. Æцæг дæ райдайын хъæуы институты фæскомцæдисон организацийæ, йæ рохтыл ын æрхæц, партимæ бацу, стæй хъуыддæгтæ дарддæр сæхæдæг сæхи амондзысты.

Уырыссагау дзурынмæ тынг дæсны кæй уыди, стæй партийы истори хорз кæй сахуыр кодта, уый охыл Алмасханыл ахуыргæнджытæ сæ цæст æрæвæрдтой. Læппу бонизæрмæ бадти институты библиотекæйы æмæ чингуытæй йæ блокнотмæ фыста номдзыд политикты цыргъ ныхæстæ, фæсарæйнаг зынæмбарæн дзырдтæ æмæ сæ пайда кодта арæхстджынæй. Пединституты студент куы сси, уæдæй фæстæмæ дзы хуымæтæг ныхас ничиуал фехъуыста. Ахуыргæнджытимæ та уæлдай зæрдиагдæрæй архайдта. Дзургæ-дзурын-иу «æнæнхъæлæджы» йæ дзыхæй схаудтой мæнæ ахæм ныхæстæ: «Ленины уацмысты æртыккæгæм æмбырдгонды æртын дыккæгæм томы дыууæсæдæ фæндзайæм фарсы нудæсæм рæнхъы загьд ис... «Плеханов «Социализм æмæ политикой тох»-ы фыста... «Робеспьер, революцийæн разамынд дæтгæйæ, галиуæхсæнадон тыхтæ дæрæн кæныныл куынæ схæцыдаид, уæд якобинты диктатурæ не слæмæгъ уыдаид»...

Фылдæр хатт ын-иу йæ хъуыды 'мбаргæ дæр нæ бакодтой, афтæмæй-иу йемæ сразы сты. Цавæр ахуыргæнæджы бафæнддзæни, йæ ахуырдзау уымæй фылдæр кæй зоны, ууыл басæттын?

Алмасхан йæхи сбаста республикæйы хицауады цотимæ, йæ тых-йæ бонæй æппæлыди партийы разамонджытæй:

– Не стыр амонд у, æмæ обкомы фыццаг секретарæй Инусы хуызæн домбай læг æвзæрстæрцыди, æндæр фырмæгуырæй нæ хъиутæ хæриккам. Æрмæст йæ раныхас дæр Америчы Иугонд Штатты Президенты аргъ у. Мæнæй аразгæ куы уаид, уæд æй æз Генсек скæнин.

Хицæуттæн сæ даргъ æнæуд раныхæстæ мисхалы бæрц дæр кæй ницы ахадынц, æппындæр кæй никæмæ хъарынц, адæм сыл худгæ кæй кæнынц, уый зыдта, фæлæ йæхи афтæ дардта, цыма сыл æууæнды æмæ семæ разы у. Политикой кусæгыл-иу исчи анекдот куы дзырдта, уæд-иу йæ цурæй алыгъди. Алы лыстæг хъуыддаджы дæр тарсти цæсты бафтынæй æмæ, фырнымд чызгау, дам-думтæй йæхи хъахъхъæдта.

«Мæ цæсгомыл къæм абадыны бæсты, ницы федтон, ницы фехъуыстон хуыздæр у»,– хъуыды кодта йæхинымæр æмæ сæтæлæгау йæ хъузджы бамбæхсти. Фæсивæдимæ доны былмæ ацæуын никуы бауæндыди, йæ уæлæ хуымæтæг дарæс скæнынмæ йæ ныфс никуы бахаста, хицауад мæм сау кусæджы цæстæй куы ракæсой, зæгъгæ. Хур-иу зæххыл куы атылди, уæддæр-иу ыл уыди сау костюм, урс хæдон, сау галстук æмæ сау туфлитæ. Сау дарæс фылдæр нæ уарзта, фæлæ йæм афтæ касти, цыма ахæм дарæсы сæ цæсты тынгдæр сахаддзæни.

Йæ сæрыхъуынтæ къæбæлдзыг нал уыдысты, сæ хуыз дæр чысыл аивта, фæлæ уæддæр бакастæй хурмæзилæджы халдих уыди. Стæй æрмæст бакастæй – нæ. Йæ миниуджытæ дæр уыцы цардхъом зайæгойы æрдзон æууæлтæй райста. Уый æдзухдæр йе 'ргом хурмæ куыд здахы, æмæ йын йæ тынтæй йæхи куыд æфсады, Алмасхан дæр афтæ зылди тыхджын хицæутты фæдыл, йæ уды быцъынæг тыдта сæ зæрдæмæ фæцæуыныл, йæ тых-йæ бонæй архайдта сæ фæрцы зæрдæрайгæ бынат æрцахсыныл. Ахуыр æвзæр нæ кодта, фæлæ йын уый фаг нæ уыди. Йæ зæрдæ цардæй æндæр цыдæр домдта.

Скъолайы фæскомцæдисон организацийæн разамынд дæттын сахуыр и æмæ, расыггæнаг æнæ ноздæй куыд фæтыхсы, афтæ тыхсти, йæхицæн бынат нæ ардта. Куыстæй уыйбæрц нæ хъуыди, кадылмард цас уыди. Кад та йæм хæстæг нæ цыди. Æниу æм кæцæй хъуамæ æрбацыдаид? Хистæр студенттæ фæскомцæдисы комитеты сæхи афтæ дардтой, цыма бæсты бикъ-комы дæгъæлтæ уыдысты. Рæстæгæй-рæстæгмæ йын-иу, куыдзæн стæг аппарæгау, исты лыстæг хъуыддаг бабар кодтой, стæй та сæ-иу æрбайррх и. Алмасхан сæм мæстæй марди, фæлæ цы йæ бон уыди? Йæ хъул сах кæд абаддзæни, уымæ æнхъæлмæ касти æмæ, сойын цырагъау, сындæггай тади. Æндæр исчи сыл йæ къух ауыгътаид, фæлæ Алмасхан ахæм нæ уыди. Иугæр йæ размæ хæс сæвæрдта, уæд æй хъуамæ æнæмæнг сæххæст кæна, науæд йæ цард бырæттæм æппæрст айчы хъузгау хус, афтид æмæ æнæуд рауайдзæни, мисхалы бæрц дæр никæй бахъæудзæни. Нæ, уый бæсты Алмасхан йæхи амардзæни. Хъуамæ йæ цард адæмæн исты пайда æрхæсса, хъуамæ йæ дзыллæтæ йæ

амæлæты фæстæ дæр æхсызгонæй мысой æмæ йæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ дæнцæгæн хæссой. Адæмæн исты хорздзинад саразыны тыххæй Алмасхан йæхи сайдта. Ахæм хъуыды йæм-иу æнæнхъæлæджы куы фæзынди, уæд-иу æй æваст йæхицæй фæсырдта. Уæдæ йæ мæлæтыл дæр зæрдиагæй нæ сагъæс кодта. Фыццаджыдæр, нырма æгæр æвзонг уыди, дыккагæй та йæм афтæ касти, цыма æнæмæлгæ номдзыд лæг суыдзæни æмæ ичъынайы калмау уæлæуыл баззайдзæни.

Æрыгон адæймаг цымыдис у, алцæуыл дæр дис кæны. Алмасхан ахæм цымыдис нæ уыди, фæлæ йæ уæддæр, телевизорæй цы цардæгас нывтæ уыдта, уыдон дисы æфтыдтой. Парти æмæ бæстæйы хицауыл фæсарæнты куыд цин кодтой, уый та йæм бынтон диссаг касти. Дыууæсæдæ фæндзай милуан адæймаджы æнæ къæбæрæй ныууадз, егъау хъæздыг бæстæйæ хъазæнхъул сараз, æнусæй æнусмæ фæллойгæнæг адæм цы цардмæ бæллыдысты, уый æппæт дунейы цæсты бафтау, дæ къæхтæ йыл сæрф æмæ худ.

Куыд æнаккаг уæвын хъæуы, цæмæй, дæ разы мисхалы бæрц дæр аххосджын чи нæ у, уыцы цардæфхæрд зæрæдты æмæ æнахъом сабиты фосы бынатмæ æртæрай. Йæхи адæм дзы се сæфт уынынц, æцæгæлæттæ та йæ сæ уæлныхтыл хæссынц, «Цæмæн, цымæ?» – йæхи фарста Алмасхан. Цæуыл дис кодтаид, уый йын куыд нæ уыди, фæлæ кадылмард лæппуйы сонт зæрдæйы æнæуынон æнкъарæнтæ не 'взæрыди, йе 'нæсæрфат гæмæхсæр хицауы æдылы ныхæстæ хъусгæйæ. Алмасханы фæндыди уый бынатмæ схизын, тæмæссаг бæстæтыл зæрдæрайгæйæ зилын æмæ амæй-ай рæсугъддæр сылгоймæгты рæвдауын.

Чызджытимæ йæ хъуыддаг æвзæр нæ цыди. Сæ цæстытæй йæ кæй ныхъуырдтой, уый уыдта, фæлæ йæхи афтæ дардта, цыма сын сæ зæрдæйы уаг не 'мбары. Кæфтыты рæстæг æм сæхи ластой, уарзон ныхæстæ йæм фыстой, фæлæ Алмасхан къæрттæй цъула не 'ппæрста. Йæ зæрдæмæ кæй нæ цыдысты, уый тыххæй сæ нæ хызта йæхи. Кæмæ тырныдта, уыдон ын рæузонд æмæ сылваз æнхъæл куы фæуой æмæ йæ се 'хсæнмæ куынæ бауадзой, уымæй тарсти, æндæр йæхиуыл йæ зæрдæ дардта. Æнæ сылгоймагæй æртæ азы бафæрæзта, стæй фыццæгæм курсы студенткæимæ базонгæ и. Иумæ афтæ дæбæх фидыдтой, æмæ сыл-иу адæм сæ цæстæрæвæрдтой. Ритæ сæрæн æмæ хæрзконд чызг уыди, фæлæ хуымæтæг зæхкусæджы хæдзарæй кæй рацыди, уымæ гæсгæ йæ Алмасхан йæ зæрдæмæ хæстæг нæ уагъта. Абон куынæ уа, уæддæр райсом уæлиау бадæг хицæуттæй искæй чызгыл кæй сæмбæлдзæни æмæ йæ фæрцы бæрзонд кæй схиздзæни, ууыл æппындæр гуырысхо нæ кодта æмæ уал Ритæйыл рæстæгмæ йæхи ирхæфста. Чызджы æбæрæг уаварæы кæй дары, адæмы цæсты йæ кæй æфтауы, æппынфæстаг ын йæ цард кæй халы, уый тыххæй йæхимæ мисхалы бæрц дæр азым нæ хаста. Фыццаджыдæр, дзыллæты хъысмæт лыг кæнынмæ чи райгуырди, йæ ныхыл стыр хъуыддæгтæ фыст кæмæн и, уый хъуамæ хицæн адæймæгтыл сагъæс кæнынмæ ма æвдæла, дыккагæй та, чызгæн тых нæ кодта, йæхиуыл æй хин митæй нæ баста, йæ сæрибардзинад ын нæ иста. Кæд æй æндæр искæмæ ацæуын фæнды, уæд – табуафси. Кæрæдзийæ хæс нæ дарынц. Дзуары бын ард нæ бахордтой. Лæппу йæм касти куыдфæндыйы цæстæй, чызг та йæ зæрдæбынæй бауарзта. Хорзæй йæм цы ссардтай, зæгъгæ, йæ исчи куы бафарстаид, уæд ын Ритæ бонизæрмæ йæ фæзминаг миниуджытæ нымайынæй нæ бафсæстаид.

Уарзондзинад куырм у, фæзæгъынц Ритæйæн къæрцхъус зæрдæ куы уыдаид, уæд Алмасханæн йе 'взæр миниуджытæ дæр федтаид æмæ дзы йæхи бахъахъхъæдтаид, фæлæ уыдон арфдæр æмбæхст уыдысты æмæ сæ нæ федта, стæй йæ сæ фенын фæндгæ дæр нæ кодта. Уацары йæ райста йæ рæсугъддзинад. Ритæ æдзухдæр адæймаджы фыццаг бакастмæ йе 'ргом тынг здæхта, æмæ йын йæ мад арæх дзырдта: «Мит рæсугъд у, фæлæ дзы къæхтæ сийынц». Уыцы 'мбисонд чызгæй ферох и æмæ лæппуйы рухсы алфамблай гæлæбуйау пæр-пæр кæнын райдыдта. Алмасхан тынг интеллигентхуыз уыди. Йæ сыгъдæгдзинад, йæ айв дзыхыныхас, йе уæнгты змæлд – алцæмæй дæр хицæн кодта, Ритæ хъæуы кæуыл сахуыр и æмæ институты йæ фарсмæ кæй уыдта, уыцы сæртæг лæппутæй. Æнæууылд ныхас дзы æнæнхъæлæджы дæр никуы схаудта.

Искæй фыдгой ракæнын йæ сæрмæ никуы 'рхаста. Зул цæстæй никуы никæмæ ракасти. Искæй цур йæ сæр никуы 'ркъул кодта. Цыфæнды 'хсæнады дæр йæхи дардта, куыд æмбæлы, афтæ. «Дæ хорзæхæй, дæхи ма батыхсын кæ...» «Кæд дын зын нæ уыдзæни, уæд...» «Тынг æхсызгон мын у...» «Дæ хорздзинад дын никуы ферох кæндзынæн...» Ахæм дзырдбæстытæй дзаг уыди йæ ныхас. Ноджы сæ афтæ фæлмæнæй дзырдта, æмæ дзы цыфæнды карз адæймаджы зæрдæ дæр балхæдтаид. Ритæйæн Алмасханимæ фембæлд уыди цыдæр æнахуыр ногдзинад æмæ йын йæ цард срæсугъд кодта, фæлæ йыл уæддæр æппæтæй тынгдæр сахадыдта йе 'мбæхст зæрдæйы сусæгдзинад. Лæппуйы миддуне бамбарын нæ бафæрæзта, йæ хинæв-

дылд хъуыдыты 'лхынцъ райхалынæн ын ницы амал ссардта æмæ йæ, сæххæссæн кæмæ нæй, ахæм алæмæты дыргъыл баныдмадта. Алмасхан æй зæрдæйæ кæй нæ уарзта, йе 'мсæр адæймагыл æй кæй нæ нымадта, уæле дæлæмæ йæм сæрыстырæй уымæн касти, Ритæ та афтæ æнхъæлдта, йе 'рдзы скондæй у бæрзондæмæ ахæм зонджын лæджы фарсмæ æрлæууыны аккаг никуы суыдзæни. Йæхиуыл сæнæууæнк и, æмæ йæ уыцы дæлдзиныггæнæгæнкъарæн цырын кодта лæппуйы хъæбысы атайынмæ. Уый æдде ма Алмасханы рæсугъд цæстытæй ивылди зына-нæзына уазал уддзæф, йæ хиуарзондзинад ын хъыдзы кодта, æмæ йын уый дæр йæ тæвд тугыл арт æндзæрста. Уыйадыл Алмасхан фæуæлахиз и Ритæйыл. Иу æхсæв Фæскомцæдисон парны цъуйы урс дидинджыты адджын тæфмæ йæ сæр разылди æмæ... Цалдæр минуты фæстæ йæ рæузонд мийы тыххæй фæсмоны арты судзын райдыдта, фæлæ байрæджы. Цы 'рцыд, уый æрцыд. Хъуыддагæн фæстæмæ раздахæн нал уыди, æмæ Алмасханæн ралæууыди йæ сагъæсты дуг. Хуыцаумæ куывта, дзуæрттыл йæхи фæдзæхста, цæмæй сывæллоны кой ма фехъуса.

Цæуылфæнды дæр разы уыди, æрмæст сывæллоныл – нæ. Æхсæв-бонмæ йæ фырмæтæй хуыссæг нал ахста, бонизæрмæ Ритæйæ тæппуд тæрхъусау ралидз-балидз кодта. Кæд нæ 6асывæрджын уаид, кæд бæллæх йæ иувæрсты аивгъуыид. Адæймагæн, дам, йæ ныхыл цы фыст уа, уымæй йын ферваæзæн нæй. Афтæ рауад Алмасханы хъысмæт дæр. Иу бон Ритæ тарстхуызæй йæ цуры æрлæууыди, æмæ Алмасханæн адæргæй йæ зæнгтæ адон сты. Лæппу йæ царды фыццаг хатт бамбæрста, тас циу, уый. Къахæй сæрмæ йæ æгъатыр къæппæгауæрцахста æмæ йæ тынгæй тынгдæр æлхъывта. Алмасханы фæндыди алидзын, йæ тых-йæ бонæй ныхъхъæр кæнын, Ритæйы амарын. О, о, Ритæйы амарын! Уый аххосæй йыл æрцыди ахæм æдылы рæдыд.

– Алик, мæ сæр ма цы фæкæнон, уый нал зонын. Ныр цалдæр боны мæ уд æрдуйæ нарæгдæр сси,– кæуынхъæлæсæй загъта чызг æмæ къухмæрзæн йæ фындзмæ схаста.

– Цы кодтай? – йæ мидкатай æмбæхсгæйæ йæ бафарста Алмасхан.

– Цъысымы мæ баппæрстай, æмæ мæ зæрдæ йæхи къултыл хойы. Хуыцауы раз цы аххосджын фæдæн? Исты хæлд куы уаин, уæд ма гъа...

«Ай хæлд цы хоны, цымæ?» – йæхинымæр ыл бахудти Алмасхан, æмæ йын кæд йæ дзуапп рагацау зыдта, уæддæр. та йæ ногæй бафарста:

Цы дыл æрцыди?

Цыма сывæрджын дæн, афтæ мæм кæсы.

Искæмæн æй загътай?!

– Цытæ дзурыс? Мæ ныййарджыты хъустыл куы 'рцæуа, уæд мæ амардзысты.

– Цæмæн хъуамæ æрцæуа дæ ныййарджыты хъустыл? Дæ дзыхыл хæц, æмæ йæ мачи базона.

Ахæм хъуыддагæн бамбæхсæн куыд и?

Адæм уымæй стырдæр хъуыддæгтæ бамбæхсынц...

Нæ дæ æмбарын. Курынмæ мæ нæ хъавыс?

Куыннæ, фæлæ нырма æгæр раджы у. Кæдæм тагьд кæнæм?

– Нæ худинаг куы раргом уа, уымæй тæрсын, æндæр...

– Ныббар мын дæ хорзæхæй, Ритæ,– фæлмæн хъæлæсы уагæй йын йæ ныхас æрдæгыл фескъуыдта Алмасхан.– Дæуæн зындзинад саразыны бæсты æз мæ цард раттыныл сразы уыдзынæн, фæлæ дын иу хъуыддагæнæ бамбарынгæнгæ нæй. Хицæн индивидумæй адæймаг рауайы стыр бæллиц æмæ æвæллайгæ фæллойы фæрцы. Иудадзыг размæ чи тырны æмæ иу рындзæй иннæмæ чи хизы, æрмæстдæр уый у адæймаджы ном хæссыны аккаг, иннæ та у фос. Æмбарыс мæ? Хуымæтæджы фос, дыкъахыг хайуан. Йæхи адæймаг чи хоны, уый хъуамæ лыстæг хъуыддæгтæм йе 'ргом ма здаха. Хъуамæ ахæм домбай уа, æмæ цыфæнды цæлхдурты сæрты дæр хизын фæраза, хъуамæ йæ нысанмæ цæуа ныфсхастæй, науæд ын фосы бынатмæ æнæ æрхаугæ нæй.

Нæ та дæ æмбарын. Дæ хъуыды ма æргомæй зæгъ.

– Адæймаджы дуне тынг вазыгджын у, æмæ фылдæр хатт йæхæдæг дæр йæхи нæ фембары. Абон йæхицæй цы хъуыды суры, уый йын, чи зоны, райсом æппæтæй сæйрагдæр суа. Абон æй æппындæр чи нæ хъæуы, уый йæ, чи зоны, райсом æппæтæй тынгдæр бахъæуа...

– Нæ сывæллонæй зæгъыс?

– Æз æрмæст уый кой нæ кæнын, æз иумæйаг хъуыды дзурын.

– Мæн иумæйаг ныхæстæм не 'вдæльг. мæ игæр тæвд къæйыл фыцы.

Хуыцау, зæхх– æвдисæн, æз нæ сывæллоны ныхмæ нæ дæн. Табуафси, райгуырæд, Иу фыд дæр йæ хъæбулы афтæ тынг нæ уарзы, æз мæ сабийы цас бауарздзынæн. Æцæгælæтты цотæй æдзух мæ мондæгтæ куы исын, уæд мæ туг, ме стæгыл бацин кæнын нæ бафæраздзынæн? Кæд мын ахæм æгъатыр æнхъæл дæ, уæд дæ цард мемæ куыд сбæттынмæ хъавыс?

– Æз куы ницы зæгьын, хатыркурæгау йе уæхсчытыл схæцыд Ритæ, æмæ та Алмасхан дзурын райдыдта:

– Ног адæймагæн цард раттынæй ма диссагдæр цы уа. Мæнмæ гæсгæ зæххыл уымæй зæрдæрайгæдæр хъуыддаг нæй. Дуне ног-гуырд сывæллонæй рæсугъд кæны, фæлæ æрдз адæймагæн зонд уый тыххæй радта, цæмæй йæ цард, куыд хуыздæр у, афтæ сараза, цæмæй, сывæллон ныййарын кæд хъæуы, уый зона. Уыцы хъуыд-дагыл фосæн сæ бон хъуыды кæнын нæуæмæ сæ лæппынты кæрæдзи фæдыл зайынц Махæн æндæр у нæ уаваер. Мах стыр зондылхæст удгоймæгтæй сфæлдыста æрдз, æмæ нын фосы митæ кæнын не 'мбæлы. Уыцы сывæллоны нæ мæнгард дунемæ æнæрхъуыдыйæ куы рауадзæм, уæд ын, фыццаджыдæр, йæхи цард фехалдзыстæм

Цæмæн?

– Уымæн æмæ гæвзыкк студенттæ стæм æмæ йын нæ мæгуыр капеччытæй æхсыр балхæнынхъом дæр не суыдзыстæм

Ау, нæ ныййарджытæ нæм нæ фæкæсдзысты?

– Нæхи нын кæй схастой, уый æгъгъæд нæу? Ныр та нын хъуа-мæ нæ сывæллæтты схæссой? Никуы уыдзæн уый! Æз хъуамæ мæ цоты курæггаг къæбæртæй ма хæссон, фæлæ мæхи фæллойæ! Æз хъумæ ацы цардæн йæ рохтыл æрхæцон, мæ бон æрмæст мæхи сывæллæттæ схъомыл кæнын куыд нæ уа, афтæ, æцæг мæ ды ма хъыгдар. Дæхи ссыгьдæг кæн, æмæ уал нæ цард саразæм, фæстагмæ фæсмонгонд куыд нæ фæуæм.

– Мæнæн мæ сывæллонмæ мæ къух нæ батасдзæни,– йæ цæссыгтæ ныхъуыргæйæ, загъта Ритæ, æмæ Алмасханы цæсгом фæтар и. Йæ зæрдæйы схæлбурцъ кодтой алыхуызон æнкъарæнтæ. Æппæтæй тынгдæрæй фæндыди йæ уарзоны ныххурх кæнын, фæлæ йæхиуыл ныххæцыди æмæ æрæджиау сабырæй загъта:

– Куы райгуыра, уæд нæ цъымарамæ батæрдзæни, сахсæнтæ ныл сæвæрдзæни, æмæ нæ бирæ рæсугъд фæндтæ нæ хъуыры фæбад-дзысты.

– Мæн царды дæуæй сывæллон ныййарынæй стырдæр хорз-дзинад нæ хъæуы.

– Кæрæдзи кæй не 'мбарæм, уый хорз нæу. Афтæмæй нын иумæ цæрæн куыд и?– алхыскъæй кодта Алмасхан. Цæмæй йын чызг йæ дæлгоммæ ныхасы хъуыды райхала æмæ дзы йæхицæн хатдзæгтæ скæна, уый тыххæй иучысыл æнæдзургæйæ алæууыди, стæй та Ритæмæ йæ хъæлæс райхъуысти:– Мæ алыварс цы гуы-мыдза лæппутæ ис, уыдонæй иу дæр капеччы йаргъ нæу! Сæ къуындæг хъуыдытæ бахæрын æмæ баназынæй дарддæр нæ хæцдæ кæнынц æмæ уыцы сæлхæртæ царды стыр бынæттæ æрцахсдзыс-» ты, æз та лæггадгæнæгæй баззайдзынæн!

– Мах дæ ницы бахъыгдардзыстæм...

– Æгæр дæр ма мæ бахъыгдардзыстут! Дæу фæнды, цæмæй æз ницыйæ баззайон æмæ мæ цард хицæуттæм хæлæггæнгæйæ арвитон, фæлæ уый никуы уыдзæн! Æз стыр хъуыддæгты тыххæй райгуырдтæн æмæ куырм уырыйы цардыл никуы сра-зы уыдзынæн! Фæлтау дæ хурхыл кард æрбаваер æмæ фæци!

– Цытæ дзурыс?! Хуыцау нæ уыцы бæллæхæй бахизæд!– фæтарсти Ритæ æмæ лæппуйы хъæбысмæ йæхи баппæрста. Алмасхан ын йæ сау æрттиваг сæрыхъуынтæ рæвдауæгау æрсæрфта æмæ ныфсæвæрæгау загъта:

– Ма тæрс, мæ дунейы рухс, ма тæрс, нырма нын иу æмæ дыууæ сывæллоны нæ райгуырдзæни. Институт уал каст фæуæм, стæй нæ цард баиу кæндзыстæм, æмæ мын фырыхъулы хуы-зæн лæппутæ ныййардзынæ. Ды дæ фыны дæр кæй никуы фед-тай, æз ахæм бынатмæ хъавын æмæ йæ æрцахсдзынæн, æнæмæнг æй æрцахсдзынæн, æмæ аргъауы дунейы æрцæрдзыстæм.

Ритæ йыл кæй бауу æнддзæни æмæ йын йæ ныхасыл дыккаг кæй нал зæгъдзæни, ууыл йæ зæрдæ дардта, фæлæ йæхи ссыгъдæг кæныныл афтæ æнцонæй сразы уыдзæни, уый йæ фæсонæрхæ-джы дæр нæ уыди, æмæ æнæнхъæлæджы тæссаг низæй фервæзæг рынчынау цинæй марди. Æвастæгъатыр æлхъивæнтæй феуæгъд и, æмæ та йæм цард йæ мидбылты худын райдыдта. Иуцасдæр ма Ритæимæ æфсонæн ауæдтытæ кодта, стæй институты рек¬торы чызгимæ балымæн ис æмæ йæ уарзоны кæугæйæ ныу-уагъта. Мæгуыр чызг æнхъæл уыди, йæ коммæ куы бакæса, уæд æм хуыздæр зæрдæ бадардзæни æмæ фæрæдыди. Фыр-тыхстæй къух- къух кæй аЦыди æмæ йæ ахуырæй кæй фæхауд-та, расыггæнаг хиваст лæгимæ кæй бацарди æмæ хæрз æрры-гонæй йæ ингæн кæй ссардта, Алмасхан уый дæр нал базыдта.

Исчи йын æй куы радзырдтаид, уæддæр æм йæ хъус не 'рдард-таид, уымæн æмæ дзы фароны митау ферох и. Алмасханæн йæ цард уыди разæй, æмæ йæ фæстæмæ кæсынмæ не 'вдæлди. Уæдæ зæронд фæлхæртты сызгъæрины къæрттытæ агурын дæр нæ сахуыр и. Рæстæгæй рæстæгмæ йын фæстæмæ акæсын æмæ йе 'фсармы бафæрсын кæй æмбæлыди, уый зыдта, фæлæ йæ йæ сæрмæ нæ хаста, уымæн æмæ уыцы хъуыддаг нымадта æвæрæз адæймаджы лæмæгъдзинадыл.

Алкæуыл дæр æнцонæй чи æууæнды, ахæм сылгойаг нæ разынди Алмасханы ног уарзон. Тамилæ цы дунейы царди, уый æвзæр нæ зыдта. Адæмы цæстфæлдахæн митæй йæ зæрдæ иу æмæ дыууæ хатты нæ ныккæрзыдта, йæ размæ йын цы цæлхдуртæ æвæрдтой, уыдоныл иу æмæ дыууæ хатты нæ фæкалди. Афтæ зæгъæн нæй: «Æртын иу азы дæргъы йæ зындон уæлæуыл бафыста», фæлæ йыл цы цæфтæ æрцыди, уыдон æм, йæ рог царды уаварæтимæ абаргæйæ, тынг тыхджын фæкастысты, æмæ сдæрзæг и. Кæд ыл нæлгоймæгты фæлмæн ныхас раздæрау нал ахадыдта, уæддæр сæм йæ зæрдæйы уаг нæ ивта, уымæн æмæ царды æндæр хорздзинад нæ уыдта. Йæ ректор-фыд ын институты хардзæй горæты астæу ахъаззаджы фатер райста, рæстæджы домæнтæм гæсгæ йæ диссаджы хорз сцалцæг кодта, алыхуызон зынаргъ дзаумæттæ йæм баласта, æмæ дзы Тамилæ амæй-ай хæрзконддæр студенттимæ йæ рæстæг æрвыста. Институты немыцаг æвзаг лæвæрдта, æмæ-иу йæ цæст кæуыл æрхæцыди, уымæн-иу фæлмæн хъæлæсы уагæй загъта:

– Æрмæг хорз нæма зоныс, мæ хур. Ацу, сахуыр æй кæн æмæ мæм дæ зачетты чиныгимæ сабаты изæрæй нæхимæ æрбацу.

Комкоммæ йæм бакæсын дæр ничи уæндыди, фæлæ йæ æрыгæттæ фæсномыгæй хуыдтой «Сабаты изæрæй» æмæ йыл сæхимидæг худтысты.

Йæ хабæрттæ Алмасханы хъустыл дæр æрцыдысты, фæлæ сын дам-думтæ æнхъæлдта æмæ сыл нæ бауæндыди. Тамилæ йын уыцы ныхæстæ йæхицæн куы загъта æмæ йæ хуыцаубоны дæр йæ айв фæлгонцгонд уатæй æддæмæ куынæ рауагъта, уæд æй бамбæрста, студенттæн-иу фембæлд сабатмæ цæмæн снысан кодта, уый. Дисы йæ бафтыдта Тамилæйы арæхстдзинад. Нæлгоймагыл узæлынмæ афтæ дæсны уæвæн и, уый йæ хъуыдыйы кæрон дæр никуы 'рцыдаид, йæхиуыл æй куынæ бавзæрстаид, уæд. Алмасхан афтæ хъуыды кодта, сылгоймæгтæ иууылдæр сынтæджы къодæхтау уæлгоммæ фæлдæхтæй фæхуыссынц æмæ къæмдзæстыгхуызæй нæлгоймæгты узæлдмæ фенхъæлмæ кæсынц, фæлæ йын Тамилæ уыцы хъуыддагмæ йæ зондахаст аивта. Къахæй сæрмæ йын-иу адджын батæ. кæнын куы райдыдта, уæд-иу æвæлтæрд лæппуйæн фырæхсызгонæй йæ зæрдæ гæлæбу фестади.

Иуафон Тамилæ Алмасханы рæвдауынæй куы бафæллади, уæд цæхæркалгæ люстрæмæ ле 'ргом аздæхта æмæ йæхиимæ дзурæгау сабырæй загъта:

– Æрыгонæй цы рæдыдтытæ æруадзæм, уыдонæн ма-иу срастгæнæн куы уаид...

– Цæй тыххæй зæгъыс?

– Куыддæр институты ахуыр кæнын райдыдтон, афтæ иу дынджыр богалмæ чындзы ацыдтæн æмæ йыл фæсмонæй мæлын.

Цæмæн?

– Дæумæ куы фæбадтаин, уæд мын ныр замманай лæг нæ уаид?– хъазгæмхасæн бафиппайдта Тамилæ, стæй фенкъард и. Уæвгæ ды зæронд усæй цы кæныс?..

– Фыццаджыдæр, ды зæронд ус нæ дæ, дыккагæй та, æз сылгоймагæн йæ кармæ нæ кæсын.

– Уæдæ?

Йæ зонд æмæ йе 'гъдаумæ.

– Мæ сыгъдæг удæй дын ард хæрын, уыцы сæрхъæн спортсменæй куы ралыгътæн, уæдæй фæстæмæ мыл иу нæлгоймаг дæр нæма андзæвыди. Мæ царды мын ды дыккаг нæлгоймаг дæ. Зæрдæйæ кæй бауарзтон, уыдоны 'хсæн та – фыццаг.

Дæ лæджы нæ уарзтай?

– Æппындæр нæ. Æнæмбаргæ сывæллон -чызг уыдтæн æмæ йын йæ кады фæдыл адзæгъæл дæн.

– Мæнæн та? –хинхудтгæнгæ йæ бафарста Алмасхан, фæлæ Тамилæйы цæсгомыл иу нуар дæр нæ фезмæлыди.

– Нæ зонын, мæ хур, нæ зонын. Алы 'хсæв дæр мæ фыны демæ фæархайын.Аудиторимæ куы бахизын, уæд дæр фыццаг дæу ауынын. Иу хаттæй иннæ хатмæ мæхицæн фидар дзырд раттын, налæм бакæсдзынæн, зæгъгæ, фæлæ та дæ мæ цæстытæ сæхæдæг ацахсынц. Дæ цæсгоммæ кæсгæйæ мæ буарыл цыдæр æнахуыр æнкъарæнтæ ахæлиу вæййынц æмæ мæ æрфæнды адæмы 'хсæн дæ дзаумæттæ раласын. Фыццаг хатт дæ куы федтон, уæдæй фæстæмæ мыл цыдæр æрцыди, цыма мын кæлæнтæ счындæуыди. Æвзонг чызг мæ рауади æмæ мæ судзгæ монцтимæ уæлæрвты тæхын. Ныр иумæ цал сахаты стæм, уæддæр дæ нæма бафсæстæн. Гæнæн куы уаид, уæд дæ мæ цармы батухин, иууылдæр мæн куыд уай, афтæ.

Алмасхан ын йе 'хсидгææнкъарæнтыл нæ бауæндыди, фæлæ йын уæддæр æхсызгон уыди йæ уарзондзинады ныхæстæм хъусын. Иугæр ын йæ зæрдæ балхæнынылафтæ тынг архайы, уæд æй, æвæццæгæн, æцæгдæр фæнды йæ цардæмбал суæвын. Алмасхан разы у йемæ бацæрынылЧъизи æмдзæрæны тугцъир къолопитимæ удхар кæныны бæсты хæрзæфснайд уаты йæ бонтæ кæимæфæнды дæр æрвитдзæни, фæлæ ма дзы уымæй уæлдай цы рамбулдзæни? Йæхицæй дæс аэы хистæр ус? Æмæ

ахæм рæсугъд лæппуйæн уый æгæр чысыл лæвар нæу? Бæгуыдæр у. Йæ ректор-фыд ын хицауы бынатæй зæрдæ куы бавæрид, уæд, чи зоны, бирæ лæгъстæты фæстæ Тамилæйы фæндыл сразы уаид.

Тамилæ арвы хин æмæ зæххы кæлæн уыди. Кадылмард, хиуарзон лæппуйы лæмæгъдзинæдтæ бæстон сахуыр кодта, йæ сонт зæрдæйы судзаг хъæдгæмттæ йын судзины фындзæй фæцагайдта æмæ сæ уыцыиу рæстæг дзæм-дзæмы донæй æрæхсадта:

– Куы мæ ракурис, уæд дын диссаджы цард саразин. Лæппутæ дæм фырхæлæгæй сæ былыцъæрттæ хæриккой, чызджытæ та дыл сæхи мариккой...

– Уыйбæрц хъару дæм кæцæй разындзæни? Нымæтын ехс ссарынмæ хъавыс?– цыма йын йæ ныхæстæ ницæмæ æрдардта, уыйау æй æлхыскъæмхиц хъæлæсæй бафарста Алмасхан.

Сылгоймаг, зæххы цы хоры мыггæгтæ ныппæрста, уыдон сау мæрыл кæй сæмбæлдысты æмæ уайтагъд билцъ уадзынмæ кæй фесты, уый бамбæрста æмæ йæ мидбылты бахудти. Дыма лæппуйыл æрхъæцмæ дæр нæ хъæцыди æмæ йын алидзынæй тарсти, уыйау æй йæ риумæ нылхъывта æмæ йын сусæгвæндгæнæгау йæ хъусы бадзырдта:

– Æз дæу тыххæй мæ уд дæр нæ бавгъау кæндзынæн, мæ хур. Цы дæ хъæуы, уый мын зæгъ, æмæ дын æй сараздзынæн.

– Куыд æгъдауæй?

Мæ фыды фæрцы.

– Кæд дын Хуыцауы 'мдых нæу.

– Цы бынат ахсы, уымæ йын ма кæс. йæ фадæттæ фылдæр сты, фæстæдæр та ноджы фылдæр уыдзысты...

Алмасхан йæ фыццаг уарзоны цы фæдфæливæн ныхæстæй сайдта, уыдон йæ зæрдыл æрбалæууыдысты, æмæ йæм æнæууæнк каст бакодта.

– Нæ дæ уырны?– фæтæргай и Тамилæ æмæ йæм йæ чъылдым фездæхта.– Зыбыты дзæгъæлы.

– Уырны, уырны, æрсабыр у,–фæлмæн хъæлæсæй йын загъта Алмасхан, æмæ та йæм Тамилæ йе 'ргом раздæхта.

– Инус æй обкомæй рæстæгмæ рарвыста, институт, дам, йæ къахыл слæууын кæ. Ныр æй фæстæмæ хоны...

Лæппу йæ цин бауромын нал бафæрæзта æмæ хуыссæны рабадти.

– Обкоммæ?!

– О.

– Уый æвзæр нæу.

– Æвзæр цы хоныс? Уый тынг хорз у! Уый диссаджы хорз

у! Кæд Хуыцауы фæнда, уæд та ногæй цæрын райдайдзыстæм...

Сылгоймаджы йæ адджын сæнттæ кæдæмдæр ахастой, фæлæ, кæй фарсмæ хуыссы, уый фембæрста æмæ афтæ бакодта:

– Папæйæн йæ размæ цыфæнды стыр хæс куы сæвæрын, уæддæр мын «нагъ» нæ фæзæгъы. Тынг бирæ мæ уарзы.

– Мæ курдиат ын йæ хъусы куы бацæгъдай, уæддæр дæ коммæ бакæсдзæни?

– Йæ бындары йын зæрдæйæ куы бауарзай, уæд –о, –æнæдызæрдыгæй йын дзуапп радта Тамилæ

Куынæ йæ бауарзон, уæд та?

– Уæд дæ тæрхондоны 'рфæрсдзæни, мæ чызджы хуыссæны æнæзакъон митæ цæмæн кæныс, зæгъгæ,–хъæрæй ныххудти Тамилæ æмæ йæ цæнгтæ лæппуйы бæрзæйыл атыхта:– Обкомы цас гæнæнтæ ис, уый зоныс? О-о-о! Ахъуыды кæн, мæ хæдзар, ахъуыды кæн, æмæ иуцалдæр адæймагимæ рестораны абадæм. Нæ чындзæхсæв нын Иры дзыллæтæ куынæ базоной, уæддæр сыл ницы 'рцæудзæни.

Сылгоймаг йæ ныхас ахæм хуызы балхынцъ кодта, цыма сæйраг хъуыддаджы иумæйаг æвзаг ссардтой æмæ ныр ницытæ æмæ мацытыл дзурдзысты. Сæ зæрдæты сын уарзондзинады арт нæ басыгъта. Сæ иуы хъуыди стыр бынат, иннæйы – æрыгон лæг (йæ хивæнд хæзгултæ йæ куыд феной æмæ фырфæсмонæй сæ къухы фыдтæ куыд хæрой), æмæ цыбыр рæстæгмæ сæ дыууæйæн дæр сæ тын сæ къух ссардта. Тамилæйæн йæ бæллиц сæххæст и, æнхъæл куыд нæ уыди, афтæ тагъд, æмæ сног и, йæ къæхты бын сæгъы бага нал састи. Алмасханы нырма йæ бæллицмæ бирæ цæуын хъуыди, фæлæ цы фидар мæсыг самайынмæ хъавыди, уымæн бындур æвæрынмæ бавнæлдта æмæ цинæй марди. Йæ минæвæртты ректормæ барвитыны агъоммæ куырыхон лæгау уæзбынæй æрбадти институты фæскомцæдисон комитеты секретары бандоныл. Кæд уыцы бандой хæрз хуымæтæг уыди, стæй ныллæг ран лæууыди, уæддæр йæ хицауæн иттæг хорз фадат лæвæрдта бæрзонд къæлæтджынмæ схизынæн, æмæ уый стыр ныфс уагъта æрыгон лæппуйы зæрдæйы. Алмасхан йæхи цæстытæй уыдта, парти æмæ бæстæйы сæргъæлæуджытæн се 'ндон базыртæ ацы ныллæг бандоныл кæй райрæзтысты, уый. Куы дзы сбадти, уæд йæ алфамблай бæстондæр акасти æмæ æрцыди ахæм хатдзæгмæ: дæ къух уазал доны дæр ма атул, æцæг дæхи афтæ дар, цыма дæ удæй арт цæгъдыс, цыма æнæ дæу иунæг хъуыддаг дæр йæ бынатæй нæ фезмæлдзæни. Иудадзыг дæхи куыстхуызæй куы 'вдисай, уæд дын адæм исты 'нхъæл уыдзысты, æмæ дын аргъ кæндзысты.

Хицауады ныхмæ мацы дзур. Сæ цæстытæм сын æдзынæг кæс, цы сæ хъæуы, уый сын сæ былты змæлдæй ахс æмæ йæ рæвдз æххæст кæн. Раст куынæ уой, уæддæр сын сæ митæй æппæл, адæмы туг куы нуазой, уæддæр сæ фарс хæц. Рæсугъд дзурын зон, æмæ дæ дзæнгæдайæ адæмы сæртæ дзæгъæл кæн, фæлæ нырыккон цардмæ ма 'внал. Йæ хорздзинæдтæ стауыныл ын куы схæцай, уæд дыл фæлитойы ном сбаддзæни æмæ дын дæ раст ныхæстыл дæр нал баууæнддзысты. Дины æмæ партийы кусджытæ кæрæдзийæ арвы талынгты лидзынц, фæлæ сæ хиндзинад иу у. Адæмæн зæрдæтæ æвæрынц бæллиццаг фидæнæй, дзæнæт æмæ коммунизмæй. Сæ дыууæ дæр сты цæстылуайгæ зæрдæ хъыдзыгæнæн ныв тæ, мæгуыр адæмы сæрымагъз донгæнæнтæ, сайæн фæрæзтæ. Цалынмæ зæххыл æдылытæ уа, уæдмæ сыл æууæнддзысты. Æдылытæ та æдзухдæр уыдзысты. Иугæр æдылы саинæгтæ ис, уæд зондджын сайæгтæн дæр æнæ уæвгæ нæй, уымæн æмæ иу цæргæ уд иннæ цæргæ уды хардзæй цæрынмæ тырны. Æрдз афтæ арæзт у, æмæ фысты разæй хъуамæ цæуа бодз. Амæй фæстæмæ уыцы бодзтæй иу уыдзæн Алмасхан. Йæхицæй бирæ хистæр фыдынд ус кæй æрхаста, уый ма йын æрыгон рæсугъд чызджытæ, чи зоны, ныххатыр кæниккой, фæлæ хæлд сылгоймагыл кæй барвæссыди, уый йын нæ барынц æмæ йыл æргомæй худынц Йæ мады зæрдæ риссы æмæ кæуы. Фыд æй æмбары, кæмдæрты йемæ разы дæр у, фæлæ уыцы мадзурайæ лæууы, йе 'рфгуыты 'лхынцъ нæ халы. Алмасхан алцыдæр æмбары, алцыдæр уыны, сылгоймагимæ æнæуарзгæйæ цæрын куыд зын у, уый алы бон дæр йæхиуыл æнкъары, фæлæ йе стыр фидæны сæраппонд быхсы. Ацы фыдæвзарæн ын рæстæгмæ кæй у, ууыл йæ зæрдæ дары. Куыддæр æй Тамилæйы сæр нал. хъæуа, афтæ йæ фæуадздзæни. Худгæ йыл чи кæны, уыдон дæр æрсабыр уыдзысты. Къорд азы фæстæ йæ сæ сæргъыл кадджынæй куы феной, уæд йæ рагон лыстæг хъуыддæгтæ хурмæ рахæссыны аккаг никæмæуал фæкæсдзысты. Сæ сæргъыл кæй слæудзæни, уый та дызæрдыггаг нæу.

Ахæм зондахастимæ кусын райдыдта Алмасхан институты фæсивæды раздзæуæгæй. Скъолайы куы ахуыр кодта, уæд нырма хæрз æрыгон лæппу уыди, козбау митæм нæма арæхсти, хицæуттæй æппæлгæйæ йæм эпитеттæ, метафорæтæ æмæ алыхуызон рæсугъд барæнтæ фаг нæма уыди, фæлæ институты уыцы хъуагдзинæдтæй фервæзти æмæ стауын райдыдта фæскомцæдисы, партийы разамонджыты, сæ хæдивджыты, се 'ххуысгæнджыты, мæрдты, æгæсты. Йæ фырдиссагæй ма-иу ногдзаутæм дæр бавнæлдта. Се 'ппæт дæр ын уыдысты номдзыд, кадджын, намысджын, æнæмæлгæ. Ног ныхæстæ агурын æй нæ хъуыди. Æппæлæн уацтæй бæз-бæз кодтой бæстæйы 'ппæт газеттæ дæр, хъуыста сæ радиойæ, телевизорæй, касти сæ журналты, чингуыты æмæ сæ цæттæйæ иста. Йæ пъартфель æмæ йæ дзыппытæ æдзухдæр дзаг уыдысты мард æмæ æгас фæтæгты, стæй æххæст фæтæг чи нæма сси, уыдоны куырыхон ныхæстæй, поэтты цæстмæхъус æмдзæвгæтæй, разагьды ахуыргæндты иртасæн куыстытæй. Иу рæнхъ дæр дзы йæ зæрдæмæ æмгæрон никуы бауагъта, фæлæ сæ æнтыстджынæй пайда кодта йæ раныхæсты рæзгæ фæсивæдæн зонд бацамоныны охыл, цæмæй, гуыргъахъхъ фæндагыл цæугæйæ, ма фæкæлой, æмæ сын фæсарæйнаг тугцъир капиталисттæ сæ сæрызонд ма сдзæгъæл кæной, цæмæй сыгъдæгзæрдæйæ аразой ног цард, Суанг ма йæ усимæ дæр дзырдта уыцы 'взагыл. Иутæ йæ хуыдтой зондджын æмæ мæлгъæвзаг, иннæтæ – æдылы æмæ бæрбæра. Фыццæгты фидарæй уырныдта, стыр лæг дзы кæй рауайдзæни, уый. Дыккæгтæ та дзырдтой: « Йæ дзæгъæл дзæнгæдайы фæхуыдуг уыдзæни. Абон куынæ уа, уæддæр æй райсом бамбардзысты æмæ йæ хъиладзагъдæй фæсурдзысты».

Алмасхан зондджынтæм дæр нæ хаудта, æмæ æдылытæм дæр. Уыди рæстæмбис зондылхæст адæймаг. Ахуыргонд дзы кæй нæ рауайдзæни, уый зыдта, сфæлдыстадон куыстæй та йе сæфт уыдта æмæ политикæйыл ныххæцыди. Бынат, кад æмæ æхца систы йæ Хуыцæуттæ. Уыдонæн аргъуыц кодта æхсæвæй-бонæй. Бынат æмæ кад йæ къухы нæма бафтыдысты, фæлæ йæм æхца цæуын райдыдта. Бынтон æнæнхъæлæджы иу кæмæдæр фæлварæнты рæстæг йæ цæст фæдардта, æмæ йын сырх гæххæттыты тыхтон йæ дзыппы нытътъыстой. Лæппу фæсырх и, фæстæмæ сæ йæ хицауæн раттынмæ хъавыди, фæлæ йæ зæрдæ нæ бакуымдта. Æхсæв-бонмæ йæ фыртæссæй хуыссæг нал æрцахста. Афтæ йæм касти, цыма йæ институты хицауад фæлваргæ кæны æмæ йæм ныртæккæ милиционер™ æрбарвитдзæни, фæлæ йæм ничи никæй æрбарвыста, æмæ йæ зæрдæ фæфидар и. Йæ лæмæгъдзинады тыххæй йæхиуыл фæхудти. Чи йæм хъуамæ бауæнда, йæ кайыс обкомы стыр бынат куы 'рцахста, уæд?

Ахуыргæнджытæй алчидæр йæ сæйраг хæсыл нымадта Алмасханæн исты хорздзинад саразын. Кæмæ-иу баулæфыди, уый йын-иу уайтагъд йæ хъуыддаг ацарæзта, æмæ дзы гæртамхор рауади. Гæртамхор та ахæм уыди, æмæ йæ разæй æппындæр никæйЛ ауагътаид. Æхца йæм куыд фылдæр хаудта, афтæ хъалæй- хъалдæр кодта æмæ йæ машинæтæ хуыздæрæй хуыздæрмæ ивта. Фыццаг æм фæзынди «Москвич», йæ хæдфæстæ

– «Победæ», стæй та – «Волгæ». Се 'ртæйы дæрæрдзы хъæбысмæ уыйбæрц суинаг студенткæты фæласта, æмæ ма дзы сæ нæмттæ рох дæр фесты. Банымудзынæй сæ нæ тарсти: институтмæ бахауын сæ искæй чъизи митæ раргом кæнынæй тынгдæр кæй фæндыди, уый уыдта, стæй сæ хъуыддаг тыхмимæ никуы 'рцыди. Уæдæ йæ усæй дæр тынг не 'фсæрмы кодта, уымæн æмæ уый дæр, студенттæ хъус-хъус куыд дзырдтой, афтæмæй ком нæ дардта. Лæг æмæ усæй алчидæр хицæнæй архайдта цардæй фылдæр æхсызгон минуттæ райсыныл. Уымæ гæсгæ,се 'хсæн ныффидар кодтой сæрибар ахастдзинæдтæ æмæ кæрæдзи нæ хъыгдæрдтой. Иу уайдзæф дæр сæ никуы никæмæй схаудта. Сæ фæлмæн ныхасмæ хъусгæйæ, исчи загътаид: «Тæхудиаг æрбауой, цы дзæбæх цæрынц».

Алмасхан институт каст куы фæци, уæд йæ кайысы нымæтын ехсы фæрцы цыбыр рæстæгмæ фæскомцæдисы обкомы фыццаг секретары бынатмæ схæццæ и, фæлæ ахæм лыстæг куыстытыл нал æрвæссыди, стæй йæ йæ сывæрджын фыдынд усы рæвдауын дæр нал фæндыди æмæ йæхи уæлдæр партион скъоламæ арвитын кодта. Цалдæр мæйы фæстæ йæ мад амарди, фæлæ йæм Алмасхан не ссыди, йæ фыдмæ телефонæй дæр не сдзырдта, æгæр-мæгуыр æм тæфæрфæсы тел дæр нæ ныццавта. Тамилæ йын лæппу куы ныйиардта. уæд дæр æй Ирыстонмæ йæ къах не схаста. Йæ усимæ телефонæй аныхæстæ кодта, æмæ ууыл йæ цыд ахицæн и.

«Алчидæр йæ бынат зонæд æмæ йæ кæрддзæмы бадæд. Тæхынæн чи райгуырди, уый хъуамæ тæхгæ кæна, хилынæн чи райгуырди, уый та – хилгæ»,– хъуыды кодта Алмасхан. Йæ цæсты йæхи афтæ бæрзонд сæвæрдта, æмæ хуымæтæг адæмæй æфсæрмы кæнын йæ сæрмæ нал хаста, уымæн æмæ уыцы хъуыддаг нымадта æдылыдзинадыл, фосæй хатыртæ куы курай æмæ сын фæндаг куы дæттай, уыйау.

Куыддæр партион скъола каст фæци, афтæ йæ йæ кайыс районы хицауы бынаты сæвæрын кодта, æмæ Алмасхан ирон дзыллæты 'хсæн интернационалон зондахаст ныффидар кæныны охыл саумæр зæххытæ дæттын райдыдта æндæр адæмыхæттытæн. Ног æрбалидзджытæ дзы афтæ бузныг уыдысты, йæ зæрдæ йын афтæ æхсызгонæй æлхæдтой, æмæ цыбыр рæстæгмæ Алмасхан диссаджы хъæздыг сси. Цас æм фылдæр æхца хаудта, уыйас стырдæр лæвæрттæ кодта йæ хицæуттæн æмæ йæ се 'хсæнмæ хонын райдыдтой. Уыцы фембæлдтыты-иу Алмасхан æрымысыди йæ фыды ныхæстæ: «Иугæр се 'хсæн куы 'рфидар уай, уæд та дæхицæн мауал тæрс. Халон халоны цæст нæ къахы...» «Зондджын лæг у, æвæдза. Цы фæци, цымæ? Иу хатт æй бабæрæг кæнын хъæуы»,– загъта-иу йæхицæн, фæлæ та-иу æй æндæр хъуыддæгтæ сæ фæдыл асайдтой, æмæ-иу йæ фыды сурæт мигъфæлмы 'рбайсæфти.

Алмасханмæ хорз зæрдæ æрмæст йæ кайыс нæ дардта, йæхи хъæбулы хуызæн æй бауарзта партийы обкомы фыццаг секре¬тарь Инус. Уый дæр Алмасханау уыди мæлгъæвзаг, уый дæр студенттæ Алмасханау йæ рæстæджы хуыдтой «Демагог». Уымæн дæр Алмасханау уыди рæсугъд зæлланггæнаг хъæлæс æмæ йæм хъусынæй не 'фсæсти. Сæ дыууæ дæр уыдысты фæскомцæдисы уарзон хъæбултæ æмæ систы партийы 'хсидгæ зæрдæйы уидæгтæ. Сæ дыууæ дæр сæхи æнкъардтой царды хицæуттæй, æмæ сæм афтæ касти, цыма сæ Ирыстон куы бавдæлон уаид, уæд былæй ахауид æмæ йæ къæхтыл нал слæууид. Иу сæ чи кодта, уыцы миниуджытæ фылдæр уыдысты, хицæн сæ чи кодта, уыдонæй, æмæ кæрæдзи иттæг хорз бамбæрстой. Фембæлды рæстæг-иу Инус Алмасханы цонгмæ аивæй бавнæлдта æмæ-иу æй иуварс акодта. Йæ дæлбар кусджытæ уыдтой, йæ бынатмæ йæ кæй цæттæ кæны, уый æмæ архайдтой се суинаг хицауы зæрдæмæ фæцæуыныл.

– Алмасхан, нæ сывæллæттæ скъолаты æппæт предметтæ дæр иронау кæй цæуынц уый дæм куыд кæсы? – иу хатт æй хъавгæ бафарста Инус – Уыцы хъуыддаг сыл фæстæмæ нæ хæцы? Сæ иумæйаг рæзт сын нæ къуылымпы кæны?

– Бæгуыдæр хæцы, бæгуыдæр къуылымпы кæны. Æз дын æй раджы зæгъынмæ хъавыдтæн, фæлæ дæм нæ бауæндыдтæн,– фæцырдæм Алмасхан.– Махæн нæ рухс фидæн бает у уырысимæ, æмæ нæ æвæстиатæй рахизын хъæуы сæ диссаджы хъæздыг æвзагмæ.

Йе 'рыгон хæлары æнæдызæрдыг дзуапмæ хъусгæйæ, Инус йæ сæр разыйы тылд бакодта, йæ рæсугъд тымбыл цæсгом зына-нæзына бахудызмæл и, æмæ йын йе уæхск æрхоста, ома, ахæм зондыл хæст куы уай, уæд мæ фæрцы дард ацæудзынæ. Дыууæ къуырийы фæстæ йæм йæ кусæн уатмæ фæсидти æмæ йæ рухсады министры бынаты сæвæрдта. Йæ цуры чи бадти, уыдонæй йæ ныхмæ едзурынмæ йæ ныфс ничи баханста. Сдзурынмæ нæ, фæлæ йын йæ цæстытæм комкоммæ бакæсын дæр нæ бауæндыдысты. Республикæйы фыццаг лæгмæ цас хъару и, уый Алмасхан куы федта, уæд йæ бæллиццы зынг йæ зæрдæйы ноджы тынгдæр сæрттывта.

– Бузныг, Инус Битарович, бузныг. Дæ хорздзинад дын никуы ферох кæндзынæн,– загъта цинхуызæй æмæ йын йæ сæрæй акуывта.

– Уым уал акус, стæй дарддæр фендзыстæм...

Уыцы ныфсдæттæн ныхæстæ дзæвгар рæстæг зæлыдысты йæ хъусты æмæ йын йæ зæрдæмæ æхсызгон æнкъарæнтæ хастой. Алмасхан бамбæрста: йæ ног куысты Инусы зæрдæ балхæнынмæ куы сарæхса, уæд йæ бæллиц сæххæст уыдзæни, æнхъæл куыд нæу, афтæ тагъд æмæ æнауæрдонæй бавнæлдта йæ мадæлон æвзаг фесафынмæ.

Фидарæй йæ уырнытта, йæ нацийы зондахаст иннæ нациты зондахасты 'мвæзадмæ æрмæстдæр йе 'взаджы мæгуырдзинады аххосæй кæй не схæццæ и, уый æмæ йæ размæ сæвæрдта ирон адæмы сæ цæлхдурæй фервæзын кæныны хæс. Гæнæн æмæ йын амал куы уыдаид, уæд сæ Ирыстонæй дæр фервæзын кодтаид, фæлæ, йæ мæнгард хицæуттæ гыццыл адæмты куыд арæхстгай сæфтой, уый уыдта æмæ йæ райгуырæн бæстæмæ гуымиры хуызы 'валын нæ уæндыди. Алмасханы нæдæр мадæлон æвзаг хъуыди, нæдæр фыдыбæстæ. Хъуыди йæ æрмæстдæр бæрзонд къæлæтджын, уымæн æмæ йын уый фадат лæвæрдта иттæг хорз цæрынæн, адæммæ уæле дæлæмæ кæсынæн. Уыцы къæлæтджын сси йæ Бонвæрнон æмæ йæ, æрттиваг стъалыйау, йæхимæ æнахуыр тыхæй æлвæста, иу минут дæр æй æнцад бадын нæ уагъта. Уыцы къæлæтджыны тыххæй Алмасхан кæйфæнды хурхыл дæр кард æрбавæрдтаид. Суанг ма йæхи цард фæцыбыр кæныныл дæр сразы уыдаид, æрмæстæм исты амæлттæй сирвæзæд. Уый йын раздæрау рухс бæллиц нал уыди, фæлæ йын сси тæссаг низæмæ къуыдилыйау йе 'ппæт буарыл дæр ахæлиу и, йæ сæрымагъзы арф уидæгтæ ауагъта æмæ йæ цъирын райдыдта. Ахæм уавæры куыд хъуамæ бацауæрстаид Алмасхан цавæрдæр дыкъахыг æнæбон хилджыты къуымых æвзагыл, хурхмæ цы лыстæг бындзыты 'взæн ратæхы, уый мынæг дыв-дывыл? Сæ фыдæлты хæзна йæ кæй хонынц, уый тыххæй, æви рæдыдæй се 'хсæн кæй равзæрыди, уый тыххæй? Кæд Алмасхан сæ туг, се стæг уыди, уæддæр семæ нæ баиу и, стæй баиу уæвынмæ дæр нæ хъавыди, се 'взаг райсын та йæ фæсонæрхæджы дæр никуы 'рцыди.

Алмасхан уыди партийы стъæлфæн, партийы туджы 'ртах, æмæ йын партийы фæдзæхстытæ уыдысты йæ ныййарæг мады рæвдауæн ныхæстæй адджындæр, йæ фыды ныстуантæй зынаргъдæр, уымæ гæсгæ се 'ххæст кæнын нымадта йæ царды стырдæр хæсыл. Йæ ныхмæ чи сдзырдтаид, ууыл мæгуыры бон акодтаид, фæлæ йæм зул цæстæй бакæсын дæр ничи уæндыди, æмæ Алмасхан бындзарæй рæдывта, парти хæмпæлгæрдæджы бынаты кæй æвæрдта, уыдон, йæ къæхты бын ссæста йæ адæмы литературæ, йæ адæмы культурæ, йæ адæмы намыс æмæ фарн, йæ адæмы зæрдæ, уымæн æмæ уыдонæн цæрыны хъомыс лæвæрдта мадæлон æвзаг. Алмасхан иттæг хорз зыдта, йæ адæмы цыфыддæр знаг кæй у, уый, фæлæ æнæнхъæлæджы йæ къæхты бын цы мæлдзыджыты ссæста, уыдонæй уæлдай сæ ницæуыл нымадта. «Зæххыл бирæ æвзæгтæ æмæ адæмтæ фесæфти, æмæ йыл ницы 'рцыди.Иу ма сыл куы бафта, уæддæр ыл ницы 'рцæудзæни, хуры алыварс йæ зилынæй нæ банцайдзæни»,–хъуыды кодта Алмасхан, йæхимæ хуыдта, ирон æвзаг бахъахъхъæныныл чи архайдта, уыцы фæстæзад ахуыргæндты æмæ сын сæ сæрты уагъта йæ прогрессивон хъуыдытæ:

– Ирон æвзаг у, лæгæтты чи цæры, ахæм хъæддаг адæмы мæнгуд æвзаг æмæ йын фидæн нæй. Мах уыцы мæгуыр æвзагыл фидар куы ныххæцæм, уæд дунейы бæрзонд цивилизаци нæ цæсты кæронæй дæр никуы фендзыстæм, йæ ад ын никуы бамбардзыстæм, гæвзыкк æмæ æвæрæзæй фæсте баззайдзыстæм, æмæ нын нæ фæдонтæ не 'дылы рæдыд нæ ныббардзысты. Нæ фæстæзад фыдæлты хæхбæсты дзурын хъуыди æрмæстдæр ирон æвзагыл, уымæн æмæ сын хуыздæр гæнæн нæ уыди. Иннæ адæмтимæ бает нæ уыдысты. Цивилизаци кæм райрæзти, уыцы бæстæты стыр адæмты хъæздыг æвзæгтæ ахуыр кæнынмæ сæ фадæттæ нæ амыдтой. Телевизормæ нæ кастысты, радиомæ нæ хъуыстой. Газеттæ æмæ журналтæ сæ цæсты кæронæй дæр нæ уыдтой. Чиныг цы у, уый нæ зыдтой. Ахæм æвадат уавæрты сæ æппæтæй тынгдæр хъуыди сæ мадæлон æвзаг æмæ йæ цæсты гагуыйау хъахъхъæдтой. Фæлæ ныр хъуыддаг бынтон æндæрхуызон у. Цард размæ цæуы, æмæ нæ æхсæнадон фæзындтытæм бынтон æндæр цæстæй кæсын хъæуы. Æндæр цæстæй нæ кæсын хъæуы, дунейы адæмты хъæздыг æвзæгтæм дæр. Махæн не 'взаг у бинонты 'взаг æмæ йæ уымæй уæлдæр исын нæ хъæуы. Цæмæй нæ фæсивæдæн алкæм дæр ахуыр кæныны бар уа, уый тыххæй хъуамæ скъолаты нæ сывæллæттæн æппæт предметтæ дæр амонын райдайæм уырыесаг æвзагыл. Зæххыл цы адæмтæ цæры, уыдон рæхджы сæ национ тутт сæрыстырдзинадыл сæ къух сиедзысты æмæ се 'ппæт дæр суыдзысты иу æвзагыл дзурæг коммуниеттæ. Фæнда сæ, нæ, уæддæр сын мах фæндагыл æнæ цæугæ нæй, уымæн æмæ уый у сæ фыдæлты рагон бæллиц, сæ хурты хурзæрин, сæ амонды цæхæркалгæ гуырæн.

* * *

Мæсыг хи дурæй хæлы, фæзæгъынц. Ирон адæмы фыдæлтæ цæрынæй хæрынмæ цы фидар мæсыг фæцарæзтой, сæ æбузны фæдонтæн æнусты дæргъы цы рæсугъд хæзна фæхъахъхъæдтой, уый халынмæ сæ дæрзæг къухтæй февнæлдтой Инус æмæ Алмасханы хуызæн козбау уæйгæнджытæ, æцæгæлон хицæуутты сау фæнд æххæст кæнгæйæ, сæ рæстæгмæйы бынæттæ хъахъхъæнгæйæ, æмæ æмбисонды хæрзаив мæсыг иуварсырдæм фæцудыдта, змисæй арæзт къæсау уайтагъд лæзæрынмæ фæци, Алмасхан та йæ къæлæтджыны арфдæр æрбадти. Исчи йын йæ цæстмæ куы бадардтаид, дæ адæмæн стыр фыдбылыз сарæзтай, зæгъгæ, уæд æм йе 'ргом дæр нæ раздæхтаид.

Афтæ йæм касти, цыма хохы цъупмæ йæ зонд æмæ йæ хъаруйы фæрцы схызти æмæ никæуылуал æрвæссыди. Министры бынаты та бынтон бауæндыди, уæлæрвты тæхынмæ кæй райгуырди, ууыл æмæ лæджы лæгыл нал нымадта. Суанг ма йæхи бинонтæм дæр рæстмæ нал дзырдта. Йæ ус æм уый размæ дæр бæрзонд æвæрд нæ уыди, йæ фыды йын пенсийы куы арвыстой, уæд та йæ уынгæ дæр нал кодта. Йæ лæппу цы кусæг у, уымæй йæ никуы бафарста. Чызг ын куы райгуырди, уæд ыл нæ баузæлыди, æгæр-мæгуыр æй йæ хъæбысмæ дæр нæ систа, æмæ йæ цот рæзыдысты æнæ фыды рæвдыдæй. Партийæ куынæ тарстаид, уæд сæ ныхъхъуытты уагътаид æмæ йæ хæзгултæй искæимæ бацардаид, фæлæ йæ йæ бынатæй фæхауын нæ фæндыди æмæ быхста, йæ хæдзармæ зæрдæрисгæйæ цыди.

Алмасхан йæ куыстуат ссыгъдæг кодта ирон адæмæй. Куыстмæ иста æрмæстдæр иннæ адæмыхæттыты. Ирæттæй сæ фылдæр кæй уарзта, уый.тыххæй – нæ. Уæдæмæ сæ нымадта æцæгæлон адæмыл. Æцæгæлон адæймаг та, йæ хъуыдымæ гæсгæ, искæй бæстæйы хъуамæ йæ куыдзы бон зона æмæ йæ хицауæн лæгъстæйаг уа, цы бынат ахсы, уымæй хъуамæ иттæг разы уа æмæ йæ хицауы къæлæтджынмæ гæппæввонгæй ма лæууа.

Алмасхан йæхицæй зонджындæр кусæджы йæ цурмæ æввахс нæ уагъта, æмæ йæ куыстуат æдылы дзырдхæсджытæ æмæ цуронтæй байдзаг и, фæлæ йæм уый тыххæй уайдзæф никуы 'рхаудта, уымæн æмæ, йæ сæрмæ чи бадти, уыдон дæр йæхи халдих уыдысты. Цыма иу курсытæ каст фесты, уыйау иу уасæнæй уасыдысты, кæй фæллойæ цардысты, уыдонмæ иу зæрдæ дардтой, иу тæгæнайæ хордтой, сæ хæзгултимæ иу ран сæ фæллад уагътой æмæ сабыргай хæрдмæ цыдысты. Дæ хицæутты ныхмæ куы ницы сдзырдтаис, уæд се 'хсæнæй никуы рахаудаис. Уыцы хъуыддаг Алмасхан æвзæр нæ зыдта æмæ йæ дзыхыл гуыдыр сæвæрдта.

Иу рæстæг ныхас стынг и, æппæт адæмты фæтæджы алыварс иу ахуыргонд дæр нæ уыди, зæгъгæ, æмæ хицауад диссертацитæ хъахъхъæнынмæ фесты. Алмасхан ныккатай кодта, фæлæ йæ сæр ницы 'рцахста, æмæ æрæнкъард и. Йæ къух уазал доны дæр никуы атылдта, афтæмæй йын йæ кусæн уатмæ цалдæр хатты республикæйы Сæйраг Советы депутаты æвдисæндар æрбахастой. Ныр Хуыцау куы ныддæлæ-уæлæ кæнид, æмæ наукæты кандидаты чиныг дæр йæ къухы афтæ æнцонæй куы бафтид. Куыддæр уыцы хъуыды йæ сæры фæзынди, афтæ дуар æрбахостæуыди æмæ мидæмæ æрбахызти йæ кæддæры ахуыргæнæг Гагуыдз, профессор. Алмасхан йæ бынатæй фестади æмæ йын йæ къух райста. Кæрæдзиуыл куы бацин кодтой, уæд Гагуыдз барджын хъæлæсæй дзурын райдыдта, цыма студенттæн лекци касти, уыйау:

– Цард тæбæгъы донæй уæлдай нæу, мæ хæдзар. Æз бирæ уайæнты ауадтæн, бирæ æнахуыр хъуыддæгтæ федтон ацы 'лгъыст дунейы æмæ сыл дис дæр нал кæнын. Адæймаг-иу бæрзонд схызти, æмæ йæм-иу адæм Хуыцаумæ кувæгау куывтой, стæй-иу æнæнхъæлæджы зæххыл йæ тъæпп фæцыди, æмæ та-иу цыбыр рæстæгмæ йæ цуры ничиуал аззади. Суанг ма дзы-иу йæ хæстæджытæ дæр фæлыгъдысты. Цæмæй дæуыл ахæм бæллæх ма 'рцæуа, уый тыххæй дæ рагацау кандидаты диссертаци бахъахъхъæнын хъæуы. Ардыгæй куы фæхауай, уæд университеты куыд фæфидар уай. Цард тæбæгъы донæй уæлдай нæу, ме 'рыгон хæлар,– дæлиауæй ныуулæфыди профессор æмæ дарддæр кодта йæ ныхас– Ды, мæ уарзон студент уыдтæ, мæ зæрдæ дыл дарын æмæ демæ æргом ныхас уымæн кæнын. Диссаг у, нырмæ дæр куыд нæ бахъахъхъæдтай, уый. Дæ бынаты æндæр исчи афонмæ доктор суыдаид...

– Рæстæг мын нæй, рæстæг. Куыстæй мæ хъуырмæ дæн.

– Æмæ дæхи удхарæй цы марыс, гормон?– цыма йын йæ гæды ныхæстыл бауæндыди, уыйау ын зæрдиагæй бауайдзæф кодта Гагуыдз. – Цæмæй нæ гæвзыкк адæм сæхиуыл схæцой, уый тыххæй йæ цард чи радта, уыдоны мæрдтæ цъыфимæ куы сызмæстой, уæд дæуæн удæгасæй сызгъæрин цырт сæвæрдзысты? Уæллæй, куыддæр дæ къах скъуырай, афтæ дыл иу куыдз сræйæг дæр нал фæуыдзæни. Куыстыл дæ рæстæг ма саф, мæ хæлар, фæлтау дæхи кой бакæн, æмæ ма фæрæдийай. Абон дæ хъуыддæгтæ æвзæр нæ цæуынц, фæлæ райсом цы уыдзæни, Хуыцау – иæ зонæг. Ацы æбæрæг бæстæйы алцæмæ дæр цæттæ уæвын

Раст бæргæ дæ, фæлæ...

— Фæлæтæ ныууадз æмæ дæ диссертацийыл кусын райдай, уæвгæ дæ кусын дæр уыйбæрц нæ бахъæудзæни. Мæнмæ ис цæттæ диссертаци. Æрмæст ма йæ бахъахъхъæнын хъæуы.

Алмасхан дисгæнаг нæ уыди, растдæр зæгъгæйæ та, йе 'нкъарæнтæ æмбæхсын зыдта, стæй йæхиуыл хæцын фæрæзта, фæлæ ацы хатт йæ зæрдæйы уаг бамбæхсын нал бафæрæзта æмæ фырдисæй йæ дзых бахæлиу кодта, цыма йе 'мдзурæджы цæмæйдæр бафæрсынмæ хъавыди, уыйау.

– Æмбарын дæ, ме 'рыгон хæлар, æмбарын æмæ дын дæ мидфарстæн æргом дзуапп дæттын. Мæн фæнды, цæмæй мын мæ лæппумæ дæ цæст фæдарай. Дæ хæдивæг тагъд пенсийы цæуы, зæгъгæ, фехъуыстон...

– О.

– Гъемæ дæ хъуыддаг – раст, мæ фырт – дæ бар, ды та – мæ бар. Ха-ха-ха!– хъæрæй ныххудти Гагуыдз. Алмасхан дæр йæ мидбылты бахудти, æмæ кæрæдзимæ сæ къухтæ радтой.

Уыйадыл Гагуыдзы фырт сси Алмасханы хæдивæг, Алмасхан та – историон наукæты кандидат. Фæлæ кадылмард лæг ууыл нæ ныллæууыди, уымæн æмæ йæ хъуыддæгтæ æрдæгыл уадзын нæ сахуыр и. Иугæр кандидаты диссертаци хæрз æнцонæй бахъахъхъæдта, уæд дохтыры диссертаци гыццыл зындæрæй цæуыннæ хъуамæ бахъахъхъæна. Бæгуыдæр .æй бахъахъхъæндзæни. Алмасханы цы бафæнда æмæ цы нæ сараздзæни. Йæ алыварс цы æдылытæ кусы, ахæмтæ дзы фылдæр куы уа, уæд се 'хсæн йæ къухы алцыдæр бафтдзæни. Алмасхан сæ ныр куыд зоны, раздæр сæ афтæ куы зыдтаид, уæдæппындæр нæ тыхстаид, фæлæ сын арвæй æруадзгæ куырыхон лæгтæ æнхъæл уыди. Æрыгонæй цас æгъуыссæг æхсæвтæ арвыста, æвæдза! Цаварæдæр родтæмдзог сылимæ дæр ма йæхи сбаста, æмæ дзы æлгъгæнгæйæ сывæллæттæ рауагъта. Уæвгæ сæ йе 'нæсæрфат ус кæимæ сарæзта, хæйрæг – йæ дæсны. Цы 'рцыди, уый æрцыди, рæстæгæн фæстæмæ раздахæн нал и. Нырма зæронд нæма у æмæ хъуамæ йæ дарддæры цардыл хъуыды кæна. «Иугæр хицауады ахуыргæндтæ хъæуы, уæд сын уыдзæни ахуыргæндтæ!—йæхицæн фидарæй загъта Алмасхан æмæ ног зонгæтæ агурын райдыдта, семæ йæхи сбаста æмæ уыдоны фæрцы наукæты докторы диссертаци бахъахъхъæдта. Фæлæ йæм уый дæр фаг нæ фæкасти. Хъуамæ «министры» фарсмæ æнæмæнг æрæвæра «профессоры» кадджын ном. Чи дзы цы хъуыды кæндзæни, уый йæхи бар у. Хæлæггæнджытæ æдзухдæр уыдысты, Алмасханы фæстæ дæр ма уыдзысты. Йæ бон кæмæн ницы у, хахуыртæ уыдон фæмысынц. Хъуыддаджы лæгты фыдгæйттæм не 'вдæлы.

Алмасхан университеты ректоримæ балымæн и, историйы кафедрæйы цалдæр сахаты райста, æрæджытæ-цухтæгæнгæ студенттæн ам-цъапп уым-цъаппæй лекцитæ фæкасти æмæ доцентæй агæпп ласта, стæй та – профессорæй. Уæдмæ республикæйы Сæйраг Советы президиумы сæрдары бынат суæгъд и, æмæ дзы Инусы фæндонмæ гæсгæ æвæрд æрцыди историон наукæты доктор, профессор Алмасхан.

. . .

– Мæ ног хицауæн йæ амонд хæрæгыл нæ бады, фæлæ къæдзæхы йас пылыл. Бон-изæрмæ йæ иу къах иннæуыл дары, афтæмæй йæ сау дипломаты дзаг мызд исы. Кассир ын дзыхъхъынног æхцатæ йе 'рттиваг стъолмæ куы фæнымайы, уæд сæ къæр-къæр суанг мæнмæ фæхъуысы. Йæ иу бакаст дæр бирæйы аргъ кæмæн у, ахæм зæды хуызæн æвзонг секретарь, замманай коммæгæс шофыр æмæ цæхæркалгæ «Волгæ» йæ бæрны стыæмæ йе 'рбацæуынæй йæ ацæуынмæ газеттæ фæкæсы. Куы бафæллайы, уæд мидæггаг уаты йæхи цынайы, йæ секретары барæвдауы æмæ диваныл бафынæй вæййы. Иуафон рабады æмæ йæ уды дзæбæхæн паркмæ ацæуы, Терчы был иудзæвгар фæразил-базил кæны, рестораны хæрзад хæринæгтæй йæхи бафсады, стæй хъуыддагхуызæй фæстæмæ æрбаздæхы æмæ та газеттæ фæлдахын райдайы. Хуыцау мæ ралгъитæд, кæд нæ республикæйы Сæйраг Совет цæмæн хъæуы, уый махæй исчи зоны. Йæ пайда судзины быны йас дæр нæу. Не стырдæр куыст цы у, уый уын куы зæгъин, уæд уæ ницы хуызы бауырнид. Партийы обкомы бюро искуы-иу хатт искæмæн исты хорзæх раттыны уынаффæ куы рахæссы, уæд нæм æй æрбарвиты, мах æй нæхи гæххæтмæ рафыссæм, æмæ йыл Алмасхан йæ къух бавæры. Йæхи бон хуымæтæджы Кады грамотæ раттын дæр нæу, афтæмæй йæ ныхас Хуыцауы сæр æмбæлы,– дзырдта зонгæты 'хсæн Алмасханы дæлбар кусджытæй иуæмæ йæ бынатæй фæхаудта. Алмасхан иннæ куыстыты дæр йæхи нæ мардта, фæлæ-иуæй искуы иу хатт къуыртты каркау йæ мидбынаты базмæлын уæддæр хъуыди, йæ ног куыст та дзы уыцы змæлд дæр нæ домдта, æмæ йе уæнгтæ æндзыг кæнын райдыдтой. Конституцимæ гæсгæ республикæйы ахста фыццаг бынат, фæлæ иæм гоби сывæллонæй уæлдай ныхасы бар нæ хаудта æмæ иæхимидæг тыхсти. Машинæ йын цæй тыххæй радтой, уый нæ

зыдта, нæ йæ хъуыди æмæ уынджы дзæгъæл лæуд кодта. Алы-хуызон хойрæгтæ йын йæ фатермæ цæттæйæ ластой, æмæ ницы хъуагæййæфта, æндæр æй йæ хæдзары куыстытыл бафтыдтаид. Цæмæй шофыримæ Инусы цæстыты раз ма уой, æмæ йæм уайдзæф ма 'рхауа, уый тыххæй-иу рæстæгæй-рæстæгмæ искуыдæм куыстхуызæй ацыди. Иу хъæуы хицаумæ дæр никуы базылди, афтæмæй-иу фæстæмæ раздæхти. Шофыр ыл дисæй марди, фæлæ йæ фæрсын нæ уæндыди. Æрмæстдæр æй иу хатт бафарста, дзæвгар рæстæг куы фæфынæй кодта æмæ æрæджиау куы райхъал и, уæд:

– Дарддæр та кæдæм?

– Æмæ кæцы ран стæм?

– Налцыччы.

– Фæстæмæ нæхимæ, – æнæмæтæй загъта Алмасхан æмæ та йæ цæстытæ æрæхгæдта. Гъе, афтæ æнæрæнцойæ фыдæбон кодта Алмасхан республикæйы Сæйраг Советы Президиумы сæрдары бынаты. Азтæ Терчы уылæнтау кæрæдзи фæдыл аивылдысты, æмæ Алмасхан фæуæзбын и, фæлæ йæ сæры иу урс æрду дæр нæ фæзынди, йæ цæсгом уыцы урс æмæ лæгъзæй баззади. Йæ цот куыд адынджыр сты, уый æмбаргæ дæр нæ бакодта.

Тамилæ йын цалдæр хатты йæ хъусы бацагъта: «Уыцы сывæллæттæм дæ цæст фæдар, науæд фесæфдзысты. Уынджы æгæр фæстиат кæнын райдыдтой», фæлæ йын Алмасхан йæ ныхæстæ ницæмæ æрдагздта. Институттæм куы цыдысты, уæддæр сæ фæдыл нæ акасти. Иæ номы тыххæй сæ кæй айсдзысты, уый зыдта, стæй йæ хъæугæ дæр нæ кодтой. Алмасхан царди æрмæстдæр йæхи удæн. Никуы йæм никæй зын бахъардта, никуы никæй циныл бацин кодта, йæ зæрдæмæ никуы никæй хъыг райста, æмæ дзы машинæ рауади.

Иу бон та газеттæ кæсынæй куы сфæлмæцыди, уæд йæ зæрды æрæфтыди йæхи аирхæфсын æмæ «Волгæ»-йæ араст и æбæрæг балцы. Машинæ тардта йæхæдæг, шофыр та бадти йæ фарсмæ. Иу хъæумæ фæзилæны цур сæ размæ æнæнхъæлæджы февзæрди хæрæгуæрдон. Асфальтмæ куыд рахызти, уый Алмасхан нæ федта æмæ йæ скъуырдта. Лæг уæрдоны сæрæй атахти æмæ дзыхъмард фæци, хæрæг ма иудзæвгар йæ гæндзæхтæ фæцагъта, стæй уый дæр йæ уд систа. Шофыр ныффæлурс и æмæ адæргæй йæ дзыхы ныхас нал бадти. Алмасхан æм бацыди æмæ йын сабырæй загъта:

– Ацы лæгæн нæ бон ницыуал у – рухсаг уæд, Дæхæдæг æй федтай: мæн аххос нæ уыди, фæлæ нæ уæддæр рагацау баныхас кæнын хъæуы.

Цæуыл?

Нæхи бахъахъхъæнынылы.

– Ома?

хæрæгуæрдон скъуырдта, зæгъгæ, мæ куы райхъуыса, уæд. Ды хъуыддаг дæхимæ райе æмæ дын æз дæ цард сараздзынæн...

Ахæм хъуыддаг райсын æнцон нæу.

– Æмбарын дæ, раст зæгъыс, фæлæ мæ коммæ куы бакæсай, уæд дæ хъул сах абаддзæн...

Ахæстоны?

– Уырдæм дæ кæй нæ бауадздзынæн, уый тыххæй дын фидар дзырд дæттын. Аххосджын куы уаиккам, уæддæр нæм йæ къух сисын ничи бауæндид, ныр та ах'æстонæн йæ кой кæнын дæр нæ хъæуы.

– Ныббар мын, дæ хорзæхæй, мæ къæйных ныхас, фæлæ ацы бæллæх дæу аххосæй æрцыди, æмæ дæ фæндыл сразы уæвын мæ бон нæу.

– Автоинспекцийы куеджытæ мæн куы феной, уæд хъуыддаг ахæм хуызы равдиедзысты, цыма лæг йæхи аххосæй фæмард и. Республикæйы удæгас хицæуттæ куы никæйуал хъæуынц, уæд ма цавæрдæр хæрæджы мард хицауы фарс чи рахæцдзæни?

Уыцы ныхæстæм шофыры бон ницыуал зæгъын баци, æрмæст ма Алмасханмæ тарстхуызæй касти. Цæргæбонты ахæм диссаг никуы федта. Адæймаджы бынтон дзæгъæлы амар æмæ дæ номы сыгъдæгдзинадæй уæлдай æппындæр мацæуыл тыхе, дæхимæ мисхалы бæрц азым дæр ма хæсс. æппынфæстаг, зына-нæзына къæмдзæстыгхуыз дæр ма фæу. Уый лæг нæу, фæлæ – дæлимон, иблис.

– Рæвдздæр хъуыды кæн. Ныртæккæ сæ ардæм хъæуы æмæ дын байрæджы уыдзæни. Мæныл мынæг ауыоны фæлм цы абада, æндæр мын ничи ницы кæндзæни, ды та цалдæр хорздзинадæй фæцух уыдзынæ...

– Даринаг сывæллæттæ мын и æмæ æнæ фыдæй куы баззайой...

– Уымæй ма тæрс. Къæм абадын дæр дыл нæ бауадздзынæн, стæй дæм дæ цоты схæссынмæ фæкæедзынæн. Кæдæм мын зæгъай, уырдæм сæ ахуырмæ бакæндзынæн.

Шофыр ма йæ сагъæстимæ иучысыл афæстиат и, стæй Алмасханы фæндыл сразы и.

Хуыцау æмæ хицау æмсæртæ сты, зæгъгæ, дзæгъæлы нæ фæзæгъынц. Алмасханæн йæ ном сыгъдæгæй баззади, шофы-

рыл къæм дæр нæ абадти, лæджы марæг та бæрæг дæр не сси. Йæ сидзæр сывæллæттæ удхарæй мардысты, фæлæ Алмасханы уыдонмæ нæ равдæлди. Йæ егъау бæстæ æмбыд мæнгагъуыстау йæ мидбынаты кæй ныррызти æмæ гæбазгай фæйнæрдæм кæй фæтахти, уый тыххæй– нæ. Уæдæмæ йæ удыхъæд ахæм уыди. Йæ шофырæн зæрдæтæ цæмæй бавæрдта, уыдон дæр дзыферох сты. Æниу сæ йæ зæрдыл куыд хъуамæ бадардтаид, йæ риуылæй чи схъомыл кодта, ныййарæг мадауæй чи фæрæвдыдта, уыцы парти сæртæг авгау куы базгъæлæнтæ и, уæд, Инусæй хуымæтæджы пенсиисæг рауайдзæни æмæ мисхалы бæрц дæр никæйуал бахъæудзæни, уый йæ фыны фенын дæр ничи бауæндыдаид. Шофырæй йæ хæдзармæ аласын нал бакуымдта, æмæ, хохы къуппæй тызмæг бардзырдтæ дæттын чи сахуыр и, уыцы карз лæг ногуагъд хъазы цъиуы бумбулийауæрфæлмæн и æмæ, йæ цæссыгтæ ныхъуыргæйæ, сæхимæ уæззау зæрдæйæ араст и.

Царды æнахуыр миниуджытæ Алмасхан æвзæр нæ зыдта, фæлæ милуангай адæмты зондæмæ хъаруйæ арæзт фидар ахæм мæнгæфсон разындзæни, уый йæ фæсонæрхæджы дæр никуы 'рцыди. Йæхæдæг дæр йæ пырхгæнджытæй кæй уыди, ууыл та æппындæр нæ хъуыды кодта æмæ æнæмæтæй царди. Исчи йæм уыцы азым куы 'рхастаид, уæд йæхи сраст кæнынæн мин æфсоны ссардтаид, фæлæ бæстæйыл цы лакъон дон ракалди, уымæ йæ армыдзаг кæй бакалдта, уый æрæджиау бамбæрста æмæ фæуыргъуыйау и. Цыма йæ пец æрцахста, уыйау йæ къæлæтджыны 'ндзыгæй бадти æмæ фыртæссæй газеттæ кæсын дæр нал уæндыди.

«Диссаджы бæстæйы цæрæм, æвæдза. Райсомæй дын кадджын хорзæх цæй тыххæй радтой, уый тыххæй дæ изæрæй æгады мард акæндзысты»,– сау хъуыдытæ зылдысты йæ сæры, æмæ æнхъæлмæ касти стыр бæллæхмæ. Йæ сагъæстæн бындур уыди: æгæр бирæ фыдбылызтæ сарæзта йæ царды, æгæр бирæ адæмы бафхæрдта. Йæ фæлхæрттæ йын хурмæ куы ракалой, уæд бацарæфтыд уыдзæни. Йæ фыдракæндтытæ ма исты хуызы 'мбæхстæй куы баззайой, уæддæр ын йæ ног хицæуттæ йæ цурон митæ йæ цæстмæ æнæ бадаргæ нæ фæуыдзысты. Æгæр тынг æппæлыди партийæ, æгæр тынг сдæрдта хицæутты зæвæттæ. Æгæр, æгæр... Æвзыгъд лæг у, æмæ, куы стырындзвæйы, уæд, галы йæ уæрдон къуыбырæй куы рахæсса, уыйау йæхи уромын нал фæфæразы. Дæлдзæх фæуæнт се'ппæт дæр партийæ, хицауæй! Цард оцани бæхау фæстæмæ цæхгæр кæй фæзилдзæни, уый базонынæн пехуымпар уæвын хъуыди, æмæ кæм и ахæм сæр?!

Алмасханæн йæ сагъæстæ йæ зæрдæйы бирæ нæ бафæстиат сты. Пырхытæ фидары цъуппыл йæхи хуызæн дзæнгæдацæгъдджытæ, хинæйдзаг дымысдæртæ æмæ мæнгард уæйгæнджытæ кæй баззадысты, уый бамбæрста æмæ æрсабыр и. Сабыр нæ, фæлæ ма цинæй дæр амарди, уымæн æмæ йæ рагон бæллиц сæххæст и –бынтон æнæнхъæлæджы сси республикæйы хицау, ацы хатт формалон хуызы нæ, фæлæ æцæгæй. Алмасхан ма ноджыдæр бамбæрста иу хъуыддаг: хицауад бæстæйы цард мæгуыр адæмы схъæздыг кæныны тыххæй нæ фæфæлдæхта, фæлæ æнæбон læджы тæнæг царм растигъыны тыххæй, давын æмæ марыны тыххæй, цæстфæлдахæн миты фæрцы схъæздыг уæвыны тыххæй. Фæуæлахиз сты, йæ фыд кæй æрбаздæхынмæ бæллыди, уыцы урсытæ, æмæ цыбыр рæстæгмæ кæддæры сырх бæстæ митæй æмбæрзт æдзæрæг быдырау урс-урсид адардта. Хъуамæ йæм хæрзæггурæггаг фæуа, хъуамæ йын йæ фæлмæст зæрдæ барухс кæна. Алмасханы зæрдыл ма хорз læууыди, йæ фыд-иу сырхытæн сæ коймæ дæр фырмæстæй куыд ныффæлурс и, уый, æмæ йæхицæн фидар дзырд радта: «Ацы хаттæм æнæмæнг ацæудзынæн!», фæлæ та йæ паддзахадон ахсджиаг хъуыддæгтæй йæ зæронд фыдмæ нæ равдæлди, æмæ йын æвæгæсæгæй, тыхст æмæ уырыдæй амарди. Зæххыл ахæм лæг и, уый чи нæ зыдта, йæ удæгасæй æппындæр кæй нæ хъуыди, салам дæр ын чи нæ læвæрдта, уыдон иууылдæр сæ къæхтыл слæууыдысты æмæ дынджыр чумæданмæ армыдзаг æхцатæ калдтой. Хъæуы фæсарæйнаг машинæтæй азмæлæн нал уыди. Цалдæр уынджы мæрддзыгой дзыллæтæ кæрæдзи фæдыл цыдысты æмæ цыдысты, хионæй-æддагонæй сæ уæрджытæ хостой æмæ фыркуыдæй сæхи мардтой. Алчидæр сæ архайдта, Алмасхан æй куы бафиппаид, ууыл, мæрдджыны къух райсыныл, йæ хъыг æххæстæй равдисыныл. Алмасхан сæм йæ тар æрфгуыты бынæй касти æмæ сæ нæ уыдта. Уый хъуыды кодта йæ дарддæры цардыл. Хицауæй йæ равзардзысты æви нæ? Уыцы фарста йæ царды ссис æппæты сæйрагдæр æмæ йын æвæстиатæй хъуыди дзуапп раттын. Æвзæрстыты размæ алчидæр гæды ныхæстæ кæй фæкæны, мæгуыр адæмæн сызгъæрин кæритæй зæрдæтæ кæй феваæры, уый йын амонын нæ хъуыди æмæ йæ адæмы сайынмæ цæттæ уыди, фæлæ тарсти, ног уавæрты чи райгуырди уыцы бæллæхтæй: æндæр искæмæ фылдæр æхца куы разына, æндæр искæмæн йе 'взаг цыргъдæр æмæ тасагдæр куы рауайа. Уый æдде ма йæ зæрдæ æхсайдта, ирон æвзаджы уидæгтæ тонгæйæ, кæй бафхæрдта, уыцы ахуыргæндтæм. Хицæнтæй ницы сты, фæлæ æмзондæй йæ ныхмæ куы сыстой,

уæд ыл сæ къæхтæ ныссæрфдзысты. Ацы æнæбайрайгæйы 'взæрстытæ кæй зæрды æрæфтыдысты, уымæн æй Хуыцау ма ныббарæд! Дунеæхцатæ ма дымгæмæ цы сдарой, æндæр сæ пайда ницы у. Адæм сæхи куы акъæртт кæной, уæддæр сæ хицау суыдзæни давæг æмæ æдзæсгом цæстфæлдахæг. Раст адæймагæн уырдæм схизæн ницы хуызы и, æмæ сын цы уæлдай у, фæнды сæ Сосо хынджылæг кæнæд, фæнды Мосо. Фæлтау дзы Алмасханæн йæхи уадзæнт. Йæ къæлæтджыны 'нцад баддзæни æмæ никæй хъыгдардзæни, науæд æй йæ бынатыл карз тох кæнын бахъæудзæни. Уæвгæ цæмæй тæрсы? Иу хатт сайын чи бакома, уый дыккаг хатт дæр бакомдзæни. Мæгуыр лæг та æдзухдæр сайды бынаты и, æмæ йæм раст ныхас дойнаг дурæй уæлдай хъаргæ дæр нал кæны Алмасхан бирæ кæй уарзы, рагæй æрæгмæ стыр аргъ кæмæн кæны, уыцы немыцаг дзæгъæлы нæ загъта: «Мæнгард ныхас цас нæуырнинагдæр уа, уыйас ыл дзыллæтæ æнцондæрæй æууæндынц».

Алмасхан йæ зæрдæ йæхиуыл дардта. Кæд ыл азтæ чысыл нæ рацыди, уæддæр ма дзурынмæ рæвдз уыди, фæлæ йæ æнæнхъæлæджы йæ фыды ингæн къахджытæ дызæрдыг хъуыдытыл бафтыдтой:

– Мах ацы лæгæн ингæн не скъахдзыстæм!– фидарæй загъта сæ иу.

– Цæуыннæ?– цымыдисæй йæ бафарста иннæ.

– Ницæййаг уыди! Йæ сæрмæ нæ нæ хаста! Йæ фырт дæр ныл не 'рвæссы! Адæмыл нæ нæ нымайы! Нæ зиантæм нæ цæуы! Нæ хæлддзаг хъæумæ нын ницы хъус дары! Æрмæстдæр йæхи уды къоппайæн цæры! Лæггад ын цæй тыххæй хъуамæ кæнæм?! Йæ гæды миты тыххæй?!

– Раст зæгъыс, фæлæ адæмæй худинаг у. Ды куыдз, æз куыдзæй цард нæй.

Алмасханæн фырмæстæй йæ дæндæгты къæс-къæс ссыди. Сæ зæрдæйы уаг дзы 'мбæхсгæ дæр нæ бакодтой, гауыуырмассыдзтæ! Æмбæхсгæ нæ, фæлæ ма йын æй хъæрæй дæр загътой, цæмæй йæ зæрдæ аскъуына. Ноджы ма йæ куыдз дæр рахуыдтой. Се 'взæгтæ сын ралыг кæнид бæргæ, фæлæ йæ къухтæ бает сты, стæй йæ хъæугæ кæнынц нырма. Дæлдæр фæуой, уастæн, царды хицæуттæ! Ахæм æлгъаг фосы хъæлæсмæ æрхау! Дзæнæты мæргътау цы къалиуыл бадтысты, уый сæхи къухтæй ралыг кодтой æмæ ныр мæнæ ацы зулчъытæн хъуырыцъарæй лæгъстæ кæнынц. Уыдонæн къах – сæ роны. Алмасханы тæссаг хуыдымæй раирвæзын хъæуы, фæлæ куыд æгъдауæй? Йæхи хъæуккæгтæ дзы се сæфт кæм уынынц, уым ма йæм уагæр иннæ хъæуты цæрджытæ та цы цæстæй кæсынц?

Алмасханæн адæргæй йæ зæрдæ срысти. Иæ сагъæстæи иæ йæ фыды зианмæ дæр нал æвдæлди. Ацы змæст рæстæджы йæ хъарм бынатæй куы фæхауа, уæд зæххæй сисынмæ нал сбæздзæни, æмæ йæ куыдзы хъуыды дæр ничиуал æркæндзæни. Æгæрон кадыл чи сахуыр и, уый йæ бонтæ уынджы бадгæйæ æгадæй æрвитдзæни æмæ æнкъардæй йæ мæлæтмæ æнхъæлмæ кæедзæни. Нæ, нæ! Мæлæт – нæ! Фæлтау сайдзæни, стигъдзæни, мардзæни. гадзрахатæй цæудзæни, мæнæ ахæм куырм уырыты 'лхæндзæни. Цард йæхæдæг тызмæг æмæ æгъатыр куы у, уæд Алмасхан хъуамæ йæхицæй фæлмæн къæрмæг цæмæн араза? Фæлмæн къæрмæг иу ран сæрфынæн йеддæмæ ницæмæн бæззы." Йæ фыды ингæн къахджытæм дзæгъæлы хъусы. Уыдон æнæбон хилджытæй райгуырдысты æмæ хуыздæр хъысмæты аккаг не сты. Хæлæг сын сæ зæрдæтæ бахсыдта æмæ сын хæрам ныхас æвдадзы хос сси. Æрдз æй йæхæдæг хорз зоны, кæмæн цы дæттын хъæуы, уый.

Алмасхан иучысылæрсабыр и. Йæ фыды баныгæдта, горæтмæ ацыди æмæ йæхи цæттæ кæнын райдыдта æвзæрстытæм. Фыццагдæр уал бавнæлдта йæ фæндæгтæ æхсæдынмæ:

– Махæн нæ рагфыдæлтæ уыдысты æмбисонды хъæбатыр æмæ кадджын адæм. Хæсты быдыры сæ ныхмæ лæууын ничи фæрæзта. Уыди сæм, дунемæ чи никуыма æрцыди, ахæм хъæздыг культурæ. Сызгъæрины къæрттытæ хуры тынтæм цæхæр куыд калынц, афтæ æрттивынц æмæ тæмæнтæ калынц, сæ цард сын ирдæй чи 'вдисы, уыцы алæмæттаг Нарты кадджытæ. Уыдон ахæм айв, ахæм æлхъывдæмæ хъæздыгæвзагæй фыст сты, æмæ æппæт дунейы адæмты дæр дисы 'фтауынц. Нæ фыдæлтæ нын цæстыгагуыйау бахъахъхъæдтой, аргъ кæмæн нæй, ахæм ахъаззаджы хæзна. Уый сæрыстырæй лæууы, зæххыл цы стырдæр адæмтæ и, уыдоны тæмæссаг æвзæгты фарсмæ. Нациты зондджындæртæ йæ ахуыр кæнынц иттæг разæнгардæй, наукой æгъдауæй йæ иртасынц æппæты куырыхондæр ахуыргæндтæ, æмæ махæн, нæ разагъды фыдæлты арфæйаг фæдонтæн, нæ сæйрагдæр хæс у уыцы æвæджиауы хæзна бахъахъхъæнын æмæ йæ цæрæццаг кæстæртæм раттын. Рæсугъд фидæн арæзджытæ йыл сæ цъыф къæхтæ ныесæрфтой, æмæ рæстæгмæ йæ авналæнтæ фæкъуындæг сты, фæлæ йæ мах сног кæндзыстæм, паддзахадон æвзаджы статус ын ратдзыстæм, æмæ та раздæрау цæхæр скалдзæни, – йæ зæлланггæнаг хъæлæсæй дзырдта Алмасхан. Иæ цард æнæ партийæ ад кæмæн нæ кодта, социа-

лизмы сæраппонд алы бон дæр йæ уд раттынмæ чи тырныдта, уый хæйрæджыты 'хсæв бафынæй и, æнафонтæм йæ хуыссæны фæрафт-бафт кодта æмæ райсомы хуры зæлдаг тынтимæ хъæддаг капитализмы фарсхæцæгæй райхъал и. Йæ ног хъуыдытæ йе 'мкусджытæн иумæйаг æмбырды куы дзырдта, уæд се'ппæтæн дæр фырдисæй сæ цæстытæ рабырыдысты. Тынг хорз æй хъуыстой, фæлæ сæ хъустыл не 'ууæндыдысты. Ахæм ныхæстæм кæмæфæнды дæр æнхъæлмæ кастысты, æцæг уымæ — нæ.

— Мæ зынаргъ хотæ æмæ æфсымæртæ, ферох кæнут социализм! Уæ зæрдæтæй йæ аппарут! Уый æдзухдæр нæ цыфыддæр знаг уыди æмæ йын йæ хурхыл раздæр бахæцын хъуыди!— стьол тымбыл къухæй ныххоста Алмасхан. — Социализм хъæппæрис сафæг у æмæ йын фидæн нæй! Зондджынæй, æдылыйæ нæ иу нучы ауагъта, æмæ не 'ппæтæй дæр гугын фыстæ рауади! Парти кæй базгъæлæнтæ и, уый не стыр амонд у, мæ зынаргъ хотæ æмæ æфсымæртæ! Не 'дылы хицæутты дзæнгæдайы фæздæгæй дзаг хуыдуггæнæн уæрмы бирæ азты фæхъизæмар кодтам æмæ ныр кæдæй-уæдæй нæ риуы дзаг сулæфыдыстæм сæрибары сыгъдæг уæлдæфæй! Кæд адæм сæхиуыл æцæг демократийы 'ндæвдад æнкъарынц, кæд ын йæ хорздзинæдтæ сæхи цæстæй уынынц, уæддæр, цы стыр бæллæхæй ферваæзтысты, уый фаг нæма 'мбарынц, рæхджы йæ бамбардзысты æмæ иттæг разæнгардæй аразын райдайдзысты сæ фидæны амонджын цард! Парти йе 'ндон дзæмбытæй фидар хæцыди курдиатджын адæмы хурхыл, æнауæрдонæй тох кодта демократийы ныхмæ, йæ уды быцъынæг тыдта, цæмæй сымах, фæллойгæнæг адæм, кæддæриддæр уат гæвзыкк æмæ уæ сæртыл схæцын ма фæразат! Фæлæ фыдбон æмæ фыдлæг бирæ нæ хæссынц! Кæрон æрцыди 'ндзыг рæстæгæн, ралæууыди 'хсидгæ дуг, базарадон экономикæйы дуг! Базарадон экономикæ у нæ ирвæзынгæнæг! Æрмæстдæр уый егъау авналæнты фæрцы баййафдзыстæм, цивилизаци кæм ныффидар и, уыцы демократон хъæздыг бæстæты! Уый нæ домы цард, уый нæ домы рæстæг!

Ахæм уагыл дзурын райдыдта Алмасхан, æмæ та йæм сыгъдæгзæрдæ, æууæнкджын дзыллæтæ лæмбынæг æрыхъуыстой. Уый размæ æлгъ кæуыл кодта, уыцы куырм уырытæ ныр сæ цæстæй ракастысты, Алмасханы нымæтын ехсы къæрццæй æдзæстхиз хъайтартæ фестадысты, æмæ сæ республикæйы фыццаг демократ æппæлынæй нал æфсæсти:

— Чифæнды мын цыфæнды дзурæд мæ уарзон, мæ иузæрдион адæмы тыххæй, чифæнды сæ цыфæнды хонæд, æз никæмæ байхъусдзынæн, никæуыл бауæнддзынæн, уымæн æмæ фидарæй зонын иу хъуыддаг мæнæн мæ бирæнацион сæрыстыр адæмæн балхæнæн нæй!

Алмасханæн йæ риуы зæды зæрдæ ничи сæвæрдта, иæ зонд ын ничи баивта. Йæ адæммæ цы цæстæнгас дардта, уый нæ фендæрхуызон и. Куыд æнæуынон ын уыдысты, афтæмæй баззадысты, фæлæ йæ ацы хатт æгæр тынг хъуыдысты æмæ сæм йæ тых- йæ бонæй сидти, цæмæй сæ алыхуызон хъæздыг къуыдиппытæ сæхирдыгæй ма фæкæной, цæмæй Алмасханыл бауæндой æмæ йæ фæдыл æрмахуыр фыстау рацæуой. Уый тыххæй сын æрымысыди бирæ алыхуызон диссæгтæ: æгæрон хæзнатæ, æнусон сæрвæттæ, дзæм-дзæмы дæттæ. Суанг ма семæ аргъуанмæ цæуын дæр райдыдта. Куыддæр æй хицауæй равзæрстаиккой, афтæ курæггаг капеччытæй хæлддзаг бæстæйы фæстæзад къуым йе сфæлдисæджы 'ххуысæй дзæнæты цæхæрадон фестын кодтаид, æмæ дзы мæгуыр адæм цардæй бафсæстаиккой. Митæй мæсгуытæ сын æрмæст Алмасхан нæ арæзта. Хицауы бынатмæ йæ бæттæнтæ чи тыдта, уыдон се 'ппæт дæр иу зондыл хæст уыдысты æмæ иу уасæнæй уасыдысты. Сæ тутт ныхæстæ афтид гуымсæджы гуыппытæй уæлдай никæмæ хъардтой, фæлæ дзы уæддæр иу мæнгарддæр разынди æмæ иннæтыл уæлахиз кæнын райдыдта. Алмасхан фæтарсти. Цæмæй уынджы къæйыл хъахъдзыхæй ма баззайа, уый тыххæй йын йе 'взарджыты хъæлæстæ аваæрдта æмæ æвзæрстыты фæстæ йæ фарсмæ æрбадти. Йæ бынат йæ зæрдæмæ нæ цыди, стæй ног хицауыл не 'рвæссыди, фæлæ йæ бон ницы уыди æмæ адæммæ мæстæй марди.

«Фæлæуут! Уæ бынæй уын рухс куы суадза, уæд уæ рæдыд бамбардзыстут! Гъе, уæууæй, гъе! Хорз æмæ æвзæр кæрæдзийæ ма иртас! Æз мæ фыдæн фыртæн нæ райгуырдтæн, сымахæн уæ хурхыл куынæ бахæцон!»

Уыцы карз æртхъирæн æхсæвæй-бонæй зылди йæ сæры магъзы. Йæ мает сæ цы хуызы райедзæни, уый нæма зыдта, фæлæ сæ донмæ кæй батæрдзæни æмæ сæ æнæ донæй кæй раздахдзæни, ууыл дызæрдыг нæ кодта. Фадат ын фæци хæрз цыбыр рæстæгмæ. Республикæмæ цы 'хцатæ цыди, уыдонæн сæ фылдæр хай фыццаг лæгæй фæстæмæ йæ цæсты кæронæй дæр ничи уыдта. Фæлмæн къæвдайы 'ртæхтæ тæвд змисы куы сысой, уыйау сæфтысты йе 'нæбын дзыппы æмæ йæ фæрсын ничи уæндыди. Чи сæ æрвыста, уыдон æй нæ бæрæг кодтой, уымæн æмæ дзы сæхимæ дæр чысыл нæ зади. Фыдгæнджытæ уайтагъд кæрæдзи бамбæрстой æмæ бæстæйы исбон хæлофæй давын райдыдтой. Сæ ныхмæ чи дзырдта, уыдоны мардтой æмæ сæхицæн фæсар-

ænты цъæхсæртæ арæзтой, се 'хцатæ банкты æвæрдтой, алы-хуызон машинæтæ æлхæдтой.

Алмасхан бирæ æвзæргæнджыты федта, йæхæдæг дæр зæды къалиу нæ уыди, фæлæ ног хицæутты хуызæн æргом фыдгæнджытыл никуы сæмбæлди æмæ джихæй баззади. Уæлдай тынгдæр æй дисы 'фтыдта мæгуыр адæмы æгомыгдзинад. «Уæлæмæ чи схызти, уыдон ма – гъа, фæлæ адон та цы сафынц, Сыдæй куы мæлынц, уæд сæ тугцъиртæм куыд сабырæй кæсынц? Æ-æ, дæлдæр фæуат, кæд сымах хуыздæр царды аккаг не стут!» – ралгъыста сæ зæрдæбынæй æмæ йæ дыстæ рæбыноз бафæлдæхта. Гыццылæй йæ мады, стыр арахъуадзæн аджы фарсмæ бадгæйæ, арæх уыдта. Цыллæйы къуыбæрттæ-иу фыцгæ доны ныккалдта, се 'ндæхты кæрæттæ сын-иу ссардта æмæ-иу къуыбылой тухын райдыдта. Къуыбæрттæ доны куыд зилдух кодтой, уымæ кæсынæй не 'фсæсти Алмасхан. Куыстуарзаг æнæмаст удгоймæгтæ мидæгæй цы уавæры уыдысты, уый йæ не 'ндæвта. Æндæхтæ-иу хæлд куы фесты, уæд-иу кæддæры урс-урсид фæлмæн кæлмытæ сау къуыдыræй доны баззадысты, фæлæ сæ тæригъæд læппумæ нæ хъардта. Уый сын уыдта æрмæстдæр сæ фидар æндæхтæ. Ныр мады куыст райста йæхимæ. Æцæг æндæхты бæсты тыхта 'хцатæ, кæлмыты бæсты та удхар кодтой, æфтиаг кæмæ хаудта, уыдон. Уæлдай тынгдæр дзы хъæрзыдтой банкты хицæуттæ, арæнхъахъхъæнджытæ æмæ ностуæйгæнджытæ. Алмасхан сын сæ цæстфæлдахæн митæ зыдта æмæ сыл нæ ауæрста. Йæ фарчы хай тыдта, хицауæй ма-иу цы капеччытæ аззади, уыдонæй дæр æмæ, куыд не 'мбæлди, афтæ схъæздыг и. Йæхицæн байгом кодта сæрмагонд банк, дунейы алы къуымты сарæзта æддæгуæлæ хæдзæрттæ, уæддæр ын бафсæдыны амал нæ уыди.

Иу хатт æй гыццылæй йæ сыхæгты læг акодта йæ фыстæ агурынмæ. Хъæдрæбынмæ куы схæццæ сты, уæд кæсынц, æмæ иу-ссæдз мард фысы алы рæтты фæлдæхтытæй хуыссынц.

– Дæ фæрстæ атоной, цы зыд бирæгъ дæ! Иу фыс дæр дын æгæр куы у, уæд æнæхъæн уæтæр цæмæн ныццагътай?!– маройгæнгæ йæ сæр ныттылдта сыхаг, фæлæ læппумæ йæ хъыг нæ бахъардта. Уый дис кодта тугдзых сырды хъаруæмæ цырдуадыл. Ныр уыцы ныв йæ зæрдыл æрлæууыди æмæ йæ мидбылты бахудти. Бирæгъты бирæ уарзта æмæ сын тырныдта сæ миниуджытæ райсынмæ. Йæхи марын чи уагъта, уыцы æнæбон фыстæй та йе сæфт уыдта.

Рæстæг æнæрынцойæ тæхы æмæ тæхы. Кæдæм тæхы, уый йæхæдæг дæр нæ зоны. Уымæй диссагдæр та адæм сты. Гуыпынц æмæ гуырынц, кæрæдзи былтæ æхсынгæйæ, зæронд кæнынц æмæ мæлынц. Сæ цард - скаст æмæ æркаст, уæддæр лæбурынц æмæ тонынц, стигъынц æмæ марынц, зыд æмæ кæрæфæй æвæрæнтæ кæнынц. Цæмæн? Уыцы фарст Алмасхан йæхимæ никуы радта, ныр дæр æй нæ дæтты. Æмбæлгæ та йын æнæмæнг кæны. Йæ фыртæй анашист рауад æмæ нæ мæрдтæи нæ æгæстæй. Йе 'цæг дунемæ куы ацæуид æмæ йæ куы нал х'удинаг кæнид, уымæ бæллы, фæлæ уый уæлхъæдæй хус бæласау йæхи ныффидар кодта æмæ ингæнмæ нæ комы, Алмасханæн та йæм йæ къух нæ тасы. Кæд цыфæнды 'взæр у, уæддæр хи туг, хи стæг... Уыимæ дын искæй туг. Иу цыдæр юристгонд æй æр'æджы газеты «ирон адæмы уазæг» рахуыдта, æмæ йæ хæдзар æд бинонтæ фæйнæрдæм фæтахти. Алмасхан йæ цæст дæр нæ фæныкъуылдта, йæ хæрд дæр нæ ныууагъта, йæ хæзгулмæ ацæуын дæр дзы нæ ферох и. Æмæ дзы куыд хъуамæ ферох уыдаид. Кæдæй-уæдæй йе 'нæуынон усæй фервæзти. Арвæй зæхмæ никæмæйуал тæрсы æмæ дзы йæ сæр бамбæхста. Йæ цардæй разы уаид, бæргæ, фæлæ йæ цот нæ фæрæстмæ сты. Йæ чызгмæ цы зæрдæ дардта, кæд уый уарзондзинад хуыйны, уæд зæххыл уымæй фылдæр никæй уарзта,æмæ йыл йæ æбузны хъæбул гадзрахатæй рацыди. Кæйдæр фæдыл ын алыгъди, æмæ ныр цалдæр азы кæм и, уый бæрæг нæй. Алмасхан æй зæххы бынæй дæр скъахид, йæ рæдыд ын ныббарид, фæлæ, йæ зæрдæйы цы хæрам æрæмбырд и, уый нæ цæуы. Кæд ын йæ кæддæры уарзон Ритæйы хал ахордта, уæддæр æй нæ зоны. Рæстæгæй-рæстæгмæ йæ бацагурынмæ фæхъавы, фæлæ та йæхиуыл ныххæцы. Уæдæ кæмæн æмбырд кæны утæппæт фæллæйттæ, кæмæн сæ ныууадзынмæ хъавы?

Алмасхан æмбаргæ дæр нæ бакодта, æвзæрстытæ куыд æрхæццæ сты, уый. Йæ хицау Есо Чырысти куы феста, уæддæр æй адæм йæ къæлæтджынмæ хæстæг нал бауадздзысты. Фæлтау æй зæгæлтæй дзуармæ ныххойдзысты. Рæсугъд ныхæстæгæнгæ сæ æгæр бастыгъта, йе 'ууæнк æгæр бахордта. Адæмы хидвæллойæ кæй бафсæста, уыдон дзы ныр хъотырджынау фæйнæрдæм лидзынц. Йæхæдæг дæр ахæм у, æмæ йын раст кæнынц, фæлæ уæддæр...

Алмасхан аджих вæййы æмæ дæлиауæй ныуулæфы. Йæ хицауы хъысмæтыл нæ сагъæс кæны. Йæ мæгуыр сайд адæмы мæт дæр æй нæ бадомдта.Йæхиуыл тыхсы 'рмæстдæр. Йе 'лгъыст бæстæйы иу цардыуаг дæр нæ рæстмæ кæны, æмæ цы минут кæцырдæм фæзилдзæн, Хуыцау – йæ зонæг. Алмасхан æй хъуамæ рагацау бамбара æмæ йæхи стыр бæллæхæй бахъахъхъæна.

Дзæгьындзæг коммунисттæ, адæмы рæсугъд фидæнмæ хонгæйæ, цъымарайы ныссагъдысты, бынмæ сæ фæласы, нал дзы фервæздзысты. Фæлдурæджджын демократтæ, адæмы царм стигъгæйæ, цæсты бафтыдысты, æмæ сыл ничиуал бауæнддзæни. Рæузонд бардз, цыбæл сылау, домбай лæджы къухтæм бахауынмæ тырны, æмæ тæссаг у, фашистты куы 'рбакæна, уымæй. Кæд æцæгдæр хъуыддаг уырдæм цæуы, уæд сæм Алмасхан хъуамæ хæлиудзыхæй ма 'нхъæлмæ кæса, фæлæ цæттæйæ, гæрзифтонгæй. Уыдон æбæрæг уаварæ æмæ хæффындзхорты нæ уарзынц. Уыдон уарзынц фидар æгъдау æмæ Алмасханы хуызæн æндонау æхсыст лæгты.

«Сæрибар архайдæн мын цыппар азы раттут, æмæ уын æз фенын кæндзынæн, цытджын Германи циу, уый!» – мысы Алмасхан Фюреры ныхæстæ. Алмасханæн йæ хъул уыйау сах куы абадид, уæд уый бæргæ базонид фидар æгъдауæрæвæрын, фæлæ ахæм амонд кæмæ кæсы... Кæд азтæ аивгъуыдтой, æмæ йæм ног царды хицæуттæй фыццаг бынат нал æрхаудзæни, уæддæр се 'хсæн кæй æрфидар уыдзæни æмæ та йæ фарчы хай кæй ратондзæни, ууыл дызæрдыг нæ кæны. Сæ зындгонддæр лæгты базырджын ныхæстæ сын йæхимæ талф-тулфæй фыссы æмæ сæ иннæты фарсмæ йæ свастикæйыл æвæры. Галиу къухæй йæ кæддæры царддæттæг партион билетыл фидар хæцы, рахиз къух фашисттæн салам раттынмæ цæттæйæ дары æмæ ног ивддзинæдтæм æнхъæлмæ кæсы...

ХУЫТЪИНАТЫ ЦЫППУ: 90 АЗЫ

ХУЫТЪИНАТЫ Цыппу

ÆМДЗÆВГÆТÆ

МÆ ФЫДÆН

Рухсаг...
Æрæнцадтæ...
Сау зæхмæ бахызтаз...
Байсысти,
Банцад даэтуг...
Федтай ды:
Тар бонтаз,
Сагъæстæ,
Катайтаэ,
Хастай цагъайраджы дуг...
Баззадтæ сидзæрæй,
Ниугæ сыæллонæй,–
Мадæй нæ федтай рæвдыд.
Радæй дæ бадомдтой
Тугдзыхтæ, бонджынтæ–
Иу бон æнцой дын нæ уыд.
Цардæн йæ фæззæджы,
Царды зын уынгæйæ
Хуры тын федтай æрмæст:
Федтай хæдзары къуым,
Федтай ды бинонтæ,
Уыдоныл бацъынд дæ цæст.
О мæгуыр иунæг лæг,–
Мæнæ дæ рæзгæ фырт,
Нал федтон, нал æз дæ мард...
Нал федтай дзаг цæстæй,
Нал мæн, дæ хъæбулы–
Афтæмæй сыскъуыд дæ цард...
Тар бонтæ 'рвитгæйæ,
Дарæс,
Хазринагæй
Тынг мæ нæ уагьтай хъæрзын.
Цæй-ма, цæй тагьд фæдæ?..
Рухс цард ма федтаис...
Рухсаг у,– рисс дын зæгъын...
Дуг дæр нын аивта,
Зонынц дæ хъæбултæ
Дарддæр фæразын цæрын...
Тар бонтæ 'рвитгæйæ,
Сау зæхмæ бахызтæ,
Рухсаг у,- рисс дын зæгъын...

1928 аз

МАДЫ ФÆЛЛÆЙТТÆ

Хæсæн мæ зæрдыл
Даринаг у.
Мады фæллæйттæ
Фидын зын у.

Бирæ фæкæны
Тухитæ мад,
Уый-иу мæн тыххæй
Бирæ 'хсæв бадт.

Уый мæ чысылæй
Кодта сыгъдæг,
Уый мын мæ фæндаг
Кодта быгъдæг...

Мады фæндиаг
Хъомыл фæдæн...
Бирæ мæ хæстæ, –
Нæй сын зæгъæн...

Хæсæн мæ зæрдыл
Даринаг у.
Мады дзæбæхтæ
Фидын зын у!

1928 аз

ХЪАМБЕРДИАТЫ МЫСОСТЫ МЫСГÆЙÆ

Мæ цæстытæн у уаргæ бон –
Тæдзынджытау тæдзынц...
Уый хъазын нæу... Цы ма зæгъон!–
Мæ къахы не суад сындз...
Лæг-иу цæрынæн райгуыры,
Йæ цард куы уаид даргъ!
Гъей, цардæфсис! Гъей, цардæфсис!
Нæй цардæфсисæн аргъ...
Мæн низ цæрын нæ бауагъта
Цæрынхьуагæй, рæстæй.
Мæн низ йæ хъуыры ауагьта,
Æмæ цы зæгъон, цæй...
Мæ хазæ кæндзæн фæскомцæдис,
Мæ фæндтæ фенæнт бон!
Мæ бæсты дын æгас цæдис –
Фырттæ, нана, уый зон!
Хæрзбон, хæрзбон, фæскомцæдис,
Хæрзбон, нана, ды дæр!
Дæлдæр ныххау, фыдбоны низ,
Дæлдæр ныххау, дæлдæр!

Декабрь, 1931 аз

ХÆЛУАРДЖЫТЫ ПРОМФИНПЪЛАН

(Фельетон)

Иу агъуыстæй цæуы дунейыл диссаджы хъæлдзæгдзинады хъæр. «Ай цы диссаг уа?» — зæгъгæ, дисы бацыдыстæм. Агъуыстмæ бацæуæн нæ уыди, йæ дуарыл — æвирхъау егъау гуыдыр æвæрд, сызгæ æмæ фездыхсын дæр нал комы, сæрæй йæм рагæй нал уыди æвнæлд... Агъуыстæн йæ иу къуымæй цæуы фæндыры цæгъдын æмæ рог кафты уынæр.

— Æрц-æрц' Æмдзæгъд!

Иннæ къуымæй цæуы дзолгъо-молгъо. Хаттæй-хатт нуазæнты къуырцц кæрæдзиуыл фæцæуы, къуырццы зыланг куы бамынæг вæйиы, уæд райхъуысы иугай ныхæстæ:

— Цæрæм амондджын хъæуы, цæрæм æдас, æвæлмонæй, хъыгдарæг нæ нæй... амондимæ цæрут,— уыйфæстæ бирæ хъæлæстæ æмхъæр ныккæнынц:

— Ур-р-ра-а!..

— Хæлар дын уæд!

Уалынмæ дуарæй æрбакасти 18 хæлуарæджы. Æрбацæуынц годзыкъæхтыл цæуæгау. Дæргъæй-дæргъмæ рихиджын хæлуарæг ныйилæлæй ласта, фæцæуæм нæ кадджын сгуыхты бæрæгбонмæ, зæгъгæ, ныхъхъырныдтой иннæтæ... Мæ хъустæ ма ныр дæр дудынц уыцы цъæхенаг зардæй.

Зарынмæ агъуыстæй рауади иу дæлзæнг хæлуарæг. Федта клубы делегацийы æмæ ныццин кодта, стæй уæлæуæзæй ракодта арфæйы ныхас:

— Ахæм циндзинæдтæм уæ царды бонты куыд æмбæлат, уыцы амонд уæ уæд æмæ нæм алыбон æгас цæут!

18 хæлуарæджы цыбыр «ура» загътой, схылдысты къултыл æмæ агъуысты иумæйаг хъæрæмахсты аныгъуылдысты.

Дуар бахостон æмæ мæм иу хæлуарæг рауади.

— Цы хабар у?— фæрсын æй.

— Хабар — хорз хабар...— загъта мын хæлуарæг, — мæнæ ацы агъуыст у Хъæдгæроны кæсæндон. Йæ дуарыл æвæрд ис егъау гуыдыр, мидæмæ йæм цæуæг нæй. Хæлуарджыты хъыгдарæг нæй æмæ тынтæ уафынц. Бæрзонд систой соцерыс æмæ хъазуатонты куыст. Афтæмæй, кæсæндоны цыдæриддæр хæлуарæг ис, уыдон сæ тынтæ уафыны фондзазон пълан сæххæст кодтой 2 азы æмæ æрдæгмæ. Гъеуый номыл скодтам бæрæгбон. Ныртæккæ нæм клубæй схæццæ делегаци 18 хæлуарæгæй. Бавварс ныл!..

— Бузныг!

ГИБИЗТИ ОСКАР: 40 АЗЫ



...Зæрдæ агурдта цийнитæ фулдæр.



Салд зæрбатуг..



Нæ гъудтæн мæ Дигори,
Мæн ба куд гъудæй мæ Дигорæ!!!



Бадынц Оскары мад Зæмрæ æмæ йе 'фсымæртæ Вовæ (галиуырдыгæй)

ГИБИЗТИ Оскар

САЛД ЗÆРБАТУГ

Кæд уодзæн мæ æмдзæвгæн æ зæрдæ?
Кæд исбаддзæй хестæрæн мæ дзурд?
Кæд гъудити фингæбæл мæ бæлдæ
Басæтдзæнæй æрхуни базуг?

Дзурди хезни цъæх сæумæй изæрмæ
Мæ къæрандас æлвесуй мæ зар,
Тохи арвбæл ба уапæ мæ сæрмæ
Итуд æй мæ амондæн æ цар.

Тухст æууелуй мæ цийнæн æ таутæ,
Рист фæлсодзуй æмдзæвгæй æ хъонц,
Ратæретæ'й, поэзии фиййаутæ,
Царди хезни æй е дзæгъæл фоне!

1976 анз

САЛД ЗÆРБАТУГ

Цæбæл кæуис, мæ зæрди бундор?
Куд талингæй мæ гьудий хæдзарæ...
Мæ æмдзæвгæ иссæй мæгургор,
Нæй мæ бон дзурдти согæй ниндзарун.

Мæ сагьæси тикис æй мæллæг,
Хуæдмæл дзурди æгасæй не 'ртасуй.
Æй мæ уарзти кæркдонæ ниллæг.
Мæ амонди уасæнгæ нæ уасуй.

Цъæх изгæ мин бахуардта мæ дзурд
Мæ зарæг æрихгæдæй халасæй.
Салд зæрбатуг абони бæлвурд
Æрхаудтæй мæ цийнити бæласæй.

1976 анз

МЕГЪÆ БОН

Сонет

Адтæй бабæй мегьæ бон мæнбæл абони,
Кæд хор æ рæсугъд цæстæй кастæй, уæддæр,
Кæд бæлæстæ сæхе зилдтонцæ цъæх дони,
Кæд зæрдæ агурдта цийнитæ фулдæр.
Хори тунтæ кастæнцæ мæнмæ сау мегьтау,
Бæлæсти сæбар-субур - ме знæгти гъæрау,
Мæ раст над – къæдзæхбæл тæссонтæ саст хедау,
Къанæутти цæхалтæ – мæ цæсти сугтау.
Гъарæнгæй мæмæ игъустæй цъеути зарæг,
Æрттивтонцæ сау хъамайау уорс хуæнхтæ,
Иссæй мæ зæрдæ ба хонхи комау нарæг.
Сагъæс си искодта сау урух хумтæ.
Бахаудтæн бабæй гъудити пеллон артмæ,
Сурх хъуæцæй кæсун лæкъун цæстæй мæ цардмæ.

1976 анз

КИЗГÆ, КИЗГÆ

Кизгæ.кизгæ! Æз дæумæ дзорун,
Дæумæ æрветун уарзти къос.
Кизгæ, кизгæ! Дæуæй æз корун
Дæ адгин дзурди еунæг рос.

Кизгæ, кизгæ! Мæ бæллец ласуй
Мæ уарзти айдæнау готон,
Мæ зæрдæ дæумæ, дæумæ æхе "лвасуй,
Нæйес мæ цийнитæн кæрон.

Мæ уарзти къос мин ма ракалæ,
Ма 'й комæ масти æзмæнтун,
Гиризи мегъæй ма ниууарæ,
Федесбæл ма кæнæ æрхун.

Ма дарæ арт хулуй сагъæсмæ,
Ма тохæ изæлу хорбæл,
Ма дзорæ мастæйдзаг цæргæсмæ,
Ма фехсæ цийни дзурд кардбæл.

1976 анз

КУЙ

Уалдзигон изазртæ махмæ
Æнцæ сагъæсау рæсугъд,
Стъалутæ ба мæйи артмæ
Еумæ бадунцæ æнцъулд,
Еумæ кæнунцæ сæ зарæг
Сæ медастæу сосæггæй,
Арви ком ба хонхау нарæг
Лæууй цирентæ калгæй.
Ац "афон æз дæр фæббадун
Бæласи буни æнцад
'Ма мæ цæститæй ниссадзун
Маэтъæл арви мæтъæл кард,
Лæкъун сагъæстæ мæ сæри
Искæнунцæ фусунуат,
'Ма стъалутау зæрди цади
Исасодзунцæ сурх арт.
Еуварсдæр ба мæ рæбунти
Сайд гæппитæ кæнуй куй,
Разелуй мæ къæхти бунти
'Ма сувæллонау кæуй.
Уой, æвæдзи, мæстæй маргæ,
Ратæрунцæ хæдзарæй,
'Ма алли 'йзæр мæстæй заргæ
Хæтуй стонгæй, дзæгъæлаэй.
Фал мæн федар, дорин зæрдæ
Уомæ некæд райгъал æй,
Мæ къох ба еу дзоли къæбæр
Уомаэн раттунгъон не 'ссæй,
Нури уæнгæ уой тухст зинтæ
Мæнмæ адтæнцæ идард,–
Цума лæгьуз мегьæ бони
Нурмæ не 'руидтон мæ цард.

Нæ ин базудтон æ адæ,
Берæ æнзтæ фæццæргæй,
Некæд рахаудтæй мæ зæрдæ
Цийни рæсугъд къæдзæхæй.
Мæ уод ба дорау ниссалдæй
Мæ сау зæрди ехазнæй,
Мæ тæрегъæд дæр фесавдæй
Гъæмпи халау пурхæнæй.
Æз æма еци куй' астæу
Цæуй царди дорин над,
'Ма нæ сагъæстæ цæргæсау
Кæнунцæ еухузон зард.
Еухузи цæхъалтæй коруй
Нæ дууей зæрдæ дæр уарзт,
Еухузи карзæй агоруй
Царди рохс æма бунат.

Май. 1976 анз
Дигорæ

* * *

Мæ роси фингæбæл
тæвдæ билти табай æрæвардтай,
Зирзиргæнгæ бавналдтай
уорс цонги арсгинæй мæ цонгмæ.
Хатиртæми курдтай...
Ду мæ зæрди мæнæн рагæй тард дæ.
Ду нæбал дæ мæнæй;
æз гъе уой балæдæрдтæн ме 'рвонги.
Ду мæнæй ку нæбал дæ...
Ме 'взаги резгæ тъæпæн къохæй
Æз мæ реуи кисæй исистон
къæл-къæл худти абази
Ма' й мæнæ, дæндæгути горени
сæрти дзæгъдзæгъгæнгæ нинтъохгæй,
Дæ цæстити дортæмæ фехстон...
Ни 'ммæуадзæ!..

13/11 -89 анз

* * *

Нæ гъæун мæ Дигори,
Мæн дæр нæ гъæуй мæ Дигорæ...
Нæ уарзгæй мæ адæм и
се 'хсæн æргъæвст одæй цæрун...
Нæ гъудтæн мæ Дигори,
Мæн ба куд гъудæй мæ Дигорæ!!..
Нæ астæу – бæрзонд горен,
Амад æй цæстисуги дорæй.
Еци дор нæ арæнмæ
ластон мæ рист зæрди уæрдуни.
Мæ бæллецти орс кауæ?
Кæддæр æррадæнтти байзадæй,
Дохтиртæ 'й се 'взæгути сиутæй
фæлластонцæ уесгай.
Исбийон нæуæгæй?.. Ме 'взонгади циртбæл
бæлди таутæ не 'рзадæй...
Гъеуæхæн дессаг!..
Нæ гъæун мæ Дигори,
Мæн дæр нæ гъæуис, мæ Дигорæ...
Ци ми кæни мæнæй? Ци ми кори?..

9 / III - 89 анз

МАДÆМÆ

Уæнгмард хуссæнтæ – фарси æндæргъцæ.
Æррадони дæн. Мæ цонгбæл – ностæ:
Мæ тогдадзинттæ ниллухтæ кодтон...
Мæн ку-'римиси,–
Адæм и 'хсæн дæр
Дæ орс цæститæ – зæронд оститæ
Нæ уорамунцæ сæ донихулуй.
Дæ орс сæри баз мæти пакъуйæй
Цъоппидзаг ку æй...
Ци мин ракæнай. Ма мæбæл тухсæ...
Неке уарзун æз дæуæй фæстæмæ:
Мæ зæрди хæфсæ гурмухъ дзæхст æма
Уомæл хъуритæ гъесуг есæнттæй –
Кедæрти билтæй – раги бавзурста
Ма мæбæл тухсæ...
Мæ оди царвбæл соцъа цæстити
Дидинбиндзитæ æртугул æнцæ.
Сонт сæни авги фудхуз сурх тикис
(Азуймаг фæууа!) хъанз тугури 'нцад
Нæ басабур æй. Мæ бæлди мисти
Арф ниуазæнти фæлмæн дзæмбутæй
Нихxуæдмæл кодта. Мæн ку 'римиси...
Еци тикиси... Ци ма ин кæнон?..
Неке уарзун æз – неке мæуарзуй,–
Неке гъæун æз – неке мæ гъæуй...
Ма мæбæл тухсæ. Багæдзæ кæнæ.
Зиндзæнæн дæмæ.

7ЛП/1-89 анз

ЦЪÆХАХСТ

Мамæ!
Ба-мæ хуæрæ,
Ма мæ уадзæ уæлзæнхæ,
Фæстæмæ мæ хæссæ дæ губунмæ;
Райсæ мин фæстæмæ дæхемæ
Мæ цæнгтæ,
Мæ зæнгтæ,
Мæ тог,
Мæ тæнзæрдæ...
Райсæ мæ, корун ди!
Райсæ мæ
Фæстæмæ дæхемæ!
Райсæ мæ!

1989 анз (?)

СОЗУРМÆ

Тагъд мæн дæр мæрдтæмæ гъæуй,
Уæлæбæл мæ номæн дæ номи рази
бунат некæд одзæнæй,
Фалæ мин уæддæр мæрдти дæрæбу
бунат исцæттæ кæнæ.

ХЪАЙТЫХЪТЫ Азæмæт

ЧЕРЧЕСТЫ УÆИЫГ

Таурæгъ

Стыр Уæлладжыр. Цъамады хъæу мыды чыргъæдау базмæлыд, Æмæ куыннæ: Черчесты Муссæ æмæ Дзагка сæ фыццаг «хуры тыныл» ном æвæрынц. Хуындзæуттæ кæрты кæрæдзи фæдыл хърихъуппыты халау арæнхъ сты. Хъазты фæсивæд уæлхæдзар Ацонæджы гæлæбутау кафынæй сæ мондæгтæ уадзынц. Æрц-тох æмæ фæндыры æхсызгон зæлтæ Хъæриуы хъусты азæлынц. Гæбæйы мæсыг дæр фырцинæй йæхиуыл уæлдæр схæцыд æмæ йæ сау цæстытæй худы.

Дæлæ кæрты дурын æмбонды рæбын фатхъæд сугты цæхæрыл цъыс-цъыс кæнынц æхсырфæмбæлттæ. Æгты нард галы фыдызгъæл пæлхъ-пæлхъæй фыцы. Бæрæчеты адджын тæф уадымс куы иуырдæм, куы та иннæрдæм скъæфы æмæ дзы кæм халоны, кæм та рувасы мондæгтæ агайы.

Фæндыр фæсабыр. Бухъзæрдæ æрдзæн цыма исчи йæ нард къуди ахъыдзы кодта, уыйау йæ пыхцыл дымæгыл схæцыд æмæ хуртуанхор цъиуты цъыбар-цъыбур, мыдыбындзыты гуыв-гуывимæ баиу. Раст уыцы рæстæг æфсинты хистæр уæлæнгай хъæдын тæбæгъы рахаста бæгæныйæ дзаг хъалац æмæ фырыхъул. Мыггаджы лæгтæй иу бæгæныйы нуазæн райста, æмæ йæ бæзджын хъæлæс анæрыд:

– Хорз адæм, æппæты фыццагдæр уыл Стыр Хуыцау æмæ йе сконд зæдты хорзæх сæмбæлæд. Ацы кæртмæ уæ къахы 'рбайст арфæйаг уæд. Мæнæ нын Муссæ æмæ Æгæлиан нæ мыггаг фæбæзджындæр кодтой, æмæ сæ цæрæнбонтæ бирæ уæнт. Мады-Майрæм нын нæ ноггуырды цæринаг æмæ дзыккакъах фæкæнæд. Стыр Уæлладжыры кæд исчи лæппуйыл амондджын ном сæвæрдта, уæд абоны номæвæрæг дæр уый æмбал фæуæд. Мæнæ уын æгъдау, æмæ дарддæр уæ хъуыддаг кгенут. Саби йæ номмæ æнхъæлмæ кæсы – пыррыкрихи Темболат фырыхъул фынгыл æрæвæрдта.

Омменгæнджыты кæстæр фæцырд æмæ кувæггагæй сахуыста. Бæгæныйы къус къухæй-къухмæ ацыд. Куы равдæлон, уæд номæвæрджытæ радыгай фырыхъул уилын байдыдтой. Кæмæн-иу цыг абадт,кæмæн фыр, кæмæн та – тæу.

Æрхæццæ мадырвадæлты рад дæр. Гаппо фынджы уæлхъус æрлæууыд. Иуцасдæр йæ цæстытæ арвмæ ныццавта. Систа фырыхъул, хингæнæгау æм йæ армы дзыхъмæ цыдæртæ асусубусу кодта, стæй йæ суылдта, æмæ дын фырыхъул фынгыл сах абадт.

– Гаппойы хал схауд, мадырвадæлты хал схауд!– схор-хор кодтой номæвæрджытæ æмæ йын йæ гыццыл хæрæфырты йæ хъæбысы фæсагътой. Уый дæр æй йæ сæрмæ бæрзонд систа, Хъæриуы рухс дзуæрттырдæм ын йе 'ргом аздæхта æмæ хъæрæй загъта:

– Хорз адæм, уе'ппæт дæр æй зонут, ацы комы нæ мыггагмæ Дзабоккайæ куырыхондæр, номдзыддæр лæг нæ уыди æмæ йыл уый ном æвæрын.

– Дзабоккайы цæрæнбонтæ нын бирæ уæнт!–нынныæрыдысты адæмы хъæрæй Хъæриуы бæзджын фæрстæ æмæ, фынджы уæлхъус, кæмæн куыд æмбæлд, афтæ, куыдхистæрæй, рабадтысты.

Цард Черчесты бинонтыл ацайдагъ. Дзабокка ма йæ фæдыл расайдта æртæ цæхæрцæст лæппуйы æмæ удыгагайы хуызæн чызг – Савели, Тасолтан, Барис æмæ Вена. Уыдонæн Дзабокка уыдис авдæн узæг, ныйиарджытæн цумайы лæдзæг.

Рæз хаста Муссæ æмæ Дзагкайы зæнæджы хистæр, уæдæ цы уыдаид. Нæ зыдта зивæг, йæ фезмæлдыл цæст нæ хæцыд, Мады бæсты – дондзау, фыды бæсты – сугдзау. Карджын сылгоймаджы-иу цыхцырæй дон хæсгæ куы ауыдта, уæд-иу ын йæ къæртатæ сыскъæфта. Халонау цыма йе уæны каст– уайтæккæ дæр-иу ауыдта хосы кæнæ суджы æргъомхæсджыты æмæ-иу сын сæ къух фæрогдæр кодта.

Дзабокка йе 'мгæртты 'хсæнмæ арæх нал цыд, йæхи сæ иртæста. Хъазгæйæ-иу сæ кæмæ февнæлдта, уымæн йе 'рдиаг ссыд. Хинымæры-иу сыл дис дæр кодта, сынкъау сæм фæныдзæвд дæр нæй, зæгъгæ. Домбай хъаруйы хицау кæй уыд, уый йæхæдæг не 'мбæрста æмæ алкæй дæр йæхи барæнæй барста. Уæдæ иннæ лæппутæй нæ дæргъмæ, нæ уæрхмæ ницæмæй хицæн кодта, афтæмæй йæ цыппæрдæс «зæрватыччы» хуссармæ куыд атахтысты, уый зонгæ дæр нæ бакодта.

Уæд ма хæхбæсты нæ, фæлæ быдырты дæр сырдтæ хуыræй арæхдæр уыдысты.

Уыцы æхсæв та хъæуы куыйтæ тынг сызнæт сты. Сæ рæйдыл бæрæг уыд, сырд æввахс кæй ис, уый. Мæй нæма скаст, æмæ бæстæ бирæгъты фæндиаг уыдис хуыдалынг. Дзабокка сындæг-гай кæртмæ рахызт. Уайтагъд йæ хъустæ Даккоты сусæгæйхæ-цаг куыдзы хæпп-хæпп ацахстой.

– Сар мын дæ куыдзы сæр кæндзæн, цæфмæ дыл æрхæст уон, айфыццаг мын мæ хæлафы фадыг кæй арæмыгътай, уый дын нæ ныббардзынæн,– афтæ æртхъирæнгæнгæ нарæг суа-йæны сæ фæскъулмæ йе схызт æмæ сисы сæрты бирæгъы æрбагæпп баиу сты. Дзабокка йæ йæ тыхджын къухтæй ацах-ста. Гъей бирæгъты амæддаг фæуай, нал мын аирвæздзынæ, зæгъгæ, йæ дурджын зæххыл афтæ ныффæртт ласта, æмæ йын Тутыры бон дæр ницыуал баци.

– Гъер-иу, Даккойы куыдз, сусæгæй къæппытæ кæн!– зæвæтæй ма йын йæ сæræн иу ныддаудта, афтæмæй бахъуыр-хъуыр кодта Дзабокка æмæ, йæ къухтæ кæрæдзийыл æхсызгон æууæрдгæ, хæдзармæ бахызт. Бирæгъ амардта, уый йæ фæсон-æрхæджы дæр нæ уыд.

Сыхы куыйтæ бирæгъы марды тæфæй тыхстысты æмæ фырræйдæй ныффæсус сты. Райсомæй лæгтæ тугдзыхы мар-дыл æræмбырд сты. Рафæлдах-бафæлдахæй кодтой, фæлæ йыл нæдæр нæмыджы, нæдæр цыргъаджы фæд бæрæг уыд æмæ дис кодтой, кæд хæппæй амард, æндæр цы кодтаид, зæгъгæ, фæлæ Дзабокка, куы ничи мыл бауугæнда, зæгъгæ, йæхи ныддур код-та, æмæ сусæгдзинад нæ рабæрæг.

Уыналæй Цъамадмæ мыстлæсæны хуызæн дыууæ нарæг къах-вæндаджы цæуы. Иу дзы дæрдтыл азилы, иннæ та цыбыр, фæлæ, Тæрсæн дур кæй хонынц, ууылты адæймаджы йеддæмæ хæræг кæнæ бæхæй схизæн нæй. Гъе, æмæ дын иуахæмы Цъамады хъал фæсивæдæй ферох дардыл фæцуæмæ дæ хæдзар ссарайы æмбисонд. Иу дзы бæхыл бадгæ, иннæтæ æгъдынцæйттæ æмæ хайуаны къæдзилыл хæцгæйæ цыбырдæр фæндагыл схæрд код-той. Бæх йæ гæндзæхтæ цæгъды, æмбары йæ, раззæгтæ куы сиса, уæд уæлгоммæ кæй рахаудзæн, фæлæ уыцы фыдбылыз læппуты зонд нæ ахсы.

Læппутæн сæ чъиу хид акалд, Сæ уынаффæйæ кæй ницы рауайдзæн, уый бамбæрстой. Гъа, ныр фæстæмæ иннæ фæндагмæ аздæхой, афтæ Дзабокка тъæбæрттæй сæ уæлхъус алæууыд,

Кæдæм тындзыс?– бацин ыл кодтой læппутæ.

– Дзыцца мæ Уыналы дуканимæ цæхх æлхæнынмæ рарвыста.

– Мæнæ нæ бæх схизын нæ фæразы æмæ ма нæм фæкæс.

Дзабокка Тæрсæн дур цæстæнгасæй абарста, иунæг фæлæбурдæн хайуаны фæуæлбыл кодта, йæхæдæг уырдыгмæ ныббындз. Бæх, йæхи бацæгъдгæ, æхсызгон бамыр-мыр кодта.

Бæхы хицæуттæ Дзабоккайы фæдыл кæсгæйæ баззадысты. Се 'муд куы 'рцыдысты, уæд ныддис кодтой:

– Ауыстæн, Дзабокка кæнæ фæйнæгфарс у, кæнæ нæм йæ хуызы æндæр цыдæр рацыд. Кæд æцæгæй Муссæйы хистæр фырт у, уæд уæ ацы диссаг макæй дзыхæй сирвæзæд. Ахæмы адæм куы базонынц, уæд, дам, æрбамæлы æмæ Хуыцауы уазæг уæд. Æвгъау læппу у. Мах ницы федтам.

1921 æххормаг аз æнæхъæн паддзахады дæр гæркъайы хуын-чъы аласта. Бæстæ ныггаффуттæмæ, æвирхъау мидхæст хъыцъы-дæттæ кæмæн баназын кодта, уыцы адæм æххормагæй сæ хъиутæ хæрынмæ æрцыдысты. Кæд ма-иу искæм авдæн атылд, уæд-иу уым йæ фарсмæ 3–4 сау чырыны февзæрд. Гъе, фæлæ, йæ хуыздæрау фæуа рæстæг, фыдаз кæд цыфæнды футтытæ кодта, уæддæрæй йе уæнтыл æрæвæрдта, æмæ та цард йæ мидбылты дидинæгау бахудт. Фарон дæлвæзты хоры хуымтæ кæм ныссухари сты, уым ныр сау-халыгæвзартæ сæхи læджымбæрц сивæзтой, æмæ сæ дзагæфсир-ты зæу-зæумæ адæймаджы зæрдæ рухс кодта.

Бирæгъы, дам, йæ къæхтæ хæссынц, фæзæгъы йæ сыхæгтæн Черчесты Муссæ, æмæ майрæмбоны фондз уæрдонæй Даргъ Хъаллæмæ (Прохладнæмæ) мæнæуæлхæнынмæ абалц вæййынц. Хохæгтæм цæй æхца уыди, фæлæ семæ базармæ ластой нæрвы над уæлдзæрмттæ, хъæбæр цыхтытæ, тинтычъи æмæ пирæнæй пырд къуымбилтæ.

Бæлццæттæ Сыфтæрджын лæгæтмæ куы ныххæццæ сты, уæд сæ фæдыл гуræй-гурмæ Дзабокка кæй хъуызыд, уый фæфип-пайдæуыд. Муссæйæн ма цы гæнæн уыд, уæрдонмæ йæ схизын кодта æмæ нæ фæрæдыд.

Хохæгтæн цæмæй сæ бæхтæ ма фæцудой, цæмæй цъæх кæрдæгыл хизой æмæ сæ базары хъуыддæгтæ æдыхстдæрæй кæной, уый охыл æрфысым кодтой Даргъ Хъаллæйы кæрон Терчы был.

Фыдгуыбыны, дам, йæ къæхтæ фæздæгмæ хæссынц. Дыккаг изæр хохæгтæ сæ бынатгæсы æрбаййæфтой мæрдджыны хуы-зæнæй.

Цы 'рцыди, зæгъгæ, йæ куы бафарстой, уæд сын йæ хъаст æрхæндæгæй радзырдта:

– Æхсæвæрмæ цы хæринаг кодтон, уый куыддæр сцæттæ, фтæ иу цъынддзаст дынджыр læг мæ уæлхъус февзæрд, ныз-

зыррытт мæ кодта, æмæ авд сæрбихъуыройы акодтон. Уый зæххыл фæтъæпæн, аг йæ сагæхты 'хсæн аваæрдта. Гъе, йæ бындар фæуа, ахæм дзы никуыма федтон. Ауыстæн, авд лæджы фаг лывзæ адаста. Мæ сæр мын куы ахæра, уымæй дæр дзы æдас нæ уыдтæн.

Цы гæнæн ма уыди цъамадон бæлццæттæн æмæ уыцы изæр се 'хсæвæр хус къæбæрæй арвыстой, фæлæ сын æртыккаг изæр дæр хорзæй ницы æрхаста. Сæ рады бынатгæс Муссæйы тугæрхæмттæй æрбайыæфтой.

— Бынатыхицау нæм цæуылдæр фæхæрам æмæ ныл хæйрæгау сагъуыди. Лидзæм ардыгæй, цалынмæ ныл ницыма бæллæх сæмбæлд, уæдмæ,— скатай Темболат.

Иууылдæр уыцы фæндыл сразы сты, фæлæ Дзабокка къахсæттæгау ныллæууыд, кæнæ мын мæ мард аласут, кæнæ ма сомизæрмæ фæгæдзæ кæнут, уыцы хæйрæджыхайы, дам, æз дæр фенон. Иæ ныхасыхъæд ахæм лæгъз, ахæм фидар уыд, æмæ хистæртæ загътой:

— Цæй, уæдæ зонд хистæрæй кæстæры сæрыл нæу. Цы уа, уый уæд. Донласт хуылыдзæй нал фæтæрсы.

Райсомæй цъамадон бæлццæттæ базархъус нал уыдысты, фæлæ та Дзабокка йæхи фæнд атардта, æмæ йыл кæд тынг не 'ууæндыдысты, уæддæр бынатгæсæй баззад.

Хур акъул. Бæлæсты аууæттæ хъунцау адаргъ сты. Дзабокка куы уæрдоны гуыффæйы ахуыссы, куы нæууыл атулы. Тыхсы, йæ хистæрты'æфхæрæг абон куынæуал фæзына æмæ йæ маетæнæ истæй куы баззайа. Фæлæ та путхор лæг фæзынд йæ афонæй раздæр.

Муссæйы фырт уæрдоны гуыффæйы бадгæ йæхи ныммæгуырхуыз кодта. Æнæхуынд уазæгмæ аивæй йæ цæст дары. Арыхъхъаг богъы хуызæн лæг та уæлартæй аг райста æмæ, куыддæр хæбæццæрбадт, афтæ йыл Черчесты уæйыг йæхи франкау фехста. Йæ дыууæ къахæй йæ фелвæста, уæлдæфы йæ тырнау нызылдта æмæ цалхы къуыдырыл — хафт. Къæйных лæг бауадзыг. Дзабокка йæ Терчы уылæнтæм дзæргъы мардау фехста.

Уыцы бон Муссæиты базар хорз ацыд. Дзабоккамæ сæ зæрдæ æхсайдта æмæ йæ дзæбæхæй куы 'рбайыæфтой, уæд бахъæлдзæг сты. Бынаты цыма æппындæр ницы 'рцыд — алцыдæр æфснайд

— Уæллæй, мæ лымæн лæггаг, бынатгæс ныронг дæр дæу ныууадзын хъуыди. Æвæццæгæн дæм авд бирæгъы дæр не 'рбауæнддзысты,— хъазыди Темболат.

— Бæргæ мæ фæндыд йæ фенын, фæлæ цæмæн нæ фæзынд, нæ зонын,— бахудти Дзабокка.

Ничи ницы базыдта, ничи ницæуыл фæгуырысхо, афтæмæй цъамадон бæлццæттæ дзагармæй сæ хæдзæрттæ ссардтой.

1924 азы хохаг адæмæй чи куыд йæ сæрæн уыд, афтæ быдыры хъаймагъ зæххытæм ныххæррæтт ластой. Черчесты Муссæ дæр, саг æнæхæрд хизæнтæ куы агура, уыйау Цъамады йæ фыдæлты сæгдзыд къуымтæ Хуыцауы æвджид бакодта æмæ æд бинонты къорд Цраугы æрцард.

Фæллойуарзаг бинонты къорд сыхæгтæн, хъæубæстæн фæадджын сты. Ног æрцæрджытæ дзы дзæвгар уыд, æмæ, чи куыд арæхст, афтæ кæрæдзи къухтæм æмхасæнтæ кодтой. Бинонтæ æнæ сыхагæй къæбæр адджынæн нæ хордтой. Фæсивæд-иу изæрыгæтты куы иу, куы та иннæ сыхы амбырд сты æмæ-иу къæрццæмдзæгъд хъазт ацарæзтой. Уый фæрцы црайуæгтæ сæхи æнкъард кæнын нæ уагътой.

Дзабокка йæ тæккæ амонд агурыны кары уыди. Муссæйы уынаффæмæ гæсгæ йæхицæн ног хæдзары бындур æрæвæрдта æмæ йæ хъазтизæртæм арæх не 'вдæлди. Ноджы уæды дуджы фылдæр адæмыл æлхæнгæ дарæс нæма уыд. Фæсивæд æндæр хъæумæ чындзхæссæг дæр цыдысты фæсмын дарæсы, ирон дзабырты.

Иу изæр та дæлæсыхы кафаг фæсивæд фæкъæртт сты. Дзабокка дæр фæндыры зæлтæм сцыбæл. Йæ куыст фæуагъта æмæ хъазтмæ къогъодзиты балæгæрста. Хъал фæсивæдæн дæр дын Хуыцау ахæм аваæра. Зæрæстон хуыммæ дурæппарæгау ыл чызджыты цæстмæ хъазæн ныхæстæ згъæлдтой.

Дзабокка, лыстыты артыл кæй атæвд кæнай, уыдонæй нæ уыди, фæлæ йын йæ нуазæн, ды та кæцы дæ, зæгъгæ, йæ фындзы бынæй куы фæцъортт ластой, уæд сын иунæг февнæлдæн сæ мæгуыры бон базонын кодта, фондзæй сæ каурæбын кæрæдзийыл куыристау ацамадта, æмæ йæм цалынмæ чызджытæ æрхатыдысты, уæдмæ сæ стæлфыны бон дæр нал уыди.

Уæдæй фæстæмæ Цраугы хъалтæ цъамадон læппутæм фæстæмæ фæкæсын дæр нал уæндыдысты.

Цраумæ цард йæхæдæг тындзыдта. Зæхмæ æнæзивæг зылдысты, æмæ адæм хор, фос æмæ дыргъты бын фесты. Сырхауты Уырыц та дзы йæхицæн дукани ныззылдта, æмæ йæм фæсивæд мыдыбындзытау æмбырд кодтой: хъамайæ, дам, иу Цæфæн кæд фондз сапоны алыг кæнай, уæд уыдон дæхи — ахæм ерыс расидт Уырыц Науæд та — ивар.

Дзабокка дæр фехъуыста Уырыцы хъазты хабар æмæ иу изæр нæ фæзивæг кодта. Дуканийы хицау ын сапæттæ самадта. Цъамадон райста хъама, йæ ком ын уырзæй асгæрста, æмæ

æндон цыргъаг уæлдæфы ныхситт кодта. Фондз сапоны дыгай дихтæ фæйнæрдæм фæтахтысты.

– Гъе, гъе, уый дын лæппуйы цæф!– сапæттæ гæххæтты батухгæйæ æмæ сæ Дзабоккайы дæларм бакæнгæйæ, загъта дуканигæс.

Сапæттæй æфтиаг куынæуал цыд, уæд та хинæйдзаг дуканигæс æндæр хъазт æрхъуыды кодта. Дæс æнгузы тæрхæгыл рæнхъæй æрæвæрдта. Тæрныхæй сæ къуырццытæгæнгæ рацу æмæ сæ куы асæттай, уæд дын сгæллад хъуымац хæлаф æмæ хæдонæн. Кæд нæ, уæд та æрбахæсс хæндыджы цыхт æмæ дæс айчы.

- Уыцы фæлварæн лæппуты ныхтæ скъуызыртæ кодта, æмæ та Уырыц йæ рахиз армыдзыхъхъ аныхта.

– Фæдзурут-ма ныр Черчесты уæйыгмæ, æз ын сæ хæндыг равдæлон кæнын кæнон,– худти Уырыц

Уыдис Хуыцауы кадджын бон. Куыстмæ бавналын не 'мбæлд, æмæ та фæсивæд, Сырхауты дуканийы æрæмбырд сты. Æнгузтæ сæттынæввонг арæнхъ сты фæйнæгыл, фæлæ сæм йæ ныфс ничиуал хаста, æмæ быцæу ныхас кодтой. Уæдмæ Дзабокка дæр фæзынд æмæ, кæй кой кæнай – къæсæрмæ, зæгъгæ, лæппутæ бахъæлдзæг сты.

– Æлдары кой – хъæды бын, зæгъут-ма, кæй къуыртт, кæй хæндыг уæ фæкъахтон,– хъазæн ныхасæй дзуапп радта Дзабокка.

– Нæ, мæнæ нын Уырыц не 'дылы сæртæ йе 'нгузтыл срæгъæд кодта, æмæ ныхас ууыл цыд, Ахæм лæг, дам, нæма райгуырд, æмæ йæ ныхы цæфæй æнгуз чи асæтта.

– Черчесты уæйыг, айфыццаг мын мæ сапæттæ ацæу-цæу кодтай, фæлæ ма ныр бафæлвар,– æнгузты рæнхъмæ ацамонгæйæ, бахъæлдзæг дуканийы хицау.

Æмæ сæ куы асæттон, уæд та?

– Уæд дын, кæцы хъуымацæй зæгъай, уымæй – хæлаф æмæ хæдойнаг,– йæ фæсхъус аныхгæ, зæгъы Уырыц.

Дзабокка лæппутæй кæмæдæр йæ худ аæрдта, тæрхæджы раз хæбæцц алæууыд æмæ, йæ къухтæ йæ фæсрон атъысгæйæ, загъта:

– Уæллæй, Уырыц, мæ сæр дыууæ дихы куы фæуа, уæддæр дæ ацы лæппуты рыст æнæрайсгæ нæй.

Уый фенгæйæ у,– хъæбæрæй загъта Сырхауты дуканигæс.

– Уæдæ уал дын мæнæ уый Микъойы тыххæй,– æнгузы къæрцц фæцыд, æмæ дуканийы уæвджытæ æхсызгонæй базмæлыдысты.

– Мæнæ уый та Гасийы тыххæй, Сабан æмæ иннæты тыххæй,– æркъæрцц-æркъæрцц кодта Черчесты уæйыг йæ тæрныхæй æнгузтæ, æмæ йе 'мгæрттæ фырцинæй ныххор-хор кодтой.

Цы гæнæн ма уыд Уырыцæн, Дзабокка йын цы хъуымацмæ бацамыдта, уымæй йын æртæ метры æмæ æрдæг йæ дæларм бакодта. Йæхи хардзæй ма боцкъайы сæнæй дæр рауагъта Дзабоккайы цæрæнбоны тыххæй. Фæйнæ нуазæны баныз той.

Черчесты Болайы фырт Дзабо Бутаты чызгыл дзырдта. Ком ын куы нæ лæвæрдта, уæд йе 'мгæртты бын атылд, аскъæфæм æй, зæгъгæ. Гъе, фæлæ Бутаты стыр мыггагæй арв дæр нæрын нæ уæндыд, æмæ тыхмимæ фæсивæдæй йæ ныфс ничи бахаста.

Дзабойыл бон изæр нал кодта, æхсæв ыл хуыссæг нал хæцыд. Мæйдары-иу бахъуызыд æмæ суанг кæркуасæнтæм, кауы сæрты кæсгæйæ, йæ сæр уарзон чызджы уаты рудзынгæй нæ иста. Ноджы ма йыл дзурджытæ куы фæци, уæд бынтондæр йæхицæн бынат нал ардта æмæ Дзабоккамæ бахатыд:

– У, мардзæ, ме 'рвад, мæ зæрдæ дæу йеддæмæ никæуыл дарын, мæ æхсинæг ирвæзы æмæ дæхицæн удыбæстæ бакæн.

– Дзабо, мæ уд дæ кæм бахъæуа, уым дæ фæхъхъау. Бутатæ сæвджын мыггаг сты, фæлæ ахæм хъуыддаг фыццаг хатт мах нæ кæнæм. Кæрæдзийæн хæстæджытæн бæззæм, æмæ нæ Хуыцауы хорзæх куы уа, уæд адæмы фæрцы бафидаудзыстæм,– уыди Дзабоккайы дзуапп.

Цы уыди, уæддæр дыууæ сахъ цæргæсы иу æхсæв Бутаты рæсугъды нымæты тыхтæй Цраиы тархъæды бамидæг кодтой. Бутаты фæсивæд, цæмæн нæм бауæндыдысты, зæгъгæ, калмы сæрыл цæхх кодтой, фæлæ, хъуыддаджы Дзабокка дæр ис, уый куы базыдтой, уæд сын хинымæр æхсызгон уыдис, æрмæст уæддæр сæхи асламы бынаты æрæвæрой, уый сæ сæрмæ нæ хастой.

Хуыцауы йеддæмæ чызгыскъæфджыты æмбæхсæн ничи зыдта. Фæлæ Дзабоккайы æрдæгарæзт хæдзары фисынæй бонсауизæрмæ халон нал хызт. Цыма йæ хъуыры хъæдуры гага фæбадт, йæ къубал-иу аивæзта æмæ-иу æнкъард хъуахъхъ хъарæгау райхъуыст. Сыхæгтæ дзы сфæлмæцыдысты, асырдтой-иуæй, фæлæ та-иу фæстæмæ йæ бынаты абадтæмæ хæкъуырццæй куыдта.

– Халон йе уæны кæсы, цыдæр "бæллæх ныл æрцыдис,– Азырдтой хистæртæ æмæ сæ бирæ æнхъæлмæ кæсын нæ бахъуыд. Чызгыскъæфджытæ Цраиы хъæды мæйы бæрц фесты. Дзабокка иу æхсæв уымæл зæххыл бафынæй æмæ йыл Хъа-

ныхъуаты разагъды Болайы фыдæмбисонд æрцыд, афтæмæй йæ иу изæр Дзабо йæ фыды къонайыл æрдæгмардæй сæмбæлын кодта.

Кæд ын аххосаг у, зæгъгæ, йын Бынатыхицауы хал схауд. Суагътой туг, зæрдиагæй йын скуывтой, фæлæ рынчын бонвыддæр кодта. Алагирæй кæнæ Æрыдонæй та дохтыр æрбахонын никæй зæрдыл æрæфтыд,

Рынчын фыртыхстæй сонт кæнын байдыдта. Къултæм-иу куы фæлæбурдта, уæд-иу йе 'нгуылдзты арф фæдтæ уым аззадысты. Уыцы уæззау рынчынæй йæ уромæг уромын нал фæрæзта. Тæссаг уыд, сонтæй искæй йæ домбай дзæмбытæй куы фелхъива, æмæ йæ гæрз бæндæнтæй сынтæгмæ куырисау стыхтой. Гъе, афтæ уæнгтæ бастæй Черчесты уæйыг æнафоны саумæры хай баци.

Дзурынц, зæгъгæ, Црауы тархъæд Дзабоккайы мардæй нырмæ йæ саутæ нал исы. Цраудон та йыл æхсæвæй-бонæй хъарджытæ нывæнды.

Цы загъдæуа хъысмæтæн, Черчесты уæйыджы сызгъæрин стъалы тыхæвзарæн гауызæй ферттивын чи нæ бауагъта.

Муссæйы цотæй абон ацы мæнг дунейы ничиуал ис. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты арты Тасолтан æбæрæгæй фесæфт. Барис дæр хъæбатырæй фæмард карз хæстыты.

Савели хæстæй сыздæхт уæззау цæфтимæ. Баззадис ын къобор лæппу æмæ хъуымбылдзыкку дыууæ чызджы, сæ амæндтæ тыхджын уæнт.

Вена, æфсымæрты иунæг хо, уыдис Елойты чындз æмæ уый дæр зæхх йæхимæ аиста, бындар ын нæ баззад.

Гъе, уый уын Черчесты Муссæйы бинонты таурæгъ æмæ уæззау царды хабæрттæ.

ТÆЛМАЦТÆ

Уильям ШЕКСПИР

(66 сонет)

* * *

Мылаз ингæнмæ, амондау, бæллын,
Мæнгард дуджы цъæх-цъæхид марджы тайын.
Йаз боныхъиутæ сау уæрмы хазры
Лæджы намыс; нæ рæстæджы гакк — сайын.

Фыдæх уæхски-уæхск фарнимæ цæры;
Тæссонд фидыц йæхи сырх туджы найы;
Æдых тыхджыны цъысыммæ тæры;
Фæхонынц нæм уæларвон зæд æррайы.

Бæрзонд аивад — цæгъдæг рынау раст!—
Куыдзы 'мгад сси, нæй ауайæг йæ цурты,—
Йæ сæр æййафы сау фыдæлгъыст, мает;
Рæстдзинадæн йæ дзыхыл дарæм цъутта.
Адзалæй мын мæ цард æхцондæр нæу,—
Мæ удлæууæн, кæмæн ныууадзон дæу?

ХОДЫ Камалы тæлмац.

Евгений БАРАТЫНСКИЙ

(Йæ райгуырды 200 азмæ)

КУЫВД

О ме Скæнæг! Лæгъзтæ кæнын дæуæн:
Мæ рынчын удæн исты хос ыскæн!
Фыдау тызмæг дæ, бараг дæ, рæдау.
Мæ риуы сæвæр фæтк æмæ æгъдау,
Цæмæй цæуа мæхи удыл мæ бон,
Цæмæй дзæнæты аккаг уон.

1842 кæнæ 1843

Исут уæ мондæгтæ цардæй:
Цард... Уый зæд у æмæ зин:
Зилы ныл иу бон мæнгардæй,
Иннæ бон рахæссы цин.
Дардæй дæм амæндтæ сидынц,
Уайгæ сæм, райгæ сæм тæх.
Зæххæн – фæливаг йæ фидыц:
Раивы уарзты фыдæх.

Ма кæнут сонт-монты катай,
Ма уæнт уæ зæрдæтæ цъæх.
Зонут: æфхæрд уды хатгай
Амондмæ 'рхоны фыдæх.
Зонут æй: не Скæнæг раст у.
Уымæн табу кæнын æз:
Базыртæ Цин æмæ Мастæн
Радта æмхалдих, æнгæс.

1834

Сты цæугæдæттæ коммæгæс: нæ хизынц
Сæ донвæдæй, сæ бон зонгæ кæлынц.
Æниу-ма бакæс фосы дзугтæм: хизынц
Æнæсымæй, сæ уаварыл хъæцынц.
Ныссагъта тулдз æндон уидæгтæ къæйты,
Æвзидынц æм тыхдымгæтæ 'мæ зæй.
Уæларвæй худынц хуртæ æмæ мæйтæ,
Сæ фæндæгтæй сын иртæсæнтæ нæй.
Дзæгъæлхæтæг æрра уады кæнонтæн
Ыскæны Уæллаг иуафон кæрон...
О адæм, мах дæр бамбарæм нæ зондæн
Йæ фарны хъæлæс, базонæм нæ бон:
Нæ удты монцтыл бафтауæм сæрбостæ,
Æфсондзтæ нын æрдзæй ысты л æвæрд,
Æмпъухæм сæ, цæрынæн арæм хостæ,
Цагъайрæгты цот, баиу уæд нæ фæнд...
Æгъгъæд, æрра! Нæ зæрдæйы кæнонтæ,
Нæ монцтæ махæн чи радта? Хуыцау!
Æнæ уыдон цы уаиккой нæ бонтæ?
Зындон, замана. Амæлæм фæлтау!

1833

* * *

Нырма цы рацардтæ? Чысыл!
Фæлæ дын цастæ 'нтысы, цастæ!
О, сирвæзт монцты арт дæуыл
Æмæ дæ ацарыдта, ахст дæ:
Дæ рухс, дæ фидыцыл – рæхыс.
Уæддæр цы ныфс æмæ цы 'нхъæлæй,
Бæллицы сау цагъар, цæрыс?
Ды худые, донычызг, кæл-кæлæй,
Ды Магдалинæйау кæуыс!

1824-1825

СТЪАЛЫТÆ

Бæрæг у ме стъалы, бæрæг у,
Рæвдауы мæн.
Кæс-ма, мæ сыкъа та æрдæг у:
Æркодтон сæн.

Мæнæйуый, карнайæн йæ цæфтыл
Кæл-кæлæй худ.
Нæ зæххыл нæ - уæлвонг, уæлæрвты
Цæры мæ уд!

Ныр та, мæ зæриндзыкку, нуазын
Дæ былтæй сæн,
Æмæ ма стъалытæн сæ хъазын
Кæм тавы мæн!

АНДРЕ ШЕНЬЕЙÆ

Дымы хъысмæты уад, ысфæлахс дæн йæ быны.
Уæззау у царды уаргъ, æмпъухын æй фыдфыны.
Æввахс у сау ингæн, æхцонæй йæм кæсын:
Уый сиедзæн ме рагъæй мæ хъизæмар, мæ зын,
Мæ рæхыс асæтдзæн, æнусон æнцой ратдзæн,
Мæ уд дзæнæтбæсты йæ рухс бынат æрцахедзæн...
Уæууæй, хъæбæрдзых дæн, цытæ лæхурын ай?
Хæрам дæн а цардмæ, мæсты æмæ тæргай.
Уæддæр мын адджын у, йæ уидæгтимæ иу дæн.
Адзалæй тынг тæрсын; мæ хæлæрттæ, мæ фи дæн,
Мæ уалдзæг, сонты дуг, мæ музæйы хъæлæс,

Кæстæртæ, къабæзтæ - кæмæн сæ уадзон æз?
Дæн цардмæ фидар бает, Амыранау, рæхыстæй:
Фæраз, мæ сидзæр уд, æфхæрд æмæ фыдрыстæн.

1828

Æз иу чызджы бауарзтон.
Йæ фидыц æвирхъау у:
Йæ цæстытæ - стъалытæ,
Тыбар-тыбур, ивæнтæ,
Дзæнæты æрттивæнтæ.
Сæ бахудт, сæ узæлдæй
Цы лæппуйы батавой,
Уый амонд йæ базыртыл
Æрвон бæстæм аскъæфы,
Ыскæны йæ цардцыбæл.
Сæ рухсæй, сæ тæмæнæй,
Сæ тавиц, сæ таласæй
Кæй зæрдæ нæ фестъæлфы
Бындзарæй, æд уидæгтæ,
Нæма рантыст ахæм гуырд.

Æмгæрттæ, æфсымæртæ,
Тæрсын æз, о, басæттон,
Æз ризын æмризæджы.
Цы кæнон, цы ма фæуон,
Æз удæнцой нал зонын!
Мæн систой сæ уæлныхты
Гуырысхотæ, катæйттæ.
О сауцæст, о сауæрфыг,
Цы кæсыс дывæндгæнгæ?
Дæу чи скодта, чи радта?
Дæ авдæн дын чи узта?
Зæд уыд æви зин уыди?
Зæгъон дын мæ риссæгтæ?
Æууæндон дыл? Ма 'ууæндон?
Уæндон æви ма уæндон?

1830

О, цы зæлтæ и, цы зæлтæ!
Ласынц уд-уидæгтæ, зæрдæ.
Саугуырм урс пехуымпар, гæвз
Бахус, батадис ыстонгæй.
Хъусынц ардыд куыйтæ 'рдонгæй –
Схъомпал сау адæмæй фæз.

Бахус, цардвæндæгтыл – арыд.
Мысы: донычызг ын зарыд:
Арвæй стъалытимæ мæй
Касти джихæй, марди дисæй.
Дуне цинæй æмæ рисæй
Бай дзаг, нал кодта фынæй...

О, мæгуыр зæронд... Йæ зæрдæ
Ис йæ фæндыры, йæ зарды,
Уым – æд уидæгтæ йæ хъыг.
Фæлæ... Ехх, бæсты нæ цæуы
Ам йæ сау марой, йæ кæуын,
Ам æбæркад у цæссыг.

О мæгуыр зæронд! Дæ фæндтыл
Сис дæ къух, мæ хур: дæ фæндыр
У куыдз-æрдонгæн æвгъау.
Ис æрвон бæстæйы аргъуан,
Уым – дæ зарæн бынат, аргъ дын
Скæна, чи зоны, Хуыцау.

1841

Иван БУНИН

Ам хох уæлбæстæтæм æххæссы.
Фæкъæртт и арвы къуырф, йæ цъæх
Дæлæмæ суадæттæй æнхъæвзы,–
Йæ дойны басаста мæ бæх.

Сырх пиллон сирвæзти Сæнайыл.
У дуне цардцыбæл, æхцон.
Мæ бæх дæр боны цинæй райы,
Æрцæвы рог сæфтæгæй дон.

1916

ТЫФХЪÆД

Æфтауы дидинæг тыфхъæд.
Фæцæуын Терчы былты, къохы.
Мæ фæрсты: дур-къæйтæ - рæдзæгъд,
Уæлдæр: æвзист уæлæфтау – хохыл.

У йедзаг адджын тæфæй хъæд,
Дон кафы, сонт футтытæ сисы.
Уæлхох та зымæг æмæ саэрд –
Æмвæрстæ: хорз сыхæгтæ систы.

Тыфхъæд ныппумпуси, ныззынг,
Йæ тæф – æвдадзы хос – нæ сысы.
Лæууынц æхсон хæхтæ уырдыг
Æгуыппæг, ирд арвы хъæбысы.

1904

Владимир НАБОКОВ

АТАХТИ УАРЫН

Уарын тæхгæ-тæхын асыгъди сонтаэй.
Сдардтой сæ цырæгътæ цъуйтæ.
Ивылы зарæг,æнхъæвзы бæрзондæй.
Хæрис... Къæбилатæ, цъиутæ...

Уæлдæф – уымæлдзæф, æвдадз у, æлæм у,–
Сцин ысты бæрзытæ, заэтæ.
Сыфтæр – æвзагау, æрзæбул дæлæмæ,
Згъалы дзындзытæ, напмастæ.

АВД ХОЙЫ

Уыдысты улæнтæ хъыхъхъаг,
Тылдысты абухгæ - бæллæхтау,
Æмæ кæсагдзауты бæлæгътæн
Уыди фæдæлдонæй тæссаг.

Фæлæ дын бæлццæттæм уæларвæй
Уæд хотæ ракастысты авдæй,
Хъæмæ сын амыдтой фæндаг...

1918 азы 6 октябрь

Уыд уалдзæг уазал, даргъ æмæ æрхæндæг.
Æдзæм уыд, арф уыд – цады донау – бон.
Дæлиау, малæй, разынди цъæх æндæрг –
Æбæрæг ауон афæйлыдта дон.

Ыслæсти рог, æрбацагайдта уырыл
(Мæ зæрдæ скатай, бафтыди йыл дис)
Æмæ дзыназгæ атыхсти мæ хъуырыл,
Ныззæгæл мыл: дæ хъæбысмæ мæ сис.

1951

Федерико Гарсиа ЛОРКА

ДЫРГЪДОН

Доны сæрмæ
мигътæ 'мæ хæристæ.
Сау фонтантау –
заэтæ, кипаристæ.
Ризгæ зæлтæ -
аргъуаны дзæнгæрæг.
Риссы зæрдæ,
сагъуыд ыл æрхæндæг.
Ацы дыргъдон...
Зæрдæ дзы ныккæрзы.
Туджы суадон
фæндагыл æнхъæвзы.

Фæхабар кæнут ме 'мгæрттæм,
зæгьут:
мæнæйуый нал и,
систа, зæгъ, йæ уд.

Йæ мæрддзыгой, зæгъ,–
сау хъæды бæлæстæ,
йæ хъарæггæнæг –
къададон, рæхснæг.
Зæгъут: кæсы-ма
мардæй дæр йæ цæстæй.
Йæ мæрддзаг, зæгъ,–
æрвон дари, сыгъдæг.
Ыссардта, зæгъ,
æнцой æмæ сæрфад:
ыстъалытæ дзы
загътой, зæгъ, æрвад.

Бес-Уæгъуыры *тæлмацтæ*

АИВАД, КУЛЬТУРÆ

ДУРÆН КУВЫН ÆЗ

ЕДЗИТЫ *Руслан*

МÆ ФЫДЫ ТЫХХÆЙ ЦЫБЫРÆЙ

Едзиты Михалы фырт Сослæнбег райгуырди Ходы хъæуы. Йæ мад æмæ йæ фыд уыдысты фосы æмæ зæххы куыстгæнджытæ. Сослæнбег каст фæци цыппар къласы Садоны. Сабийæ тынг бауарзта ныв кæнын, чингуытæ кæсын, музыкæ. Æхсæрдæсаздзыдæй кусын райдыдта Садоны шахтæйы. Йæ фыд куы фæзиан, уæд загъта: хъуамæ йын цырт мæхæдæг скæнон. Ацыди Петербургмæ, балхæдта сойхъæстæ ахорæнтæ, стæй нывгæнæджы кусæнгæрзтæ,грекъаг барельефты къопитæ. Стыр цырт скодта йæ фыдæн æмæ йæ сахуырста. Ныртæккæ дæр лæууы уыцы цырт Ходы уæлмæрдты. Уый агъоммæ хъæуы цыртытæ нæ уыди. Хъæуы адæмæн цырт сæ зæрдæмæ фæцыд, æмæ кæмæндæрты лæвар скодта цалдæр цырты.

Уый фæстæ арæх цæуын байдыдта Петербургмæ. Иуахæмы та (уый уыдаид 1889–1891 азты) сыздæхти Петербургæй. Бирæ хæссинæгтæ йæм уыд æмæ Ходæй раласта хæрæг Алагирмæ æмæ йæ уæргътимæ цыди фæстæмæ Ходмæ. Æхсæвы тæрккъæвда рацыд, æмæ Мызуры сæрмæ дурты лæсæн ракалди. Куы 'рбабон, уæд адæм фæндаг сыгъдæг кæнын райдыдтой дуртæй. Ацы ран Сослæнбег сæмбæлди Хетæгкаты Къостаимæ. Къоста уыди саргъы бæхыл Дыууæ лæджы базонгæ сты, фæндаг сыгъдæг кодтой иумæ. (Уæд Къостайæн йæ «Ирон фæндыр» нæма рацыд, æмæ ахæм курдиатджын лæг у, уый бирæтæ нæ зыдтой).

Фæстæдæр мæ фыд Сындзыхъæуы райдыдта чысыл хæдзаргонд (времянкæ) аразын. Куы сræвдз, уæд нæ бинонтæ ралыгъдысты уырдæм.

Иу рæстæджы мæ фыд йе 'мбæлттимæ ацыди Гуырдзымæ хæдзæрттæ æмæ систæ амайынмæ. Дыууæ азы фæстæ æрыздæхти фæстæмæ æмæ райдыдта дыууæуæладзыгон хæдзар аразын

хуымæтæджы дурæй. Хæдзары раз скодта гарна-чъырсудзæн. Райдыдта кулдуар амайын дæр. Арæх нæм цыди Тауаситы Сослæнбег. Мæ фыд æй ахуыр кодта дуры куыст кæныныл. Æртæ мæйы фæстæ загъта, уарзын скульптурæ, фæлæ ахæм уæззау куыст нæ фæкæндзынæн, зæгъгæ. Мæ фыдæй кæстæр уыд иу фынддæс азы.

1910 азы нæ хæдзар арæзт фæцис. Уынæг æм' цыдысты бирæтæ. Иу хатт та нæм æрбацыдысты бельгийæгтæ. Бирæ фæкастысты хæдзармæ, уый фæстæ фынджы уæлхъус дзурын райдыдтой немыцагау. Дзырдтой, ацы лæг, дам, Бельгийы куы райгуырдаид, уæд йæ ном дардыл айхъуыстаид. Нæ сыхагæвдакат Дзиуаты Куыдзи бадти семæ (юридикон скъола каст фæци Берлины), зыдта немыцаг æвзаг æмæ бельгийæгты ныхæстæ тæлмац кодта. Бельгийæгтæй иу афтæ, ахæм хæдзар æмæ кулдуар, дам, ам дæр æмæ Бельгийы дæр не ссардзыстут. Бельгийæгтæ ныууагътой сæ адристæ, мæ фыдæн загътой: Бельгийы куы уай, уæд дын фысым уыдзыстæм Хæдзармæ ма фæкастысты, стæй бафарстой: цы хъуыды ис хæдзары барельефты. Мæ фыд загъта, æз, дам, дæн Хуыцауыл æууæндæг лæг æмæ дзы равдыстон Уастырджийы хуыз, ирон адæм, дам, кувынц Хуыцау æмæ Уастырджимæ. Дыккаг ныв– ирон сылгоймаг фæндыримæ. Уарзын музыкæ, дзырдта сын мæ фыд, мæхæдæг дæр, дам, цæгъдын фæндыræй. Æртыккаг ныв: ирон сылгоймаг хъамаимæ, йæ фарсмæ – нæлгоймаг. Сылгоймаг кæд хъамаимæ ис, уæддæр æй хъахъхъæнын хъæуы. Уынджырдыгæй хæдзары фарсыл ис бæгънæг сылгоймаджы ныв. Йæ сæрмæ – та лæг æд гæрзтæ: ома рæсугъддзинад хъахъхъæнын хъæуы.

Бельгийæгтæ бирæ арфæтæ фæкодтой мæ фыдæн, стæй ацыдысты.

Мæ фыд систæ амадта алкæмæнты, йе 'мбæлттимæ хæдзæрттæ кодта æмæ уыдæтты руаджы кулдуар æрдæгамад фæци. Абоны онг дæр баззад афтæмæй.

Ралæууыди 1929 аз, райдыдтой колхозтæ аразын. Мæ фыд колхозмæ радта йæ бæх, йæ уæрдон, йæ цуанон топп. Уыдон та йын «Книжка атеиста» радтой. Райдыдта колхозы аразджыты бригады кусын фæллойбонтыл. Цалдæр азы бакуыста, фæлæ фæллойбонтæн ницы иста.

Нæ хæдзары скодта тасмачъийæ пец. Фæлæ суг цæмæй ластаид, уый нæ "уыди. Бинонты цæмæй дардтаид, уый нæ уыд æмæ горæтмæ рацыди. Цардис æмдзæрæны, куыста «Электроцинчы». Бакуыста дзы 13 азы. Стæй фæрынчын æмæ фæстæмæ хъæумæ æрыздæхти.

1933 азы скодта æххормаг аз. Мæ фыдмæ уыди дзыппыдаргæ сызгъæрин сахат – швейцайраг. Йæ рæхыс дæр – хъазар. Сахат æд рæхыс баивта бедрайы дзаг нартхорыл.

Цот ын уыди цыппар лæппуйы æмæ æртæ чызджы. Хистæр чызг мой скодта, иннæ амарди рæуджыты низæй. Æфсымæртæй дыууæ фæмард сты Фыдыбæстæйы Стыр хæсты. Æртыккаг æфсымæр каст фæци Мæскуыйы ныв гæнджыты институт. Профессор И. Грабарь фыста, Геор, дам, у институты арæхстджындæр портретистæй иу.

1936 азы мæ фыды æрцахстой, Къостайы хуыз кæй скодта, уый тыххæй. Йæхæдæг афтæ дзырдта: бауæндыдтæн, газетты æмæ журналты цы фыстой, ууыл æмæ фæрæдыдтæн. Дзырд радта, куы ма рацæуа ахæстонæй, уæд Къостайы хуыз кæй никуыуал скæндзæни. Цыппар мæйы фæстæ йæ рауагътой.

1939 азы мæ фыд райдыдта пеней исын 15 сомы, радтой йын хæрæг дарыны бар. Дыгуры комы Доныфарсы хъæуы кæмæндæр цырт скодта æмæ йын хæрæг балæвар кодтой. 1943 азы мæ фыдæн пеней нал фыстой: хъæуы цæрджытæн, дам, не 'мбæлы пеней. Мæ фыд лæдзæг скодта æмæ йыл ныффыста: «Работаю как эшак, а живу кау дурак». Ис æм йæхи ныв дæр дурæй конд. Фыст ыл ис: 1943. Æндæр лæдзæгыл та ныффыста: «Богатый брат бедному враг, кто не верит тот дурак».

1945 азы мæ фыд райдыдта Хурхоры Уастырджийы дурыл Уастырджийы хуыз кæнын. Хурхормæ цыди бæгъæввадæй. Скодта къахвæндаг кувæндонмæ. Æххуыс ын кодта сындзыхъæуккаг Мæрзойты Сталин. Сослæнбег Уастырджийы хуыз куы арæзта, уæд æм-иу арæх æрцыдысты, фарстой-иу æй, чи дын радта ацы куыст, æхца дын чи фиддзæн æмæ а.д. Уый сын дзырдта: æхцайыл нæ кусын, хъыгдаргæ дæр никæй кæнын.

1947 азы нæм æрцыдысты Аивады министрадæй æмæ мæ фыды куыстытæй дзæвгар аластой. Æхца йын 1300 сомы рафыстой æмæ дзы балхæдта иу голлаг нартхор.

Фæстæдæр мæ фыдæн радтой сгуыхт ныв гæнæджы ном. Стыр æгъдау ын скодтой. Фынджы хистæрæн бадти фыесæг Мæрзойты Сергейы фыд Темырци.

1948 азы нæм уазæгуаты уыди Тауаситы Сослæнбег. Бирæ фæныхæстæ кодтой мæ фыдимæ/ Мæ фыды къухтæй загъта хъазгæйæ, ацы сау къухтæ, дам, мæнын фæуæлахиз сты аивады. Уый уыди сæ фæстаг фембæлд марксист Тауаситы Сослæнбег æмæ мæ фыдæн.

1949 азы Геор каст фæци ныв гæнджыты институт æмæ хъæумæ æрцыди Тугъанты Махарбегимæ. Мæ фыдимæ сæ хуыз

сметой иумæ. Махарбег мæ фыды сурæт скодта сангинæйæ, лæмбынæг фæкасти хæдзармæ, стæй загъта, цалцæг кæнын, дам, æй хъæуы, уынынмæ, дам, æм цæудзысты, ирон адæм куынæ фесæфой, уæд.Мæнæн, дам, мæ бон нæу æхцайæ фехъуыс кæнын.

Хурхоры Уастырджийы дурыл мæ фыд фæкуыста суанг йæ амæлæты онг – 1953 азмæ.

Ирон аивадиртаеджытæ бинонытæй нæма раиртæстой Едзиты Сослæнбеджы сфæлдыстад, аргъгонд ын нæма æрцыди кæронмæ. Ныртæккæ бирæ фыесынц йæ хæдзарæй музей скæныны тыххæй, фæлæ ныхæстæй дарддæр хъуыддаг нæ цæуы.



Сослæнбег йæ бинойнаг Гумæ, йæ чызг Верæ æмæ йæ фырт Руслæнимæ.1949 аз.

Туганты Махарбегимæ

Едзиты Геор йæ фыд Сослæнбеджы цыртыл кусгæйæ.
70-æм азты райдиан.

Ходы хъæуы уæлмæрдтæ.

БИАЗЫРТЫ Кромвел,
БИАЗЫРТЫ Людмилæ

ДУРЫ-ИУ БАУАГЪТА УД

Ходы хъæу æрæнцад хохы цъуппыл Садоны æрзæткъахæны сæрмæ. Уырдæм ссæуынæн, цалдæр раны æрулæфгæйæ, бахъæуы дзæвгар рæстæг. Бæрзæмæ уагъылыйæ æмбæрзт фæхстæй сирвæзгæйæ разыны зæлланггæнаг гом тыгъдад. Æдзæрæг, æмыр бынат. Цалдæр чысыл хæдзары.Сæ царды бонтæ цыбыр кæнынц зæронд æрзæткъахджытæ. Аргъуан æмæ скъолайы хæлддзæгтæ, мæсгуыты баззайæццæгтæ...

Зын бауæндæн у, ам 1893 азы бирæ адæм кæй цард, уый. Уыцы аз хъысмæты фæндонæй Ходмæ æрхауд Стыр Мæликк Алыксандры фырт Гиуæрги – уæззау низæй рынчын, хосгæнæн ын нæ уыд, балцы æрцыди Кавказмæ. Уыцы æрцыд мысынæн æмæ хъæуы бардуаг Уастырджийы номыл 1900 азы саргъуыдтой дины скъолайыл. Дзæуджыхъæуккаг хуызисæг Руднев Димитрийы рагон къамтæ нын æвдисынц уыцы цау – уыдысты дзы Терчы администрацийы минæвæрттæ, Мæздæг æмæ Дзæуджыхъæуы епископ Владимир – сæ сæргъы. Иу къамы дзы – аргъуаны рæбинаг хайы (альтары) нывæфтыд æмбондбыру, иннæ къамты – скъолайы агъуыст, хъæдын дзæнгæрæгдоны, йæ алыварс лæууынц адæм дзыгуырæй, Тхосты егъау дур, цæрджытæ йæ хуыдтой Уастырджийы дур.

Хъæуы истори ма зындгонд у ноджыдæр иу номæй: цытджын аргъуыды чи уыд, уыдон æхсæн æнæмæнг уыдаид Едзиты Сослæнбег, дорасæн[1] -примитивист, нырыккон ирон мемориалон æмæ тæрхæгон дорасæнады бындурæвæрæг. Ходы хъæуы райгуырд æмæ царди, цалынмæ XX æнусы райдайæны Сын-

[1] Дорасæн – рагон дыгурон дзырд, амоны: дуртæй нывтæгæнæг-скульптор.

дзыхъæумæ нæ ралыгъд, уæдмæ. Ходы хъæуы баззадысты йæ фыццаг куыстытæ дæр – цыртытæ. Ам фæзынд Уастырджи-Уаз Гиуæргийы фыццаг композиции дæр. Æвæццæгæн, Уазæмæ Дæсны-нывгæнæг, Ходы хъæуы фембæлгæйæ, кæрæдзи бамбæрстой æмæ никуыуал фæхицæн сты суанг нывгæнæджы мæлæты онг.

Едзиты Сослæнбеджы биографийы легендæтæ фылдæр ис æцæг документтыл æнцойгæнæг цаутæй. Легендæтæ байдыдтой Ходæй. Мæнæ дзы иу – радзырдта йæ хъæуы зæронд цæрæгRæмонаты Сона...

Тхосты рагон дурыл, хæлд скъоламæ хæстæг, ныр дæр ма фенæн ис, гæзæмæ чи зыны, ахæм нывтæ – дзæбидыр æмæ фыры сæр. Дурæн фæлтæргай у йæ конд, æмæ йыл цæрæгойты нывтæ уæллаг тарбын цъарæй æрхызтысты дæллаг урс цъармæ. Уыдонæн фенхъæлæн ис æрдзы æнахуыр хъæзтытæ, фæлæ, Сонайы ныхæстæм гæсгæ, ам фыццаг хатт æруад Сослæнбеджы сарт, Сослæнбеджы уды фыццаг хатт райхъал дорасæн. Ацы нывтæ, дам, дурыл æппæты фыццаг разындысты сæхигъдауæй, ома сæ «хъæуæн балæвар кодта Лæгтыдзуар йæхæдæг». Сослæнбег, дам, сæ æрмæст фергомдæр, фæирддæр кодта, ахсджиаг цæрæгойтæ, дам, йе 'рмдзæфæй сæ хуыз скалдтой æххæстæй, кæронмæ.

Ход ахæм бынат у, æмæ адæймагмæ цырын кæны дуне пластикой уагыл æнкъарыны миниуджытæ, хуызтæ уынæм контрастонæй, фæзыны нæм монументалон уæрæх хъуыдыкæнынад Ахæм бынатæй рацæуы архитектор, дорасæн.

Ход хæстæг у арвмæ. Хæхтæ сæ митæхгæд къæдзæх-тигътæ хæрдмæ сдардтой, фæлæ тыгъдад не 'рбакъуындæг кодтой. Алы къахдзæфæн дæр дзы алы хицæн дурæн дæр йæ фæстæ хъазы тæмæнкалгæ æрвхуыз дуне, хаттæй-хатт æй ахъулæттæ кæнынц æврæгътæ, дымгæ сæ' арвы къуырфыл куы сцæвы, уæд, Ам уæлдай ницы ис, алцæмæн дæр дзы йæ ран амынд у Сфæлдисæгæй æмæ адæймагæй. Хæдзæрттæ, уæрхмæ ныйиваæзгæйæ, цыма хæхты мидæг ныссагъдысты, сты æрнæг дурæй амад; мæсгуытæ – наутæн фæндагамонæг цырагъцæджындзтау бæлвырд æмæ зонджын конструкцитыл арæзт. Ам дур – æрдзон аразæн æрмæг – амоны æмæ бæрæг кæны архитектурой æмæ дорасæнадон фæлгонцы авналæнтæ.

Едзиты Сослæнбег раздæр сси дургæнæг, аразæг, уыцы дæсныйад райста йæ фыдæй. Иæ фыд Дзиг та цахæм дургæнæг уыд, ууыл дзурæг у, йæ бинонтæн кæй самадта, уыцы егъауæмæ цæстыахадгæ хæдзары бындур (æндæр дзы ницыуал баззад, иннæ ныккалд).

Йæ фыдæй цы дæсныйад райста, уымæй равзæрд Сослæнбеджы сфæлдыстады архитектурой æмæ дорасæнадон хæдхуыз синтез : фыццаг уал зæппадзы архитектурæ къуыпных (рельефон) цыртимæ, фæстæдæр – оригиналон нывæст хæдзар дорасæнон уæлæмхасæнтимæ.

Æхсызгон у цæст æмæ зæрдæйæн, Сослæнбеджы цыртытæ Кавказы æндæр орнаменталон цыртытæ æмæ номарæн дуртимæ куы барай, уæд. Уыдон, уыцы дуртæ, сты хæрдмæхъил, ис сыл стилизацигонд орнамент – уый нын цыма æвдисы адæймаджы фигурæтæ. Цыртæн йæ цъупп хуры зиллачы хуызæн; сылгоймаджы марды дурыл ис риуы къæпсыртæ, нæлгоймаджы марды дурыл та – бæрцытæ. Цыртæн йæ бинаг хайыл фæлдыст дзаумæттæ: пирæн, хуыйæн машинæ, хæсгард – сылгоймæгтæн; бæх, хъримаг, хъама – нæлгоймæгтæн. Сослæнбеджы тæккæ рагондæр цырт фæлхат кæны уыцы традицион формæ. Фæлæ йæ фарсмæ чи лæууы, уыцы цырт сси адæймаджы фигурæйы хуызæн: бæлвырд-бæрæг уæхсчытæ, бæрзæй. Цыртыл баззад графикой ныв, фæлæ йæ формæйæ тырны адæймаджы буары æнгæс суæвынмæ. Диссаг уый у, æмæ дорасæны скæнгæ цыртыты композиции æмæ фæлгонцты эволюцийы кæй разынд скифты-аллонты-ирæтты традицион номарæн цырты рæзты бирææнусон истори.

Цырт у зæххы ныссадзгæ цирхъы хуызæн: уымæн (Хæсты хуыцауы хуыз æвдисы) табу кодтой скифтæ æмæ аллонтæ, нывондæн ын хастой бæхтæ, уацайрæгтæ. Сослæнбеджы фыццаг цыртыл адæймаджы сурæттæ(нывтæ) кæмдæрты зæрдыл лæууын кæнынц, скифаг обæуттыл чи лæууыд, уыцы цыртытæ, Стъараполы историон музейы чи ис, уыцы аллойнаг зæппадзы гуырыкæндтæ.

Æрæджиау кæй скодта, номарæн атрибутикæйæ пайда кæнгæйæ, бинонтæ хъуыдыгонд иконографи кæм ис, архитектурой æмæ декоративон фæтк кæм бахъахъхъæдта, уыцы уацмыстæ та æнахуыр хуызы зæрдыл лæууын кæнынц антикон заманы æмæ византиаг цыртытæ. Нывгæнæджы армæн йе змæлд амыдта: кæд аллонтæн сæ паддзахад, сæ историон зæххытæ, сæ культурой хæзнатæ æмæ суанг сæ ном дæр фесæфт, уæддæр адæммæ чи-баззад, ног фæлтæртæм чи хызт, уыцы фарн хъуамæ иу хæрзвадат заманы сног уыдаид, цалдæр дуджы сфæлдыстадон хъарутæ йæхимæ чи 'рбамбырд кодта, ахæм нывгæнæгмæ.

Нывгæнæн аивадимæ Сослæнбег балымæн Ирыстоны бирæ аргъуанты дины хуызфыссынады фæрцы. Уый хорз зыдта Нузалы кувæндоны фрескæтæ, Алагиры аргъуаны нывтæ æмæ иконæтæ.Сослæнбеджы уацмысты сæйраджыдæр ис дыууæ тем-

æйы: «Голгофæ» æмæ «Калмы тыххæй Гиуæргийы диссаг». Уыдон æм фæзынынц цыртытыл, фæстæдæр æм сваййынц декоративен æмæ тæрхæгон композициты темæтæ. Ходы хъæуы цыртытыл фæндырдзæгъдæг сылгоймагæмæ хосдзауы ныв скæнгæйæ, цыртæн йæ уæллаг хайыл та сарæзта драматикон «Голгофæ». Сослæнбег йæ фыды ингæныл 1901 азы цы цырт сæвæрдта, уым калмыл уæлахиз кæны Уастырджи. Паддзахы герб – дысæрон цæргæсы сау æндæрджы ауон Уастырджи кæй лæууы, уый дзурæг у Сослæнбеджы фыды биографийы цавæрдæр цауыл, уымæн æмæ цырты композицийы дзæгъæл хуымæтæджы ницы вæйы. Цыртыл алы дзаума дæр, алы фæзилæн дæр кæнæ хъуамæ уа номарæн-мысæн æгъдауы атрибут, кæнæ марды професси, йæ куыстæмæ йæ митæ бæрæггæнæг. Ацы цырт нын дæтты нывгæнæджы фыды тыххæй уæлæмхасæн зонæнтæ: йæ райгуырды æмæ йæ амæлæты азтæ – 1837–1901, бинонтæ йæ цы номæй хуыдтой, уый – Дзиг. Æнæуи та зындгонд у дыууæ номæй – Тотеко æмæ Михалæй.

Сослæнбегæн йæ фыццаг куысты дæр уыди хуыз. Фæстагмæ хуыз сси йæ аивадон æвзаджы æнæскъуыйгæ хай. Ходы хъæуы цыртыты рельеф æм нырма уæлæнгай (лæгъзгомау, тъæпæнгомау) у, уымæ гæсгæ дзы Сослæнбег фылдæр йæ хъус дары хуызмæ. Æмæ кæд æппæт цыртытæн дæр сæ хуызфыст нæ баззад, кæм баззад, уым та гæбæзтæй, уæддæр Сослæнбеджы хуызфыссынад раст бамбарынæн фадат дæттынц рагон рох уæлмæрдтæ, уымæн æмæ сын сæ хуызфыстмæ ничи 'внæлдта, ничи йæ ног кодта. Нывгæнæг пайда кодта сырх, цъæх, сау, урс, æрвхуыз, бур ахорæнтæй Фæныкхуыз дуртыл æппæт хуызтæ дæр бадынц ирдæй, фæлæ хиуылхæцгæйæ, тынг нæ хицæн кæнынц æрдзон хуызтæй (кæрдæг, арв æмæ дурхъуынайæ). Хуыз Сослæнбегмæ хæссы символикой «уаргъ», уыцы символикæ райхалынæн нын ахъаз кæны æртæ хуызæй конд ирон национ тырыса. Цалынмæ йæ официалон хуызы нæ банымадтой, уæдмæ-иу сырх, бур æмæ урс уадздзæгтæ бабастой кувæндоны бæлæстыл, нывонд фосы сыкъатыл Сослæнбег традицион ирон символикæмæ бафтыдта чырыстон элементтæ.

Сослæнбеджы конд цыртытыл фон фылдæр хатт у æрвхуыз кæнæ урс, фæлæ ма вæйы фæлмæн кæрдæгхуыз цъæх дæр. Уыцы хуызтæ бает сты арвимæ, мæрдты дунеимæ, нывгæнæг йæ хъайтарты æвдыста уыцы дунейы къæсæрыл лæугæйæ. Сау хуыз фыдохы хуыз, æнæцудгæйы æмæ фидары хуыз. Сау кæрдæнтæ сылгоймагыл, сау цухъхъатæ нæлгоймагыл Сауæй ахуырст сты цæсты кæрæттæ, рихитæ, топпытæ, хæрзиуджытæ. Фæлæ хъама арæх вæйы урс, уымæн мыйаг нæ, æмæ æвзистæй у, (хицæн æвзист хæйттæ уыд топпытæн, дамбацатæн дæр), фæлæ уымæн, æмæ дзæнгæлгæнæг у æрвон рухсы хуызæн. Сырх хуыз – хæстхъомы, лæджыхъæды хуыз, уымæ гæсгæ топп æмæ дамбацайы дзыхтæ, бæрцыты сæртæ сырхæрттывд фæкæнынц, фæлæ ма уымæй дарддæр сырх хуыз у тыхджын æнкъарæн, уарзт æмæ уарзон адæймаджы бахъахъхъæныны хуыз. Ходы хъæуы арæх адæймаджы фигурæйы алыварс æртыхеы рельефон æрдынæг, у сырх ахуырст. Цыртытæй иуыл, нæлгоймаг æмæ сылгоймаджы нывтæ кæуыл ис, ууыл та сырх хуыз у интимон мотив аразæн фæрæз.

Уыцы дуры хуызтæ се 'ппæт дæр æрызгъæлдысты, рахатæн ма дзы ис æрмæст: сылгоймаджы кæрдæн æмæ нæлгоймаджы худ, уыдысты сау (зынынц ма дзы кæрдæны сау хаутæ, сау роны нывæфтыдтæ), къаба уыди бур. Сырх хуыз хуыздæр баззади нæлгоймаджы цухъхъайыл, сылгоймаджы къабайы риуылдарæн дзаумайыл Сылгоймаг йæ рахиз къухæй хæцы фæндырыл, йæ галиу къух æрæвæрдта йæ лæджы уæхскыл Нæлгоймаг сылгоймаджы йæ рахиз къухæй æрбахъæбыс кодта, йæ галиу къухæй хæцы йæ астæуыл бает хъамайыл. Тымбыл хæларæнгæс цæсгæмттæй æнкъардæй кæсынц цæстытæ: уарзæгой æмкъæйтты фæлгонц. Цыртыл цы фыст уыд, уый нæ баззад, æмæ ахæм композици кæцæй æмæ цæмæн равзæрд, уый тыххæй бæлвырд нæ бон ницы у зæгъын Кæрæдзи чи æрбахъæбыс кодта, ахæм сылгоймаг æмæ нæлгоймагыл ма фембæлæм Сындзыхъæуы – Сослæнбеджы хæдзары къулыл Уым Сослæнбег равдыста йæхи æмæ йæ бинойнаджы. Цыртыл ахæм интимон интонаци нæм æнахуыр кæсы: мемориалон композици вæйы официален парадон портреты хуызæн, хъуамæ хиуылхæцгæ уа. Чи зоны, сырх хуыз ам амоны канд уарзт, хæстæгдзинад нæ, фæлæ ма кæрæдзи бахъахъхъæнын дæр. Чи зоны, дыууæ къайы дæр амардысты, сæ бинонты ном æмæ намыс хъахъхъæнгæйæ, гæнæн ис, уой, æрыгонæй чи фæхъуыд, ахæм æмкъæйттæ. Иу хабар гуырысхойаг нæу: уыцы æмкъæйтты биографийы уыди цавæрдæр трагеди.

Ходы хъæуы цыртытыл ахорæны уæлцъар кæй æрызгъæлд, уый раргом кодта нывгæнæджы хуызфыесынады иу æууæл – Сослæнбег пайда кодта хуызтæ кæрæдзийыл æвæрынæй. Цæсгæмттыл фыццаг уымæ гæсгæ æвæрдта морæ хуыз, стæй йын йæ уæлæ æвæрдта урс хуыз, æмæ сæ фæрстæй бинаг хуыз æддæмæ зынди тарæй. Уый у профессион мадзал, йæ фæрцы-иу цæсгом фæци тымбылдæр, гуырахстджындæр, æрвхуызы бын нывгæнæг арæх фæкæны урс хуыз, æрвхуыз разыны сыгъдæгæй, сваййы æндавагдæр.

Сослæнбеджы цыртытæ сты Ирыстоны бирæ уæлмæрдты, сæйраджыдæр Алагиры æмæ Дыгуры районы. Уæлдай зындгонд сты Сындзыхъæуы цыртытæ. Ам нæм йæ алы ныв дæр кæсы портреты хуызæн, афтæ тынг индивидуализацигонд дзы сты фæлгонцтæ. Иу цыртыл – æнæзонгæ чызг, æрвхуыз къабайы, хуыд ыл ис дидинæг, сау дæргъæццон æфцæггот. Тымбылдзæсгом, ставдуадул, цыбырæлвыд сæрыхъуынтæ, бинаг был гæзæмæ ракъуыпп, зæбулгомау дзыхы къуымтæ цæсгомæн дæттынц æрхæндæг хуыз. Бæзæрхыг, фидар буар, цардæй дзаг. Зына-нæзына у ассиметрион: йæ иу цонг у даргъдæр, йæ сæр æркъулгомау йæ рахиз уæхскмæ, рахизырдыгæй йæ сæрыфаст у пухдæр. Йæ галиу къухы – дидинджытæ, йæ рахиз къухы – чиныг. Æппæт уыцы детальты фæрцы сурæт хызт у æндзыгдзинадæй.

Рæсугъд у сауцæст Санахъоты Галя, нывгонд у йæ гыццыл чызгимæ, Йе 'нæлаз æнцад-æнцой тымбыл цæсгом фидауы йæ уæхсчытæ æмæ йæ сæрыл æппæрст кæрдæнæй, рæхснæг астæу æнгом æрбалвæста рон, хæрдмæ дзы цæуынц къабайы фæлмæн уырынгтæ ссывдтытæ. Йæ мады къабайы цур (раз) гыццыл чызг цардхуыз æвдыст нæу, уый цыма, у, мад суæвын кæмæн нæ бантыст, ахæм сылгоймаджы символ.

Бакастджын, æвæлмаст у Хъайтыхъты Сасинкъа – ирон сылгоймаджы удыхъæд æвдисæг. Хуымæтæджы йæ мыййаг не сфæлдыста Сослæнбег национ дарæсæй, йæ риумæ йын йæ рахиз къух систа – арфæйы нысан. Уыцы фæлгонцæй зæрдыл æрлæууы Нарты Сатана.

Ас адæймæгты сывæллæттимæ кæм æвдисы нæ дорасæн, уыцы нывтæ сты архаикондæр, иконæйы хуызæн: фыд æмæ мад хъæбыс кæнынц сæ сывæллæттæн, сæ фигурæтæ– иувæрсыг, иу нывæстыл арæзт. Сывæллон кæддæриддæр вæйиы йæ ныййарæджы дарæсы цур, йæ сæр – роны онг. Никуы йæ сисынц сæ къухмæ, сæ къæхтæй йын уæлдæр уæвæн нæй. Уый тынг символикой у, уымæн æмæ мæрдты удтæ цы дунемæ цæуынц, уым сывæллон ногæй хъуамæ райгуыра. Цыртыл уый æнхъæлмæ кæсы уыцы райгуырдмæ.

Иу схемæйыл хæст у Сослæнбег, хæсты чи баззад æмæ фæсхæст чи фæмард, уыцы нæлгоймæгты цыртытыл дæр. Йæ алы цыртыл дæр – нæлгоймæгты сау цухъхъатæ, уæлдзарм худтæ, сæ рахиз къухты – ехсытæ кæнæ дамбацатæ, сæ астæутыл – хъаматæ. Фæлæ диссаг у – уыцы композицион схемæйы арæнты характертæн ис алыхуызон градацитæ: æнцад-æнцой, æнæгуызавæ, хиуыл æууæндаг у Хъайтыхъты Сослæнбег йæ æртæкъуымон сау рихитимæ; тызмæг æмæ æхгæдзæрдæ у хæсты амæддаг Байаты Беслæн æрхæндæг æмæ æнтъыснæг у, йæ хъамайыфистон къухæй чи нылхъывта, уыцы Фардзинты Тедо. Уæлдай дисы нæ æфтауынц йæ цæсгом, йæ былтæ æмæ йæ цæстыты хæрзаив, йæ дарæсы детальтæ.

Хъыгагæн, ахорæнтæ нæ баззадысты æппæт цыртытыл. Æрмæст иугай цыртытæ, стæй ма Сослæнбеджы хæдзары рельефтæ фадат дæттынц нывгæнæджы сæрибар хуызфыссæн уагыл дзурынæн: уый канд цæсты кæрæттæ айв нæ ахуырста, астæуæй æвæрдта гагуы, æрзылдта-иу æрфыг, фæлæ ма ныв кодта хинхудтгæнæг, уæрæх æмæ зылынгомау æвæрд цæстытæ, сагъæсæй дзаг, æнкъард цæстытæ.

Цырты бындур у гайла – кæнæ дурæн йæхи бакъахынц, кæнæ йæ самайынц агуыридурæй. Ходы хъæуы, къæдзæхтæ æмæ астæуæнусон гæнæхты, фидæртты æхсæн, цыртыты архитектурой арæзт у зæппæдзтæ кæнæ мæсгуыты хуызæн. Фæстæдæр Сындзыхъæу, Къора, Урсдон æмæ Алагиры уæлмæрдты кæй скодта, уыцы цыртытæн – хæхты рæбынты, дæлвæзты, хъæддаг фæткъуытæ æмæ кæрдотæм хæстæг, дидинкалæг бæлæстæ æмæ къутæрты æхсæн – сæ архитектурæ у цæджындзтыл æвæрд æрдынæджы хуызæн. Утилитарон функци æххæст кæнгæйæ, цырт уымæлæй хъахъхъæнгæйæ, æрдынæг амоны æндæр дунемæ бацæуæн. Æмæ æндæр дунейы къæсæрыл рухс æмæ тары æхсæн йæ хъайтарты æрлæууын кæнгæйæ, нывгæнæг уыдонæн ратты райдзаст, бæрæгбонхуыз бакаст.

Æвæццæгæн, цæджындзтыл æвæрд æрдынæг æмæ уыцы цæджындзтæ гуцъула бæстытæй цæуынц, Ход æмæ Алагиры аргъуанты рæбинаг хæйтты цы быругæндтæ ис, уыдонæй. Уымæй нын цыртытæ нæ зæрдыл лæууын кæнынц чырыстон аргъуанты «сыгъдæг» византийаг стиль. Фæлæ уыцы композици Сослæнбег рацарæзта йæхирдыгонау, бахаста йæм национ орнаменты элементтæ, традицион ирон символикæйы фæлгонцтæ. Райдайæны уый æцæг арæзта ахуырст æмæ быд цæджындзтæ, уыдоныл-иу æрæвæрдта быд æрдынджытæ, фæстагмæ йæм быд гуцъулатæ систы дзыккутæ. Дзыкку цыртытыл æртыхсы бирæ нывты алыварс, сваййы хъæдын лæдзæг, лæдзæгæн йæ сæр та у бæгънæг сылгоймаджы фигурæ. Дзыкку æртыхст Хурхоры кувæндоны монументалон композици, «Уастырджи мары залиаг калм», зæгъгæ, уый алыварс.

Быд дзыкку у магион дзаума, ис ын фыдбылызæй хизæн функцитæ. Дзыкку у дун-дунейы фарн æмæ бæркады мад – Бæсты Мады нысан. Фæлæ дзыкку у калмы хуызæн, калмау йæхи-

мидæг стыхсы цадæггай, уылæнау хилы зæххыл, дзыкку тыхсы сæры алыварс, быры чъылдымыл, уæхсчытыл. Уыцы дыууæ фæлгонцы нын кæрæдзийыл абарынмæ не 'ргом здахынц дорасæны уацмыстæ.

Дзыкку æмæ калм кæм ис, уыцы лæдзджытыл фæлхатт цæуынц бæлвырд сюжеттæ. Фыццагыл уынæм мады, лæдзæджы сæрыл бæгънæг сылгоймæгтæ, лæдзæгæн йæхиуыл та – бæгънæг сывæллæттæ. Дыккæгтыл уынæм калмимæ тохы темæ, уым калм кæддæриддæр у фыд, фыдбылыз, æмæ йыл композицийы кæрон (лæдзæджы сæрыл) фæтых вæййы хъайтар – цухъхъа æмæ нымæты мидæг, йæ астæуыл хъама, хæцы бæхы идоныл.

Фæлæ калмы фæлгонцæн ирон фольклоры дыууæ нысаниуæджы ис. Хъобайнаг бронзæ фæрæттыл (нæ эрæйы агъоммæ II миназы кæрон – I миназы райдайæн) калмы бынат ис дундунейы бинаг ярусы, баст у зæхх æмæ донимæ. Скифтæ кæмæй равзæрдысты, уый уыд калмкъах сылгоймаг – Хуыцау Апи. Ирон фольклоры ис калмы сюжет: йæ комы дары цыкурайы фæрдыг – йæ фæндтæ-фæндиæгтæ сæххæст кæнынæн. Калмыл фæуæлахиз уыдаид æмæ йын йæ фæрдыг байстаид намысджын, сыгъдæггзæрдæ хъайтар.

Дзæвгар адæмон нывæфтауджытау, Сослæнбег хъæдæй арæзта хæдзары мигæнæнтæ, лæдзджытæ æмæ кæхцытæ. Фæлæ сæ арæзта традицион уагыл нæ, фæлæ куыд примитивист, æрмæст йæхи сæрмагонд авналæнтæм гæсгæ. Уыдонæн сæ фылдæр уыдысты цардыуагон дзаумæттæ нæ, фæлæ декоративон хæзнатæ.

Зæрдæмæдзæугæ сты йæ кæхцытæ. Вазыгджын сæ архитектоникæйæ, дорасæнон къæхтимæ, уæрхмæ фæйнæрдæм тыгъд къухтимæ, сæ уæлæ кæронæй нывондаг цæрæгойты (дзæбидыр, саг, фыр, сæгъ) сæртæ, адæймæгты фигурæтæ, уыцы кæхцыты сюжеттыл уынæм тугисыны мотив. Композици фæуы рельефон уадздзæгтæй, ис сыл номарæн текеттæ. Ахæм кæхцытæй иуыл фенæн ис æнæхъæн дуне фыдхæссæг иблистимæ, адæймаджы алы митимæ.

Хъæдæй дæр, дурæй дæр нывгæнæг фæлгонц аразы егъау формæйæ, хицæн цæмæдæртæм йæ хъус нæ даргæйæ. Цымыдисаг у Дзæрæхохты Хадзы-Мураты сурæт. Уæззау хъуынджын нымæтæвдисы ахæм амалæй: нымæты уæлцъар лыстæгæхеныфтау скарста, цыма йæ даргъ хъуынтæй сты, афтæ.

Нывгæнæг-иу бæлвырд адæймаджы куы 'вдыста, уæд лæмбынæг йæ хъус дардта йæ цæсгом, йæ фигурæйы хицæндзинæдтæм, йæ костюмы детальтæм Сослæнбеджы зæрдæ, æвæццæгæн, йæхи тынг ласта мидхæсты хъайтар Дзæрæхохты Хадзы-Муратмæ.

Тугъанты Махарбеджы номыл аивадон музейы сты йæ дыууæ портреты, хъæдæрмæгæй арæзт. Хадзы-Мурат æвдыст у лæугæйæ, уæлахиздзауæй (хъама, топп, ехсимæ). Фæлæ пыхцылрихи, фæтæнуæхск, йæ цæсгомыл æхсары бæрджытæ, уæлдзарм худ æмæ хъуынджын нымæт – йæ уæлæ. Ацы нæлгоймагмæ кæсгæйæ, мах уынæм легендарон адæймаджы фæлгонц. Уæлдай айв у, йæ галиу къухæй ехсыл кæм хæцы, уыцы деталь: йæ сæр бæрзонд систа, лæмбынæг æмæ тызмæг цæстæнгас æлхынцъ æрфгуыты бынмæ. Ехс йæ къухæй æлхъивы, цыма хæстон раздзоджы цыты лæдзæг у, уыйау.

Иукъорд куысты йæм фæзынди Хетæгкаты Къостайы мотивтыл. Къоста æмæ Сослæнбег уыдысты æмдугонтæ (сæ карæй цъус йеддæмæ нæ хицæн кодтой). Алкæмæн дæр дзы аивады уыд йæхи фæндаг, фæлæ ахъуыдыгæнæн ис: Къостайы нывтæ йын уыдысты дæнцæг сæрибар формæтæ фæлдисынæн, тæрхæгон уацмысы вариант. Сослæнбеджы «Æрхæндæг зæд» зæрдыл лæууын кæны Къостайы ныв уыцы номимæ, «Æргъомхæссæг сылгоймаг» та (цалдæр варианты йын дурæй æмæ хъæдæрмæгæй арæзт) – Къостайы æндæр ныв «Дондзау сылгоймаг». Фæлæ Сослæнбег у тызмæгдæр æмæ хуымæтæгдæр.

Сослæнбег уыд æцæг гуманист. Дыууæ хæсты æрæййафгæйæ, уый алыхуызон дардта йæхи 20-æм æмæ 40-æм азты. Мидхæсты заман, Сындзыхъæу урсытæ куы бацахстой, уæд нывгæнæг йæ хæдзары æмбæхста уырыссаг сырх командиры. Хъарманы хъæуы уæлмæрдты баззад цырт, æвдыст ыл сты, урсгвардионтæ кæй фехстой, ахæм бинонтæ, нæлгоймаг æмæ йе 'ртæ фырты. Йæ чысыл фырттæй иуы уæхскыл фыд æрæвæрдта йæ галиу къух, рахиз къухæй амоны хæрдмæ, фондзтигъон стъалымæ – æртæкъуымоны сæрмæ, рахатæн дзы ис Кремлы мæсыджы цъупп. Уыдон амардысты Советон хицауады сæрвæлтау – афтæ нын æмбарын кæны нывгæнæг уыцы бинонты трагеди.

Фæстæдæр хъæуы урсыты бынат сырхытæ куы бацахстой, уæд Сослæнбег йæ хæдзары æмбæхста дыууæ уæззау цæф уырыесаг урс афицеры. Иу дзы уыд хъазахъхъæй, йæ ныййарджытæн иунæг фырт. Сослæнбег ын баххуыс кодта сæхимæ аздæхынæн. Иннæ – уæздæттæй – Сослæнбеджы хæдзары фæцарди фылдæр. Йæ фæд фесæфти 1937 азы. Дорасæн ын бацамыдта йæ дæсныйад. Суанг ма 70-æм азты дæр Хъарман-Сындзыхъæуы зæронд уæлмæрдты фенæн уыд цалдæр Цырты – уыди сыл рельефон нæ, фæлæ хуызджын нывтæ.

Уыцы азты цы цаутæ æрцыд, уым Сослæнбег нæ хæцыд, кълассон принципмæ гæсгæ дзы цы дыууæ дунейы сæвзæрд,

уыдонæй иуы фарс дæр. Сослæнбег уыди нывгæнæг, фæлдисæг æмæ æдæрсгæ æххуыс кодта, æххуысхъуаг-иу чи уыд, уымæн.

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты азты Сослæнбегмæ уыди бæрæг-бæлвырд позици. Уый æмбæрста: нæ адæм тох кæнынц фашизмы ныхмæ. Сослæнбеджы куырыхон зондæмæ развæлгъаузонæг) курдиат разынд, 30-æм æмæ 40-æм азты райдайæны кæй скодта, уыцы куыстыты. Студенецкая Евгения, уыцы азты ССРЦ-ы адæмты этнографийы музейы зонадон кусæг, йæ мысинæгты дзуры: Сослæнбегимæ базонгæ 1938 азы æмæ дзы базыдта лæдзæджы сюжет – советон адæмы тох фашизмимæ. Хъайтар æмæ бæх сæ къæхты бын ссæндынц свастикæ.

«Но это поистине пророческое предсказание не дошло до нас. Когда автор показал его кому-то из сельского руковод¬ства, тот заявил, что Едзиев хочет вовлечь Союз в войну с Германией, отобрал и уничтожил посох».

Сослæнбег Алагиры кæй сарæзта, уыцы хæдзарыл баззадысты фашистон нæмгуыты фæдтæ. Знæгтæ йæ куы æхстой, уæд сæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыди, зæгъгæ, сæ маст исынц, сæ ныхмæ йе сфæлдыстадæй чи тох кодта, уыцы зæронд нывгæнæгæй.

Сындзыхъæу оккупацийы куы уыд, уæд Сослæнбег бавнæлдта йæ тæккæ хуыздæр уацмыстæй иу– монументалон композици «Уастырджи»-йыл кусынмæ (зæронд нывгæнæджы æвидигæ физикон æмæ монон тыхты æвдисæн – уæд ыл цыдис 70 азы). Уыцы уацмысимæ бает у, нывгæнæджы биографийы тæккæ поэтикондæр легендæтæй иу.

...Æртæ боны цыди Сослæнбег хохмæ, Хурхормæ, Уастырджийы кувæндоны цур егъау дурмæ, цæмæй бавнæлдтаид йæ куыстмæ – дурæн кувынмæ. Фæлæ йæм дур нæ хъуыста, йæ коммæ нæ каст. Æртæ бонмæ йын куы ницы бантыст, уæд стыхет йæхимидæг, гуырысхоты хай фæцис: нæ йыл æууæндыд Уастырджи кæнæ йын йæ уæлахизыл йæ зæрдæ нæ дардта, æмæ йын уымæ гæсгæ ахъаз нæ кодта, арфæйы дзырд ын нæ загъта йæ фæнд сæххæст кæнынæн. Йæ ныфс бынтон асаст, æмæ йæм фыны æрцыд Уастырджи. Нывгæнæджы зæрдæрисы аххос куы базыдта, уæд ын загъта: «Сæумæйæ ногæй ссу хохмæ, дæ куыст ацæудзæн!» Æцæгдæр, уый фæстæ йе 'ппæт зынтæ дæр айсæфтысты, Сындзыхъæуы зæронд цæрæг Дауки куыд зæгъы, афтæмæй (уыцы хабар ын Сослæнбег йæхæдæг радзырдта), «дур сси æлыгау коммæгæс, йæ куыст ацыд рог æмæ зæрдæрайгæ».

Ацы легендæ зæрдæскъæф канд уымæн нæу, æмæ Уастырджи нывгæнæгмæ диссаджы цыд кæй æркодта, фæлæ ма уымæй дæр, æмæ фæсномыг хуызы кæй æвдисы нывгæнæджы сфæлдыстадон хъизæмæрттæ, рæстæгмæ кæй фæтыхети, стæй фæстæмæ йæхиуыл кæй фæуæлахиз.

«Уастырджи лæууы Хурхоры хохы цъуппыл. Уырдыгæй дардыл зынынц сыхаг хъæутæ, Урсдон, хохрæбын дæлвæз æмæ хæхтæ – кувæндон кæмæн ахъаз кæны, уыцы зæхх. Уастырджийы тох калмимæ – уый у æнæхъæн архайд, мистери гом арвы бын, уæлвонг фæзуаты, цыма сценæйыл ис, афтæ. Сындæггай æмæ цытджынхуызæй йæ фæстæгтыл слæууыд Уастырджийы урс бæх. Уастырджи егъау, мæстæг арцы бырынкъæй сау базырджын калмы уæззаугомау нылхъывта. Æнцад-æнцойæ, йæ къухтæ кæрæдзийыл сæвæргæйæ, адæмырдæм æрдæгыздæхтæй лæууы ромаг паддзахы чызг Еленæ. Бæрзонд рельефæй Сослæнбег сныв кодта æртæ зæды. Композицийы æппæты уæлета – Бæсты Мады сæр, йæ дзыккутæ æртыхетысты æппæт сценæйыл дæр, хъайтарты фыдбылыз, сар æмæ рынæй хизгæйæ. Уымæн нывонд у амæддаг – сау калм, дæлзæххон дуне æвдисæг. Райдайæны хъайтарты дарæс уыд сырх – хæстхъом æмæ сгуыхты хуыз. Хъыгагæн, «Уастырджи» фæстæдæр ногæй сахуырстой æмæ фæцух хуызты символикæйæ, стæй декоративон фидауцæй дæр.

Хъайтар калмы хуызы иблисы кæй басæтты, уыцы мотив нывгæнæг равзæрста фашизмыл фидæны уæлахизы аллегорийæн. «Уастырджи» у Фыдыбæстæйы Стыр хæсты уæлахизæн, фидæны уæлахизæн уникалон æмæ фыццаг цыртдзæвæн!

Хурхоры монументыл нывгæнæг куы куыста, уæд дзы йæхи фæлгонц, йæхи зæрдæйы æнкъарæнтæ равдыста йæ автопортреттæй иуы – скодта йæ уардихуыз гранитæй. Бæгъæввадæй (бæгъæввадæй цыди Хурхоры хохы дурмæ) нывгæнæг бады дурыл, йæ сæрмæ йæ къух сбыцæу кодта, æрхæндæгæй йе 'рфгуытыл хæрдмæ схæцыд, йæ галиу армытъæпæн æнæбонæй æрхуыесыд йæ уæрагыл. Постаментыл сартæй скъахта «1943».

Сослæнбеджы кæстæр фырт Руслан радзырдта, зæгъгæ, йæ фыд фæндыræй хорз цагъта, фæлæ хæст куы райдыдта, уæд йæ къухмæ иу хатт дæр фæндыр никуыуал райста æмæ иу хатт дæр никуыуал рахызти кафынмæ. Хæсты райдайæны Рус¬лан федта фын, цыма хъæуырдæм тæхынц зæдтæ судзгæ цырæгътимæ, нывгæнæджы хæдзарыл дзы æрæппæрстой дыууæ стъæлфæны. Йæ фыдæм куы байхъуыста, уæд, хæсты йын чи уыд, уыцы дыууæ хистæр фырты, Симон æмæ Алладиныл, хъуыды кæнгæйæ, загъта: «Æз мæ фыртты нал фендзынæн».

Уыдон æцæг дæр фæмард сты 1941 азы.

Ирон адæмы цыппæрæм хай фронты куы уыдысты, уæд Сослæнбег дурæй арæзта куывдтытæ, Фыдыбæстæ бахъахъхъæныны ныфсæй йе 'ргом сарæзта йæ адæмы рагон Сылгоймаг-Хуыцаумæ. 1942-1943 азты уый сарæзта композици «Бæсты Мад»! Дывæлтæр, бирæмасштабон у йæ структурæ. Мидæггаг тыгъдады скодта нæлгоймæгтæ æмæ сылгоймæгты фигурæтæ, уыдон сæ лæвæрттæ нывонд кæнынц Мад-Зæххæн. Иннæ, æддаг фæлтæры та, лæвæрттæ чи кæны, уыдон сæрмæ йæхи æруагъта Бæсты Мад, йæ къухтæй сæ хъахъхъæны дæлимонтæй. Уый, йæ рæмбынкъæдзтæ æхсынынмæ радта дæлимонтæн, йæ буар сын сæ амæддаг бакодта, афтæмæй ирвæзын кæны адæмы.

Зындгонд у: Сослæнбег йæ куыстытæн бирæ ницы иста. Идæдз устытæн цыртытæ арæзта лæвар. 1948 азы Хъарманы хъæуы уæлмæрдты сæвæрдта марды дур йæ хæлар Лазарты Алиханæн: «Мæ номæй йын цырт сæвæрдзынæн, æхца мæ нæ хъæуы». Уыцы цырты тыххæй дзургæйæ, Алиханы чындз ма йæ ныхасмæ бафтыдта: «Æз чындзы куы 'рцыдтæн ацы бинонтæм, уæдæй нырмæ кæсын ацы цыртмæ æмæ дзы мæ цæст не 'фсæды. Цал азы рацыд уæдæй нырмæ!» Тымбылдзæсгом, фидæрттæконд Алиханы фæлгонц ныл æфтауы æнцойдзинад. Лæмбынæг кæсынц чысыл цæстытæ сау æрдын æрфгуыты бынæй, саулагъз рихитæ, цыма гыццыл дзыхы мидбылхудт æмбæхсынц. Рельефы æрвхуыз фон хорз фидауы, дурдзырты алыварс чи ис, уыцы сæрдыгон цъæх ахорæнтимæ. Алихан кæй къæсæрыл лæууы, уыцы дуне нæ маетæмæ фыдохы бын нæ ныккæны. Йæ хуызты символикæ нын æвдисы царды æнусондзинад.

Сослæнбег æмæ хæст – ацы темæ æвидигæ у. Нывгæнæг никуы цардис историйы цаутæй иппæрдæй. Стыр зонд æмæ хъæздыг интуицийы хицау, уый æууæндыд дунейы рæстарæзтыл, фæлдыста, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты истори Уæлахизы кæронмæ æвдыст кæм цæуы, ахæм уацмыстæ. Развæлгъау цы уыдзæн, уый чи уыдта æмæ чи зыдта, канд ахæм аивад нæу. Уый ма у нывгæнæджы позици дæр, дорасæны кусæнгарз ын уыди фыдтыхты ныхмæ тохы хæцæнгарз.

Кæд дзы бирæ легендæтæ ис, уæддæр Сослæнбеджы царды уыд материалон æвдисæндартæ. Уыдон сты, йæ цыртытæ æмæ йæ тæрхæгон композицитыл бынæй кæй ныффыста, уыцы азтæ. Уыдон сты нывгæнæджы сфæлдыстадон фæндагыл бæлвырд ныеæнттау, æвдисынц ын йæ биографийы ахадгæ цаутæ. Уыдон нын, цæвиттон, фехъуыс уыдзысты йæ райгуырды аз фæбæлвырддæр кæнынæн. Азтæ кæуыл фыста, уыцы цыртытæй фыццаг сарæзта 1887 азы. Куыд нымайынц, афтæмæй, Сослæнбег кæд æцæг райгуырд 1879 азы, уæд уыцы цырт скодта астаздзыд сывæллонæй. Ууыл та зын бауæндæн у. Сослæнбеджы хæрз æрвад Едзиты Угъалыхъ дзырдта, зæгъгæ, Сослæнбег марды дуртæ аразын байдыдта ссæдзаздзыдæй. Уыцы нымæц раст æвдисы нывгæнæджы райгуырды аз – 1865 – Сослæнбеджы тыххæй фыццаг публикацийы йæ бацамыдта йæ кæстæр æмдугон, йæ хæлар Тугъанты Махарбег. XIX æмæ XX æнусты æмарæнмæ Сослæнбег бацыд йæ лæджы кары, уыд дæс æмæ ссæдзаздзыд, йæхи æрмдзæф кæмæн уыд æмæ уæдмæ бирæ кæмæн бантыст, ахæм нывгæнæг. Студенецкая Евгенияйы мысинæгтæм гæсгæ, 1938 азы Сослæнбегыл цыди 70 азы. Ууыл æууæндæн ис, уымæн æмæ этнографы ныхас уыди профессиæй, стæй ма йе 'нцой лæууыдысты, Бетъырбухы этнографийы музейæн Сослæнбегæй кæй балхæдта, уыцы куыстыты тыххæй документтæ дæр. Сослæнбеджы куыстытæ хицæн кæнынц иннæ нывгæнджыты цыртытæй. Иннæ дорасæнтæй иутæ куыстой хицæнæй, хибарæй, иннæтæ уыдысты йæ ахуыргæнинæгтæ, аннæтæн ныртæккæ сбæрæггæнæн дæр нал ис.

Сослæнбеджы æмдугонтæй уæлдай курдиатджындæр уыдысты Темыраты фыдæмæ фырт – Темырыхъ (1853–1960) æмæ Темболат (1873–1937), Ирыстоны ма сæ зыдтой куырдтæй дæр. Цы цыртытæ сарæзтой, уыдонæн æнцонæй ис базонæн. Сæ нывтæ сты тынг ныллæг рельефæй конд (суанг дзы ахорæнæй конд нывтыл дæр æмбæлæм), хызт не сты иконографион схемæйæ: фигурæтæн сæ равæрд у фронталон, къæхтæ та здæхт сты фæрсырдæм. Сæ цыртыты сæйраг хицæндзинад кæнгæ у детальтæй. Цыма сæ зæрингуырд скодта, афтæ нывгонд цæуынц сылгоймаджы кæрдæны хаутæ, риуы къæпсыртыл дурты цæстытæ, кæрæдзимæ æввахс цæстыты алыварс ауагъдæуы лыстæг хæххытæ, нывгонд цæуынц æрфгуыты æрдынтæ, нæлгоймæгты сурæтты хæрдмæ здыхт рихитæ. Темыраты æфсымæртæн сæ цыртытæ сты Хæнæз, Фæснæл, Мацутæ, Сындзыхъæу æмæ Дыгуры уæлмæрдты. Сæ иуыл дзы ис Тауитты Майрæм æмæ Хæкъиассæйы нывтæ (бетон дурыл хуызфыесынад, Задæлескы хъæуы), иннæ цырт ис Хæнæзы хъæуы цæрæн хæдзары кæрты Дыгургомы номдзыд рæсугъд Гаматы Нафуайы номыл (ныллæг рельеф). Темыратæ Сындзыхъæуы Хъайтыхътæн скодтой цыртыты æнæхъæн комплекс. Диссаг у уый, æмæ, уыцы иу схемæ нæ ивгæйæ, нывгæнджыты бон кæй баци саразын хъайтартæн сæ удыхъæдмæ гæсгæ алыхуызон фæлгонцтæ. Айв у цыртыты

композицийы ритмикой организаци: кæрæдзи раив-баив кæнынц бур æмæ сау дарæстæ. Урсбын бур ахорæн тынг 'хорз æвдисы фæсмыны хуыз; терракотой фоныл уæзданæй зынынц бур æмæ сау хуызтæ.

Цыртыты автортæй иуы –Темыраты Темболаты – фехстой 1937 азы. Йæ фыд Темырыхъ фæцард 107 азы, фæлæ йæ фырты мæлæты фæстæ дорасæны куыст кæнын йæ бон нал баци.

Сослæнбеджы ахуыргæнинæгтæй иу уыди Хъайтыхъты Зелимхан (1917–1938) . Йæ рельефтæ хусгомау, фæлæ уыимæ декоративон. Йæ цыртытыл ис гуцъулатæ. Йæ алы рельефы дæр – нæ зæрдыл кæй бадарæм, ахæм сæрмагонд деталь, портреты хæдхуыз «дæгъæл». Ахæм у хæрзконд лæг Галаты Сакъойы цыртыл æнахуыр лæдзæг саджил боцъоимæ. Куырæты æдде костюм, къепкæ худ, чиныг æмæ лæдзæг – ахуыргæнæг кæнæ студент кæй уыд, уый бæрæг дары Хъайтыхъты Сафонкайы цыртыл. Уæлдай хæрзвæлыстæй нæм зыны Атайты Зирæт. Сæрыхъуынтæ цыбыр æлвыд, хъуырыл æртыхст сарф, къабайы æфцæгготы цур чысыл бант, рахиз къухы – чиныг. Зирæт амард скъоладзауæй, уымæн æм тынг йæ хъус æрдардта дорасæн бирæ детальтæм, æрыгонæй адæймаг хайджын кæмæй у, ахæм хæрзвæлыст æмæ къленц-фидауцмæ.

Хæстæг сæм у Зелимханæн йæхи цырт дæр. Амарди хæрзæрыгонæй, 22-аздзыдæй, тарнизæй, 1938 азы йæм æрцыдысты ахсынмæ, фæлæ лæппу цырагъау батадæмæ йын бар радтой хæдзары амæлынæн. Уый у йæ иунæг куыст йе 'фсымæр Хъайтыхъты Хъайсынæн. Цырт сахуырста, Зелимханæй ма чи баззад, уыцы ахорæнтæй. Уыдонæн сæ фылдæр æрызгъæлд.

Ирыстоны хуссар хайы, вазыгджын, сæрмагонд архитектоникæ кæм ис, ахæм мемориалон цыртытæй зындгонд уыди Кæркуысты Сикъо.

Фæлæ уæддæр кæй ранымадтам, уыцы авторты цыртыты æхсæн Сослæнбеджы куыстытæ хицæн кæнынц сæ ахадгæ, пластикой формæтæй. Сослæнбег фæд-фæдыл спайда кодта дорасæнады æппæт формæтæй дæр: мемориалон, тæрхæгон, монументален, декоративон.

Сослæнбег архитектурæйы дæр хæдбындуронæй равдыста йæхи. Сарæзта цалдæр хæдзары.

Йе сфæлдыстады тæккæ ахадгæдæр у Сындзыхъæуы йæ хæдзар, арæзт æй фæци 1910 азы. Дыууæуæладзыгон бæстыхай – егъау лæгъзгонд дурæй амад, дыккаг уæладзыджы рудзгуыты æмвæз дыууæ ронæнгæс тæлмимæ – лæууы уæлвонг ран. Хæдзары алыварс быру – лæгъзгонд æмæ дойнаг дурæй.

Кулдуары уæрæх æрдынæгыл ис дурын гуыдыр – æрыгон нæлгоймаджы цæсгомы хуызæн (ирон æгъдаумæræсгæ уазæгыл фембæлы бинонты кæстæр нæлгоймаг).

Кæрты – урс тымбыл дуртæй астæрд фæндæгтæ – дзуары хуызæн. Даргъ фæндаг дзы цæуы кулдуарæй мидæмæ. Хæдзары уазæг, кулдуары æрдынæджы бынты бахизгæйæ, йæ къах баваæры, нывгæнæг ын кæй бацæттæ кодта, уыцы фæндагмæ. Даргъ фæндаг хоны Хуыцауы дунемæ, уый у чъизи хъуыдытæй сыгъдæггæнæн фæндаг. Хæдзармæ чи хоны, уыцы цыбыр фæндагимæ даргъ фæндаг кæм фембæлы, уым ис тымбыл фæзуат – хъуамæ алæууай, сæйраг фасадмæ скæсай, дæ цæст ыл ахæссай, уымæн та æнæбакæнгæ нæй алкæмæн дæр, уæлдайдæр ын фыццаг хатт куы фæуа ахæм фадат, уæд. Йæ тæригъæдтæй чи ссыгъдæг, уыцы уазæджы раз æрлæудзысты нывгæнæджы бинонтæ – дыккаг уæладзыгыл, рудзгуыты æхсæн.

Сæ асæй алыхуызон композицитæ радыгай сæхимæ здахынц уазæджы æргом. Фыццаг уал дæ бауромдзæн «Фæндырдзæгъдæг сылгоймаг»– нывгæнæджы мад, ис ыл æрвхуыз къаба, идæдзы сау кæрдæн, йæ къухты сырх фæндыр. Уазæгæн æгасцуай дзургæйæ, рахызт размæ – иннæ фигурæтæй хъауджыдæр къулæй дзæвгар рахицæн (йæ къæхтæ лæууынц дурын къæсæргондыл). Йæ рахизфарс –æмкъæйттæ, Сослæнбег æрбахъæбыс кодта йæ ус Гумæйы. Дарæсæй хæрзвæлыст, кæрæдзимæ кæсынц уарзгæ, рæвдаугæ, чи сæм кæсы, уыдонмæ та – хинæйдзагæй. Хæдзармæ бахизæнæн йæ галиуварс ис чысыл рельеф Уастырджийы нывимæ. Уый дæр– рог æмæ хæрзвæлыст, фыццаг дыууæ рельефы куыд у, афтæ æмæ уыцы рельефы хуызтæй конд, раст цыма ацы хатт Уастырджи йæхимæ райста рыцары роль æмæ турниры архайы хæдзары æфсины цæстмæ.

Хæдзарæн йæ фасад фæлыст у бынтон æнахуыр æмæ оригиналон рельефтæй Рудзгуыты æхсæн – нæлгоймаг сау цухъхъайы, йæ астæуыл хъама, хæрдмæздыхт схъæл рихитæ йын. Уый у автопортрет. Дæлдæр, фынæй кæны бæгънæг сылгоймаг. Йæ бакаст – æдыхст, æнцад-æнцой. Нывгæнæг уыцы фæлгонцæй равдисынмæ хъавыд фидауц æмæ гармонийы тыххæй йе 'мбарынад. Уый у Сослæнбеджы хæдхуыз «Венерæ».

Цыртытæ куы арæзта, уæд æй цы канонтæ хъыгдардтой, уыдоныл иуварс ахæцгæйæ, Сослæнбег йæ хæдзары рельефтæ аразгæйæ йæхи банкъардта бынтон сæрибар нывгæнæгæй. Æрмæст æцæг фæлдисæгмæ чи вæйиы, ахæм ныфсхаст æмæ къæйныхæй Сослæнбег хæдзары æддаг къултæм цыма рахаста

бинонты альбом; хæдзары мидæггаг къултыл кæй ауыгътой, уыцы къамтæн Сослæнбег се 'ргом скодта уынгмæ, адæммæ — æхсæндзард, дуджы æгьдæуттыл аивæй худти стыр нывгæнæг — реформатор. Иæ хæдзар сфæлындынæн цы сюжеттæ равзæрста, уыдон ахæм ахадгæ разындысты, æмæ сæ Сослæнбег спайда кодта æндæр ран дæр ма — Хосаты Хъамболаты алагираг хæдзары дæр. Ам дæр къултыл рудзгуыты æхсæн сныв кодта фысымы, йæ ус Фатимæйы æмæ йæ фыртты портреттæ. Фатимæ дардыл аивæзта фæндыры тæнтæ. Алагираг рельефты æхсæн новаторон «Автопортрет». Сослæнбег йæхи сныв кодта йæ куысты уæлхъус, йæ къухты дзæбуг æмæ сарт, мадард бæгънæгæй. Уыцы сюжеты ныфсхастдзинад уый мидæг ис, æмæ Сослæнбег нывгæнæджы фæлгонц абарста Сфæлдисæджы библион фæлгонцимæ, уый та, «Зæронд фæдзæхст» куыд зæгъы, афтæмæй уыди фыццаг дорасæн.

Хосаты Хъамболаты хæдзарыл ис Уастырджийы ныв — фысымы портрет æмæ дзæбугхойæджы портретты сæрмæ. Уыдон сты геральдикон уагыл конд чысыл нывтæ — кæддæр Ходы хъæуы кæй сарæзта, уыцы фыццаг нывты хуызæн.

Хæсты фæмард сты Сослæнбеджы дыууæ фырты.

Кæд Сослæнбеджы хæдзар бает уыд Уастырджиимæ, уæддæр ын йæ бон нæ баци йæ хæдзар фыдбылызæй бахизын — фыдæбæттæ æрхауд йе 'ртыккаг фыртмæ, уыдис ын бардуаджы ном — Георгий, ацыд йæ фыды фæдыл, райста нывгæнæджы профессиа, ахуыр кодта Ленинграды аивадон институты, стæй та Грабарь Игоры æрмадзы. 1942 азы, фронты уæззау цæф куы фæци, уæд рацыди госпитæлæй æмæ Нывгæнджыты цæдисы мæскуыйаг хайады æмбырды загъта, зæгъгæ, Сталин бæстæ катастрофæмæ æркодта. Георгий йæ уæлвæд аластой æррадонмæ æмæ бавзæрста репрессивон хæдтулгæйы зындоны зилдухæнтæ.

Сослæнбегмæ уыди чысыл композиции уредойнаг урс дурæй: дыууæ нæлгоймаджы бает сты иу рæхысæй, иу дзы хуыесы мардæй, иннæ йæ уæлхъус лæууы ныфесастæй. Постаментыл ын скъахта йæ ном «Лыгъд лæгтæ». Бæрæг нæу, цы фæци, уый, фæлæ йын бирæ чидæртæ сæ зæрдыл бадардтой, чи дзы хъуыст, уыцы æвæрæз фæдис. Уым разынди фыды мæт йæ фыртты тыххæй. Нывгæнæгæн йе 'нкъарæнтæ равдисын йæ бон уыд дуры мидæг, æмæ уымæй дæр фæсномыгæй. Фæсарæйнаг фашизмимæ тохгæнæг нывгæнæг бынтон æдых уыд, йæхи бæстæйы чи 'рцард, уыцы маммы раз.

Сослæнбеджы цыртыты æхсæн ис канд ахæмтæ нæ, гермайнаг фашиеттæ кæй фехстой. Фыдыбæстæйы Стыр хæсты заман

Ходы хъæуы цы сырхæфсæддон хæйттæ лæууыд, уыдонæй иуы афицер æхста Сослæнбеджы цыртытæ

Йæ хъысмæт хорз нæ рауади Сослæнбеджы алагираг хæдзарæн дæр. 1977 азы зынгирвæзты фæстæ ма баззадысты æрмæст иæ къултæ æд рельефтæ. Зынгирвæзтæй бабын сты нывгæнæджы хъæдæй конд куыстытæ. Трагикон у йæ мемориалон пластикæиы хъысмæт дæр. Хицæн адæймæгты заказмæ гæсгæ нывгæнæг цы цыртытæ арæзта, арæх лæвар кæнæ хæрзчысыл аргъыл, уыдонæн абон дæр ма ис хицæуттæ æмæ сæ афтæмæй бахъахъхъæнæн нæй. Дзæвгар цыртытæ бабын, Къоры æмæ Урсдоны хъæуты æнæхъæн уæлмæрдтæ Урсдоны дыргъдонуадзæн заводы фундаменты бын куы фесты, уæд.

1969 азæй фæстæмæ Тугъанты Махарбеджы номыл аивадон музей цалдæр экспедицийы скодта нывгæнджытæ-примитивиетты цыртытæ сбæрæг кæнынæн. Музей балхæдта Сослæнбеджы тæрхæгон куыстытæ, номхыгъд скодта йæ цыртытæн дæр. Фæлæ нывгæнæджы æппæт бынты хъысмæт алыг кæнын музейы бон нæу.

Нывгæнæджы цард нæ фæвæйиы йæ мæлæтæй. Уымæн йæ цæрæнбон ис йе сфæлдыстады . Сослæнбег баззад йæ автопортреты — зæрдыл æрлæууы астæуæнусон «Хъыггæнæг Чырыстийы» тип, йæ цыртыты, йæ хæдзæртты рельефты. Фæлæ нывгæнæг ногæй амæлы, йæ уацмыстæй искæцы куы амæлы, уæд. Чи зоны, æрлæууа ахæм рæстæг, æмæ ма Аивадон музейы баззайа йæ тæрхæгон æмæ декоративон куыстыты иу чысыл къордæмæ, чи бабын, уыцы цыртыты слайдты чысыл уæлмæрд, Уыцы хъуыддаджы аххоеджын уыдзысты ирон культурæйы æппæт минæвæрттæ дæр — официален хицаудзинад кæмæ ис æмæ кæмæ нæй, уыдонæй алчи дæр.

Сындзыхъæуы кусы 66-аздзыд зæронд лæг Сослæнбег. Æнæхъæн Дыгур дæр ын зоны йæ хæдзар — фидауцы хос ын сты дурæй конд фигурæтæ æмæ барельефтæ. Ам дыккаг ахæм хæдзар не ссардзынæ: дуæрттæ дæр, къултæ дæр, хъæдын цæджындзтæ дæр сты Сослæнбегæн йæхи къухты фæллой. Едзиты Сослæнбег у курдиатджын хæдбындур скульптор. Цæгат Ирыстоны бирæ ис уый конд цыртытæ барельефтимæ. Сæ мидисмæ гæсгæ йæ куыстытæ иууылдæр сты хуымæтæг æмæ зæрдæдзуаг. Нывгæнæг æввахс у адæммæ. Йæ куыстыты 'хсæн

нæй, æнæнхъæлæджы кæй сарæзта, чи нæ хъæуы, чи нæ ахады, ахæмтæ. Иуæй-иутæ та дзы сты адæмон аивадыæцæг шедевртæ.

ТУГЪАНТЫ Махарбег

* * *

Лæдзджытæй зæгъай, кæхцытæй зæгъай, цыртытæй зæгъай — йæ алы куысты дæр Едзиты Сослæнбег æввахс лæууы адæммæ, адæмон сфæлдыстадмæ. Уый адæмон сфæлдыстад канд зонгæ æмæ уарзгæ нæ кодта, фæлæ архайдта йæ бамбарыныл, йæ уидæгтæ йын раиртасыныл, цæстыгагуыйау ын хъахъхъæдта æмæ дарддæр хаста йæ сыгъдæгдзинад, йæ традицитæ. Адæмон аивады мотивты æндæвдад ирдæй зыны Сослæнбеджы сфæлдыстадыл. Йæхи сфæлдыстад дæр ссис адæмы аивады æнæфæхицæнгæнгæ хай.

ДЗАНТИАТЫ Анатоли

Йæ кусæнгарз – дзæбуг

Фæндаггæттæ.

Хъыггæнæг зæд

Дзæрæхохты Хадзы-Мурат.

Куыройдзау.

Хохаг лæг.

Автопортрет.

Бæсты Мад.

ДЗУЦЦАТЫ Хадзы-Мурат

ЕДЗИТЫ СОСЛÆНБЕДЖЫ АВТОПОРТРЕТ

(Куыд дын ис уромæн
дæ монц, дæ туг æмæ дæ рондзимæ?!)
Дæ рахиз къух –
быцæу æвæрд
дæ уæрагæй дæ роцъомæ,
Тыхæй дын уромы,
тыхæй дын уромы дæ сæр
(Дæ саэры сагъæстæн
нæй Тыгьд æмæ Афоны арæн, къæсæр),
Дæ галиу къух
æруагъта йæхи
дæ галиу уæрагыл
(Цыма йæ амад цъæх дурыл
уæ хъæуы сæр рагъыл)–
Тыхæй дын уромы дæ къух,
уромы йæ тыхæй
(Дæ къухтæ дзырдтой хуыздæр
хæрзифтыгъд æвзаггæл дзыхæй),–
Тыхæй дæ уромы Зæхх
планетæ Зæхх –
хауæггаг, хитæг,
Уый уымæн,
æмæ планетæ Зæхх
цæры дæ мидæг, дæ мидæг.

КОСТЫ Лизæ

А И В А Д

Едзиты Сослæнбеджы рухс ном дзы арын

Нæ зары хъаэз – уый кадзитæ дæлзæххæй
Мæстæймараэгау мин хъæлæсæй уасынц.
Æри мын, цæй, дæ къæбæрæй, дæ цæххæй–
Егъау фынгтæ бæрæчетæй куы тасынц.

Егъау фынгтæ бæрæчетæй куы тасынц,
Ды та зæгъыс: «Мыййаг мæ буд нæ мизы...
Сæрæнгуырдтæ сæ хай тыхæй дæр байсынц...
Ам курæггаг лæджы хъуыры нæ хизы».

Æнусон Уалдзæг номхæссæнæн баззад.
Мæ уд – тæлтæг – æнцойдзинад нæ ары.
Зæрин къæвда мæ сæрыл уары, уары,–
Æви мыл уæгъды рог базыртæ базад?!

Куырм дур куы зоны уаз хъæлæсæй зарын,
Къуырма къухæй йын ма фехал йæ зарæг.
Дæу тыххæй æз аккаг дзырдтæ нæ арын,
О, диссæгтæ!- мæ цин дæ, стæй мæ марæг!
Егъау фынгтæ бæрæчетæй куы тасынц...

Ингæны цырт. Ходы хъæу.

Ингæны цырт. Ходы хъæу.

Сослæнбеджы хæдзары хæлддзæгтæ.

Ингæны цырт. Сындзыхъæу.

АЛАЙНАГ ЦИРХЪЫТÆ

Цирхъ рагæй-æрæгмæ дæр уыд лæбурæджы, тыхгæнæджы хотых. Уыдис — æмраст, дыууæкомджын. Йæ нысан рæтъузынæн, рæхойынæн нæу хъамайау, фæлæ æрцæвынæн, æрриуыгъынæн, æрцъыкк ласынæн– йæ уæз дæр уымæн ахъаз уыд,

Иутæ дзы сты цыбыр цирхъытæ — 60–70 сантиметры дæргъæн, сæйраджыдæр сæ пайда кодтой фистæгæфсæддонтæ; даргъ цирхъытæ — 70–90 см, дардтой сæ бæхджынтæ дæр æмæ фистæг æфсад дæр; æрмæстдæр барæджы цирхъ – 90 см.

Цирхъ кадджын хæцæнгарзыл нымад уыд алы бæстæты дæр, алантæ та ма йын раст табу дæр кодтой – уый тыххæй фыста Аммиан Марцеллин IV æнусы.

Алантæм раздæр цы цирхъытæ уыд, уыдон сæм æрхаудтой сæрмæттæй, сæ хæцæнты сæртæ уыдысты къоболаджын, тымбыл. Хæцæнты дæргъ 10 – 13 см бæрц, ома иу къухæй йеддæмæ сыл нæ уыд хæцæн.

Се 'взæгтæ дæр æмраст уыдысты, æрмæст-иу куыдкæронмæ нарæгæй-нарæгдæр кодтой, сæ фындзтæ цыргъ. Кæрддзæмтæ сын арæзтой хъæды лыггæгтæй, хатгай-иу сæ æлдыгъгонд цармы батыхтой, науæд та бæрзы цъары. А.М. Хазановы хъуыдымæ гæсгæ та айдагъ цæрмын кæрддзæмтæ дæр уыд. Сырх ахорæнæй сæ ахуырстой. Дардтой сæ сæ галиуварс, сæ астæумæ сæ фидар кодтой уæхсчы сæрты æфтаугæ гæрз ронтæй.

Уалынджы алантæм сæхи æрхъуыды цирхъытæ фæзынд. Сæ къоболатæ сын кæнын райдыдтой хъæдæй, кæнæ исты зынаргъ æрмæгæй – дуртæй, янтарæй. Хатгай-иу сыл къоболатæ уæвгæ дæр над уыд.

Ацы цирхъытæн сæ дзæвгар фылдæр хай уыдысты дæргътæ, бæхджын æфсадæй хæцынæн. Алы барæг дæр ууыл архайдта,

цæмæй йæ кард уыдаид йæ къухмæ, йæ асмæ гæсгæ – ома дзы хъуамæ бæхыл бадгæйæ зæхмæ ныххæссыдаид. Цыбыр цирхъытæ та алантæм, зæгъæн ис, æппындæр нæ уыд. Уый ууыл дзурæг уыд, æмæ фистæгæй кæй нæ цыдысты хæстмæ, нæ дардтой фистæг æфсад.

Раздæр сæ цирхъытæн сæрмагонд æмдзæхгæр фистонтæ нæ уыд, кæнæ та сын уыдысты хæрзцыбыр. Уый та уымæн, æмæ алантæ сæхи гæнæн æмæ амалæй хызтой цирхъы ныхмæ цирхъ, зæгъгæ, ахæм схæстæй, ахæм тохы бацыдæй – сæ цирхъытыл ауæрстой, цæхгæр састæй сын тарстысты. Куы-иу æрцавтой искæй, уæддæр сæ хъавд ахæм уыд, цæмæй сæ кард макуы нынныхса, ма фæдыууæ дихы уа. Дыууæ къухæй кæуыл уыд ныххæцæн, ахæм цирхъытæ дæр æмбæлд сæрмæттæм – уый хъусын кæны Корнелий Тацит дыккæгæм æнусы райдианы.

Цыппæрæм æнусæй фæстæмæ аланты хотыхты уæз рæзыд, фæтæнæй-фæтæндæр кодтой, сæ фистонтæ фестырдæр сты, æцæг дæргъмæ та къаддæр кодтой. Ардыгæй ахæм хатдзæг скæнæн ис, æмæ алантæ куыдфæстæмæ бæхыл бадгæйæ сæхи кардæй кардимæ хæстæй иуварс кæй нал ластой. Ноджы ма сæ кæрдты цæхгæрмæйы фистонтæ алы зынаргъ нывæфтыдтимæ кæнын райдыдтой авг æмæ смальтæйæ, сызгъæрин цъар сыл æвæрдтой.

Адæмтæ сæ цæрæнтæ раив-баивы куы бацыдысты стыр хъазуатæй, раст уыцы дугты сарæх сты сызгъæринæй конд кæрддзæмтæ æмæ хæцæнтæ, хуызджын дуртæ æмæ эмалæй аивгонд. Уæлдай цымыдисагдæр кæрдтæ ссардæуыд Бруты цур обауы æмæ Зарагижы хъæуы, Кæсæджы. Бруты цы цирхъ ссардтой археологтæ, уымæн йæ дæргъ уæнæхъæн 115 см, йæ кæрддзæм æмæ хæцæныл ис сызгъæринæй цъарæвæрдтæ – алæмæты рæсугъд сты.

Алантæ дæр исбонæй æмхуызон кæм уыдаиккой: сæ хъæздыгдæртæм, се 'взаргæдæртæм дамаскаг болатæй кæрдтæ кæй уыд, уымæн æвдисæн у Теодорих Келикийы фыстæг вандалтæ æмæ аланты паддзах Тразамундмæ (496–523 азтæ). Арфæ йын кæны, дамаскаг кард ын кæй барвыста læварæн, уый фæдыл – хабар уыд Цæгат Африкæйы.

Алантæ цирхъытæ дардтой VIII æнусы онг – уæдмæ сæ пайда кодтой куыд бæхджын, афтæ фистæг æфсæддонтæ дæр. Стæй арæхстысты æрцъыкк ласынмæ дæр æмæ рæхойынмæ дæр, фæлæ сæ уæддæр арæхдæр лыг кодтой – уый та бает уыд, хъæбæр сæргътæ æмæ æхтæнгтæ кæй фæзынд, уыимæ. Уæдмæ сæ уæз дæр снывыл, иуырдæм нал æфсæрста.

Йæ хæцæн дæр æрмæстдæр иу къухæй хæцгæ сси – классикой.

Æнæцымыдисаг нæу, Лæцы цы цирхъ ссардтой, уый – йæ хæцæн у хъамайы сæры хуызæн. Йæ кард куыд дæлæмæ цадæггай нарæгдæргæнгæ цæуы. Кæрддзæм у хъæдæй, сызгъæрин цъарæвæрдтæй фæлыст, йæ ком æмæ дымæг та сты æвзистæй. Пчелина Е.Г. куыд амоны, афтæмæй, дам, æй скодтой VIII–IX æнусты, Каминский В.Н та зæгъы, фарæстæм æнусы дыккаг æмбисы конд, дам, у. Цирхъы асмæ гæсгæ зæгъæн ис, рæтъузыны хотых кæй у, уый. Афтæмæй та уæды рæстæджы дзæнгæлгæнæн кæрдтæ сарæх сты – уæд фæзынд æхсаргард дæр. Чи зоны, уыцы цирхъ уыд фистæг хæстон læджы хæцæнгарз: иуæй, ингæны нæй бæхы дзаумæттæ, иннæмæй, уыцы дуджы хæстытæ фылдæр цыдысты хæхбæсты уавæрты.

Бирæ цирхъыты кæрддзæмтыл бастой алы хæрдоджытæ, цокоратæ. Æмæ, дам, уыдон æрмæст аивдæры охыл нæ уыдысты, фæлæ сын уыд цæстдзыды нысан, кæлæнты ныхмæ ахадыдтой.

Алайнаг гуырд нæртон гуырдау тынг хъал уыд йæ кардæй – йæхицæн дзы ном кодта, йæ адæмæн та дзы кад æмæ намыс хаста.

ÆЛДАТТАТЫ Виктор

ИРОН ХÆРИНÆГТÆ

Алы адæмыхаттæн дæр се 'взаг, сæ хуыз, сæ дарæс, сæ царды уаг куыд алыхуызон у, афтæ алыхуызон сты сæ хæринæгтæ дæр. Ирон адæм дæр фыдæлтæй нырмæ бирæ хæринæгтæ кæнын базыдтой. Сæхи хор, сæхи фос, сæхи фæллойæ цардысты. Хæринаг абонау æлхæнгæ ничи кодта. Сæ къухты æмæ уды арæхсты фæрцы дардтой сæхи.

Фæстаг азты нæ цард сси фылдæр æлхæнгæ хойрагæй. Æлхæнæм сæ дуканиты æмæ базарты, нæхи уæларт сын скæнæн куы вæйиы, уæддæр. Нæ къæбицты арынг æмæ сасир уæлгоммæ æвæрдæй стæм хатт уынæм. Цæрвджын уæлибæхтæ цæхæры фæлмæн фыхæй, цæхæраджын, къабускаджын, картофджын æмæ алы халсарджын чъиритæ та царвимæ, нард хус дзидза хъæдуримæ, кæрдзын, кæнæ хæлтъамæтимæ фыхæй, хъарм кæрдзын мисынимæ, дзыкка, сир, æмыстæ æмæ фиуджынтæ, цывзыдзæхдон хъарм кæрдзынимæ,— фæсарæнтæй ласт зынаргъ хæринæгтæй цауддæр не сты, хæрзаддæр йеддæмæ.

Задæй конд хæрзфых ирон бæгæны, æнхъизгæ къуымæл, хорæй сыгъдæг конд арахъхъ æмæ йæ двайно— уыдон бирæ æдас-æнæниздæр ностытæ сты æлхæнгæ хъылматæй.

1975 азы Ленинградмæ аластон дохтыртæм уæззау рынчыны. Нæ фысым уыдис уым Медициной академийы кусæг — ахуыргонд Тедтойты Æхсарбег. Йæ цардæмбал дæр дохтыр — чызгæй Богъаты чызг (йæ ном ын нæ хъуыды кæнын).

Æхсарбег мын мæ рынчынмæ æрбахуыдта йе 'мкусæг венгриаг дохтыры. Æфсин Богъиан нын скодта ирон къабускаджынтæ. Тæбæгъмæ сыл тад царв æркодта. Венгриаг дзы иудыууæ хайы куы ахордта, уæд тæбæгъмæ кæсгæйæ йæ сæр батылдта, дисы бацыд æмæ афтæ: «Æрмæст ссад æмæ къабускайæ ахæм хæрзад хойраг æз фыццаг хатт уынын!» Фынгыл ма

бирæ цыдæр æлхæд хæринæгтæ уыдис венгриаг ахуыргонд æвналгæ дæр нæ бакодта ирон къабускъаджынты цур.

Нæ мадæлтæ нæ хиконд хойрæгтæй схастой, фæлæ сæм ныр фыцынмæ зивæг кæнын байдыдтам. Нæ иннæ хорз æгъдæуттæ куыд фæцудыдтой, афтæ рох кæнын байдыдтой нæ хæринæгтæ дæр.

Рахизфарсы районы Ныхасы æмбырды рауадис кой ирон хæринæгты тыххæи. Æмбырды лæгты фæндонмæ гæсгæ къорд æфсины æххуысæи арæзт цæуы ацы æрмæг

Хæринæгты сæр уыдис æмæ у хор. Ирон адæммæ зындгонд сты ахæм хортæ: нартхор, мæнæу, хъæбæрхор, хлепа, сысджы, хъуыдалы, еуу. Фыдæлтæ фæстагмæ æнувыддæр систы мæнæу æмæ нартхорыл, уымæн æмæ фылдæр тыллæг дæттынц, фылдæр сæ ис адæймагæн цæрæнхостæ. Еууы тыххæй хъусæггагæй зонæм, ферох нæ. Фыдæлтæ дзы кодтой кæрдзын. Хъæбæрхор, хлепа, хъуыдалы дæр куыд нæ бæззынц, фæлæ хуымзæххы фæзуат уыдис кадавар.

НАРТХОРÆЙ КОНД ХÆРИНÆГТÆ

Нартхор. Бæркадджын хор кæй у, уымæн ыл сбадт ахæм ном дæр— нæртон хор. Йе 'фсиры гага куы фæзыны, уымæй фæстæмæ йын ис хæрæн. Цъæх нартхор цæхæрыл æмæ уæлар-ты фыхæй дæр цы у, уый амонын никæмæн хъæуы.

Дзæрна. Згъæлст нартхоры нæмгутæ доны фæфыц. Йæ гагайы цъар куы аскъуыдтæ уа, уæд хæрынæн бæззы.

Цæкуы. Нартхоры нæмгуытæ тæвд къæйыл кæнæ тебæйы тæнæггондæй къæрцц кæнын куы байдайой, уæд фых сты.

Къæлуа. Фых цæкуытæ куы æруазал уой, уæд сæ фæхты кæнæ æрмгуыройы æрлæхур. Уый у къæлуа— цæкуыты ссад. Хордтой йæ уидыгæй.

Къæлуазмæст. Къусы йæ хуырхимæ сызмæнт. Тæнæг змæст хордтой уидыгæй, сурызмæст та кæрдзынау.

Нартхоры кæрдзын. Згъæлст урс нартхор æрысс къадакуыройы - кæрдзинагæн, ссад тæвд куыд нæ кæна, афтæ. Кæрдзын дурын пецы суджы арты цæхæрыл фыхæи вæйиы фæлмæндæр. Хъарм кæрдзын æмæ хъæбæр цыхт, хъарм кæрдзын æхсыры ссæстæй, хъарм кæрдзын, нард фыд нурыдзæхдонимæ, сойджын басимæ,хъæдуримæ, цывзыдзæхдонимæ, пъамидортимæ.

Хæлтъамæ. Хъæдур фыцы уæларты. Æфсин кæны кæрдзынтæ. Хыссæйæ ратоны чысыл гæппæлтæ, йæ армы сге æрбалхъивы, ныппары сæ фыцгæ хъæдуры, уым сфыцынц. Уыдон сты хæлтъамæтæ. Хордтой сæ хъармæй хуыпгæнинатимæ кæрдзыны бæсты.

Æмыс. Кæрдзынтæ кæнгæйæ хыссæйæ ратон армыдзаг. Стад фиу кардæй лыстæг æркæрд. Хыссæ фиуимæ сæмхæццæ кæн, селагонд дзы акæн тымбыл гуылау. Тæвд къæйыл кæнæ йæ тебæйы сфыц. Уый уæмыс. Хордтой йæ æнæ ахуыйæнæй æмæ истæимæ дæр.

Нартхоры кас. Урс нартхорæй æрлæхур касаг, хонынц ма йæ елцыкк. Балуар æй. Йæ лыстæг – кæрдзинагæн, йæ касаг ын доны ныккæн. Луарæнтæ доны сæр абаддзысты æмæ сæ акал. Касаг донæй слæмар æмæ дзы сфыц кас, пырындзы кас куыд фæфыцынц, афтæ.

Касдон. Нартхоры касагæй хуыпгæнинаг сфыцынц æхсыримæ.

Хамбохъ. Цугуны дон рафыцынхъус куы уа, уæд ыл кæрдзинаджы кæнæ мæнæуы ссад сындæггай луар æмæ йæ змæнт, цæмæй ма баззайа къуыбæрттæй. Цæхх, цывзы, джеджджын, æхсыримæ йæ рафыц, æмæ хуыпгæнинаг хамбохъ цæттæ у.

Нартхоры касæй мисын. Ногдыгъд æхсыр аджы фынддæс минуты фæфыц сабыр артыл. Нартхоры сыгъдæг æхсад касаг ыл ныккæн. Йæ быныл куыд нæ фæхæца, афтæ йæ уидыгæй змæнт, цалынмæ сфыца, уæдмæ. Аг райе пецæй æмæ йæ уадз ныууазалмæ. Уый фæстæ йыл ныккæн æхсырысæртæ, сызмæнт æй æмæ йæ ныууадз æхсæв æмæ бон. Уый уыдзæн нартхоры касæй æнтаугæ мисын. Вæййы туагбын, хæрзад. Ахæм мисын арæхдæр кодтой зианы фынгæвæрдæн, йæ боны хистæй фæстæмæ: Майрæмыкуадзæнты, Бадæнты, сабатизæрты, афтæмæй та дзы адæймаг хъыг нæ кæны алы бон хæрынæй дæр.

Сир. Æгæр туаг куыд нæ уа, ахæм хуырх цугуны рафыцынхъус куы уа, уæд ыл лыстæг лорст кæрдзинаг ссад уæлартмæ зæрдæмæ йæ змæнт, цæмæй ссад йæ быныл ма басудза, къуыбæрттæй ма баззайа. Ссад хуырхимæ хъуамæ сфыца хыссæйау бæзджын. Куы сфыца, уæдæй тæбæгъты æркæн. Йæ астæу ын уидыгæй ныкъкъуырф кæн тæвдæй. Къуырфы æркæн тад царв кæнæ сæкæрдон, æмæ сир у цæттæ. Сир нымад уыдис сылгоймæгты хæринагыл.

Дзыкка. Нæлхæ куы стайын кæнай, йæ царв ын куы сисай, уæд ма дзы аззайдзæни, чи нæуал фæтайы, ахæм сойджын бынтæ. Уыдоныл уæлартмæ фыцгæ-фыцын зæрд лорст ссадæмæ Йæ стауæнæрынцоиæ, æмхуызон фых куыдæрцæуа. Рауайдзгени дзы сирæй сойджындæр хæрдæфсис дзыкка.

Æхсырысæртæй дзыкка. Цугуны кæнæ цуайнаджы сабыр артыл 30 минуты фæфыц æхсырысæртæ, хъæдын уидыгæй сæ змæнтгæйæ. Сабыргай сыл зæрд нартхоры ссад. Æртæ минуты фæстæ ма сæм бафтау дзуллаг дæр. Царв сæ цалынмæ ахъара æмæ фæбурбын уа, уæдмæ сæ фæфыц змæнтгæйæ. Ацы дзыкка дæр хъармæй хæрынмæ хæрзаддæр у.

Дзæрна хъæдуримæ. Фых дзæрнамæ ма бафтау хъæдур, фæфыц сæ иумæ. Цывзы, цæхх, джеджджын, хъæдындз, стад фиуы къæрттытæ ма йыл афтау, фаг сæ фæфыц æмæ дзы рауайдзæни хуыпгæнинаг – дзæрна хъæдуримæ.

Туаг цымгæ. Цас дæ хъæуы, уыйбæрц ссад хъарм донимæ тынг сыстау. Сæхгæн ын йæ сæр æмæ йæ хъарм ран сæвæр. Куы сæнхъиза, уæд æй сасирæй ныффæрсудз. Йæ цъæх ын цугуны фæфыц, цалынмæ киселау сбæзджын уа, уæдмæ. Уазалæй йæ хордтой нурыдзæхдонимæ.

МÆНÆУЫ ССАДÆЙ КОНД ХÆРИНÆГТÆ

Нартхоры фæстæ мæнæу уыдис дыккаг хорыл нымад йæ тыллæджы бæркадмæ гæсгæ. Мæнæу уыд стæмдæр, кадджындæр. Ссадтой йæ арæхдæр къада куырæйтты, уымæн æмæ йе ссад тæвд нæ кæны, бирæ фалгæрон нæ кæны хорæй.

Уæлибæх (уæливых – уæле фых). Лорст дзуллагмæ бафтау содæ кæнæ æнхъизæн. Ныккæн ыл хъарм æхсыр. Скæн дзы хыссæ æмæ йæ ныууадз сæнхъизынмæ. Хыссæ фæхæйттæ кæн чъиривæгтæ. Æртъæпæн æй кæн æмæ йын йæ астæу нывæр фæлмæн змæстæй, чъири цæимæ кæнай, уый: цыхт, картоф, хъæдур, къабуска, нас...

Дзул дæр, чъири дæр дурын пецы суджы цæхæрмæ фыцы хуыздæр – фæлмæндæр. Тæвд уæлибæх хъармæй царвимæ адджындæр, хæрзаддæр у.

Нæ мадæлтæ ма чъири-уæлибæх хуыдтой «дыдагъ» дæр: Дыууæ дагъæй у.

Дыдагъ бирæ цæимæдæрты кæнæн ис. Се сконд у иухуызон.

Фыдджын. Конд у дзуллагæмæ дзидзайæ уæлибæхы хуызæн, фæлæ йын зонын хъæуы йæ фыд дзæбæх æрлыстæг кæнын. Фыдджинагæрыссынц фыдыссæнæй, фæлæ хистæрты ныхасмæ гæсгæ та фæрæтæй карст фыдджинаг вæййы хуыздæр. Карст фыдмæ бафтауын хъæуы нуры, цывзы, джеджджын, стæй йæ

уæлибæхы хуызæн сфыц. Фыдджын дæр фæлмæн фых цæуы дурын пецы суджы зынгты фарсмæ. Хуыйы фыдæй конд фыдджын хуылфыдзаумæттæн у æнцондæр кусæн.

Гуыдын. Кодтой йæ сæрмагондæй кадджын хуынæрвыстæн тортæй уæрæхдæр, цыхтæй йемыдзаг, ахæм бæзджын тымбыд стыр чъири.

Æртхурон дæр гуыдыны хуызæн стыр чъири у, фæлæ цыхт æмæ фиу, æйчытæ, царвæй конд. Хордтой йæ Ногбон æхсæв бинонтæ сæхæдæг хæрдæфсæстæн: «Ногбонæхсæв чи нæ бафсæда, уый афæдзы дæргъы нæ бафсæддзæн». Æртхурон – хуры арт – рухс, хъарм.

Фиуджын. Хæдзары-иу æдзух цыхт нæ разынд уæлибæхтæ скæнынæн. Уæд-иу хæринаг фендæрхуызон кæнынæн кодтой фиуджынтæ дæр. Стуры стад фиу лыстæг скæрдæмæ дзы скæн цыхтджыны бæсты фиуджынтæ.

Лауызтæ. Туагæхсыры дзуллаг сызмæнт. Æйчытæ йыл æрсæтт, чысыл цæхх æмæ содæ... Тæндзæф сæ сызмæнт. Тебæйы царв кæнæ зети рафыц. Уидыджыдзаггай дзы æркæн хицæнтæй тæнæг, селайы йæстæ. Лауызæн йæ иу фарс куы афыца, уæд æй лауыз фæлдахæнæй дæлгоммæ фæфæлдах.

Лауызтæ хордтой æхсырысæртимæ, æнæуи дæр.

Сойыфых. Адæймаг иухуызон хæринагæй хъыг кæны. Уый тыххæй уæлибæхтæ фыхтой тебæйы сойы дæр. Вæйыы фæлмæндæр, хæрдæфсисдæр.

Задын. Зад æмæ дзуллаг ссад иумæ æмхуызон хæйттæй балуар. Хъæрмустæхсыримæ дзы хыссæ скæн. Тебæйы дзы гыццыл лауызтау сойы сфыц. Тæвд задынтæ хордтой нæлхæимæ. Фыдæлтæй нæм æмбисонд дæр æрхæццæ: «Задын адджын у, фæлæ дæндæгтыл хæцы».

Дзуакатæ. Урс дзуллаг ссад æмæ æйчытыл цæхх æркæн. Двайно кæнæ сæ спъирттимæ сызмæнт. Сæкæры хъæстæ сæ фæкæн.Бæзджын хыссæ фæдихтæ кæн. Хыссæ фæдихтæ кæн æмæ сæ хæнкъæлтулæнæй æртъæпæн кæн. Аджы царв рафыц æмæ сæ уым нывæр. Кæрæдзийыл куыд нæ ныххæцой, афтæ сæ фæлдахгæ сфыц Хæрынц сæ уазалæй.

Хæнкъæл. Дзуллаг ссадæй скæн бæзджын хыссæ. Фæдихтæ йæ кæн, тæнæг æй æртъæпæн кæн хæнкъæлтулæнæй. Кардæй тъæпæн хыссæ лыстæг уадздзæгтæ скæрд. Æлхæнгæ хæнкъæлтæй хъæрмхуыпп куыд кæнынц, афтæ сæ скæн хуыпгæнинаг.

Хъæбынтæ. Дзуллаг ссадæй, туагæхсыр æмæ æйчытимæ скæн хыссæ. Адихтæ йæ кæн. Чъири куыд кæнынц, афтæ сын сæ мидæг фæлмæн цыхты змæст бавæр. Уыдзысты тымбылгонд хæлтъамæйы хуызæн. Тебæйы сæ сойы сфыц.

Æхсырыцымгæ. Æхсыр донимæ уæларт рафыцынхъус куы уа, уæд ыл цæхх æркæн, стæй йыл сабыргай зæрд мæнæуы ссад. Йæ быныл куыд нæ басудза, афтæ йæ стау уидыгæй, кæнæ сæрмагонд æртæсаджилон цымгæ змæнтæн къæцæлæй. Фыцын æй хъæуы сабыр артыл. Хъармæй царвимæ у хæрзад.

ÆХСЫРÆЙ КОНД ХÆРИНÆГТÆ

Цæгъдинаг. Хъуг иу кондæн цы æхсыр æркæны, уый хуыйны «догъы æхсыр». Ногдыгъд æхсырæй сывæллæттæн кæрдзынимæ цы дæттыс, уый сын фæхицæн кæн, иннæ сауындз æдасран. Кæд цæгъдинаг æмбырд кæныс, уæд æхсырысæртæ ис æмæ сæ цæгъдинагæн иу мигæнæны æмбырд кæн. Уый хуыйны «цæгъдинаг».

Нæлхæ. Цæгъдинаг хъуылæджы куы сцæгъдай, уæд æй сасирæй ныффæрсудз. Нæлхæ сасиры баззайдзæн, мисын æрфæрсудздзæн. Нæлхæ æрбатымбылтæ кæн æмæ йæ рæстæгмæ уазал доны сæвæр. Уый фæстæ йæ сæвæр тæбæгъы. Уый у нæлхæ.

Царв. Нæлхæ чысыл аджы рафыц. Куыд тайа, афтæ йын уидыгæй ис йæ сой æмæ йæ кæн хицæн къусы кæнæ банкæйы. Уазалы æрсæлдзæн. Уый у царв.

Мисын. Хъуылæджы цагъдæй сасиры фæрсудзгæйæ бынмæ цы урсаг æркæлы, уый у мисын – хъарм кæрдзынимæ иттæг адджын хæринаг!

Къæдор. Мисын куы рафыцай, уæд йæ бæзджынтæ фæхицæн вæййынц. Сис сæ тæбæгъмæ. Уый у къæдор.

Цыхт. Сойджын цыхт бацахсын дæ куы фæнда, уæд æхсырысæртæ исын нæ хъæуы. Æхсыр аджы кæнæ къæртайы уæлкъæй чысыл бахъарм кæн. Хъæдын уидыджы дзаг ыл æркæн сæрмагонд цыхтахсæн (стуры ахсæнæй конд). Сызмæнт æй. Хъæдын уидыг ын йæ сæрыл дæлгоммæ ныууадз. Æхсыр куы бацахса, уæд бæрæг уыдзæн уидыджы кæрæтты. Дæ къухтæ ныхс, къæртайы сæ ауадз æмæ æмбырд кæн ахст бæзджынтæ. Цыхт тымбылæй куы сисай, уæд æй къусы æрæлхъив, йæ сылы æрлæдæрсынмæ. Уый уыдзæн инджын цыхт.

Сылы. Цыхт сисыны фæстæ ма ведрайы цы тæнгъæд баззайы, уый у сылы.

Хуырх. Сылы цасдæры фæстæ куы фæтуаг уа, уæд уый та у хуырх. Хуырх дæр хъарм кæрдзынимæ хæрынмæ хорз у.

Хъæбæр цыхт. Инджын цыхтæй сылы куы нал æвзæра, уæд æй сис, цæхх ыл байзæрд,бахус æй кæн æмæ суыдзæн цæхджьщ хъæбæр цыхт.

Хæндыг. Сылы уæларт минуты бæрц рафыц Цæхх ыл дзæвгар ныккæн. Сасиры йæ ныффæрсудз уазалæй. Рауад дзы цæхдон, Ныккæн æй тъæпæнæджы кæнæ дурыны æмæ дзы нывæр хъæбæр цыхтытæ. Сæ сæр сын бамбæрз. Уый хуыйны хæндыг. Цыхтытæ дзы хæрзадæй лæууынц æнæхъæн афæдз. Хæндыджы цæхдон та хуыйны суардзæхдон. Йæ цыхт та – хæндыджы цыхт.

Суардзæхдоны уазал кæрдзын стул, æртыскæныл æй пецы зынгтыл авæрæмæ схъарм, сфæлмæн уыдзæн кæрдзын афтидæй хæрынмæ. Хæндыджы цыхт та хъарм кæрдзынимæ у хæрзаддæр.

Къæпыйы мисын. Фыдæлтæ ма фысы æхсырæй кодтой къæпыйы мисын, кæнæ йæ хуыдтой фыййæутты мисын дæр. Дардтой йæ нуазынæн лалымы. Æхсыр-иу ахсгæ цæмæй бакодта, туагбын цæмæй кодта, уый хуыйны къæпы. Къæпыйы мисын тугхъуаг адæймагæн амыдтой хосæн.

ФЫДЫЗГЪÆЛÆЙ КОНД ХÆРИНÆГТÆ

Цæхджын дзидза. Фыдæлтæм ныртæккæйау уазалгæнæнтæ нæ уыд. Кусарты дзидзайæн бирæ дарæн нæй, уæлдайдæр сæрдыгон. Уый тыххæй йæ кодтой цæхджын æмæ хус. Дзидза сæрдыгон цъæх пысырайы фæздæгмæ фаг куы фæдарай, уæд ын бындзæй тас нал у. Цæхxы хъæстæ ма йæ фæкæн æмæ хурмæ хус кæндзæн. Уый куынæ уа, уæд та йæ кардæй дæргъмæ фæуадздзæгтæ кæн, кæрæдзийæ куыд нæ фæхицæнтæ уой, афтæ. Стджытæ дæр фæрæтæй æрмуртæ кæн. Цæхх сыл фаг ныккæн æмæ сæ тъæпæнæджы цалдæр боны æнгом фæдар, цæхх сæ куыд ахъара. Уый фæстæ сæ сис. Кæд сæрд уа, уæд сæ хурмæ хус кæн,– цæхмæ бындз нæ цæуы.

Кæд зымæгон уа, уæд та сæ пецы къæйы сæрмæ сауындз хус кæнынмæ.

Цæхджын дзидза арæхдæр фыхтой хъæдуримæ, семæ хæлтъамæтæ дæр

Къуыдырфых дзидза. Ног æргæвст дзидза фыхтой уæларты ставд хæйттæй фыййæуттæ, цуанæттæ, фæндагыл кæмдæр дард, хæдзарæй иппæрд. Дзидзайæ хи хорз фенымы фæстæ ма йыниу йæ басæй дæр ахуыппытæ кодтой. Ног æргæвст дзидза уæларты сæвæрыны размæ доны не 'хсадтой.

Дзидзайы бас Хæдзары уавæрты ма дзидза ставд хæйттæй

фыхтой бæрæгбоны хуындадæмæн фынгыл æрæвæрынмæ, кæнæ зианы фынгыл.

Бинонтæн сæхицæн бахæрынæн фыхтой дзидзайы бас. Дзидза лыстæгдæр кæрстытæй рафыцынхъус куы уа,уæд ын йæ фынчытæ канчырийæ исынхъæуы.Ирон адæммæ худинаг уыдис дзидза æд фынчытæ фыцын. Бас адджындæр цæмæй уыдаид, уый тыххæй йыл кодтой картоф, хъæдындз, хъонтхъора, цывзы, джеджджын, басгæрдæг, нуры.

Лывзæ. Дзидзайы фæлмæнтæ æмхуызон лыстæг æркæрд. Уазал доны сæ уæларты сæвæр. Сабыр артыл сæ цæххимæ фæфыц сæ фынчытæ истæй. Картоф сыл бафтау, стæй та хъæдындз лыстæг карстæй, цывзы, басыл цытæ кæнæм, уыдон.

Бас æмæ лывзæ кæрæдзийæ хицæн кæнынц уымæй, æмæ бас у хуыппаг, иæ дзидза йын хицæнæй æвæрæм тæбæгъы. Лывзæ та æркæнæм тæбæгъы дзидзатимæ иумæ, тæнгъæд – хуыпгæнинаг дзы нæй.

Зормæ. Кусарты хуылфыдзаумæттæ чысыл бинонтæн афтæ тагъд ахæргæ не сты. Цæмæй ма фесæфой, уый тыххæй фыдæлтæ æрхъуыды кодтой зормæтæ кæнын. Тъæнгтæ, зынæхсæн уазал доны цалдæр хатты цæхс,иннæрдæм сæ фæфæлдахгæйæ. Цæхxы сæ стул æмæ та сæ цасдæры фæстæ цæхс. Зынæхсæн кардæй дæргъытæ рауадз. Ставд тъæнгтимæ сæ дæргъмæ æнгом æрæвæр. Нуры, цæхх, сырх цывзы иумæ ныцъцъæл кæн æмæ сæ хуылфыдзауматимæ иумæ сызмæнт. Æртæ сахаты бæрц сæ афтид аджы фæдар сæ уымæл рахъарынмæ.

Уый фæстæ сæ сис. Дæргъмæ сæ айтынг кæн, тымбыл сæ стух лыстæг тъæнгтæй. Уый уыдзæни зормæ ставд бæндæны хуызæн. Сауындз æй тæвд къæйы сæрмæ хус кæнынмæ. Куы бахус уа, уæд æй райе æндæр ранмæ. Ралыг дзы кæн æмæ та дзы сфыц хъæдуримæ, картофимæ, кæнæ æндæр дзидзатимæ басæн.

Тахынæг. Кусартæн йе ставд тъæнгтæ ма афад, афтæмæй сæ уазал доны сыгъдæг ныхе, иннæрдæм сæ фæфæлдахгæйæ. Лыстæг тъæнгтæ, игæр, рæуджытæ, уыргтæ уазал доны сыгъдæг ныхе. Ис сæм дзидзаты фæлмæнтæй дæр бафтауæн. Лыстæг сæ скæрд. Зормæ кæнынæн амынд куыд у, афтæ сыл хъацæнтæ ныккæн, сæвдул сæ иумæ. Афтид аджы сæ æртæ сахаты бæрц ныууадз сæ уымæл рахъарынмæ. Хъацæнтæ сæм фаг бафтау, стæй сæ ставд тъанджы ныккæн къалбасы хуызæн. Сæ кæрæттæ сын кæрæдзимæ æрбабæттæмæ сæ зормæтау тæвд къæйы сæрмæ сауындз хус кæнынмæ. Зормæ фыцæгау дзы фыц

Фиу. Ногæргæвст стур-кусарты фиутæ фæхицæн кæнынц Цæхх сыл фаг ныккæнынц æмæ сæ истæм нывæрынц бон æмæ æхсæвы бæрц сæ уымæл рахъарынмæ. Уый фæстæ сæ сис, сæхи цъары сæ тымбыл стух, синагæй сæ уæрдæхбаст бакæн æмæ йæ æрцауындз царыл кæнæ æндæр ран, мыст, гæды йæм куыд нæ æххæссой. «Гæды фиумæ не 'ххæссыд æмæ йæ мархо хуыдта», – æмбисонд. «Уыци-уыци: уæрдæхбæстытæй царыл ауыгъд æмæ йæм хæрзиуæггур бауайæм». Фиу дæ куы бахъæуа, уæд æм сæвнал æмæ дзы кардæй фæлыг кæн.

Нартхоры ссадимæ дзы кæнынц фиуджынтæ, æмыстæ. Фиу æфтауæн ис хъæдурмæ, хъæрмхуыпмæ дæр.

Стуры тад сой. Фиутæ лыстæг скæрд. Фæфыц сæ чысыл аджы сабыр артыл. Фиутæ тайдзысты æмæ сын уидыгæй сæ сой ис къусмæ. Уым æрсæлдзысты.

Тайæнтæ. Фиутæй ма цы нæ атайа, уыдон сты фиуы тайæнтæ. Хæræн сын ис тæвдæй кæрдзынимæ.

Физонæг. Уæхстыл физонæг кæнынц бæрæгбæтты æртæ чъириимæ скувынæн. Уæхст хуыздæр у æхсæр уисæй, физонæг дзы суджы ад не скæны. Амайын æй хъæуы æртæтигъон–артмæ йæ даргæйæ йæ дзидзайы кæрстытæ сæ мидбынат ма зилой. Физонæг кæнæн ис игæр,ræуæг, фæрсчытæй, кæнæ дзидзаты фæлмæнтæй. Уæхстыл дзидзаты дихтæ къæйттæй не 'мбæлы, арæхдæр фондз, авд хайæ...

Æхсæмбал. Стуры, фысыræуджытæй, игæрæй, зæрдæйæ æмæ иннæ фæлмæн фыдтæй физонæг скæн, цæхх сыл байзæрд Цæхæрмæ сæ дар, уæхст йæхимидæг зилгæ, сæ сой куыд нæ тæдза.

Куы сфыцой, уæд физонæджы хæйттæ раппар уæхстæй. Алы хай дæр дзы стух фиуы тæнæг цъарæй. Ног сæ бакæн уæхстыл æмæ сæ цæхæры сæрмæ зил, цалынмæ фæбурбын уой, уæдмæ. Уый у физонæг-æхсæмбал. (Бирæтæ йæ рæдыдæй хонынц «æхсырфæмбал»). Ахæм физонæг арæзтой бадты адæмæн– уазджытæн буцдæры нысанæн.

Физонæг-лывзæ. Кусарты игæр,ræуджытæ, зæрдæ, уыргтæ æмæ фыдтыл нæрдтæ лыстæг скæрд. Бафтау сæм хъацæнтæ: нуры, цывзы, цæхх, хъæдындз, джеджджын. Ныккæн сæ тебæ кæнæ чысыл аджы. Фыцын сæ хъæуы сабыр артыл, цалынмæ сфæлмæн уой, уæдмæ. Судзгæ цæмæй ма бакæной, уый тыххæй сæм æфтауын хъæуы чысыл дон æмæ сой, басы сæртæ. Фых фæуыны размæ ма сæм афтауæн ис цæттæ сырх пъамидортæ. Уый уыдзæн «лывзæ-физонæг».

Стуры, фысы сæр фыхæй. Стурыæмæ фысы сæр дæр сфыцыны размæ хъæуы тынг цæхсын, ссыгъдæг кæнын. Хъуамæ йыл арыды фæд æмæ иунæг æрду дæр мауал уа. Тæвд доны йæ ныхсыны фæстæ хъæуы карды комæй ныххафын. Сæрæн йæ бинаг æфсæр куы фæхицæн кæнай, уæд ын йе 'взаг æмæ йæ ком дæр хъæуы фыцгæ донæй тынг ныхсын, стæй йæ хъæуы хæрзфых.

Фыдæлтæ дзидзайæ конд хæринæгтæ хордтой кæрдзынимæ. Дзул сæм стæм уыд. Адæймаджы буарæн пайдадæр хуыдтой дзидзайæн йæ бас.

ХÆДЗАРОН МÆРГЪТЫ ФЫДÆЙ ХÆРИНÆГТÆ

Хæдзарон мæргътæй карк се 'ппæтæй дæр уæнцондæр дарæн æмæ йæ дардтой арæхдæр. Гогыз у зындæр дарæн æмæ йæ алчи нæ дардта. Хъаз æмæ бабыз сты донуарзаг мæргътæ æмæ уыдоны дæр стæмтæ дардтой. Хæринаджы скондæн та ацы мæргътæ уыдысты иухуызон кадджын æмæ хæрзад.

Карчы бас. Фыдæлтæ дзидзайæ арæхдæр кодтой хуыпгæнинаг – бас. Афтæ карчы фыдæй дæр.

Карк æмæ алы маргъ дæр сфыцыны размæ хъæуы тынг 'ссыгъдæг кæнын. Бумбулийы бын буарыл бирæ рыг æмæ чъизи ис.

Карк бинонтæн хæрынæн фыхтой уæнггай. Кодтой дзы бас – кæрдзынимæ хуыпгæнинаг. Раздæр хордтой дзидза, уый фæстæ та бас. Ныртæккæ медицинæ та амоны раздæр хъарм хуыпгæнинаг хæрын. Карчы фыд хордтой арæхдæр нурыдзæхдонимæ.

Карчы лывзæ. Æргæвст карк бæстон ныссыгъдæг кæн, йæ сæр, къæхтæ йын фæхицæн кæн, афтæмæй йæ æнæхъæнæй æмбисмæ фæфыц Сис æй агæй, фæкъабæзтæ йæ кæн кардæй. Ног æй сæвæр аджы, рафыц æй картæфтимæ. Чысыл ыл æрызæрд дзуллаг ссад. Ныккæн ыл хъацæнтæ: нуры, хъæдындз, цывзы, цæхх, джеджджын, хъонтхъора лыстæггондæй. Сызмæнт сæ аджы æхсырыцъæрттимæ иумæ дзидза сфыцыны хæдразмæ. Лывзæ хъарм кæрдзынимæ у хæрзаддæр.

Ирон хъæууон адæммæ хæринаг уæй кæнын æмæ æлхæнын уыди стыр худинаг. Уый кæныны бæсты сыхæгтæ кæрæдзийæн лæвар дæр, æфстау дæр лæвæрдтой хæринаг æмæ алы хæрзиуæг. Уый у стыр бафæзминаг хъуыддаг абон дæр – ирон æгъдæуттæн сæ сæйраг!

ДЫРГЪТÆ, ХАЛСЛРТÆ

Фыдæлтæ цардысты æрдзы хъæбысы— хъæуты. Хъахъхъæдтой хъæд, дон, быдыртæ чъизийæ. Хъæуты алыварс быдыртæ, хъомхизæнтæ уыдысты сыгъдæг. Ирон хъæуты хуытæ нæ дардтой, уымæн æмæ хуы йæ бырынкъæй нæудзары къахы, æмæ дзы уæд хъом æмæ фос нал фæхизынц Быдырты кæрдæг уыди сыгъдæг. Адæм дзы бирæ кæрдæджы хуызтæ хордтой хомæй æмæ фыхæй дæр. Дыргъ æлхæнгæ нæ кодтой. Ирыстоны зæххытыл задис: фæткъуы, кæрдо, бал, чылауи, курага, æхсынцъы. Фæткъуы хордтой хомæй дæр, фыхæй дæр. Кодтой сæ хус. Курага æмæ чылауи дæр кодтой зымæгмæ хус, балтæй та арахъхъимæ кодтой наливкæ.

Стæм хæдзар уыд, урс кæнæ сау тута бæлас кæй кæрты нæ уыд, фаг чи нæ хордта тутатæ сæрды.

Æлхæнгæ ничи кодта цайгæрдæг дæр. Битъына-иу æрæмбырд кодтой цайæн зымæгмæ. Сæрддæргъы хордтой сæ рæстæджы алы хæрынæнбæзгæ кæрдæджытæ. Хоры хуымты æхсæнты фæндаджы былты сау дардта фæлмæн лæджирттæг. Дзæкъулы дзæгтæиу дзы æртыдтой æмæ йæ хордтой æхсырысæртæ кæнæ хуырхдзæхдонимæ.

Дзындзалæг хордтой хомæй, фыхтой дзы цай. Хуыдтой йæ уыргты æмæ игæры хос

Мæнтæгæн йæ уидаг рагуалдзæджы къахтой лæппутæ. Уырыдзыйау æй хордтой. Йæ хъæд та йын сæрды хордтой, цалынмæ нæ фæхъæбæр, уæдмæ.

Кæрог æмæ гæнгæлы-иу æрластой уæрдоны гуыффæйы дзæгтæ. Хордтой йын æрмæст йæ зæнг стыгъдæй. Ахуыргæндтæ куыд сбæрæг кодтой, афтæмæй кæрог æмæ гæнгæлы дæр хæргæ сты æд сыф, æд цъар.

Сæнк стæмдæр зайæгой у. Хордтой йын æрмæст йæ зæнг стыгъдæй. Хæрын æй хъæуы æд сыф, æд цъар.

Хъыцъы æмæ дудгæ зайынц уымæл саумæры. Хæрæн сын ис цæхдонимæ дæр.

Æхсæвæрæг, хуырхæг, цæвæгхос дæр сты хæрынæнбæзгæ кæрдæджытæ.

Уæлдæр цы быдираг кæрдæджытæ ранымадтам, уыдон алы бон дæр хæрæн уыди сæрддæргъы быдыры кусгæйæ. Ис сæ алыхуызон хъæугæ витаминтæ.

Давон — быдыры, хохы йæ хонынц «скъуда». Зайынц хъæдты бæлæсты бын саумæрыл Давонæй зымæг миты бынæй къахтой йæ бын — къала дзидзаимæ цæхдонæн. Фыдæлтæ йæ хордтой фæлвыхæй зетийы тылдæй кæрдзынимæ.

Æрыскъæф, дзедыр, мæнæргъымæ сæрмагондæй цыдысты быдырмæ лæппутæ. Сабитæ æм

Куыд уынæм, афтæмæй быдыры зайынц хæрынæнбæзгæ бирæ кæрдæджытæ. Цæхæрадæтты та сагътой æрмæст хъонтхора, цывзы, булкъ, цæхæра, нуры, хъæдындз

Цæхæрайы сыфтæй кодтой цæхæраджынтæ, булчъы сыфтæ хордтой хуырхдзæхдон кæнæ æхсырысæртимæ. Афтæ — булкъæн йæхи дæр æмæ мæймæбулкъ дæр.

Хост цæхæра. Ирыстоны зæххытыл зайынц кæрдæджытæ: футæг æмæ лебæда. Уыдонæй фыхтой хост цæхæра. Лебæда кæнæ футæг фæлвых скæн доны. Сис сæ канчырийæ хъæдын тæбæгъмæ. Фæлвых сыфтæ хъæдын стуанæй фæхой æмæ сæ æрлыстæг кæн. Гыццыл аджы ныккæн туаг хуырх Хост цæхæра ссады авдул, æмæ дæ хуырх куы рафыца, уæд æй уым ныккæн стаугæйæ. Æртæ минуты куы афыца, уæд сыл ауадз æхсырысæртæ æмæ лыстæг карст фиу. Æрызæрд сыл цæхх æмæ джеджджын. Афы ма сæ дæс минуты бæрц, змæнтгæйæ хъæдын уидыгæй. Уый у хост цæхæра. Хордтой йæ тынг адджынæн кæрдзынимæ хъармæй.

Картофæй цы хæринæгтæ кæнæн ис, уый ныртæккæ амоны никæмæн хъæуы, хорз æй базыдтам.

Харбыз, неси, джитъри сагътой быдыры хъæуты.

Харбызы мыд фыхтой стыр æгты. Цæттæ сырх харбызтæн сæ цъар æ'мæ се 'ппытæ фæхицæн кæн. Аджы сæ фæфыц стаугæйæ, цæмæй дзы къуыбар мауал баззайа. Рауайдзæн дзы сау адджын бæзджын тæнгъæд— харбызы мыд. Куы ныууазал уа, уæд æй ныккæн тæнгъæддон мигæнæны. Сатæг ран фæлæудзæн афæдз дæр. Хордтой йæ дзулимæ. Уый дæр æххуыс уыдис, цæмæй адджинаг æлхæнын ма хъуыдаид.

Цъылинаджы мыд. Дыууынæм азты Ирыстоны быдырты хъæуты садзын байдыдтой «мыды цъылинаг».

Кауы михы стæвдæн задис йæ хъæд æртæ-цыппар метры дæргъæн. Фæззæджы-иу сцæттæ. Æркæрд æй. Иæ сыфтæ йын кардæй бахсæд. Хуымæллæджы хъæуы уыдис иæ мыдлæмарæн завод, Уырдæм ластой мыдлæмарынмæ.

Цъылинаджы мыд уыдис харбызы мыдæи адджындæр, рæсугъддæр. Хордтой йæ дзулимæ, кæрдзынимæ, цаимæ.

Зымæгмæ цæхджынтæ кодтой къабуска, пъæмидор, джитъри цæхæра, давон, скъуда, нурыйы зæнгтæ, аргъуаны цæхæра, цьвзыйы сыфтæ. Уыцы цæхджынтæ зымæг хордтой хъарм кæрДзынимæ. Цæхджын кæнын сæ куыд хъæуы, уый ныртæккæ амонын никæмæнуал хъæуы.

ХЪÆДДАГ ГАГАДЫРГЪТÆ

Ирыстоны хъæдты æмæ быдырты зайынц ахæм гагадыргътæ: фæткъуы, кæрдо, цым, мугæ, какон, тырты, мыртгæ, цъуй, знытъ, уагъылы, æхсæр, дурвæткъуы.

Хъæддаг фæткъуыйы туагад бирæ ис. Хъæдты зайы, æмæ дзы хъæддзау лæгтæ семæ хастой хæдзармæ. Зымæгон дæр салд миты бын хорз хъахъхъæд цыд. Хæрынæн уыд фæлмæндæр.

Хъæддаг фæткъуы цæхджын кодтой къабускаимæ дæр. Йæ туагад лимоны туагадæй къаддæр нæу, фæлæ рохуаты аззад абон. Ничиуал æрвæссы ахæм æрдзон læвæрттыл.

Хъæддаг кæрдо дæр зайы хъæдты, быдырты. Цæттæйæ гуыбыннизæн у хорз. Чи арæхст, уыдон дзы мигæнæнты зымæгмæ æвæрдтой уазал фых донимæ. Зымæджы дзы нызтой адджынæн. Кæрдо кодтой хус дæр æмæ дзы фыхтой кампот.

Цым сцæттæ вæйыы фæззæджы. Хæрынæн у адджын. Фыцынц дзы вареннæ, кæнынц дзы кампоттæ.

Мугæ дæр зайы хъæды кæрæтты, къохты. Цæттæйæ хорз у хæрынæн.

Тырты у ныллæг къудзи-бæлас (барбарис). Йæ гагатæ сты цымы гагаты хуызæн сырх, дæргъæццон, фæлæ лыстæгдæр. Медицинæ йæ амоны бирæ низты ныхмæ хосæн. Хæрæн æй ис хомæй, фыцынц дзы вареннæ. Йæ сыфтæ æмæ йæ уидæгтæй та кæнынц цай.

Цъуй æмæ знытъ зайынц хæхбæсты бæлæстыл. Хæрынц сæ хомæй дæр, фыцынц сæ вареннæ.

Дурвæткъуы зайы бæласыл. Фыцынц дзы павидлæ. Ис дзы бирæ пайдайаг витаминтæ.

Уагъылы амонын никæмæн хъæуы – зæрдæ æмæ уыргты хос, фæлæ сæ фæззæджы æртонынмæ зивæг фæкæнынц.

ИРОН НОЗТЫТÆ

Бæгæны кæнынц нартхоры, мæнæуы, хъæбæрхоры задæй. Згъæлст хор тæвд доны суымæл кæн æмæ йæ æнгом хъарм банорд. Цалдæр бонмæ йæ билцъ дыууæ-æртæ сантиметры куы разайа, уæд æй тæнæг рахæлиу кæн. Хæрзхус æй бакæн. Къадакуыройы йæ къæртгага æрлæхур. Аджы йæ доны дзæвгар фæфыц, зады адджынад фых дон куыд раласа. Æхсæр уисæй быд тæскъ бавæр арынджы. Тæсчъы нывæр мæнæуы, кæнæ хъæбæрхоры хъæмп. Уыцы тæсчъы хъæмпыл ауадз, аджы цы зад фæфыхт, уый ныффæрсудзынмæ. Йæ адджын дон алæдæрсдзæн арынджы хуынкъæй бынмæ мигæнæнмæ Уыцы фæрсыгъд адджын дон ног ныккæн аджы æмæ йын хуымæллæгимæ дзæвгар, цыппар æнгуылдзы бæрц куыд байсыса, афтæ. Уый фæстæ иæ ныууазал кæн. Ныккæн æй цырвытимæ æндæр мигæнæны. Бæгæны суткæмæ фынчытæ схæсдзæн æмæ Йæ ныффæрсудз сасиры. Уый хуыйны бæгæны рафæлд'ахын. Æнхъизгæ бæгæныйæн ис нуазæн. Бæгæны дыккаг фых куы фæкæнынц, уæд ыл сыгъд ссад дæр ныккæнынц, цæмæй бæгæны равдиса сау хуыз («Сау бæгæны сæр-сæргæнгæ»– зарæгæй). Уыцы сыгъдон ын, æвæццæгæн, нæ хъæуы. Куыд дзурынц, афтæмæй игæрæн у зиан. Æндæр исты ахорæн ын ис скæнæн. Тæсчъы ма цы læмæрст цъæл баззад, ууыл ма фыцгæ дон ауадз. Цъæлы адджинаг дон йæхимæ байсдзæн. Уый дæр фæфыц, бæгæны куыд фæфыхтай, афтæ, бантау æй, рафæлдах æй æмæ уыдзæн къаматтаг – бæгæныйæ læмæгъдæр. Къаматтагæй бæрæгбоны æртæ чъирийы кувгæ нæ кодтой.

Къаматтагæй нуазын фæтчы бæгæны рафæлдахыны, скувыны размæ дæр.

Къуымæл-махсымæ бæгæныйæ у æнцондæр скæнæн. Ирон адæм ноздытæй арæхдæр нызтой къуымæл. Быдыры кусгæйæ дæр хом дон ничи нызта. Хуымонтæ къуымæл дардтой лалымты. Къуымæлы ноз хæрдæн дæр æххуыс у. Къуымæл кæнынц нартхоры læхурд ссадæй. Арахъхъаг куыд фыцай, афтæ йæ сфыц. Ныууазал æй кæн. Зады ссад æмæ йæ æнхъизæнимæ тынг сызмæнт. Фых дон ма йыл бафтау. Дурыны йæ хъармы æнгом æрæхгæн. Бон æмæ йæ æхсæв ныууадз сæнхъизынмæ. Куы сæнхъиза, уæд хæрдмæ хæсдзæн. Сасирæй йæ ныффæрсудз, æмæ уæд нуазынæн бæззы.

Арахъхъ кодтой нартхорæй, мæнæуæй, хъæбæрхорæй. Куыд кæнгæ у, уый амонын никæмæн хъæуы, куыд æй нуазын хъæуы, уый у сæйрагдæр. Læджы зонд æмæ хъару кæмæ уыди, худинаг йæ сæрмæ чи нæ хаста, уыдон зыдтой, арахъхъимæ куыд дзургæ у, уый. Зыдтой дзы бæрц, уаг, кæрæдзи дзы нæ рæдийын кодтой.

Двайно. Цыдæриддæр хъæбæр ноздытæ ис, уыдонæи двайнойæ сыгъдæгдæр ноз нæй. Арахъхъ дыккаг уагъд куы ракæнай, уæд уый вæйыы двайно - спъирттæй сыгъдæгдæр ноз. Двайно дардтой æфсинтæ бинонтæн хосæн – тынгдæр сабитæн гуыбыннизы ныхмæ – цайцымæн уидыджы дзаг.

МЫСИНÆГТÆ

СЕЧЪЫНАТЫ Нинæ

ЦАРДЫ СКЪУЫДДЗÆГТÆ

1. ФÆНДЗÆМ ФЫРТ

–...Мæнæн фондз фырты æмæ æртæ чызджы ис,– дзырдта зæронд лæг. Уæвгæ та йын уыди цыппар лæппуйы æмæ цыппар чызджы...

–...Æлвынæн райс æмæ мын мæ сæрыхил бадзæбæхтæ кæн!

–...Хæсгард радав æмæ мын мæ рихитæ 'мæ боцъотæм базил!

–...Цу, бæх баифтындз: быдырмæ цæудзыстæм.

Чызг зæрдиагæй, тынг æхсызгонæй æххæст кодта йæ фыды цуматæ. Зæронд дзы уыди сæрыстыр, æппæлыди сыхаг лæгтæн: «...Гъе, ахæм у мæ фæндзæм фырт!» Æмæ куыдфæстæмæ райдыдта уыдонæн дæр лæггад кæнын: сæ сæртæ æлвынын, сæ рихитæ æмæ сæ боцъотæм зилын.

Нартхортонæнтæ...

– Бричкæ ныр дзаг у. Схиз æмæ æфсиртыл дæлгоммæ нытътъæпæн у, бозийыл фидар хæц: бæхтæ дæ сæхæдæг баласдзысты нæ кæртмæ. Де 'фсымæртæ та уал нартхор ратоной...

Бинонты хистæр йæхæдæг æвæджиауы хъаруйы хицау уыд, куыстæй æфеие нæ зыдта. Хосгæрдæны-иу ыл адæм сæ цæст æрæвæрдтой. Æртæ læджы цы 'ркæрдой, уый – иунæгæй йæхæдæг.

Хæд-зонд, уæздан, сабырдзураг. Айдагъ йæ цæстæнгасæй дæр адæймаджы рæвдыдта. Тынг дæсны зарыд ирон зарджытæ. Куывдты, чындзæхсæвты йæ хъæлæсæн æнæ райхъуысгæ нæ уыд. Хъазæн ныхасмæ – хæрзарæхст.

Ахуыр æм ницы уыд. Иæ уды хъаруйæ дардта бинонты. Кæрты змæлыди бирæ стурвос, фысвос, маргъ. Уыди бæхтæ, суанг дуцгæ къамбецтæ дæр.

Колхоз куы фезмæлыд, уæд сæ радта уырдæм – æнæбары, йæ сæр фесæфыны тæссæй. Хуыцауыл æууæндыд, куывта йæм, фæлæ аргъуанмæ нæ цыди, сауджынты нæ уарзта Нæ йын фæаджын советон хицауад дæр. Хъалонæй тыхсти. Изгард кодта колхозы хъуыддæгтæм. «Ацы хицауады уæддæр нымайын, мæ сывæллæтты мын лæвар кæй ахуыр кæны, уый тыххæй»,– дзырдта. Нæ фос колхозы амæддаг куы фæци, уæд баййæфтам стонг, фыхтам лебæда, футæг, хъоло, пысыра. Нæ дзаг рæбынтæ раривæд сты Нæ мадмæ цы æвæрæнтæ уыди, цы цæхджынтæ дардта тулдз боцкъаты! Ныр – ницыуал. Гаффутт.

Æнцой фæлæууыди «фæндзæм фырт». Уралы куыста дохтырæй (уый – фæстæдæр), æмæ Алагирмæ æрвыста нæлхæ, хуыйы сой, тахынæг æмæ æндæртæ.

Нæ мад æмæ нæ фыд ад æмæ будæй фæцардысты фæндзай азы, æмæ нæ хæдзарæй иунæг хылы хъист дæр никуы райхъуысти, схуыстæй ничи никæмæ сдзырдта цæрæнбонты.

Мæ фыд – Сечъынаты Гуыйманы фырт Дзæрæх.

Мæ мад – Магкæты Ауызбийы чызг Аминæт.

Æз – сæ чызг Нинæ, «фæндзæм фырт».

2. «У ЦÆТТÆ!»

Раджы уыд уый. Æртынæм азты фыццаг æмбисы.

Епхиты Тæтæри, Тотраты Хадзыбатыр, Гутнаты Николай, Зæнджиаты Дæкка æмæ иннæты хъæппæрисæй Уæлладжыр-Æрыдоны районы арæзт æрцыд ногдзауты фыццаг лагерь. Схуыдтой йæ «У цæттæ!» («Будь готов!»). Цатыртæ æрæвæрдтой алæмæты ран – Цъæйы цур.

Æз дæр уыдтæн уыцы ран. Нæ къорды сæрдар уыд Зæнджиаты Дæкка. Сæумæрайсом фест, уæлдæф – уазал, уæнгроггæнæн, дæхи най фынккалгæ хæххон доны, радыгай куыстам цæлгæнæны. Æмбисонд уыдысты нæ хъазтизæртæ, алыхуызон ирхæфсæнтæ ивтой кæрæдзи. Зард, кафт.

Чызджыты цатыртæй læппуты бынæттæм ауагътам сусæг синаг: исты æххуыс нæ куы бахъæуа, уæд синаг раиваз – æмæ læппутæ зондзысты: фæдисы тæхын хъæуы чызджытæн феххуысмæ.Иу æхсæв фæтарстыстæм, нæ цатыры кæттаджы хырхыр куы ссыдис, уæд. «SOS!»– чидæр нæм æрбабырсы. Уый – кæйдæр хъуг кæттаг сдæрдта йæ дæрзæг æвзагæй. Худæджы хос нын фæци ацы цау.

Нæ бахудти æрмæст нæ иу – Ардасенты Хадзыбатыр, бæзæрхыгтæ, саулагъзæй сырхрус læппу. Хуыссæгхъæлдзæг уыд æви цы,– нал æй хъуыды кæнын. Иннæты 'хсæн æнæуи дæр бæрæг дардта йæ хæдæфсармæй. Мæ зæрдæмæ фæцыд. Иу худæджы хабар ма. Цæлгæнæны кусын мæн æмæ Хадзыбатыры рад

уыдис, æмæ стуры хуылфыдзаумæттæй зынæхсæн (йæ ном йæ уæлæ!) фаг нæ ныссыгъдæг кодтам. Дзидзатæ иууылдæр æвзæр тæф райстой æмæ куыйтæн дæтгæ æрцыдысты. Уæдæй фæстæмæ цæмæндæр нæ ахастдзинæдтæ ноджы фæхъармдæр сты. Фæлæræхджы нæ цардвæндаг фæсаджил: æз Мæскуымæ ацыдтæн, уый – Хуссар Ирыстонмæ. Уым хорз бинойнаг æрхаста. Рантысти сын дыууæ лæппуйы. Уæддæр хæларæй цæргæ рацыдыстæм. Дыууæ бинонтæй дæр кæрæдзиуыл уыдыстæм æнувыд. Хадзыбатыры æрбацыд нын-иу Мæскуыйы уыди бæрæгбоны хуызæн. Ме 'мбал Бутайы-фыртимæ ныл уыдон дæр Дзæуджыхъæуы афтæ зæрдиагæй æмбæлдысты, куывд нын-иу сарæзтой. Æрбахуыдтой-иу Цæгæраты Максимы, Плиты Грисы æмæ Хадойы, Дзадтиаты Тотырбеджы, Хъайтыхъты Георы æмæ иннæты. Æмæ-иу –хъазт, зард.

3. МИДÆРХÆМТÆ КÆУЫЛ НЫДДÆН...

Нæ бинонты кæстæр Валодя æвдмæйонæй райгуырд. Уый фæстæ – хъаруджын лæг, спортсмен, кондæй-уындæй æххæст, ноджы ма зындгонд прозаик куы сси, уæд-иу дисы бацыдтæн: «Ныр амæ чи бакæсы, уыдонæй кæй бауырнид, йæ уд кæддæр мæнг халыл кæй хæцыд æрмæст? »

Æххæст разынд алы курдиатæй дæр. Йæ райгуырды лæмæгъдзинад фехъуыста, æмæ куы фембаргæ, уæд кусын райдыдта йæхи сфидар кæныныл. Æмæ йын бантыст. Сæвзыгъд. Турниккыл цъилау зылд, уæззау æфсæйнæгтæй тыччытау хъазыди. Тылаваст – ахуырмæ. Райдайæнæй кæронмæ дæр – иттæг хорз бæрæггæнæнтæ. Бынæттон радиойæ-иу йæ хорзы кой арæх райхъуыст йæ ныййарджыты цинæн. Скъола каст фæци сгуыхтæй. Дæсны цагъта алыхуызон фæндыртæй. Уыдис ын хорз хъæлæс. Зарыл, Зыдта ныв тæ кæнын, хъæдæй арæзта хæдзары хъæугæ мигæнæнтæ– къустæ, уидгуытæ, къоппатæ, тæбæгътæ æмæ æндæртæ. Хæсты нын чи фæмард, уыцы æфсымæримæ, Георгиимæ, та хъæдæй ахæм къахæйзилгæ сарæзтой, æмæ йыл сых дисæй мардысты.

Йæ фыстыты кой йын нæ кæнын, адæм сæ мæнæй хуыздæр зонынц, бирæ азты йын кæсынц йæ чингуытæ.

Скъолайы фæстæ бацыди Мæскуыйы энергетикой институтмæ. Нæ йын фæадджын, ныууагъта йæ. Уыйхыгъд зæрдæргъæвдæй ахуыр кодта Мæскуыйы Уæлдæр литературон курсыты. Йæ царды рухсдæр бонтæ гъеуæд уыдысты.

Тыхстæмæ æнкъард бонтæ та куыннæ уыд йæ царды. Рæдыдтытæ дæр. Æз æи зæд нæ хонын. Фæлæ æрдзæй курдиатджынкæй рахаста, уый дæр мын гуырысхойаг нæу. Æвгъайуаг, карз низ æи афонæи раздæр ахаста... Ракимæ тохгæнæн ис, фæлæ йыл уæлахиз нырма ничи фæци.

Æгæр хуымæтæг, æууæндаг зæрдæ. Арæх ын йæ хорз фыстой хæрамæй. Æмбудгæ дæр-иуæй нæ бакодта йæ фырнымдæй, йæ сабион удыкондæй.

Дыууæ хатты æрхуыдта бинонтæ. Иу дæр ын дзы нæ фæрæстмæ.

Арæх-иу фæсайды æмбæлттæй дæр. Чи йын цы уыд, уый рабæрæг йæ амарды фæстæ. Иу ахæм «хæлар» мæм æрбацыд тæфæрфæсмæ. Мæнæн уый фехсызгон, мæ цæссыгæй хуылыдз къухтæ йыл авæрдтон хъæбысгæнæгау, уый та йæ нард гуыр сыдзмыдзы ассыдта. Валодя знаг никæмæн уыд. Аккаг некролог дæр газеты нæ уыд «хæлæртты» азарæй. Къыфбыны йæ кæй баныгæдтой, уымæй дæр дæн «хæлæрттæй» бузныг.Мæн бахъуыди ме 'фсымæры мард æртæ боны фæстæ скъахын æмæ йæ уыцы уæлмæрдты æндæр ран, дондзасты куыд нал уа, афтæ ногæй баныгæнын. Уый мæрддзыгой адæм нал базыдтой. Абон дæр æй нæ зонынц.

Бузныг дæн Гуырдзыбеты Иринæйæ: фæкаст мæм уыцы зын хъуыддаджы. Уæд куыста партийы обкомы культхайады. Æндæр адæймаг, æцæг хæлар. Чи цы у – зыны сахат рабæрæг вæййы.

Уырыд бонты мæм æнгом чи 'рбалæууыд, уыдонæй скойы аккаг сты, фыццаджыдæр, Цæрукъаты æфсымæртæ – Алыксандр æмæ Валодя. Равдыстой уæздандзинад: уымæй размæ-иу зулдзых ме 'фсымæримæ дæр фесты, фæлæ йын ныххатыр кодтой, ницæмæ æрдардтой уыцы хъуыддаг æмæ хорз лæггæдты бацыдысты.

4. ЦЫТЫ ЛÆГ

Æртынæм азты Алагиры Зæнджиаты Бæбуйæ кадджындæр, дзырддзæугæдæр лæг нæ уыд. Куыд фæзæгъынц, адæмæн се скаст. Никуы мæ ферох уыдзæн, аргъуан куы хæлдтои, дзæнгæрджытæ куы састой, уæд Бæбу куыд цæхæртæ калдта, уый Сæнтдзæф лæгты къорд-иу дзæнгæрæг расхуыстой, иннæтæ-иу ыл бынæй уæззау бæлдотæй ралæууыдысты, къæртгай йæ æппæрстой. Бæбу стыр катайы уыд, йæхицæн бынат нæ ардта, сæ бауромыныл архайдта æргомæй, куы-иу сæ иумæ бауад, куы – иннæмæ.

Æвирхъау ныв уынынмæ тындзыдтои зæрæдтæ, фæсивæд

æмæ суанг сывæллæттæ дæр. Никæй зæрдæмæ цыд ацы хъæддаг ми. Фæлæ адæм удаист уыдысты, алы 'хсæв дæр-иу «адæмы знæгтæй» цалдæры аластой сау машинæйы, æмæ уый алчидæр зыдта. Иунæг Бæбу æргомæй дзырдта фыдмийы ныхмæ. Райхъуыст-иуæндæр мæстджын хъæртæ дæр алы къуымтæй. Ницæмæ сæ дардта дины ныхмæ тохгæнджытæн сæ раздзог, бурдзалыг Б.-йы-фырт. Йæ цæнгтæ-иу хæрдмæ срæцыгъта æмæ-иу нытъ-тъæлланг ласта:

Аргъуантæ фехалæм бындзарæй!

– Цæвут сауджынты!

– Æгас цæуæд Советон хицауад!

...Арæх сысты мæ цæстыты раз Бæбу.

Мæ фыццаг ахуыргæнæг, абетæ амонæг мын уый уыдис, раздæр-раздæр уымæй фехъуыстон Хетæгкаты Къостайы зарджытæ

Быхсон адæймаг. Фæлæ-иу бынтон къуымыхтæм кæсынæй куы ратыхст, уæд-иу исты æрдæгмæстджын ныхас дæр сæппæрста фæрæхойæгау.

Йæ хъæлæс – фæлмæн, рæвдауæг. Фæлæ-иу мæстджынæй фæхъæбæр тынг, райхъуыст-иу тыхджынæй... Æз æй иннæ ахуырдзаутæй хуыздæр зыдтон, уымæн æмæ æфтыдтæн сæ хæдзармæ дæр: йæ фыццаг усы цот – Жорæ, Елберд, Бола мæ хæлæрттæ уыдысты. Йæ дыккаг бинойнаг Мансуразова Клав¬дия Александровна та мын уырыесаг æвзаг læвæрдта. Бирæ мæ уарзта, зæрдиагæй кæй архайдтон, уымæ гæсгæ. Цыппар азы хардз æм фæдæн дыууæмæ. О, тæлмацгæнæг дæр ма йын уыдтæн: Клавдия Александровна иронау нæ зыдта, сабитæй бирæтæ та уырыесаг æвзаг læма æмбæрстой. Техникумы цæттæгæнæн 5-æм къласмæ куы баивтон, уæд батыхет, ныр ма мын чи æххуыс кæндзæн, зæгъгæ, æмæ æз дæр мæ «тæлмацгæнæджы куыст» нал ныууагътон, мæхи ахуыры фæстæ алы бон дæр цыдтæн йæ уроктæм.

Мæгуырау цардысты, уæлдайдæр бинонтæ куы бабирæ сты, уæд. Клавдияйæн райгуырд æртæ сывæллоны. Æмæ сылгоймаг уроктæ læвæрдта йæ хæдзары дæр. Зæгъæм, мæ хо Сашæ фæрынчын, фæсте аззад, æмæ йæ Бæбуйы бинойнаг раразмæ кодта Уый тыххæй сын æз алы бон дæр хастон къамбецы æхсыр. Бæбу-иу мæ куы ауыдта уæд-иу исты хъазæн ныхас æнæ зæгъгæ нæ фæци. («Мæнæ нæ «къамбец» æрбахæццæ!» – æмæ æндæр ахæмтæ).

Цыбырныхасæй, Бæбуйы хæдзары æз æцæгæлон нæ уыдтæн. Уый зындгонд уыд иннæтæн дæр, æмæ мæ бирæ азты фæстæ дæр алагирæгтæ Мæскуыйæ уымæн бацагуырдтой, номдзыд лæгæн мемориал æвæргæйæ.Бирæ дзыллæ æрæмбырд республикæйæ. Уæлладжыры комæй, районы хъæутæй. Ахуыргæнджытæ æмæ дзы скъоладзау фæсивæд ууылдæр сæмбæлдысты. Къостайы уынджы (уым æвæрдтой мемориал) азмæлæнтæ нал уыд, æндæруылты здæхтой машинæты. Утæппæт адæмы 'хсæн, Бæбу æмæ йæ бинонты мæн хуызæн лæгæй-лæгмæ чи зыдта, ахæм ничи уыд. Æвæццæгæн мæм афтæ læмбынæг дæр уый тыххæй байхъуыстой.

Æппæт хъуыддæгтæ аразæгæмæ ууылхæрдзтæгæнæг уыдис Бæбуйы фырт Изик (æз æй афтæ хуыдтон цæрæнбонты). Дунейы арфæ йыл сæмбæлæд!

Æцæг у: фыды фа'рн мæрдтæм нæ цæуы.

5. ÆФСЫМÆРТÆ

Цæгæраты Максим æмæ Гиго... Кæддæриддæр сæ нымадтон дзæбæх фыеджытыл. Цæргæ дæр кæрæдзимæ 'ввахс кодтам Алагиры. Сæ мадырдыгæй нын хæстæг дæр æййæфтой. Нымад, æфсармджын адæймаг. Арæх-иу нæм бадти, мæ мадимæ æнгом ныхас кæнгæйæ. Рæстæгæй-рæстæгмæ мæ цæстытыл ауайы.

Гигойæ куы зæгъон, уæд йæ иунæг зарæг– «Фыдуындтæ цы фæуой уæд?»- дæр æгъгъæд уыди, цæмæй номдзыд æмæ адæмæн уарзон суыдаид. Зарæг дæрдтыл апырх Ирыстоны æмæ Мæскуыйы ирæтты 'хсæн дæр.

Максим – ахадгæ læг, бирæ цæмæдæрты – хæрзарæхст. Искæй æххуыехъуаг нæ уыди, фæлæ йæ уæддæр Гиго къæрцхъусæй хъахъхъæдта..

«А» загътон, фæлæ «б» дæр зæгъын хъæуы. Гиго нæм Валодяйы мардмæ не 'рбацыд. Чи зоны, истæуылæм хæрам уыди, фæлæ йын уый нымайгæ нал уыд, иугæр læг нал ис, уæд,

Максим рæвдз уыд дзурынмæ, зыдта йæхи адæмыл бæттын, йæхи сын бауарзын кæнын. Кафгæйæ, цъилау зылд, дзæбæх зарыд фæндыры цагъдмæ æмæ æнæуи дæр, æрхъуыдыджын сидтытæ-иу уагъта фынгыл...

Уыдæттæ алкæй бон нæу. Советон хицауад йæ тыхыл куы уыд, уæд ма йæм ноджыдæр иу миниуæг разынд – паддзахадон æмæ политикой архайдмæ арæхстдзинад. Хъуыстгонд, нымад læг уыдис уыцы рæстæджы... Æмæ кæйдæрты азарæй ме 'фсымæр Валодяйыл газеты некролог раттын куы нæ уагътой,

уæд Максим фæрсæй каст, æмæ мын уый, раст зæгъгæйæ, стыр хъыг фæци. Нæ бинонтæм хорз цæст дары, ууыл ахъаззаг сгуырысхо дæн.

Мардæй ма истытæ цæмæн фæдомынц, æз уый нæ зонын.

Хатыр нæ разынди Максиммæ дæр, æнæ уымæй та царды фидауц нæй.

6. УÆЗДАН

Кæнын фыссæг Баситы Афанасийы (Семены) фырт Михалы кой. Уый у, йæ уацмысты адæймаджы удыконд дæсны чи рафæлдахы, ахæм курдиатджын ирон прозаик. Бæрзонд идеалтыл хъомылгонд интеллигент. Йемæ «цæхxы пут» бахæрыны сæр ницæмæн хъæуы, йæ алы ныхас, йæ алы фыстæг, кæнæ йемæ алы фембæлдæй дæр зыны, куыд уæздан рахаста æрдзæй. Мæ зæрдыл мын æрлæууын кæны Къостъайы дуджы бæрзонд инттеллигентты.

Никуы мæ ферох уыдзæн: æнусты мысинаг Тæбæхсæуты Балойы 80 азы бæрæггæнæн æмбырды рæстæг мæм Михал æрбацыд хуынимæ – розæ-дидинджыты баетæмæ шикалад къафеттыты къопп. Тынг мæ кæй нымайы, уый нысан. Йæ хуыздæр хæлар Валодяйы хо кæй дæн, уый банымайыны нысан. Нæ ныйарджытæ фыдæлтæй нырмæ лымæнæй цæргæ кæй рацыдысты, уый банымайыны нысан...

...Æз дæр-иу цыдæртæ фыстон (æмæ фæфыссын ныр дæр). Истытæ зæгъын, равдисын мæ фæфæнды, фæлæ ацы хъуыддаджы мæхи æнтыстджыныл никуы фæнымайын. Мишæмæ-иу равдыстон мæ фыстытæ, уый сæ æвзæрста, йæ къух-иу сыл æрхаста, амыдта мын, дзырдта йæ фиппаинæгтæ.

Фæрыст ме 'фсымæр Валодяйы мардыл, æрбалæууыди мæ фарсмæ. Мыхуыры дæр ыл зæрдиагæй фæфыста. Арфæгонд дзы дæн, ныллæг ын кувын мæ сæрæй! Мæ мады зæнæгæн уыдис æцæг æрдхорд. Никуы дзы фестæм фыдæнхъæл. Уый зæгъæн нæй бирæтæй, мæнг хæлæрттæй. Фæпайда кодтой Валодяйы фæлмæн зæрдæйæ, фæхордтой йæ, фæлæггад сын кодтам мах дæр – йæ хотæ æмæ йе 'фсымæртæ Ирыстоны дæр, Мæскуыйы дæр, Ригæйы дæр (уым нæ хотæй иу санаторийы хицау уыд)... Уый фæстæ-иу сын сæ дымгæ дæр нал ауыдтам.

Куы зæгъын: Баситы Михал уыдонæй нæу.

7. ИННÆ ФЫСДЖЫТÆЙ МА КÆЙДÆРТЫ ТЫХХÆЙ

Дарчиты Дауыт. Æмногдзаутæ, æмфæскомцæдисонтæ уыдыстæм Алагиры, иумæ архайдтам спортивон ерысты... Æндæр нæ ницы ныхæста кæрæдзиуыл. Дымгæ чердыгæй цæуы, уымæ тынг касти рагæй дæр, йæ хъуыддæгтæ, йæ ныхас дæр-иу арæзта «дымгæмæ» гæсгæ. Фæлæ ма уый куы базыдтон, æмæ Ладемыræн фатер раттыны ныхмæ уыд, уыцы фатер Хъæбæлойы-фырты хæстæг иу шофыræн кæй хай кодта, уæд йæ рагон цæстмæмитæ мæ зæрдыл ногæй æрлæууыдысты.

Балаты Тембол. Сабыр адæймаг, ницы æвзæрдзинад равдыста, фæстагмæ схæлар Ладемыримæ, арæх æм цыд.

Уыд ма ахæм цау дæр. Алагиræй Мæскуымæ здæхтыстæм нæ каникултæй, иу купейы бадт фестæм Темболимæ. Дзырдта мын, йæ зæрдæмæ тынг кæй цæуын, йæхæдæг фыræфсæрмæй ныггуыбыр, сæр æмæ цæстытæ бынмæ æруагъта.

8. ЗЫНУДИСÆН АРГЪУАН

«Ирвæзынгæнæг Чырыстийы» стыр цыты аргъуан... Бакæсæнтæ йæм нæ уыд йæ фыррæсугъдæй, йæ фырнымдæй. Бындæræн ын ныккодтой. Æз мæхи цæстæй федтон, куыд æй мардтой, уый.Ræмудзæнтæ йын йæ хуылфы бавæрдтой, æмæиу сæ ныррыпп афтæ æвирхъау тыхджын уыд, æмæ хъуысти (дзырдтой) Мæскуыйæ дарддæр... Аргъуан сыгъди,йæ уд иста, йæхимидæг-иу ныррызт, ныззыр-зыр-иу кодта, йе уæнгтæ йæ хуылфмæ нызгъæлдысты. Зынудисæн уыди. Цыма ма фæстаджы улæфт скодта, йæ зæрдæйы ауындзæнтæ атыдтой æмæ йæ ныуунæргъд æгас дунейыл айхъуыст. Бæстæ рыг æмæ фæздæджы бын фæци, адæм кæрæдзи нал уыдтой. О, æцæг адæймаг чи уыди, уыдоны зæрдæтæ ныккæрзыдтой æмæ ма абон дæр риссынц.

Ныр уынын: ногæй аразынц рыст адæм сæ кадавар капеччытæй... Æмæ риутæм рухсы цъыртт бакаст. Цин кæнынц мæскуыйæгтæ, цин кæнынц дардæй æрцæуæг бæлццæттæ.

Ацы æнæхайыры XX æнусы фæудыл амæй æхсызгондæр арæзтад адæм нæ федтой.

9. АЛЛИЛУЕВАЙЫ НЫГÆНГÆЙÆ

И.В. Сталины бинойнаг Аллилуева Надеждæйы мард æд чырын æвæрд уыдис сармадзаны лафетыл. Мæрддзыгой сындæггай цыди Моховая-уынгыл Новодевичье-уæлмæрдтæм. Мæрддзыгой мæм уа-бæзджын нæ фæкаст. Мах раздæр æнхъæл уыдыстæм, дзæвгар адæм рагуылф кæндзæн, зæгъгæ. Афтæ нæ рауад,

Радиойæ радзырдтой, ус, дам, амард, йæ куырм тъанг фелхынцъ æмæ уымæй. Мах, студенттæ, бауæндыдыстæм. Хистæртæ та хъус-хъус дзырдтой: йæхи амардта. Фæлæ уыди, Сталин æй йæхæдæг амардта, дамбацайæ йæ фехста, зæгъгæ, чи хъуыды кодта, ахæмтæ дæр. Аллилуевайы чызг Светланæ хæцы дыккаг версийыл. Фæлæ йæ чиныг – «22 письма другу» – уым та фыссы, Сталин кæй уыд гуымиры, æмæ йын йæ мадмæ «ей!» йеддæмæ æндæр ницæмæй дзырдта, æдзух æй дæлдзиныг кодта. Фæлæ сылгоймаг куы нал уыд, уæд , дам, ыл фæрыст. (Раст мæнæ Иван Грозный, йæ фырты куы амардта, уæд уый куыд «фæрыст», афтæ...).

Сталин зивæг къахдзæфтæй цыди мæрддзыгойæн йæ астæуты, йæ алыфарс – йе 'мкусджытæ. Сæр бынмæ уагъд, йæ каст – къæхты бынмæ.

Нæ дзы федтон милицæ, нæдæр æнæуи милицæ, нæдæр бæхджын. Хъуыст æнкъард мелоди.

Мах, студенттæ, æнæкъуылымпыйæ баиу стæм иннæтимæ, марды чырыны фæстæ суанг Новодевичье-уæлмæрдтæм фæцыдыстæм. Не 'мдзæрæн уырдæм уыди хæрзæввахс... Фæстæдæриу цалдæр хатты æрбауадыстæм ардæм. Цыртдзæвæн айв арæзт уыдис урс мармæрæй. Ныффыстой йыл: «Жене и другу от И. Сталина».

Фæстæдæр Аллилуевайы мардмæ æввахс баныгæдтой Буденныйы æмæ ма кæйдæрты. Ам æвæрд сты ноджы АМикояны мад, йе 'фсымæр – зындгонд авиаконструктор æмæ сæ иннæ хæстæджытæ.

Абон уæлмæрдмæ бацæуæггаг фидын хъæуы æхца. Уый – худинаджы хъæр, æндæр – ницы.

10. БУХАРИН

Хъуыстон ын йæ лекцитæм, Мæскуыйы Фыццаг медициной институты куы ахуыр кодтон, уæд. Моховая-уынг (фысымуат «Националы» цур), анатомийы корпусы стыр уат, бадын 4-æм рæнхъыл, ахуыргæнæгмæ æввахс. Кафедрæйы – Бухарин. Дзуры политикæйыл, дунеон уаварыл, мидбæстæйы ахсджиагдæр цаутыл. Рæстæмбис-ас зæрдæисгæ læг, цæсгом – хурсыгъд. Цы уыд, уымæй иууылдæр – цæхæр. Тæлфаг. Къухтæй дæр – амонаг. Уыйас дæсны дзырдта, æмæ-иу махæй ферох, кæм бадæм, уый дæр, нæ хъуыдыты зилдух кодтам, уый нын кæуыл дзырдта, уыцы дунейы. Никуы никæмæ хъуыстам афтæ læмбынæг.

Уыцы рæстæг куыста газет «Известийы» редакторæй. Уый иууылдæр зыдтам. Фæлæ уый æнхъæл ничи уыдис, æмæ 16.01.1937 азы Николай Бухарины къухæвæрд газеты фарсыл фæстаг хатт кæй фæзындзæн. Фæсивæд фæуыргъуыйау сты, иунæджы дæр нæ бауырныдта, Бухарин «фашистты хъузон»у, уый. Уæлæмæ ничи ницы сулæфыд. Исты сдзур, æмæ дæ ахæстонмæ баппарой: «Ауæй кодтай райгуырæн бæстæ!» 1937 азы газетты арæх фыстой Папаниныл, Николай Островскийыл, Сулейман Стальскийыл (уæд амард), Кларæ Цеткиныл,(йæ амардæй рацыд 5 азы) æмæ бирæ, бирæ æндæр адæмтыл æмæ цаутыл. Фæлæ уыцы æрмæг бæрцмæ гæсгæ йæ рыджы дæр нæ зынд, «адæмы знæгтыл» цас фыстой, уымæн. Уæлдай хъазуатæй цавтой «троцкистон-бухаринон уæйгæнджыты». Коммунистон парти адæммæ сидт, цæмæй уой къæрцхъус знæгтæм, бæрæг кæной, ахсой шпионты, фашизмæн лæггадгæнджыты, алкæмæн дæр «æркæсой» йæ политикой цæсгоммæ.

Азимаджы рæстæг уыд, Лæгсафæн рæстæг.

Бухарины сæр дæр æй байййæфта... Æвгъайуаг!

11. МАЯКОВСКИЙ

Маяковскийы федтон йæ иу литературой фембæлды Мæскуыйы университеты зæронд агъуысты Моховая-уынджы.

Залы – хъæрахст. Иуæй-иутæ дзы сæхи дардтой хъæддаг хуызы, фыдæх ныхæстæ йыл æхстой сценæмæ, гæххæтты гæбæзтыл дæр æм фылдæр фыстой æфхæрæнтæ. Карз, аккаг дзуапп сын лæвæрдта уый дæр, уыдис иттæг цыргъзонд æмæиу сæ æнцонæн фæкъуыхцы кодта. Уыди мæстджынæй быхсон. Хатгай-иу дзы æлгъитæгау тынг дæрзæг ныхæстæ дæр схауди.

Къæдзæхау бæрзонд (Гулливер лилипутты 'хсæн!). Мæтхуыз. Тар – йæ цæсгом...

Бæргæ йæ зонын: кæцы æмдзæвгæтæ касти, цы дзырдта, уыдон бæлвырдæй зæгъын хъæуы, фæлæ сæ нæ бадардтон мæ зæрдыл – æгæр бирæ аивгъуыдта азтæ.

Арæх мæ цæстыл уайы – Егъау,Цытджын...

Æмбаргæ, фæхæцæг нæ уыдта йæ алфамбылай. Уымæй тыхсти, кæд цыфæнды хъаруджын æмæ бæрзонд уыди, уæддæр. Æмæ йæ уавæр зынди йæ бакастыл, йæ ныхасыхъæдыл, йæ дикцийыл суанг.

Ахæм мæсыг афæлдах! Æвæдза, хъомысджын куыннæ сты галиу тыхтæ дæр... Æппæтхъом!

12. ГОРЬКИЙ

«Горькийы хæдзар» Мæскуыйы. Андреевайы разамындæй дзы цыренæй цыд бирæвæрсыг культурой куыст. Мæ хистæр хотæй иу – Варя мæ мæнæй раздæр сси столицæйаг, Мæскуыйы цард æд бинонтæ), иухатт мæ йемæ ахуыдта. Нæ цыды сæр уыди, цæмæй культурой куысты æз дæр архайон, уый тыххæй Андреевеаимæ бадзурын. Базонгæ стæм ацы номджын сылгоймагимæ. Уалынмæ æрбахызти Горький йæхæдæг. Загътой йын мæн тыххæй. Мæ къух мын райста:

– Значит, это будет наша осетиночка.

Йæ ныхас уыд хæларзæрдæйæ, йæ «о» тыхджын цавдимæ райхъуыст, æмæ уый бадардтон мæ зæрдыл.

Йæ литературой изæрты дæр ма йæ фендтытæ кодтон.

13. ДЫУУÆ ФЕМБÆЛДЫ

Дзадтиаты Тотырбег... Тынг хорз ын хъуыды кæнын йæ фыццаг литературой къахдзæфтæ.

Райдыдта газеты куыстæй. Сæвæрдтой йæ Алагиры районы газет «Раздзоджы» редакторæй. Куыд фæзæгъынц, цыргъ мыхуыры оргæн уыд, уæлдай биноныгæвдыста районы æрвылбоны цард. Арæх дзы уыдтам редакторæн йæхи уацтæ.

Хæрзаив нæлгоймаг уыди Тотырбег, бакастджын, йæ сау сæрыхъуын мæкъуылбадт кодта сæрыл. Зæрдæмæ уæлдай цыдис йæ фæлмæн худæндзастæй.

Ракуырдта мæ хæлар, ме 'мбал – рæсугъд Дзасохты Лидæйы. Амонджын уыдысты, фыццаг лæппу сын куы рантыст, уæд. Æмæ уый фæстæ дæр.

Лидæйы æз тынг бирæ уарзтон. Иннæтæй никæй хуызæн уыди. Ныллæггомау асæй, фæлæ цæстыахадгæ, цæсгом– рæсугъд, дикци – æнахуыр зæрдæисгæ.Уымæй æмбылдта бынтондæр. Уый йæ хицæн кодта иннæтæй, йæ уды сыгъдæгдзинад ын цыдæр хуызты ирдæй æвдыста... Æнгомæй цардысты Тотырбегимæ. Лæг ын æрхауынæй тарст. Æз сæ иумæ арæх уыдтон Алагиры аргъуаны рæзты бульварыл фæскуыст тезгъогæнгæ.

Æцæг уарзтæй уарзта Лидæ дæр йæ мойы.

Рæхджы нæ дыууæтæ дæр ныууагътам Алагир. Æз афтыдтæн Мæскуымæ, уыдон– Дзæуджыхъæумæ. Дзæвгар рæстæг нал федтам кæрæдзийы. Ногæй та сыл сæмбæлдтæн иуафон, Лидæйыл хицæнæй, Тотырбегыл дæр. Зынтæй ма базыдтон ме 'мбалы. Дзыкку суре, цæсгом фенцъылдтæ, цæстыбынтæ – дзæкъулгонд, астæу фæгуыбыргомау. Афтæмæй йыл 40 азы дæр нæма сæххæст.Сагъæсæй дзаг цæстытæй мæм æрбакаст:

– Тотырбег мæ ныууагъта... Мæ зæрдæ йæ зонгæ кодта, тæлмацгæнæг сылгоймагимæ рæстæг æрвитынæн йæ фæстаг цæмæ цæуы, уый. Æнæ Тотырбег мæм цæрыны ныфс нал и...

Тотырбегимæ та нæ фембæлд хъæрмуд нал уыди. Цæуыл-' дæрты уæлæнгай адзырдтам æмæ уайтагьд фæхицæн стæм

Дзадтиаты Тотырбег– номдзыд ирон фыесæг, дæрдтыл зындгонд канд нæхимæ нæ, фæлæ Уæрæсейы дæр. Раздæхт йæ бинонтæм, æмæ та Лидæ уыд амонджын.

14. РЫНЧЫНФÆРСÆГ КУЫД УЫДТÆН

Иуахæмы та æз, мæскуыйаг дохтыр, нæ Ирыстонмæ куы 'рцыдтæн, уæд мæм фæдзырдæуыд, ныр 40 азы бæрц чи сæйы, ахæм сылгоймаджы дохтыры цæстæй фенынмæ. Æнхъæлдтон, уыдзæн бынтон æнæбон, анабиозы уавæры, йæ фæстаджы бонтæ кæмæн æрхæццæ сты...

Федтон бынтон æндæр хабар... Хуыссæны базты æнцой æрдæгбадгæ-æрдæгхуысгæйæ баййæфтон тынг зæрдæисгæ саугæрфыг сылгоймаджы, йæ саулагъз цæсгомыл уа-бæрæг æнцъылдтæ дæр нæ бафиппайдтон. Куыд лæмбынæг мæм æрбакаст, уымæй банкъардтон, ме 'рбацыд мын рагацау кæй зыдта, цæттæ кæй уыд мæнимæ фембæлынмæ. Ныхас нæма райдыдтам, афтæ мын йæ цæстæнгасæй загъта бирæ цыдæртæ, мæхи банкъардтон, цыма уавæры хицау (æз – дохтыр, уый – æнæбон рынчын) æз нæ дæн, фæлæ йæхæдæг у, æмæ æцæг дæр афтæ рауад... Ахæм уысм дæр уыд: йæ разы куыддæр фенæхъару, фенæбон дæн рагон æвæлтæрд курсисткæйау...

– Мæн ничиуал едзæбæх кæндзæн,–æнахуыр зæлдаг æмæ рæвдаугæ сыгъдæг хъæлæсæй едзырдта, цъус йæ цæсгом йæ фыртырдæм аздахгæйæ:– Дзæгъæлы батыхсын кодтай адæмы.

Хуымæтæг ныхæстæ, бынтон хуымæтæг. Фæлæ сæ цы хуызы, цы уавæры, цы интонацийæ, цы цæстæнгасимæ загъта, уыдон

афтæ хуымæтæг нæ уыдысты. Рæвдауæн интонаци мæн адрисыл уыд, зынди дзы йæ бузныггад ме 'рбацыдæй; «адæм» – дæрддаг иумæйаг дзырд, фæлæ тынг хъарм ад скодта йе 'взагыл; цыма йæ ивгъуыд рынчынфæрсджыты тыххæй дæр мæнæн арфæ кодта, цыма æз се 'ппæтæй уымæн цæмæйдæр æввахсдæр, хиондæр æмæ сæйрагдæр фæдæн, ахæм уыдис йæ барухсдзыд цæстæнгас. (Дзургæ фыртмæ кодта, йæ каст та – мæнырдæм). Уыцы уысмыл уый банкъардта, зæрдæйæ хицонтæ кæй стæм, нæ удты тынтæ кæрæдзимæ кæй ивæзынц, нæ зæрдæты тæгтæ иу уылæныл кæй кусынц (Афтæ рауад æцæгдæр; уæд æз уый нæма æнкъардтон æххæст,– уый йæ банкъардта, цавæр тыхæй,–нæ йæ зонын абон дæр).

Фырт йæ куыстмæ ацыд. Мах йæ мадимæ баззадыстæм хибарæй.

Рынчын сылгоймаг хуымæтæджы адæймаг нæ уыд. Цыдæр æбæрæг тыхæй мæ йæхимæ æлвæста, æмæ зæрдæхцонæн бакастæн уыцы тыхы коммæ.

Бацайдагъ ныхас. Низты æмæ дохтырты койæ рæхджы ахызтыстæм рагон цæрдтытæм, зынгæ адæймæгтæ æмæ цаутæм, зæнæджы хъысмæттæм, рагон æмæ нырыккон дарæсы модæтæм, зæгъæн ис – дунейы хъысмæттæм суанг... Æз – дохтыр, ахуыргонд, уый – æнахуыргонд сылгоймаг, фæлæ цæмæй кæрæдзи бамбарæм, уый тыххæй йæ йæхи хæрдмæ, «ме 'мвæзадмæ» ивазын, йæ къахфындзтыл слæууын нæ бахъуыди. Уый нæ, фæлæ мæнæн мæхи цыма бахъуыди уый æмвæзадмæ мæхиуыл схæцын. Фæхъæздыгдæр, фæифтонгдæр мæ кодта цахæмдæр ног, æндæр, йæхирдыгон цард-энциклопедийæ. Бирæ цæмæйдæрты, ныронг кæй нæ зыдтон, кæй не 'мбæрстон, ахæм хъуыддæгтæм акастæн нæуæг хуызы... Оригиналон хъуыдыты сыгъдæг æхсæрдзæн, хæдбындур уынынад, йæ зонды цæстытæй цыма ахста дунейы скондæмæ змæлд дæрдтыл æмæ æххæстæй. Буары тыхæй, ай-гъай, слæмæгъ, фæлæ уды, зонды хъаруйæ уыйас хъомысджынæй куыд баззад, уый мæ дисы æфтыдта, «низты низ –зæронддзинад» ыл нæ фæбæрæг, йæ сæрымагъзы æнцъылдты иунæг чысыл цау дæр нæ фесæфт. Куыннæ кодтаин дис, Цалдæр сахаты азгъордтой минуттау.

Йæ ныхас уыди хæрзаив, сурæттæ-иу мæ разы æргом слæууыдысты; æвзаг – хъæздыг, æнаипп, æнæкъуызгæ. Дзырды дæсныйы, æцæг курдиаты æвзаг куыд хъуамæ уа, афтæ.

Фæлæ ма йын йæхи къухæй уæфт тынæй æмæ йæхи къухтæй конд басылыхъхъытæ, хуыссæнæмбæрзæнтæ, алы хæрдгæбыдтæ, йæхи орнаменттæ чысыл гауызгæндтыл, дамбацайы бостæ,

æхцадæттæ æмæ æндæртæ куы федтон, фæндыræй цæгъдынмæ йæ заманы æмæ зарынмæ дæр æмбисонд кæй уыд, уый куы базыдтон, уæд бынтондæр бамбæрстон, мæ разы кæй ис Хуыцауы сконды аивадон курдиат, зæдæнгæс адæймаг (сæхи Алыксандры загъдау). Ныр уый адæм зонынц: йæ чингуытæ рацыдысты, бирæ йыл фæфыстой æмæ фыссынц, фæлæ уæд райдиан уыд, æмæ–уæлдай диссагдæр.

Мæ зæрдæ мæм афтæ сдзырдта: «Æвæццæгæн, айдагъ йæræуджытæй нæ, фæлæ йе стæгдарæй дæр улæфыд, æмæ уый руаджы хъахъхъæд æрцыд; бахсысти цыдæр хуызты, йæ зонд æмæ йе 'нкъарæнтæ уыцы рæсугъд баззадысты».

...Иу къухæй къæдз лæдзæгыл æнцайы, иннæмæй мæ цонгыл хæцы, афтæмæй рахызтыстæм 4-æм уæладзыджы балкъонмæ. Афæлгæсыд хæхтыл, цæст ахаста уынгыл, цæуджытыл:

– Ныры модæтæй хæрз дзæбæхтæ ис.

Уый фæстæ мын йæ сынтæджы бын мæскуы-чумæданæй (Америкæйæ хает) сисын кодта æнахуыр хъуымацæй хуыд къаба.

– Ахъуымац Чифесæфтуый (фæстаг азты уыцы номæй хуыдта Ибрагимы) Амырыкæй æрбаласта революцийы размæ. Мæ чындздзон læвæрттæй уыд, Ныронг фæлæууыд, Балоткæ тыххæй дæр къаба бахуыйын кодта, мæ уæлæ дæр мын æй скæнын кодта. Даргæ та ма –кæм?

Æфснайд æм уыдысты ноджы Америкæйæ хает алы дзаумæттæ: духипырхгæнæн (пульверизатор), сæрдасæнцыргъгæнæн, къухфанар, уымы ист бирæ къамтæ (Ибрагим йæхæдæг, иннæ ирæттæ– Хъарманæй, Æрыдонæй...) галстук, нуазæнтæ, сæ фæрстыл базырджын кæфхъуындары нывтæ, кърандас англисаг фыстытимæ (тынг рæсугъд тæфуадзæг хъæды хуылфы уагъд йæ апп) æ.æнд,, æ. æнд.

Базы бынæй систа газеттæ. Радта мæм сæ. Кæцы газетмæ æркæсын, уымæ йæ цæст дары æмæ дæтты комментаритæ. Газеттæ кæрæдзийæ иртасы сæ нывты æвæрдмæ гæсгæ.

«Социалистическая Осетия»:

– Ме 'рвад Ханджерийыл дзы фыссынц – Агънаты. Сгуыхт уыд хæсты. Хъæздыг Агънатæй у. Сæ лæгты сын Сыбырмæ ахастой. Ай, æнахъом, баззад йæ хæстæджытæм. Ныр стыр лæг сси, Дæ разы къамы –æрыгон, уый та – йæ лæппутæй иу. Фондз фырты йын ис... Арæх мæм æрбауайы.

«Социалистическая Осетия»:

– Уым та Агуыбейыл фыссынц Мæ хо Чабæйы лæппу. Адоны мыггагæн сæ тæккæ лæгдæртæй...

«Рæстдзинад»:

– Уæртæræбыны хъæутæй иуы сылгоймаг йæ дзæгъæлрантысгæ сывæллоны куыд амардта æмæ йæ фæдтæ куыд æмбæхста, уый тыххæй ис ам та...

«Советон Ирыстон»:

– Хуссар Ирыстоны иу чындз йе 'нæбон æфсины æндарæны бакодта, кæд амæлид, зæгъгæ. Зæронд æхсæз бонмæ нæ амард. Уæдмæ йæ сыхæгтæ федтой... Рауагътой Т.-оны къанцæй... Лæппу, зæрондæн йæ фырт, дæр зыдта, йæ мады йын кæй мары йæ ус, æмæ диссаг-аллайаг уый у: куыд сразы?!

(Раздæр мын Агъниан йæ зæнæгæй афтæ загъта: «Уыцы амонд мæ фæци: æнувыд мыл сты».)

Ныр хуыздæр æмбарын, ацы темæтæ йæ уыйас тынг цæмæн æндавынц.

Мæнæ ма иу мыхуыры оргæн – журнал. Ам та цы ис? Фыссынц: америкаг кæцыдæр адæмыхаттæй ма баззад зыбыты иунæг адæймаг, нæлгоймаг, Иши – йæ ном. Журналы – йæ къам дæр. Фырттæ Дзугкайæн радзырдтой Ишийы тыххæй. Бандæвта йæ уыцы иунæджы хъысмæт, ахъаззаг æй бандæвта.

Æнамонд бындайрагыл фыстæуы наукой литературæйы дæр. Иæ кой кæм цæуы, уыцы чиныг ис Цæрукъаты библиотекæйы. Дзугка зоны, тæрхæгыл кæм æвæрд у, уый дæр.

Искуы-искæцы тæригъæддаг иунæгыл дзырд куы 'рхауы, уæд Дзугка фæкæны: «Ишийау – иунæг».

Йе 'мбисæндтыл ма бафтыд ноджыдæр.

Гъе, уыдæтты фæстæ мæм диссаг куыннæ фæкастаид Агъниан?

(Æз ын йæ хабæрттæ Мæскуымæ куы ахастон, куыд бирæтæ зоны рагон ирон цардæй æмæ уый куы радзырдтон, уæд æм Мæскуыйæ йæ къабæзтæй бафæрсынмæ æрцыд зæронд пенсионер Б. Т.).

...Уалынмæ та фæзынд йæ фырт (йæ куыстæй æрбацыд). Афарста:

– Куыд дæ, Дзыцца? Исты афынæй кодтай, дæ сæр нæ риссы?

Зæронд ус хъазгæмхасæн дзуапп радта:

– Хорз нæ дæн, фынæй дæр ницы акодтон, мæ сæр дæр риссы... Зонын, цæмæн мæ афтæ фæрсыс, фæлæ уыдон раджы фыссын хъуыди, раджы.

Фырт машинкæимæ йæ цуры æрбадт:

– Знон нын Сæнæхъызы таурæгъ нæ фæци... Радзур ма йæ, кæд дæ бон у, уæд. Нæ уазæг Нинæ дæр байхъуса.

Уый дæр мын ног хабар: лæппу бонæй-бонмæ фыссы мады æмбисæндтæ, аргъæуттæ, таурæгътæ, зарджытæ, æмдзæвгæтæ... Æз, æцæгдæр, байхъуыстон æмæ базыдтон мæ пациенткæйæн йæ фыд Уæдзы хо Сæнæхъызы траТеди: кæрæдзийæн нывонд, фидыд, Агънаты Сæнæхъызы æмæ Хъараты Микъолоз не сиу сты (Микъолозы каторгæмæ ахастой, хъазахъхъаджы, дам, кæй бафхæрдта, уый тыххæй). Фынддæс азы фæстæ иу хионы зианы сæмбæлдысты, кæрæдзийы къухтæ райстой... Уыйадыл сылгоймагæн йæ зæрдæйы уидаг аскъуыд, Микъолоз дæр цалдæр боны фæстæ амард... Нывæст айонг куы æрхæццæ, уæд лæппуйæн йæ цæссыг æрызгъæлд, машинкæ ныууагъта. Мад дæр йæ сагъæсты рагон дунемæ ацыд.

Зæронд усы уацмыстæ фæстæдæр рацыдысты бæзджын чиныгæй, «Агъниан», зæгъгæ, ахæм сæргондимæ. Фыццаг экземпляр мын авторы номæй Мæскуымæ æрæрвыстой йæ цот, сæ мадимæ зæрдæйæ-зæрдæмæ кæрæдзийы кæй ссардтам, уый нысанæн. Уый у мæ чингуытæн сæ зынаргъдæр.

Стыр зæрдæдзæф фесты сæ ныйийарæджы амардæй (1977 азы 19 майы). Куы 'рчъицыдтой, уæд сын райстон сæ фыстæг. Ис дзы ахæм хъуыдыйад: «А-дунейыл дæу хуызæн ничи бамбæрста нæ мады, дæуæй æввахсдæр æм ничи уыд удыкондæй, æмæ йæ амæлæты фæстæ нæ сидзæр зæрдæтæ ныфсæвæрдæн се 'ргом аздæхтой дæумæ...»

Æз дæн сæрыстыр, ацы ныхæстæ мæ зæрдæйы цъуппыл бадынц æдзух.

15. ПОЭЗИЙЫ РУХС

Бирæ азтæ рацыди уæдæй.

Цæрукъаты Алыксандр нæ мæскуыйаг фатеры къæсæрыл фыццаг хатт куы 'рбахызт, уæд нæм цыма Йесо Чырысти фæзынди. Бæрзонд, хæрзконд, ахадгæ. Уыимæ – бынтон хæдæфсарм. Æгæр хæдæфсарм. Уæд ахуыр кодта Мæскуыйы Горькийы номыл Литературой институты. Уæд мах цæмæй хæйрæг уыдыстæм, кæй уынæм айсбергæн æрмæстдæр йæ цъупп, йæ гуыр та фæстæдæр кæй разындзæн. Нырма уал студент у, цæры йæ хæдæфсармдзинады уацары. Фыссы, фидæны «литературой Рафаэль» кæм тæлфы, ахæм æмдзæвгæтæ. Нæ поэзийы арвыл суæвинаг у фыццаг стъалы.

Афтæ рауад, æцæгдæр. Поэзийы базыртæ йæ бæрзонд куы систой, уæд дæр иуæй-иутау нæ фервæссыд йæхиуыл. Мах бамбæрстам, Алыксандр æххæстæй раргом уыдзæн, Стендалы хъысмæт куыд рауад, уыйау – 100 азы фæстæ нæ, фæлæ

йæ удæгасæй, фидар бынат ын разындзæн ирон адæмы культурæйы историйы... Иу зонынджын, дам, загъта: алы бон дæр лæгау лæг уæвын зын хъуыддаг у. Гъеуыцы уæззау уаргъ, зæхмæ æнæ иу хаттæрæргъæвгæйæ, фæхаста æмæ хæссы адæмон поэт Цæрукъаты Алыксандр.

Йæ курдиатæн аргъæнæг адæм бирæ сты (уæлдай æргом æз уый федтон йæ 60 азы бæрæгбоны ЦИПУ-йы; æз дæр æм бацыдтæн, дыууæ ныхасы дæр загътон). Фыдгултæ дæр ын чысыл нæй. Критиктæй дæр цух нæ разынд, фæлæ-иу уыдон, бæргæ, се 'ппæт поэттæ куы уаиккой сæхæдæг, куы-иу уаиккой, Достоевскийы загъдау, сæхæдæг «наделены даром поэтического восприятия мира». Уымæй фалæмæ иннæтæ цы фыссынц, цы хæйрæджы амындæй цæуы, уый вæййы цъыфкалæн, мастисæн,.хæлæгдзинады ранхъизæн.

Уæвгæ та критикой дзырд хъæуы, уæдæ куыд, ис ын кæддæриддæр рад æмæ бынат.

Æрымысæм А.Писаревы. Йæ заманы Пушкинæй дур дурыл нал ныууагъта. Уæддæр Пушкин баззад, цы уыдис, уымæй. Фæлæ Писарев дæр абоны онг дисы æфтауы йæ хæд æмæ цыргъзондæй, йæ хъуыдыты хæдбындур æмæ рæсугъдæй. Мах Алыксандры «критиктæ» та ахæм хъысмæт сæ фыны дæр нæ фендзысты. Чи сæ фыста йæ хæлæгмæ гæсгæ, чи – поэты сфæлдыстады философийæн, лæгæты цæрæг хъæддаг лæгау, мур не 'мбаргæйæ, чи – знæгты ардыдæй. Цы загъдæуа: сæхи аххос нæу, Уæлладжы азар сын у. Цыма ахæмтæн дзуапп дæтты сомихаг поэт Эмин: «Мои враги не виноваты, что вызвав к жизни из дремавших сил, меня ты певчим сотворил, а их всего лишь каркать научил».

Алыксандр мын мæ зæрдыл Маяковскийы æрлæууын кæны: уыйау – бæрзонд, Гулливер, цæстывæрд, бакастæй иуцасдæр гуырымыхъгомау, зонынджын сæр æмæ сабийы зæрдæйыконд.

Йемæ аныхас кæнын– цыма уæле æруадзгæтæй искæимæ фембæлдтæ. Ногæй, уадиссагæй дæр дын цыма ницы загъта, афтæмæй дæ зæрдæйыл раивылдзæн æхцонад, фенцондæр дын уыдзæн, дæ зæрдæйы базыртæ сæхиуыл схæцдзысты бæрзонддæр.

Алыксандр – нывгæнæг, ног цардæгас сурæттæ фæлдисæг. Йæ фæлдисæн амал æндæр у–зæрдæ; фæлдисы зæрдæйæ, баивæн кæмæн нæй, хъуыдыты, æнкъарæнты гуырдз фæзыны йæ зæрдæйы, цæры, змæлы, æсуддзыд вæййы æмæ иуафон поэзийы цæхæртæй ранхъæвзы адæммæ.

Мæ миднымæр ын тæригъæд кодтон кæддæриддæр: æнæрæвдыд адæмæй, æхсæнадæй. Ахæм стыр курдиатæн фæрсæнцой – кадавар. Хъарм дзырд стæм хатт фехъуыстаид. Фаг ностæ, хъæдгæмттæ баззад йæ фæлмæн зæрдæйыл. Советон хицауад ын йæ фыды фесæфта. Æрæлхъывта йæ даринаг кæстæрты мæт. Цард ын схъизæмайраг. Уды хъаруйæ фидар разынд, нæ басаст. Йæ ацы тухитæ йын адæм цæмæй зонынц... Искуы бынтондæр ферох уыдзысты. Баззайдзæн йе сфæлдыстад – Поэзи. Уый у сæйраг.

Алыксандр ирон адæмыл тауы поэзийы рухс.

Æмæ таудзæн кæддæриддæр: йæ суадон у æвидигæ.

16. «САФА» ХЪАХЪХЪÆНÆГ

Æхсæнады куыд у, бинонты 'хсæн дæр афтæ: иу исчи сæ цæмæйдæрты бæрæгдæр фæдары– иннæтæй фылдæртæ фæуромы, цыдæр хъаруйæ вæййы ифтонгдæр. Уыцы хъару, чи зоны, æмæ у мæт... Цæрукъатæм ахæм разынди Владимир.

...Даринæгты къорд баззад æвæрæсæгæй. Сæйгæ мад, йæ кæстæртæ – фондзæй. (Дыууæ чызджы Алыксандры хæдкæстæртæ, амардысты чысылтæй...) Кæнæ цæргæ, кæнæ мæлгæ! Райстой зындæр – цæргæ! Уый уыдис тох, æвирхъау тох сæ уавæрты. Чи йæ 'мбары, уымæн æй дзурын нæ хъæуы: акъахдзæфы бар нал уыд бинонтæн, ныхкъуырд, бынтон æвæрæз, фыдгултæ – бирæ. Сабитæн æххуыс уарынц – адоны-иу фæцух кодтой. Ногдзауты лагерьтæм дæр сæ нæ уагътой.. Знаджы цот – сæ гакк.

Фæлæ сæ рæстдзинад зыдтой æмæ нæ састысты. Рæстдзинад сыгъдæг къухы куы уа, уæд стыр тых у, цырагъ, æнцой. Дарæджы фæндиæгтæ сæ цотæн– зыдта сæ мадæмæ хуыссæнæй амыдта, арæзта сæ фæллой æмæ ахуыры фæндагыл. Фæстагмæ фæуæлахиз сты уавæртыл, фыдгултыл... Æхсæнадон царды бæрзонд бынатæй разындысты, сраст и сæ дарæг дæр (ежовщинæйы цъимасы йæ куы амардтой, уымæй дзæвгар-дзæвгар рæстæджыты фæстæ). Дзугка дæр ма федта сæ фæуæлахизы фæстиуджытæ. Пеней дæр ын рафыстой Ибрагимы тыххæй.

Фæлæ ма уæдмæ акъахдзæфтæ хъуыди.

...Æртыккаг къласы ахуырдзау иу æнтъыснæг бон фæрсмæ сæлфынæджы Хъарман-Сындзыхъæуæй рараст бæгъæввадæй Алагирмæ– сæ хæстæджытæм исты æххуысæнхъæл. Бауат ын кодтой пъолыл, зæронд пъалтойæн йæ иу базыр – йæ гобан, иннæ–йæ хъæццул. Тавс æм цыд ахæм хъуыдыйæ: «Ацы пъалто мын куы радтиккой,– уæддæр сæ куы ницæмæн хъæуы,–

дыууæ-æртæ азы йæ фæдарин...» Райсомæй бинонты размæ рацыд уыцы пъалтойы мидæг.

Нæ йæ радтой, сæ хъуыдыйы не 'рцыд ахæм фæнд, йæ Алагирмæ балцæй фыдæнхъæл фæци Валодя. Уазал ын ныццавта йагræуджытæ, æмæ йæ уый бирæ азты фæхъыгдæрдта.

Хъыгагæн, уыцы бинонты хъуыддæгтæ дæр хорз нæ ацыдысты фæстагмæ, фæд-фæдыл дзы цалдæр амард, сæ фæллæйттæ нып-папылой сты, халæттæ холы куыд тоной, афтæ сын æцæгælæттæ сæ мулк фæйнæрдæм фæхастой. Æз уыцы бинонты хорз зонын, æмæ мæм афтæ фæкæськ уыйас æлгъин куы нæ уыдаиккой, уæд сæ хъысмæт амонджындæр рауадаид.

Валодя та абон у фыссæг, Фысджыты цæдисы уæнг, йæ чингуытæ йын кæсынц сабитæ дæр æмæ хистæртæ дæр.

Бахъахъхъæдта сæ хæдзарвæндаджыræхыс– Сафа, æмæ йæ федтон Дзæуджыхъæуы сæ фатеры. Сæ хо Дзерассæйы хъусыл кæмдæр æрцыд: Тæтæры бæстæйы ис Цæрукъатæй лæг. Валодя йæ сбæрæг кодта, ссардта Георгийы, телефонæй йæм фæдзырдта, йе 'фсымæр кæй сраст (реабилитацигонд æрцыд), уый. Нæ баууæндыд, Шелепинмæ ныр (раздæр нæ уæндыд бафæрсын) курдиат балæвæрдта, мæ хистæр, дам, стыр хорз лæг уыди æмæ мын йæ хъысмæт зæгъут...

Георгийы фырт Владикы сласта Хъазанæй, фæхуыдта йæ Инджынтæм, Цъамад æмæ Дагоммæ сæ фыдæлты хæхбæстæ уынынмæ.Сæ мыггаджы ма чи баззад зæрæдтæй– хохы дæр æмæ быдыры дæр – æрзылди сыл æмæ сарæзта сæ мыггаджы бæлас.

17. ДЖИГИТТÆ

Партион хыгъды уыдтæн Мæскуыйы егъаудæр организацитæй иуы. Иумæйаг æмбырды æвзæрстам ног партком. Æрхæццæ хъæлæстæ нымайын афон.

Тæвд бон уыд, æмæ адæм ракалдысты Культурæйы галуаны тыргътæм, бæлæсты бынмæ. Уалынмæ дын куы айхъусин:

– Джигиттæ, джигиттæ! Кавказаг барджытæ! Фæдзурут ма нæ ирон чызгмæ: уый агурынц!

Стыр æхсызгон мын куыннæ уыдаид ирон дарæсæй бынтон хæрзарæзт дыууæ æрыгон læппуйы уынд, Цæхæртæ калдтой. Хъæлдзæг, хъазæн ныхас кодтой, сæ алыварс чи æртымбыл, уыдонæн, ме 'мкусджытæн:

– Ам исчи, мыййаг, кæд хъыгдары Сечъынаты Дзæрæхы чызг Нинæйы! Мах æм æркæсдзыстæм! — æмаг-иу хъаматы сæртæм февнæлдтой.

Зæрдæбын цинтæ. Сæ хъæбысы-иу мæ фелвæстой. Æз дæр куыннæ ныббуц уыдаин мæхицæй.

– ...Ацы сылгоймагæй мах нæ сæр бæрзæндты хæссæм. Æфхæрын æй никæмæн бауадздзыстæм!

Ацыдыстæм нæ фатермæ. Физонæгæй, фыдджынæй, уæлибæхæй – алцы дæр нæм уыди. Фæндыræй дæр сын фæцагътон.

Уыдон уыдысты Цæрукъаты Владимир æмæ Мæхæмæтты Ахуырбег. Æрбаздæхтысты Болгарийæ æмæ мæныл сæ фæндаг ракодтой. Махæй ацыдысты Брестмæ, ирæттæй дзы чи хæцыд, уыдоны сбæрæг кæнынмæ.

Ныр уыдон аслæгтæ сты (зæронд сæ не схондзынæн), номджын: Цæрукъайы-фырт – фыссæг, Мæхæмæтты лæппу – акаˬдемик, ЦИПУ-йы ректор.

Нæ къам дæр систам иумæ. Дарын æй мæ альбомы. Куы йæм æркæсын, уæд мæ зæрдæйыл цины уылæн сæмбæлы.

18. БУЗНЫГ СЫН ЗÆГЪЫН

Мæ уарзон æфсымæр, мæ фыссæг-æфсымæр уæззау рынчын фæци, стыр хъизæмæрттæ 'взæрста. Мæ зæрдæ куыннæ аскъуыд, йæ тухитæм кæсгæйæ. Цынæ хос æмæ мадзал бавзæрстам– нæ бон ын ницыуал баци. Йæ низимæ уæззау тохы уымæй нæ райхъуыст нæ хъæрзын, нæ дæндæгты хъыс-хъыс. Уыйас ын быхсыд. Уымæй дисы æфтыдта дохтырты, рынчынфæрсджыты.

Фæстагмæ йæ мæхимæ , Мæскуымæ, æрластон.

Уыцы уæззау бонты йæм рынчынфæрсæг фæзындысты Хъодзаты Æхсар æмæ Ходы Камал. Уый куыд ныццин! Уымæн куыд æхсызгон уыди сæ фенд!

Ныхъхъæбыстæ йын кодтой, загътой:

– Ладемыр, куыд фидар лæг дæ, куыд! Дæуæн тæссаг нæу. Хуыссæны дæр нæ дæ. Дæ европæйаг, дæ æмбырдтæм цæуæн костюм – дæ уæлæ!. Æмæ ноджы æндæр рæвдауæн ныхæстæ, зæрдæвæрæнтæ.

Ай чысыл хабар нæу: Валодя бирæ фæфидардæр. Афтæ йæ нымайын, æмæ йын йæ царды бонтыл бафтыдтой се 'рбацыдæй. Сдзæбæх уыдзæн – уый ныфс дзы бауагътой, зынджытæ сыгъд йæ цæстыты.

Æхсар æмæ Камал – æцæг хæлæрттæ.

Бузныг Æхсар æмæ Камалæн – æндæр сын мæ бон ницы у.

19. ФУРЦЕВА

Н.С.Хрущевы заман СЦКП-йы ЦК æмæ ССР Цæдисы Министрты Совет рахастой уынаффæ химион промышленность! уавæр фæхуыздæр кæныны тыххæй. Йæ хæдфæстæ Мæскуыйы горкомы бюро касти фарстамæ: уавæр Мæскуыйы Фрунзейы номыл химзаводы æмæ Мæскуыйы эфиры заводы. Фæдзырдтой уыцы куыстуæтты сæргълæууæг Иван Корнеевич Сединмæ æмæ мæнмæ дæр, химикты æнæниздзинадыл дзуапдæттæг дохтыр кæй уыдтæн, уымæ гæсгæ.

Æмбырд хаста горкомы секретарь Е.А.Фурцева. (Уæд уый уыдис ЦК-йы секретарь дæр). Хабæрттæ раст нæ бавдыста Седин. Кусджыты цауд æнæниздзинад, дам, у æдасдзинады техникæйы аххос æмæ æндæр ахæм цæйдæрты аххос. Фурцева æмæ Седин иу институт фесты, рагæй зыдтой сæ кæрæдзийы. Хæлар уыдысты.

– Ваня, объективондæр у дæ доклады,– бадзырдта йæм сæрдариуæггæнæг.

Седин дæр æм «вы» нæ дзырдта, фæлæ «ты».

Мæнг ныхæстæ ныббыхсын мæ бон нæ баци æмæ загътон рæстдзинад:

– Иннæтæй арæхдæр рынчын кæнынц химиктæ. Сæ куысты фадæттæ сты, «хъаймæты размæ» куыд уыдысты, раст ахæм. Архайгæ сын у тынг зианхæссæг буаргъæдтимæ; расайынц профессион низтæ, уыимæ– мисындзæджы рак дæр суанг.

Дарддæр фæдзырдтон сæ царды уавæртыл. Бирæтæ лæзæрынц баракты, дзæбæх фезмæлæн дæр дзы нæй, сицæ æмбæрзæнтæй хатæнтæ скæнынц, цæмæй кæрæдзийы къаддæр хъыгдарой...

Ацы ран Фурцева фесхъæтæг:

– Уый та куыд! Фыццаг хатт хъусын: профессион рак! Къамис саразæм, уадз æмæ равзара уавæртæ.

Седин хъæбæр бамæстджын, дуарырдæм ныццавта, æз дæр йæ фæстæ рахызтæн, фæлæ уый «ЗИМ»-ы абадт, мæнмæ кæсгæ дæр – нал!

...Хæрзуынд сылгоймаг уыд Фурцева, хъазар дарæстæ дардта, уæлдай лæмбынæг зылд йæ дзыккутæм. Фæлæ йæ сæрджын ничи хуыдта, æз дæр æм ницы уыйас зонд бафиппайдтон. Номенклатурæйы 'хсæн уыд хъазæнхъулы уавæры; иузæрдион хабархæссæг уыд Хрущев æмæ иннæтæн.

Йæ культурой æмвæзад амæй дæр бæрæг у: рагацау-иуæрбацыд йæ куысты бынатмæ, холлы-иу сбадти æмæ-иу пъолмæрзæг сылгоймæгты фарста:

– Адæм цы дзурынц! Мæнæй та куыд фæзæгъынц? Нæ разамонджытæн сæм цы аргъ и?

20. СЫЗГЪÆРИН КЪОРД

Дохтырæй фæкуыстон 47 азы, уыдонæй 10 –хицауадон низдзæбæхгæнæн рæтты. Мæхи къахæй сæм нæ бацыдтæн. Официалон хуынды гæххæтт мæм æрбарвыста Æнæниздзинад хъахъхъæнæг министрады 4-æм хайады хицау Т.Бусалов. Бирæ зындгонд дохтырты гæххæттытæм æмæ хъуыддæгтæм æркастысты æмæ мæныл æрæнцадысты. Хиппæлæгау уайы, æмæ ацы ныхас фæуадзон...

Ацы хатт мæм кæдæм æрсидтысты, уый уыди, нæ бæстæйы æмæ фæсарæнты дæр хъуыстгонд политикты, культурæйы, аивады архайджыты, фысджыты æнæниздзинадмæ кæм зылдысты, ахæм медициной куыстуат. Фæцис мын стыр адæмты æввахсмæ базоныны фадат, æмæ мæ уый дæр схуыста ног бынатмæ.

Хорз цæстæй мæм ракастысты иууылдæр. Мæ хъару уыдис йæ тынгыл, цыди мыл æгасæй 34 азы. Мæ дæлбар куыстуаты уыдис 29 алыхуызон машинæйы. Иу дзы радтой мæнæн. Урс халат мæ уæлæ, афтæмæй рулыл бадтæн мæхæдæг, арæзтон мæ службæйы хъуыддæгтæ. Арæх-иу хъуыстон мæ рынчынтæй:

– Молодец, Нинæ Дзараховна! Ды нын дæ медицинæйы æцæг хæстон командир!

Иууылдæр уыдысты егъау мидкультурæйы хицауæмæ фырæздан адæм. Зынæрвæссондзинад сæ никæмæ раиртæстон.-

Лемешев арæх зарыд йæ диссаджы тенорæй, булæмаргъ нæм цыма æртахт, уыйау банкъардтам нæхи.

Борис Ефимов, уæд ма – æрыгон нывгæнæг, иунæг февнæлдæн ацарæзтаид кæйфæнды сурæт дæр; бынтон æй ныггæлиртæ кодтаид, фæлæ-иу оригиналы алчидæр базыдтаид. Худæджы хос– неппæтæн. Куыд арæхст афтæ – диссаг.

Константин Симонов уыд æрхæндæг, мадзурагонд лæг. Уымæй къаддæр зындгонд æмбæлттæй чидæртæ архайдтой, цæмæй цæсты раз уой, цæмæй сæ уыной æмæ буц уой хуымæтæг адæм. Симоновмæ ахæмæй ницы федтон. Мадзура загътон, фæлæ иу хатт уый дæр сдзырдта, уымæй дæр– мæстджынæй: æгæр, дам, нын цæмæн дæттут хæринаг, адæм 300-гай граммтæ йеддæмæ куынæ исынц, уæд?

Марк Фрадкин. Цагъта нын пианинойыл. Йæ цагъдимæ заргæ дæр кодта нæ хихъæппæрисадон концертты.

Слымæн дæн Наталья Петровнæ Кончаловская-Михалковаимæ. Зондджын, хæрздзæрин адæймаг. Стыр нывгæнæг Суриковы цоты цотæй. Худæджы хабæрттæ дзурынмæ – æмбисонд. Фыста æмдзæвгæтæ, прозæ, тæлмац кодта фæсарæйнаг æвзæгтæй уырыссагмæ. Мæ ном мын ссардта йæ иуæмдзæвгæйæ, радта мын æй, фæлæ мын фесæфт, нæуæг фатертæм ивгæйæ, дзолгъоты.

Йæ мой Михалковæй уыд 13 азы хистæр. Дзургæ та кодта афтæ:

– Уый – паспортмæ гæсгæ. Æцæгдзинадæй та мæнæй Михалков у 13 азы хистæр.

Иу махырдыгон, кавказаг, цыбырхъуыр лæг æй бафарста:

– Наташæ, бахатыр кæн, фæлæ уæ лæппутæм уæ къух исут?

– Исæм, уæдæ куыд? Нæмæм сæ. Мах сæ куынæ нæмæм, уæд нын нæхи нæмынмæ бавналдзысты.

Цыбырхъуыр хъазæн ныхас нæ бамбæрста, къуымты дзырдта: «Михалковтæ сæ сывæллæтты нæмынц».

Аркадий Райкинмæ, сценæйæ йæхи куыд æвдыста, уыцы хъæлдзæгдзинадæй ницы уыдæнæуи царды. Æрхуым, сагъæсхуыз, цыма мидбылты бахудын дæр нæ зоны. Сценæйы та йæ юмор, йæ сатирæ – фонтан стонæгау. Цалдæр концерты равдыста. Æнæферохгæнгæ изæртæ...

Михаил Тарханов амард уыцы рæстæджы. Инфарктæй ныццавта. Нæ хъæлдзæг цард фæкъахыр курдиатджын лæджы ныгæнæн бонты.

Лев Ошанины тыххæй афтæ зæгъдзынæн: тынг зæрдæисгæ нæлгоймаг, бауарзтам æй иууылдæр – сæйраг дохтырæй санитаркæты онг. Алкæмæ дæр худти, уарзта автографтæ дæттын. Мæнæ цыма ногдзау уыд, афтæ рæвдз-иу сдзырдта рухс цæсгомимæ: «Æз дæн Лев Ошанин!» Касти нын йе 'мдзæвгæтæ, фылдæр – хæсты тыххæй фыст æмдзæвгæтæ æмæ зарджыты тексттæ.

Ошанинæн йæ бинойнаг Наталья Успенская дæр уыдис йемæ. Рæсугъд сылгоймаг, фыссæг дæр ма. Уайтагъд-иу фæхæлар хистæримæ дæр æмæ кæстæримæ дæр.

Ацы бинонты æз уымæй размæ дæр зыдтон. Мæйы бæрц цардыстæм горæт Кисловодскы Орджоникидзейы номыл санаторийы. Уыдтон, куыд амондджын сты, куыд æнувыд кæрæдзиуыл.

Фæстагмæ сæ иумæйаг цард фехæлди. Фехъуыстам: Лев Ошанины йæхиуыл сбаста æндæр сылгоймаг, Наталья ферох. Уый ныббыхсын йæ бон нæ баци, æмæ Успенская йæхи раппæрста 8-æм уæладзыгæй.

Клавдия Шульженко. Уырыссаг рæсугъд, кæмæй фæзæгъынц, ахæм. Æрмæст йæ астæуыстæг – хъыгдард, зына-нæзына дзы чиудта, фæлæ йын уый лæмбынæг дохтыр йеддæмæ ничи раиртæстаид. Хъыггомау нын цы уыд? – иунæг хатт дæр нын нæ азарыд. Дзырдтой, æнæмыздæй, дам, никуы фæзары. Иннæ стыр адæмтæй афтæ ничи хъуыды кодта.

25.01.99.

«ÆЗ ЦÆУЫН ФАЛÆМÆ...»



Æнæуи дæр йæ боныфыддæртæм чи цæуы, уыцы ирон литературæйæ æнæнхъæлæджы, æвиппайды фæхъуыди Дзуццаты Хадзы-Мурат – фарны лæг, стыр курдиаты хицау, Ирыстоны иуæрдион хъæбул. 1995 азы Цхинвалæй фæхауæггап уымы хицæуттимæ нæ бафидыдта æмæ рацыди Дзæуджыхъæумæ. Уæдæй йæ амæлæты онг куыста «Мах дуджы» – поэзи æмæ драматургийы хайады сæргъæлæууæгæй.

29 майы мæм мæ кусæнуатмæ æрбацыд. Иннæ хæттытау та мæ фæлмæн хъæлæсæй биноныг фæрстытæ акодта: куыдтæтæ дæ, дзæбæх дæ, бинонтæ дæр дзæбæх сты? Стæй мын къæмдзæстыгхуызæй афтæ: «Æфсæрмы дæ кæнын, Æхсар, æгæр арæх кæй курын мæхи, уый тыххæй, фæлæ ме 'фсины мадæн дыууиссæдзæм бон уыдзæн, æмæ мæ уым сæмбæлын хъæуы». Уый та, зæгъын, цы дзырддаг у, зианы хъуыддагмæ дæ куыннæ хъуамæ ауадзон! Кæд, зæгъын, хъавыс цæуынмæ. Бæлвырд, дам, æй нæ зонын, ме 'фсин дæр ам ис, чи зоны, дам, райсом дæр ацæуæм. Дыккаг бон нæ ацыди, куысты ма уыди. Уый фæстæ бон мæм ме 'мкусæг æрбахаста чысыл гæххæтты гæбаз. Хадзыйы къухæй йыл фысп «Æхсар, æз цæуын фалæмæ. Дзæбæх мын у. Хадзы-Мурат. 2000. 31.У».

Фыццæгæм июны райсомæй куыддæр мæ кусæнуаты бандоныл æрбадтæн æмæ газет райстон, æркæсон æм, зæгъгæ, афтæ мæм мæ чызг Иридæ æрбауад, йæ цæссыгтæ гæр-гæр кæнынц, афтæмæй. Æз фæудаист дæн, мæ зæрдæ ныссæххæтт кодта. Уый мын æваст афтæ: «Хадзы-Мурат, дам, амарди». Фæрсын æй сонтæй: «Кæй Хадзы-Мурат?» «Дзуццаты». «Ау, уый та куыд? Цы йыл æрбамбæлди? Чи загъта?» Уæртæ, дам, Æлборты Феликсмæ æрбадзырдта чидæр. Мæн нæ уырныдта хабар æмæ наукой-иртасæг институтмæ (Феликс уым кусы) азгъордтон, Феликсæн, зæгъын, йæхи афæрсон. Мæ цæссыгтæ тыхурæд кæнын, фæлæ мæ коммæ нæ кæсынц. Уынджы мæ адæм ма бафиппайой, зæгъгæ сæ аивæй асæрфын. Феликсы баййæфтон йæ уаты. Загъта мын: Хадзы-Мураты раздæры бинойнаг Ирæ мæм дзырдта. Райстон дзы Ирæйы телефоны номыр. Мæ куыстмæ æрбаздæхтæн, дзурын Ирæмæ. Кæугæйæ мын афтæ: Цхинвалæй нæм фæхабар кодтой, дысон, дам, Хадзы-Мурат бафынæй æмæ нал райхъал – райсомæй йæ йæ уаты мардæй баййæфтой.

Æмæ та мæ зæрдыл æрбалæууыди, цы гæххæтты гæбаз мæм нынуагъта, уый: «Æз цæуын фалæмæ...» Цы амыдта дзырд «фалæмæ»? Ехх, куы йæ зыдтаин, Хадзы, фалæмæ, де 'цæг дунемæ, цæудзынæ, уый, уæд дæ бæргæ нæ ауагътаин дæ куыстæй æмæ, чи зоны, (цынæ вæйиы!) абон ацы фыдохы рæнхъытæ нæ фыссин. Фæлææппæт хъуыддæгтæ дæр Хуыцау аразы.

...Стыр зын уаваæры ис ныртæккæ Ирыстон. Не 'взаг зауатмæ кæй æрцыди (фыццаджы-фыццаг нæхи аххосæй), уый фыдæй ирон адæмы ног фæлтæртæ фæиппæрд сты сæ фыдыбæстæйæ, нал сæ æндавынц сæ фыдæлты фарнæмææгъдæуттæ, зыдæмæ сыл кæрæф бафтыди, æддагон знæгтæ сæ кæй цæгъдынц, уый сын фаг нæу, фæлæ ма кæрæдзимæ дæр топпы кæсæнæй кæсынц, æхцайы, мулчы тыххæй кæрæдзи уæй кæнынц нæ фыдгултæн, суангæфсымæр æфсымæрыл дæр нал ауæрды.

Утæппæт æвирхъау нывтæ уынгæйæ йæ зæрдæйы уидæгтæ мæтæй æмæ мастæй уæззау сыгъд кодтой Хадзы-Муратæн. Уыцы гыццыл лæг цы уыд, уымæй уыди рис, уыди удхаргæнæг. Æдде бакæсгæйæ – уæздан, хиуылхæцгæ æмæ мадзура. Мидæгæй та, риуы æмæ сæрымагъзы, цытæ цыд, уый бамбардзæн, йæхæдæг афтæ чи риссы, æрмæст ахæм адæймаг. «Поэзия – душа подвига»,– фыста Михаил Пришвин. Альфонс Ламартин та афтæ загъта: «Поэттæ æмæ геройтæ иу мыггагæй сты». Æвæццæгæн, стыр ныхас нæ уыдзæни, Хадзы-Мурат ахæм сгуыхт лæг уыди, зæгъгæ, куы зæгъон, уæд, Фæлæ, сгуыхт уæвгæйæ, хæрзиуджытæм,

титултæм,-стыр нæмттæм никуы бæллыд. Уый фыццаджы-фыццаг хъуыды кодта йæхи номыл нæ, фæлæ Ирыстоны ном уæлиаумæ сисыныл. Æмæ ууыл куыста сæрнывондæй, удуæлдайæ. Хæрзиуджытæ æмæ алы регалитæ-йедтæ та хъæуынц, æрдзæй цыдæр кæмæн нæ фаг кæны, йæ къæхтыл фидар лæууынхъом чи нæу, удæй, зондæй, курдиатæй хъуаг чи æййафы, гуылмыз чи у, ахæмты. Уыцы адæймæгтæн хицæутты лæвæрд нæмттæ, хæрзиуджытæ æмæ æндæр ахæм ницытæ 'мæ мацытæ æнцæйтты, протезты хуызæн вæййынц – уыдон сын куынæ уой, уæд сæ аиппытæ, сæ сахъæттæ тынгдæр зынынц, æмæ сæ æххæст лæгтыл куынæ банымайой, уымæй фæтæрсынц

Фæлæ ис æндæр адæмы мыггаг дæр, мæнæ афтæ чи хъуыды кæны: «Не до ордена. Жила бы Родина...» (М.Кульчицкий). Уыдонæй уыди Хадзы-Мурат дæр. Рæстзæрдæ, цæстуарзон, фидар принциптыл хæст. Уыцы миниуджытæ æрдзæй рахаста, ноджы йын æвæджиауы ахъаз фæци Мæскуыйы Горькийы номыл Литературой институт. «Институты ахуыр кодтон Луговской Владимирмæ, арæх хъуыстон Сельвинский æмæ Светловмæ,– фыста поэт. – Мах, алы адæмты минæвæрттæ, поэтикой семинары нæ кæрæдзийы æмдзæвгæтыл куы ныхас кодтам, уæд уыдыстæм карз æмæ æнауæрдон. Нæ куысты æгъдау уыд æнæгæдывад, æргом, принципон критикæ. Æз нæ хъуыды кæнынме 'мдзæвгæтыл иу ахæм уынаффæ дæр, мæн кæм нæ «ныддæрæн» кодтой суанг фæстаг рæнхъы онг. Фæлæ уый адыл никуы никæмæ банкъардтон хæрам æмæ фыдæх. Æвæццæгæн, афтæ хъуамæ уаид литературæйы алкæм дæр æмæ алкæд дæр».

Хадзы-Мурат галиу митæ никæмæн барста – нæдæр стыр хицæуттæн, нæдæр йе 'мкусджытæн, йе 'мгæрттæн. Ныртæккæ иутæн Ирыстон у къæбицы хуызæн, фæфос кæнæн кæм ис, ахæм

бынат– нæ йыл ауæрдынц, хæрынцæй, стигъынцæй, йæ сойтæ йын мæрзынц пайда йын кæнынц суанг йæ номæй дæр. Иннæтæн, Нигеры загьдау, туг кæлы сæ цæстæй, фæрстæ сау мæтæй хæлынц æмæ Ирыстонæн сæ сæртæ нывондæн хæссынц, йæ фарнмæ йын æфтуан бакæнынмæ тырнынц сæ тых, сæ бонæй, не 'взаг, нæ адæм, нæ ном, нæ кад цæмæй быныскъуыд ма фæуой, ууыл сæ удæй арт цæгъдынц Йæ удæй арт чи цагъта, уыдонæй уыди Дзуццаты Хадзы-Мурат дæр:

Юбилейтæ кæнæм–
кæдæр, радджын, адджын юбилейтæ.
Кæнæм сæ –
куы кæуынц нæ цæрæнтæ, нæ цæуæнтæ.
... Юбилейтæ кæнæм
академиктæ, артисттæ, поэттæ-йедтæ,
Кæнæм сæ
куы сæфы ирон фарн, ирон æвзаг,
Уæд ныззилæм егъау фынгтæ –
куывдтæ, банкеттæ,
Æмæ кувæм нæ комы дзаг,
нынныæрсæм нæ роныдзаг.
Мæнæн юбилей нæй...
Тыхсын мæ лæппутæн сæ мæтæй,
Тыхсын
æмæ бынтон фæиппæрд дæн æнцойæ,
Тыхсын æз не 'намонд, нæ хъыхъхъаг
æнæхъола хъысмæтæй,
Зыны мæм фидæн – нæ фидæн –
удисгæ, мæлдзойæ.
Ирыстон сæрибар куынæ уа,
дунейы арвмæ цъæх бæндæнæй
Йæ фæздæг куынæ 'ввæвæ
ирон фидауц артæн,
Ам ирон æвзаг куынæ зæла
æмхуызон æмвæтæнæй,
Уæд æз нæрайгуырдтæн
æмæ нæ цардтæн!

Хадзы-Мурат ирон литературæйæн цы лæггæдтæ бакодта, уыдон бирæ сты. Æртындæсаздзыд лæппуйæ джиппы уадзын райдыдта йе 'мдзæвгæтæ. Ирон, уырыесаг æмæ гуырдзиаг æвзæгтыл ын рацыд иу дæс поэтикой чиныджы. Сæ ахадгæдæртæ

сты: «Романтикæ», «Ветер времени», «Къæвдайы кафт» (ацы ном ын хæссынц дыууæ чиныджы – иронауæмæ уырыссагау), «Æмдзæвгæтæ», «Равзаргæтæ», «Фæдисы æртытæ», «Азты æфсæрм», «Биографи» æмæ æндæртæ. Къаддæр нæу йæ литературой-критикой куыстыты нымæц дæр: «Беджызаты Чермены сфæлдыстад», «Знон æмæ абон», «Хæст æмæ зæрдæ», «Бæрнондзинад», «Хетæгкаты Къостайы реализмы тыххæй», «Рæстæг æмæ литературæ», «Арвистон» æмæ а.д.

Дзæуджыхъæумæ куы 'рбацыд, уæд бацæттæ кодта æмдзæвгæты ног æмбырдгонд. Йæ къухфыст ныр фондз азы лæууы чиныгуадзæн «Ирыс». Фæстаг рæстæджы ам (стæй канд ам нæ) ахæм æгъдау сæвзæрди: уацмыстæн сæ хорзмæ æмæ се 'взæрмæ ничиуал кæсы – фыццаджы-фыццаг хъуамæ дæхи æмæ дæ хæлæртты чингуытæ уадзай, стæй та, кæд фадат амона, уæд – иннæты. Уый, æргом дзургæйæ, бæстысæфт у. 2400 азы размæ грекъаг философ Антисфен афтæ загъта: паддзахæдтæ фесæфынц, адæмæн сæ хæрзты æвзæртæй иртасынхъом куы нал вæййынц, уæд. Ныртæккæ ирон адæмыл раст ахæм фыдбонтæ скодта: æппæлынц алкæмæй дæр, искуы-иутæй фæстæмæ сын иууылдæр куырыхонтæ сты.

Зынвадæтты царди Хадзы-Мурат Дзæуджыхъæуы. Нывыл цæрæнуат ын нæ уыд. Уазал æмæ чъизи къуымты рахаубахау кодта иунæгæй, хæринаг æмæ уæлæдарæсхъуагæй: цы капеччытæ иста, уыдон ауæрста йæ бинонтæн, йæ кæстæртæн. Ноджы йыл низ стыхджын. Уæззау операцийы фæстæ дæр ма дзæвгар рæстæг стыр тухитæ 'взæрста. Афтæ-иу дзырдта, æхсæв, дам, мæ уаты дуар гомæй ныууадзын, исты мыл куы 'рцæуа ,мыййаг, зæгъгæ. Фæлæ ахæм уаварты дæр куыста æнæрынцойæ. Бирæ хæрзты бацыди журнал «Мах дугæн», ирон литературæйæн. Ныффыста æмдзæвгæты стыр циклтæ, Малиты Георгийы, Нигеры, Беджызаты Чермены, Фæрнионы, Хъамбердиаты Мысосты, Хостыхъоты Зинæйы æмæ иннæты сфæлдыстады тыххæй ахадгæ уацтæ. Уыцы уацты уынæм ног, конъюнктурæйæ цух, объективон цæстæнгас нæ литературæйы хицæн фарстатæм.

Хæд-зонд, æргомдзырд æмæ бæлвырд принциптыл хæст кæй уыд, æхсæны царды, литературæйы, аивады тыххæй йæм йæхи хъуыдытæ кæй уыд, уый кæйдæрты зæрдæмæ нæ цыд, æфхæргæ дæр-иу æй акодтой хæлæггæнаг, хиуарзон адæм. Æппындæр айв дзырды хъæр чи не 'мбары, иу ахæм æнæчетар, æнæфарн автор та йыл фидиссаджы æмæ аллайаджы хахуыртæ фæфыста «Рæстдзинады». Афтæ йын йæ зæрдæ

ræхуыстой алырдыгæй. Хуыцау сын уæд тæрхонгæнæг.

Поэты цалдæр хатты федтон йæхи æмдзæвгæтæ дзургæ. Уæвгæ сæ дзургæ нæ кодта. Уыдон уыдысты йæ зæрдæйы æхсидæвтæ æмæ судзгæ-уыраугæйæ тахтысты йæ риуæй. Дзырдтæ-иу цыма цæф арсы богътæ фестадысты: рыстысты, уынæргъыдтой, æмбухыдтой. Уый уыд абоны Ирыстоны зæрдæйы уынæргъын...

Фæстаг рæстæджы æмдзæвгæтæ декламаци нал кодта: бафæллади, бастади нæ хъомпал дугæй, йæ тугуарæнтæй, ирон адæмы æгуыдзæг уаварæй, тыхтонатæй...

Ссæдз азы размæ ныффыстон сонет «Терчы сакъадæхтæ». Йæ хъуыды ахæм у: «Терчы сакъадæхтæ асæй чысыл сты, галдзармы дæр сын ис æрбатухæн, вулкантæ нæй сæ быны, фæлæ сæ фенынц хаттæй-хатт сæ фыны»; хуыр, ызмис, кæркмисындзæг, хæристæ-йедтæ – æндæр сæм ницы ис мулкæй; Терк куы раивыла æмæ сæ куы аласа, ууыл у сæ мæт иудадзыг; фæлæ зымæгæтты Терк куы ныггыццыл вæййы, уæд сакъадæхтæ та стырдæр фæвæййынц– «фæивазынц кæрæдзимæ сæхи æмæ фæкæнынц сусæгæй сæ хъаст».

Терчы хуызы равдисинаг уыдтæн Рæстæг, Хъысмæт, йæ сакъадæхты хуызы та, Ирыстоны рисæй чи риссы, ирон адæмы цæрайæ чи цæры æмæ уыдон тыххæй æппынæдзух мæстытæ, хъизæмæрттæ чи æййафы, уыцы иугай лæгты трагикон уаварæ. Æмдзæвгæйæ ссардтон Дзуццаты Хадзы-Мураты ном. Фынддæс азы фæстæ Хадзымæ дæр фæзынд æмдзæвгæ «Ирыстоны сакъадæхтæ», уый дæр уыцы темæйыл. Æрмæст Хадзыйæн йæ хъуыдытæ æргомдæрæй, бæлвырдд-æрæй, ирддæрæй разындысты. Æмдзæвгæйы сæргонды бынмæ ныффыста: Хъодзаты Æхсарæн. Ахæм рæнхъытæ дзы ис:

Теркау цæуыы ивылдæй,
цæуыы Ирыстоныл рæстæг,
Кæлы Ирыстоныл рæстæг–
нæ фыдгул æмæ нæ хæстæг,

Кæлы йыл
змæст æмæ знæтæй,

Йæ сæрыл æй исы
хохæй-быдырæй,
хæдзарæй-скъæтæй,

Хъæуæй-сахарæй,

Æмæ дзы исы хъалон,
цыма йæ цагъарæй.
...Ласы йын йе 'взаг,
ласы йын йæ мон,
Æрмæст ын
нæма ласы йæ ном.
Фæлæ куынæ уа мон,
Уæд ницы у
ном!
Æмæ, акæс-ма,
цыма незаманон саг адæймæгтæ–
æд æрдынтæ, æд сагъадахътæ,
Кæмдæрты ма
Ирыстонæй баззад
иугай-иугæггай сакъадахтæ.

Уыцы «саг адæймæгтæй», «иугай сакъадахтæй» уыди Хадзы-Мурат дæр. Уыдис æмæ нал ис... Æмæ та, оххай-гъе, фæкъаддæр сты Терчы-Ирыстоны сакъадæхтæ.

Аннæ Ахматова афтæ фыста:

Когда человек умирает,
Изменяются его портреты.
По-другому глаза глядят, и губы
Улыбаются другой улыбкой.

Хадзы дæр нæ мæнг дунейæ йе 'цæг дунемæ куы ацыд, уæд йе 'мгæртты цæсты ноджы фæкадджындæр, арфдæр нæм хъарын байдыдтой йæ удхæрттæ, йæ мæт, йæ катай ирон адæмыл, ирон æвзагыл. Фендæр ис йæ цæстæнгас дæр: цæйбæрц нæ адард, уыйбæрц нæм фæци æввахсдæр, уыйбæрц нын сси уарзондæр.

Æвæдза, диссаг та куыннæ у: пехуымпары ныхæстау рауадысты, æртæ азы размæ кæй ныффыста, уыцы рæнхъытæ. Поэт дзуры йæ ирон æвзагмæ:

Ды мæ риуы ныхъхъæрз,
сабух, сулæф дæ риуыдзаг
Æмæ дзы куыд аскъуыйа,
куыд аскъуыйа мæ риу!

Хъæрзыдта, абухта, улæфыд ирон æвзаг поэты риуы. Афтæ арф, афтæ бындзарæй хъæрзыдта, абухта, улæфыд, æмæ дзы сæрды фыццаг бон сæумæцъæхтыл йæ зæрдæ аскъуыд.

Рухсаг у, не 'фсымæр.

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

ÆЦÆГ ИРОН ЛÆГ

Хадзы-Мураты фыццаг хатт федтон 1989 азы Хетæджы Къохы. Бæрæгбон уыд, æмæ æппæтнацион Ныхасмæ дуне дзыллæтæ æрбацыд Ирыстоны алы кæрæттæй. Уыцы бонæй фæстæмæ Фарны Къох сси нæ нацийы иудзинады символ: ирæттæ Хуссарæй, Цæгатæй алы сæрд дæр æрæмбырд вæййынц ам.

Бирæ фембæлдтыты, ныхæсты æмæ ракæ-бакæты фæстæ

адæм мингæйттæй æрбадтысты фынгты уæлхъус. Æз ме 'мбалимæ фæраст дæн, Къохмæ цы ног уазджыты къорд æрбацыд, уыдон размæ. Æрдæгфæндагыл æнæбары æрлæууыдыстæм æмæ сагъдауæй баззадыстæм: æгас Къохыл нæрæгау кодта кæйдæр домбай хъæлæс. Уый уыди Хадзы. Фынджы уæлхъус лæууыд æмæ дзырдта йе 'мдзæвгæтæ. Адæм цы уыдысты, уымæй хъустæ фестадысты. Æз уый размæ дæр æмæ уый фæстæ дæр ахæм ныв никуы федтон. Йе ' мбæлттæй йын иу цалынмæ йæ ном нæ загъта, уæдмæ дæр бæрæг уыд: ацы лæг у поэт. Актертæ куыд фæкæсынц æмдзæвгæтæ, амæ ахæмæй ницы уыди, стæй йæм чи хъуыста, уыдоныл цыма хъуыды дæр нæ кодта; æвæццæгæн, искуы æдзæрæг быдыры куы фестадаид, уæд дæр ахæм хъæлæсыуагæй дзырдтаид. Афтæ мæм фæкасти, цыма йын уыцы курдиат Чи бахай кодта, Уымæн дзырдта йæ уды рæбинæгтæ.

Хæстæгдæр æй базыдтон цалдæр азы фæстæ – Дзæуджыхъæумæ куы 'рбацыд, уæд. Къорд хатты йын дзырдтон зæрдиагæй, телеуынæны поэтикой изæр сараз, бакæс де 'мдзæвгæтæ, фæлæ уый цæхгæр ныллæууыди, нæ, зæгъгæ. «Кæй хъæуынц уыдæттæ?»–загъта-иу Хадзы æмæ-иу йæхæдæг дзуапп радта: «Æппындæр никæй!» Уæд æцæгæй дæр уыдæттæ никæйуал хъуыдысты, æндæр рæстæджытæ ралæууыди: 80-æм азты кæрон нæ зæрдæ цæуылты дардтам, уыдонæй фыдæнхъæл фестæм. Цы рухсы цъыртт нæм æрбакалд, уый нын сæ быны бассæстой хæстытæ, лидзæг адæмы хъизæмæрттæ, фыдæх, æнæуынондзинад... Алцы дæр ссис уæйиаг. Нацийы бæллицтæ, риссæгтæ цъыфимæ сызмæстæуыди. Хадзы йæхæдæг дæр Цæгатмæ дзæгъæлы нæ рахауди: галиу, æнаккаг чи уыди, козбау митæ чи кодта, уыцы хицæуттæ æмæ цагъарты 'хсæн æй цæрын нал фæндыди.

«Стыр лæгтæ куыд ысты?»– афарста-иу мæ хатгай нæ иумæйаг зонгæтæй, Хуссары бæрзонд бынæттæ чи ахста, стæй уырдыгæй кæй расырдтой, фæлæ ам дæр, цæуылдæрты йæ зæрдæ даргæйæ, йæ куыст чи нæ уагъта, уыдонæй. Хадзыйы тынг фæндыди кæйдæр æнæбындур ныхæстыл æмæ уынаффæтыл æууæндын, ома тагъд алцы дæр йæ гаччы сбаддзæни, Хуссар Ирыстон ссæрибар уыдзæн, æмæ нын иу бæстæ цæмæй уа, ууыл ныфсхастдæрæй сдзурдзыстæм, зæгъгæ, чи дзырдта, уыдоныл. «Ды уыдæттыл æууæндыс?»– бафарста-иу мæ Хадзы, кæд рагацау дзуапп зыдта, уæддæр, стæй-иу нынкъард, æмæ-иу дзы бирæ рæстæг ныхас нал схауди.

Не 'хсæнæй канд Поэт, литератор, критик, ахуыргонд нæ фæхъуыд. Уый уыд æцæг ирон лæг. Ахæмтæ ма ныртæккæ хæрз стæм сты. Махæн нæ иутæ хуссайрæгтæ сты, иннæтæ цæгатæгтæ, чи нæ къуыдайраг у, чи та дыгурон,чи куырттатаг, чи та чысайнаг. Цæвиттон, саухъустæ, цъиусæртæ æмæ æндæр ахæмтæ... Уыцы хъæддаг фидистæ æмæ алы хъылматæй-иу цæмæй фервæзтаис, уый тыххæй Хадзы-Муратмæ бацуæмæ федтаис æцæг ирон лæг. Уый цардис иу Ирыстоны ныфсæй, рагон æмæ зонджын ирон адæмы фарн йæ туджы уыди, цыма фыдæлты артæй стъæлфæн расхъиудта, уыйау. Иугæр уынгмæ рацыдтæ, уæд та-иу бар-æнæбары дæхи фæрсынтыл схæцыдаис: кæм ысты уыцы фарны адæм?

Фæстаг рæстæг Хадзы уынгмæ арæх нал цыд, йæ кусæнуаты бадти фылдæр. Æвæццæгæн, бафæллад, æппынæдзух дзæгъæл хъеллау чи кæны, уыцы зонгæты дзæнгæдамæ хъусынæй, зæрдæцъæх фæци, «Бистро», «Гюхе» æмæ æндæр ахæм фыс-

тыты ауон хъуыддагхуызæй чи ратылиф-батылиф кæны, кæнæ «Европæ плюсмæ» зонджынхуызæй чи фæхъусы, уыдонæй.

Иæ райгуырæн бæстæйæ чи фæхауæггаг, уыцы Темырболатау Хадзы дæрæнкъард уыд Йæ райгуырæн бæстæ æнæхæдзарæй, æвæгæсæгæй, хæрз мæгуырæй рохуаты кæй ныууагъта, уыцы Арсенау Хадзы дæр иудадзыг йæхимæ хъуыста. Йæ дæрдджын дарæс нæм касти, Дунейы Фарн нæ культурæйы разагъды зиуæттæн кæй балæвар кæны, ахæм зынаргъ фæлыстау. Къоста, Секъа, Георги, Елбыздыхъо, Арсен, Махарбегæмæ иннæты цард нын æвдисæн у: Ирыстоны нæ вæйиы исбонмæ бæллæг, амалхъом курдиæттæ. Ирон гуыппырсар хъуамæ мæгуыр уа, хъуамæ æрхæндæг уа, хъуамæ иунæг уа: æвæццæгæн ын уый фиддон у, нæ адæмы фылдæр хай сæ къух кæуыл ауыгътой, уыцы идеал бахъахъхъæныны сæрвæлтау удуæлдай тохы тыххæй.

Уымæ гæсгæ хиуылхæцгæ, хæдæгъдау, асæй чысыл Хадзыйы цур нæ культурæйы æмæ æхсæны царды «инæлæрттæй» бирæтæ зындысты нæл гогызты æмæ мæлхъыты хуызæнæй.

Литературæйы цы сарæзта, уый тыххæй ныхæстæ нырма разæй сты. Кæсдзысты йæ, стæй иугай хæттыты нæ. Йемæ быцæугæнджытæ дæр уыдзæни. Мысдзысты йæ, уарздзысты йæ. О, Хадзы уыд æцæг адæймаг – мæнгтæ никуы дзырдта, йæ цин дæр, йæ хъыг дæр не 'мбæхста, хæлæрттæ æмæ йын знæгтæ ивддзæгтæ никуы кодтой.

Йæ ныгæнæн бон адæм йæ хæрнæджы куы бадтысты, уæд къæвда æртæ хатты афæлвæрдта цалдæр фæлтæры дæргъæйдæргъмæ фынгтæ ныххуылыдз кæныныл, фæлæ уалынджы хур дзаг цæстæй ракасти.

Рухсаг у, Хадзы.

БЗАРТЫ Руслан

ЦАЛДÆР НЫХАСЫ ДЗУЦЦАТЫ ХАДЗЫЙЫ ТЫХХÆИ

Хадзы уыд æцæг хохаг лæг: мадзура, кусаг, æгъдауджын (ома моралон æгъдауæй сыгъдæг) æмæ курдиатджын. Йæ цардæй, йæ удæй фылдæр уарзта йæ зæхх, йæ райгуырæн бæстæ æмæ йæ мадæлон æвзаг. Растдæр та уаид афтæ зæгъын: ирон æвзаг уыд йæ уды сконды стырдæр хай, йæ цард, йæ фæндаг, йæ хъысмæт,– диссертаци дæр иронау уымæн ныффыста.

Йæ уд цардис ирон æвзаджы суадæттæй. Уыдта, зыдта æмæ æвдыста ирон дзырды æрфытæ.

Фæстæдæр, йе сфæлдыстадон бынтæн æмæ йæ цардæн хорз иртасæг куы разына, уæд бæлвырд сбæрæг уыдзæн, цы бынат ахста Дзуццаты Хадзы-Мурат ирон литературæйы æмæ ирон дзыллæйы царды. Фæлæ ныр дæр ис зæгъæн: ирон литературæйыл æрцыди стыр зиан. Канд литературæйæ нæ, æнæхъæн ирон дзыллæйæ(ХуссарыдæрæмæЦæгаты дæр)фæхъуыдинæхуыздæртæйиу.

Стыр адæймаг. Стыр фыссæг. Стыр æхсæнадон кусæг. Æмæ стыр уды хицау.

Стæй ма ноджы иу миниуæджы тыххæй. Хадзы уыд профессионал. Æцæг профессионал – цæмæ-иу бавнæлдта, уый кодта тынг хорз æмæ кæронмæ, агуырдта æцæгдзинад, кæд-иу бирæтæн хъыг уыд, уæддæр, агуырдта факттæ, архайдта факты логикæмæ гæсгæ, йæ хъуыды амадта прогрессивен идейæтæм гæсгæ æмæ демократон принциптыл (ома тырныдта европæйаг æнтыстдзинæдтæм зонады, филолсофийы æмæ аивадон литературæйы, тоталитарон системæйыл одæтæ нæ фыста, не 'ппæлыди концлагерон цардæй æмæ тугдзых фæтæгтæй), лыстæгæнкъардта дунейы ивддзинæдтæ æмæ сын аккаг анализ кодта.

Ацыд не 'хсæнæй Хадзы – аскъуыд йæ зарæг, фæцис йæ мæт, фесты йæ зынтæ, йæ тыхет уд (фæстаг азты йын бирæ чидæртæ хордтой йæ уд) фервæзт Ирыстоны змæст цардæй.

Нигеры загъдау, «фæдæ, бецау... æмæ дын мадау ныр ирон сыджыт фæуæд!» Рæвдауæд дæ ирон зæхх, ирон сыджыт, ды йæ дæ удæгасæй куыд рæвдыдтай æмæ уарзтай, афтæ.

Рухсаг у, не 'фсымæр, не 'мхъуыдыгæнæг, нæ зарæггæнæг, нæ фæдисон.

БИАЗЫРТЫ Къамерлан

ХЪОДЗАТЫ Æхсар

ЕДЗИОН СОСЛÆНБЕГ

Кæуылдаэрты бæхбадт ыскодта Цыт,
сæ удтаэ-иу нырмыдул ысты й 'армы...
Цыд Едзион æртæхæхсад нæудзармыл,
бæгъаэввад æмæ счъилвадыгæй цыд
йæ кусæнуатмæ – Хурхоры бæрзондмæ.
(Зæронд тæрсы бын рухс кувæндон уыд).
Æнхъæлмæ касти «Уастырджи» нывондмæ,
æмæ йын хаста Едзион... йæ уд.

Æндзæрста чидæр хи гуылы бын арт...
Æндзæрста уый дæр: пиллон уагьтой дуртæ.
Лæдæрсти туг йæ пырх æнгуылдзтæй дудгæ.
Нымæтын ехс-иу басгуыхти йæ сарт...

Æнхъæлмæ касти «Уастырджи» нывондмæ...
Ныр Едзионæн йе "рцыдмæ цæрут.
Хæцы йæ бæсты Хурхоры бæрзондыл
хæцаг калмимæ «Уастырджи»– цæрдуд.